

IGITABU C'AMATEGEKO AGENGA IGIPORISI N'UMUTEKANO

I. Ingingo nkuru nkuru	555
II. Ibiranga Abarundi uguhindura ubuturo rusansuma rw'abantu n'uburaro	559
III. Kuja hanze y'igihugu no gutaha mu gihugu ku Barundi	563
IV. Abinjira mu gihugu n'icumbi	570
V. Ugucungera umutekano w'abanyagihugu.	576
VI. Urwego rw'igiporisi	593
VII. Umutekano w'igihugu.	626
VIII. Ukurarika ku neza ya bose.	634

Impfunyapfunyo ziharijwe

A.P.	(Agent de police)	Umupolisi
APP	(Agent de police principal)	Umupolisi amenyereye
APC	(Agent de police chef)	Umupolisi mukuru
B.C.R.	(Bureau central de recensement)	Ibiro mpuzabikorwa vya rusansuma
B.P.	(Brigadier de police)	Brigadiye
BPP	(Brigadier de police principal)	Brigadiye amenyereye
BPC	(Brigadier de police chef)	Brigadiye mukuru
C.I.E.	(Comité interministériel chargé de l'évaluation)	Komite mpuzabushikiranganji ishinzwe isuzuma ry'ivyaranguwe
CP	(Commissaire de police)	Komiseri w'igipolisi
CPP	(Commissaire de police principal)	Komiseri w'igipolisi amenyereye
C.P.C.	(Commissaire de police chef)	Komiseri w'igipolisi mukuru
ENAPO	(Ecole Nationale de Police)	Ishule ry'igihugu ry'igipolisi
F.M.C.R.	(Fonds de micro-crédit rural)	Ikigega gitanga ingurane nto nto mu gihugu hagati
INTERPOL	(Organisation internationale de la police criminelle)	Igipolisi mpuzamakungu c'ivyaha bigoye
O.A.C.I.	(Organisation internationale de l'aviation civile)	Ishirahamwe mpuzamakungu riraba ivy'indege z'igisivile
ONG	(Organisation non gouvernementale)	Ishirahamwe ritegamiye Leta
O.P.	(Officier de police)	Intwazangabo yo mu gipolisi
O.P.P.	(Officier de police principal)	Intwazangabo imenyereye yo mu gipolisi
O.P.C.	(Officier de police en chef)	Intwazangabo nkuru yo mu gipolisi
PAFE	(Police de l'air, des frontières et des étrangers)	Igipolisi kijejwe ikirere, imbibe n'abanyamahanga
P.J.P.	(Police judiciaire des parquets)	Igipolisi c'inyamiramabi cegamiye Paraki
P.N.B.	(Police nationale du Burundi)	Igipolisi c'igihugu c'Uburundi
P.S.P.	(Police de sécurité publique)	Igipolisi kijejwe umutekano mu gihugu

I. Ingingo nkuru nkuru

Raba igice c'igitabu ca II, Igitabu c'amategako agenga itunganywa ry'ivyerekeye politike n'intwaro.

31 Munyonyo 2005. – ITEGEKO RY'UMUKURU W'IGIHUGU n° 100/104 – Itunganywa ry'ubushikiranganji bw'intwaro yo hagati mu gihugu n'umutekano.

Menya neza

Iri tegeko ry'Umukuru w'igihugu rishasha rishira hamwe ubushikiranganji bw'intwaro yo hagati mu gihugu n'ubushikiranganji bujewe umutekano.

URUTONDE RW'AMAJAMBO

Ibiri vy'umutegetsi, 3, 4

IKIGABANE CA I AMABANGA MAKURU MAKURU

Ingingo ya 1

Ubushikiranganji bw'intwaro yo hagati mu gihugu n'umutekano bujewe amabanga makuru akurikira :

– gutegura no gushira mu ngiro imigambi ya Leta mu vy'intwaro y'igihugu n'umutekano w'abanyagihugu ;

– gutunganya no gukurikirana ivyerekeye intwaro mu gihugu n'ingene bikorwa mu gisata bijewe ;

– gusasagaza amahoro n'umutekano hagati mu gihugu bufadikanije n'izindi nzego zibijewe ;

– gukingira umutekano w'abanyagihugu na cane cane gutabara ingorane kama canke ayandi magume ;

– gutunganya inyigisho zijanye n'ubuhinga, ubumenyi n'ubuntu mu giporisi ;

– kurondera uburyo bwose bukenewe mu gushira mu ngiro ivyo vyose bikeneye guhindurwa ;

– bukoranye n'ubundi bushikiranganji, ubushikiranganji bw'intwaro yo hagati mu gihugu, buratunganya ibindi bisata biba ivy'ubuhinga canke ibiserukira Leta mu gihugu.

– bufadikanije n'ubundi bushikiranganji, n'ayandi mashirahamwe abijewe, buratera agacumu k'ubumwe mu gukingira no guteza imbere agateka ka zina muntu n'ubwigenge mu ntwaro zo mu gihugu ;

– kwandika amashirahamwe ategamiye Leta yamuka mu bindi bihugu yemerewe n'ubushikiranganji bw'imigenderanire n'ugufashanya n'ibindi bihugu gukorera mu Burundi be no gushinga amategako ayagenga no gukurikirana imirimo yayo, bufaditanije n'ubundi bushikiranganji bukorana n'ayo mashirahamwe ;

– kwemerera no gukurikirana imirimo y'amashirahamwe adaharanira inyungu bufaditanije n'ubundi bushikiranganji vyega ;

– gufatanya n'ubundi bushikiranganji mu gukomeza imigenderanire myiza n'umutekano ku mbibe Uburundu busangiye n'ibindi bihugu ;

– gukorana n'ubundi bushikiranganji mu gutunganya neza amashirahamwe ategamiye Leta yamuka mu bindi bihugu ;

– gukurikirana ibibazo vy'abanyamahanga baba mu Burundi n'abarondera ubuhungiro mu Burundi ;

– gutegura no gukurikiza imigambi ya Leta mu bijanje n'umutekano w'abanyagihugu ;

Ifutwa, 22

Iringanizwa, 2

Itunganywa, 2-6

Ubuyobozi Bukuru :

– amabanga :

– ayiharijwe, 7-21

– makuru makuru, 1

– igiporisi c'igihugu, 3, 21

– intwaro y'igihugu, 3, 7-14

– kwegereza intwaro abanyagihugu, 3, 15-22

Ugukukira, 6

– gutunganya ibikorwa vya rusasuma no gukoresha ivyavuyemwo ;

– gukorana n'ubundi bushikiranganji mu gutorera umuti ingorane z'impunzi, abanyamahanga n'imbabare ;

– kuraba ko amashirahamwe adaharanira inyungu, imigambwe n'amashengero bikora hakurikijwe amategako ;

– gukomeza umutima w'uguharirana, ukwubahiriza agateka ka zina muntu n'ukutagira aho uhengamiye mu vya politike mu nzego z'igiporisi ;

– guhimiriza n'ukumvisha abanyagihugu ingene bokwitunganyiriza imigambi y'iterambere.

– gufasha abajewe intwaro mu makomine hamwe n'amashirahamwe bufatanije n'ibindi bisata bibijewe, mu ntumbero yo gukoresha neza uburyo bafise bwo kurangura imigambi yo kugwiza umwimbu ;

– gukurikira no kugenzura imigambi yo guteza imbere abanyagihugu ;

– kwemerera no gukurikira ibikorwa vy'igiporisi c'abikorera ivyabo.

IKIGABANE CA II ITUNGANYWA RY'UBUSHIKIRANGANJI

Ingingo ya 2

Mw'ishirwa mu ngiro ry'amabanga bushinzwe, ubushikiranganji bw'intwaro yo hagati mu gihugu n'umutekano butunganyijwe uku gukurikira :

– ibisata bijewe intwaro yo hagati n'intara ;

– intwaro zegereye abanyagihugu ;

– ibigo vya Leta vyigenga bisanzwe.

Ingingo ya 3

Igisata c'intwaro mu gihugumu bushikiranganji kirimwo :

– ibiro vy'Umushikiranganji ;

– ubuyobozi bukuru bujewe intwaro mu gihugu ;

– ubuyobozi bukuru bw'igiporisi ;

– ubuyobozi bukuru bujewe kwegereza ubutegetsi abanyagihugu n'uguhimuriza abanyagihugu ngo bijukire ibikorwa vyo kwiteza imbere.

Ingingo ya 4

Ibiro vy'Umushikiranganji bitunganyijwe hisunzwe Itegeko n° 100/037 ryo ku wa 28 Mukakaro 1998 ryerekeye itunganywa n'ibiro vy'Umushikiranganji.

Ingingo ya 5

– Ibisata bijejwe kwegereza ubutegetsi abanyagihugu bitunganywa imirimo mu ntara z'igihugu no mu makomine ;

– Ibigo vya Leta vyigenga bisanzwe n'ibifise ubwigenge mw'itunganywa ryavyo.

Ingingo ya 6

Ibisata bikukira Umushikiranganji n'ibi :

1. ikigega c'igihugu co guteza imbere amakomine ;
2. ikigega gitanga ingurane ntonto ku banyagihugu (F.M.C.R) ;
3. ihuriro ry'igihugu ry'amakoperative yo kuziganya no kugururana ;
4. ishure ry'igihugu riramura abakozi bakuru mu ntwaro y'igihugu ;
5. ubugenduzi bukuru bw'igiporisi ;
6. urwego rw'igihugu rujejwe gukingira abanyagihugu ;
7. ibiro bijejwe gutunganya igiporisi c'abikorera ivyabo ;
8. umugambi ujejwe gukwiragiza amazi meza n'isuku.

Itunganywa ry'ivyo bisata, hamwe n'amabanga bijejwe ritomorwa n'amategeko yiharijwe.

IKIGABANE CA III AMABANGA YIHARIJWE

Igihimba ca 1

Ubuyobozi bukuru bw'intwaro yo hagati mu gihugu

Ingingo ya 7

Burongoye n'umuyobozi mukuru, ubuyobozi bukuru bw'intaro mu gihugu bujejwe cane cane amabanga akurikira :

– guhanahana amakuru hagati y'intwaro yo hagati, n'intwaro z'intara n'amakomine ;

– gukurikirana no gucungera ingene ibisata vy'intwaro zo muntara n'amakomine bikora ;

– gushikiriza ababijejwe integuro z'imigambi yo kunagura intwaro mu ntara no mu makomine ;

– gutegeza imigambi yokurikizwa mu bushikiranganji mu vyerekeye intwaro y'igihugu n'itunganywa ry'amatora ;

– gutunganya no gucungera ibikorwa birangurwa n'ubuyobozi be n'ibisata bikukira ubwo bushikirakganji ;

– gukurikirana no kugenzura ibikorwa n'itunganywa ry'imigambwe, amashirahamwe adaharanira inyungu hamwe n'amashirahamwe ategamiye Leta yamuka mu bindi bihugu.

Ingingo ya 8

Mu kurangura imigambi bujejwe, ubuyobozi bukuru bw'intwaro y'igihugu bwishimikiza ubuyobozi butanu aribwo :

- ubuyobozi bujejwe ivy'intwaro, ivy'amategek n'ivya politike ;
- ubuyobozi bujejwe igwirirana ry'abantu ;
- ubuyobozi bujejwe ubutunzi bw'amakomine ;
- ubuyobozi bujejwe gucungera amashirahamwe ategamiye Leta ;
- ubuyobozi bujejwe gutunganya amatora ;
- ubuyobozi bujejwe intwaro z'intara n'amakomine.

Ingingo ya 9

Ubuyobozi bujejwe intwaro, amategeko, ivya politike be n'ukwegereza ubutegetsi abanyagihugu bushinzwe cane cane amabanga akurikira :

– gutegeza amategeko ajanye n'intwaro z'igihugu guhera hasi gushitsa hejuru ;

– gushikiriza ivyiyumviro vyo kunganira politike y'igihugu, intwaro n'amategeko mu ntara n'amakomine aho bikenewe ;

– guterera ivyiyumviro vyofasha mu gushinga amashirahamwe adaharanira inyungu hamwe n'ayajanye n'ivya politike ;

– gukomeza umwumvikano hagati y'amashirahamwe yemewe n'amategeko n'ubushikiranganji bw'intwaro yo hagati mu gihugu n'umutekano ;

– gutororokanya, kwihweza no gukoresha ivyegeranyo vyerekana ivyaranguwe n'ibisata bikorera mu bushikiranganji hamwe no mu ntara z'igihugu ;

– gucungera no gukwiragiza amakuru ajanye n'itunganywa ry'ibisata vy'ubushikiranganji ;

– gukwiragiza amabwirizwa n'amategeko ajanye n'akazi karangurwa mu bushikiranganji.

Ingingo ya 10

Ubuyobozi bujejwe aganyagihugu bushinzwe cane cane amabanga akurikira :

– kuba urwego rw'ubuhinga n'ubumenyi ibikorwa bijanye n'abanyagihugu ;

– gutegeza no gutunganya ibikorwa bijanye na rusasuma y'abanyagihugu be no gukoresha ibiharuro vyerekana ingene abanyagihugu bangana n'ingene babayeho ;

– gutunganya no kugenzura ibikorwa vyose bijanye n'iyandikwa ry'abavutse, ababirana, abapfuye n'ibindi ;

– gukurikirana n'ukugenzura imigambi n'ibikorwa vyose vyerekeye abanyagihugu ;

– gukorana n'amashirahamwe yaba ayo mugihugu canke mu mahanga afise imigambi n'imigabo yerekeye ineza y'abanyagihugu ;

– gutegeza ikarata karangamuntu gusuzuma ingene zitunganywa, n'ingene zitangwa mu banyagihugu, bufatikanije n'abajejwe intwaro mu ntara no mu makomine.

Ingingo ya 11

Ubuyobozi bujejwe ubutunzi bw'amakomine bushinzwe cane cane amabanga akurikira :

– gutegeza n'ukunagura amategeko atunganya ubutunzi bw'amakomine ;

– gutegeza amategeko akurikizwa mu gutegeza, mu gukoresha, no mu kugenzura ikoresheya ry'amafaranga y'amakomine ;

– kugenzura ingene bagura, ingene batanga n'ingene bakwiragiza impapuro zinjiza amafaranga mu butunzi bw'amakomine ;

– kwamana iminsi yose ibiharuro vyerekana ingene ubutunzi bw'amakomine bwifashe ;

– gushiraho uburyo n'imigambi vyofasha kwinjiza amafaranga menshi mu bigega vy'amakomine ;

– gutunganya, gusuzuma no kugenzura ibisata vyose ubuyobozi bujejwe ;

– kugenzura ingene amafaranga y'amakomine yinjira n'ingene akoresheya.

Ingingo ya 12

Ubuyobozi bwo gutunganya amashirahamwe ategamiye Leta bujejwe amabanga akurikira :

– kwandika amashirahamwe ategamiye Leta yamuka mu mahanga no gukurikirana imirimo yayo ;

– gutunganya amashirahamwe ategamiye Leta n'amashirahamwe yo mu gihugu adaharanira inyungu ;

– guhimiriza amashirahamwe yigenga n'amashirahamwe adaharanira inyungu akorera mu Burundi kugira ashire imbere kurondera uburyo bwofasha abanyagihugu kurwanya ubukene no kumenya ubwenge bw'ukwirwanako ;

– gufasha ayo mashirahamwe kwegeranya uburyo bwunganira abanyagihugu mw'iterambere.

Ingingo ya 13

Ubuyobozi bujeje gutunganya amatora bushinzwe cane cane amabanga akurikira :

– ugutegura no gutunganya uburyo bukenewe kugira amatora abe ;

– ugutegura n'ukwama bwategakanije intonde nyakuri zikoreshwa mu matora ; gutunganya amafishi y'abazotora ; ugutegura n'ugusohora amakarata y'itora ;

– ugutunganya imfashanyo zihabwa imigambwe.

Ingingo ya 14

Ubuyobozi bujeje intwari mu ntara no mu makomine bushinzwe amabanga akurikira :

– gutanga ivyiyumviro n'urugero ngenderwako mu gutunganya intwari zo mu gihugu be n'imigambi yazo y'itera imbere ;

– kwihweza imigambi ijanye n'inyaka itatu yo guteza imbere abanyagihugu ;

– gukurikirana ibikorwa vy'amanama mpanuzwajambo y'amakomine be n'amakomite ajeje iterambere mu makomine ;

– gutanga ivyiyumviro ku vyerekeye itunganywa ry'ibisata bijewe intwari yo mu gihugu nk'ugukora n'ugukoresha ivyo abanyagihugu bakeneye cane cane mu vyerekeye :

* Amashure matomato, ayisumbuye, ayimyuga naza kaminuza ;

* Ibitaro n'ayandi mavuriro mato mato ;

* Amabarabara n'inzira z'imigenderanire ;

* Ibibanza bigenewe kuratira ijisho ;

* Ibishobora kuvamwo umuyagankuba ;

* Amashamba cimeza ya Leta ;

* Ibikoresho vyo kwintonora imitsi no gukomeza akaranga n'ibindi ;

* Ugufasha mu kuringaniza imigambi yo kunywanisha amakomine, canke gukorana n'amashirahamwe yaba ayo mu gihugu canke mu mahanga ;

* Kwihweza ivyiyumviro bijanye n'uguhindura imbibe z'igihugu ;

* Gutatura amatati hagati y'amakomine ;

* Gukomeza imigenderanire hagati y'abatowe, abakozi ba komine be n'abanyagihugu ;

* Kumenya amakosa ahambaye yagirizwa abarongoye inama mpanuzwajambo z'amakomine bukagira nico buhanura ;

* Gufasha mu gushiraho ivyankenerwa vyose vyofasha mu gusasagaza intwari ibereye.

Igihimba ca 2

Ubuyobozi bukuru bwo kwegereza ubutegetsi abanyagihugu no guhimiriza ukwitezimbere

Ingingo ya 15

Ubuyobozi bukuru bwo kwegereza abanyagihugu ubutegetsi no guhimiriza ukwitezimbere bujeje amabanga akurikira :

– gutegura no gukurikiza imigambi yo guteza imbere abanyagihugu no mu kubereka ingene amashirahamwe yabo y'iterambere yokora ;

– gutegura umugambi w'igihugu wo guhimiriza abanyagihugu ngo biteze imbere mu mibereho yabo ;

– kuba intatangwa mu gukomeza imigenderanire mu karere Uburundi burimwo n'ukurondera iterambere n'ugufashanya ;

– gutegura n'ugushira mu ngiro inyigisho zijanye n'ukwitezimbere ;

– gutunganya no kugenzura ibikorwa bibera mu buyobozi n'ibindiri bisata ubwo buyobozi bukuru bujeje ;

– gutegura uburyo bwo gushira mu ngiro imigambi y'ubushikiranganji mu vyerekeye ukwegereza ubutegetsi abanyagihugu ;

– kuraba neza ko umugambi wo kwegereza ubutegetsi abanyagihugu uroranye n'imigambi ngenderwako y'ubushikiranganji ;

– gucungera ko igabanganywa ry'ububasha n'uburyo hagati ya Leta n'abanyagihugu rigenda neza.

Ingingo ya 16

Ubuyobozi bukuru bujeje kwegereza ubutegetsi abanyagihugu n'uguhimuriza kwiteza imbere bugizwe n'ubuyobozi bune :

– ubuyobozi bujeje kwigisha no guhimiriza abanyagihugu ;

– ubuyobozi bw'imigambi yo guteza imbere amakomine ;

– ubuyobozi bujeje guteza imbere amashirahamwe yo kwiteza imbere ;

– ubuyobozi bujeje gutunganya n'ugukurikirana ibikorwa vy'iterambere.

Ingingo ya 17

Ubuyobozi bujeje kwigisha no guhimiriza abanyagihugu, bushinzwe amabanga akurikira :

– gufasha mu kuronsa ubumenyi no gukarahiriza ubwenge imirwi canke amashirahamwe y'abanyagihugu mu gutunganya inyigisho n'inganda nkarishabwenge bijanye mu buhinga butandukanye ;

– gutegura no gukurikirana inyigisho zigenewe abanyagihugu bo mu mitumba ;

– kugira ubushakashatsi bukenewe kugira hamenyekane ingene abanyagihugu bumva iterambere.

– kwumvisha abanyagihugu bo kugira uruhara mw'iterambere ryabo ariyo nzira ishikana kw'iterambere rirama ;

– gutegura amategako ngenderwako akenewe kugira hashirwe mu ngiro imigambi itomoye yo gushika kw'iterambere rirama nk'uko abanyagihugu bavyipfuzaga kandi bakabigiramo uruhara rukomeye ;

– kurondera mu banyagihugu imbonye zivuye mu gihugu hagati kandi zitowe mu mice yose kugira zimurikire abandi mw'iterambere ;

– kwumvisha abagwizatunga bakorera mu gihugu hagati mu ntumbero yo kuronsa abakenyezi akazi na cane cane muri ya migambi ikoresha abantu benshi ;

– gutegura imigambi yo kwigisha abanyagihugu ku kiringo c'inyaka myinshi kugira ngo bakarishe ubwenge.

Ingingo ya 18

Ubwu buyobozi bujeje imigambi yo guteza imbere amakomine bushinzwe cane cane amabanga akurikira :

– gufasha amakomine gutegura inzandiko zijanye n'imigambi y'iterambere ;

– kwihweza ko imigambi y'amakomine irashe hakoresha uburyo bwayo canke amafaranga avuye hanze ;

– gukurikirana neza irangurwa ry'imigambi iriko irakorwa ;

– gutunganya no gukurikirana neza imigambi yo guteza imbere amakomine ;

– kwiyumvira uburyo bwo kwinjiza imigambi irangurirwa mu makomine mu mugambi w'igihugu werekeye iterambere ;

- kwegeranya ibikenewe haba mu mibano canke mu vyerekeye ubutunzi vyofasha mu gutezura imigambi yo guteza imbere amakomine ;
- kwandika no gukwiragiza ibitabu vyigisha ingene bategura n'ugukurikirana imigambi yo guteza imbere amakomine ;
- kumva neza uburyo bwo gushinga amabanga amwe amwe ya Leta abayobozi b'amakomine ;
- kwitwararika ko ibikorwa birangurwa mu gihugu hagati bishemeye ;
- guhimiriza abanyagihugu mu kwegeranya uburyo bafise ;
- gufasha mu biganirwa vyotuma haba ukwegereza abanyagihugu ubutunzi bwa komine, n'ugufashanya n'abandi mu vyerekeye iterambere ;
- gutezura uburyo bwo korohereza abanyagihugu kuronka amasoko.

Ingingo ya 19

Ubuyobozi bujewe guteza imbere amashirahamwe yo kwiteza imbere bujewe cane cane amabanga akwirikira :

- gukwiragiza inyigisho z'ingene amashirahamwe yo kwitezimbere akora ;
- kumenya neza ingene amashirahamwe yo kwiteza imbere angana n'ibisata akoreramwo ;
- gutanga ivyiyumviro n'impanuro ku kugene amashirahamwe duhejeje kuvuga yotunganywa ;
- kufasha ayo mashirahamwe mu kurondera uburyo n'ubuhinga vyo kurangura imigambi yishinze ;
- gufasha amashirahamwe yo kwiteza imbere kugira atere imbere mu guha ikibanza kibereye umukenyezi ;
- guteza imbere amakoperative n'amashirahamwe y'iterambere ;
- gutunganya uburyo bwose bwofasha guteza imbere abanyagihugu biciye mu mfashanyo zitanze n'ayandi mashirahamwe nk'ayatanga ingurane nk'amashirahamwe yo kuziganya n'ukugururana KOPEKE, ikigega co guteza imbere amakomine n'ikigega gitanga ingurane n'uburyo ku banyagihugu.

Ingingo ya 20

Ubuyobozi bujewe gutunganya iterambere bushinzwe amabanga akwirikira :

- gukomeza uburyo bwo guhanahana amakuru hagati y'amashengero n'amashirahamwe ategamiye Leta n'ugutunganya ibiro vyishinze kwegereza ubutegetsi abanyagihugu ;
- gutezura inzandiko zo guhanahana amakuru ajanye n'ukwegereza abanyagihugu ubutegetsi n'iterambere ry'amakomine ;

– gutezimbere ikigo gitohozo kikongera kigatanga amakuru n'impanuro bijanye n'ukwegereza ubutegetsi abanyagihugu ;

– kuremesha imigenderanire y'abashinzwe kwegereza ubutegetsi abanyagihugu ;

– kwigisha n'ugukomeza urunani rw'abahanirwa ukwegereza abanyagihugu ubutegetsi cane cane abayobozi batowe n'abakozi b'amakomine ;

– guha amakomine udutabu dukurikizwa mu gutunganya imirimo ;

– gutunganya iminsi yahariwe ikomine muri Afrika ;

– gutezura no gukwiragiza mu makomine ibitabu birimwo ingene imirimo y'amakomine itunganywa ;

– gutangaza no gukwiragiza amakuru ajanye n'ibirajishinga intwari zo mu gihugu hagati ;

– gukomeza ubumenyi n'ubuhinga bw'abakozi bo mu makomine.

Igihimba ca 3

Ubuyobozi bw'igiporisi

Ingingo ya 21

Ubuyobozi bukuru bw'igiporisi c'Uburundi bukora hisunzwe ibwirizwa n° 1/23 ryo ku wa 31 Kigarama 2004 ritegekanye ishingwa, itunganywa n'amabanga y'igiporisi c'igihugu. hamwe n'amategoko azorishira mu ngiro.

Igihimba ca 4

Intwari zo mu gihugu

Ingingo ya 21

Intwari zo mu makomine n'ibisagara zikora zisunze nkuru nkuru zitunganya ingene ubutegetsi bwo kwegera abanyagihugu bishinzwe n'amabwirizwa n'amategoko yiharijwe.

IKIGABANE CA IV

INGINGO ZISOZERA

Ingingo ya 22

Ingingo zari zihasanze zidahuye n'iri tegeko ry'Umukuru w'igihugu zirafuswe.

Ingingo ya 23

Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu n'umutekano ashinzwe gushira mu ngiro iri tegeko ry'umukuru w'igihugu kuva umunsi rishirizwe igikumu.

II. Ibiranga Abarundi uguhindura ubuturo rusansuma rw'abantu n'uburaro

Itegeko nshikiranganji – n° 530/060 – 27 Ntwarante 1978.	559
Itegeko nshikiranganji – n° 530/254 – 8 Mukakaro 1986.	560
Itegeko ry'Umukuru w'igihugu – n° 100/026 – 4 Ruhuhuma 1989.	560
Itegeko nshikiranganji – n° 530/071 – 14 Ntwarante 1989.	561
Itegeko ry'Umukuru w'igihugu – n° 100/104 – 31 Myandagaro 1999.	562

I.R.U n° 02/246 ryo ku wa 25 Mukakaro 1965 ryerekeye urusuma n'ingene bahindura aho baba (I.R.U., p. 1211) ryari rigenewe abantu batarabwa n'amategoko yanditse. Ubu, abarundi bese bagengwa n'amategoko agenga imanza z'amatati, iryo tegeko twofata ko ryafuswe. Ryasubiriwe, mu ngingo zimwe zimwe, n'Itegeko nshikiranganji n° 530/060 ryo ku wa 27 Ntwarante 1978 rigenga itangwa ry'ikarata karangamuntu nkuko ryahinduwe gushika ubu mu zindi ngingo ryasubiriwe n'Itegeko-bwirizwa n° 1/024 ryo ku wa 28 Ndamukiza 1993 rihindura amategoko agenga ingo n'imiryango, ingingo za 37 gushika ku 49 (I.L.B., 1993, n° 6, p. 213).

27 Ntwarante 1978. – ITEGEKO NSHIKIRANGANJJI n° 530/060 – Ikarata karangamuntu.

(I.L.B., 1978, n° 4, p. 203)

URUTONDE RW'AMAJAMBO

Ibiranga umuntu, 3
Icaha gitoyi, 8
Iciyumviro, 2
Ifishi, 5, 7
Igihano, 8, 9
Igikumu :
– hakoreshejwe intoki, 4
– urukumu, 5
– urutoki rw'agaherezi, 5
Ihadabu, 8, 9
Ikarata, 1, 2
Imyaka, 2
Inomero iranga ikintu, 4
Ishusho, 4, 5
Ubuturo :
– bugenywe n'amategoko, 3
– bwatowe, 3
– guhindura, 7
Ubuyobozi bwa komine, 2, 4
Ugusaba, 8
Umukono, 4
Urwandiko rwemeza, 5

Ingingo ya 1

Harashizweho ikarata karangamuntu, umurundi wese ashikana imyaka 16 ategerezwa kugenda yibangikanije.

Ingingo ya 2

Itegeko ry'ukugendana ikarata karangamuntu rikurikizwa mw'ikomine yose guhera igihe iyo karata ishikiriye abanyagihugu bahamagawe n'itangazo ry'ubutegetsi bwa komine.

Iryo tangazo rirasubirwamwo ku banyagihugu bahaba bakwije imyaka 16 guhera igihe abakora mu gisata c'ubushikiranganji bw'intworo yo hagati kijejwe ivy'akarangamuntu bahaciye ubwa nyuma.

Ingingo ya 3

Ikarata karangamuntu itegurwa n'ubutegetsi bw'ikomine y'aho umuntu afise ubuturo bugenywe n'amategoko canke yitoreye hisunzwe inzandiko zo mu biro ndangamuntu akukira.

Ingingo ya 4

Ikarata karangamuntu iriko inomero, ifoto y'uwuyihambwa, umukono canke igikumu ciswe n'umukono w'umutegetsi wa komine ayitanze.

Ingingo ya 5

Ubutegetsi bwa komine burategurira ikarata yose ifishi isubiramwo ibiyanditseko vyose n'isanamu isa n'iyiri kw'ikarata, iriko, kandi igikumu c'uwuhawe karangamuntu, inzandiko zo mu biro ndangamuntu canke Urundi rwandiko ruzisubirira bibikwa be n'aya fishi, n'ubutegetsi bw'ikomine.

Ingingo ya 6

Ifoto ija kw'ikarata karangamuntu igirwa n'igisata c'ubushikiranganji bw'intworo yo hagati mu gihugu kijejwe karangamuntu kigendera ikomine yose.

Hategerezwa gutangwa amafaranga 50 y'amarundi kugira hakorwe ikarata bigakurikiranwa n'umunyabigega wa komine.

Menya neza

Iyo ngingo yarahinduwe n'Itegeko nshikiranganji, n° 530/9 yo ku wa 25 Nzero 1979 nayo nyene yasubiwemwo n'Itegeko nshikiranganji n° 530/254 ryo ku wa 8 Mukakaro 1986 (I.L.B., 1987, n° 1, p. 2)

Ingingo ya 7

Ihinduka ryose ry'ubuturo aba ritegerezwa kumenyeshwa n'uwimutse ubutegetsi bw'ikomine yimukiyemwo mu kiringo c'ukwezi, nabwo buca busaba ubutegetsi bw'ikomine yahoramwo bukarungikira ifishi yiwe.

Ingingo ya 8

Ikarata karangamuntu itegerezwa kwerekanwa igihe cose isabwe n'ababijejwe.

Umuntu wese arenze iri tegeko nshikiranganji azocirwa igihano c'umunyororo utarenze iminsi 7 n'ihadabu ritarenza amafaranga 500 y'amarundi canke kimwe muri ivyo bihano.

Uwari we wese azoha indaro umuntu adakwije ibisabwa n'iri tegeko nshikiranganji azocirwa ibihano nk'ivyo duhejeje kuvuga.

Ingingo ya 9

Umuntu wese akoresha canke arondera gukoresha impapuro ndangamuntu zifutanganije canke z'uwundi acirwa umunyororo w'amezi abiri n'ihadabu ritarenza amafaranga 1.000 y'amarundi canke kimwe gusa muri ivyo bihano.

Ingingo ya 10

Umuyobozi w'igisata kijejwe ivy'intwari, amategeko na politike, ba Buramatari na ba musitanteri b'amakomine basabwwe gukurikiza iri tegeko rishirwa mu ngiro kuva umunsi rishirweko umukono.

8 Mukakaro 1986. – ITEGEKO NSHIKIRANGANJI n° 530/254 – Ihindurwa ry'Itegeko nshikiranganji n° 530/9 ryo ku wa 25 Nzero 1979 ryerekeye ikarata karangamuntu.

URUTONDE RW'AMAJAMBO

Bishigikiwe, 2
Gushirako ikidodo, 6
Icegeranyo, 2
Ifoto y'isura :
– T.T.C, 3, 4
– itangiweho, 3, 4
Itagisi, 3, 4
Uwufata amafoto, 1
Uwutunganya ibikorwa, 2

Ingingo ya 1

Ingingo ya 1 y'Itegeko nshikiranganji n° 530/9 ryo ku wa 25 Nzero 1979 rihinduwe uku gukurikira :

Aho igihugu cose kigarukira ifatwa ry'amafoto y'ikarata karangamuntu rigirwa n'abantu bazwi kandi bemejwe n'Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu bikamenyeshwa kandi ba Buramatari be na ba musitanteri b'amakomine.

Ingingo ya 2

Musitanteri wa komine arategura icegeranyo ku bikorwa vy'abafata amafoto uko ameze atatu aheze, akakirungikira uwujwe gutunganya ibikorwa bijanye n'ikarata karangamuntu, bishigikiwe na Buramatari.

Ingingo ya 3

Ikarata karangamuntu itangwa habanje kurikira itagisi rikurikira, kumasanamu abiri y'isura arikumwe n'ikarata n'ifishi ndangamuntu :

– amafaranga 225 y'amarundi ku mafoto abiri y'isura atangiweho ;
– amafaranga 155 y'amarundi ku mafoto abiri atanzwe mu nyuma.

Ingingo ya 4

Amafanga aronka uwufata amafoto atangirwaho ni 200 y'amarundi, na 100 ry'amarundi ku mafoto atanzwe mu nyuma. Abafata amafoto baronka ayo mafanga bamaze gushikiriza amafoto ba nyenye.

Ingingo ya 5

Uwufata amafoto y'ikarata karangamuntu wese, ategerezwa gutanga itagisi ryinjira mu kigega ca komine ingana ibice 5% vy'amafaranga aronka ku muntu yafashwe ifoto, n'ukuvuga amafanga 10 y'amarundi ku mafoto atangirwaho n'amafaranga 5 y'amarundi ku mafoto atangwa munyuma.

Ingingo ya 6

Abafise ikarata karangamuntu bategerezwa kuyishirishako ikidodo mu makomine yabo uko umwaka utashe.

Ingingo ya 7

Iri tegeko nshikiranganji rishirwa mu ngiro kuva umunsi rishirweko umukono.

4 Ruhuhuma 1989. – ITEGEKO RY'UMUKURU W'IGIHUGU n° 100/026 – Itunganywa rya rusansuma rw'abanyagihugu bose n'iry'uburaro.

URUTONDE RW'AMAJAMBO

Amategeko adasanzwe, 4, 5
Ibanga ry'akazi, 8
Ibiro :
– bikuru, 2
– vy'intara, 2
– vya komine, 2
Ifutwa, 9
Igihamo, 8
Ishirahamwe mpuzamakungu, 4
Rusansuma :
– abanyagihugu, 1
– uburaro, 1
Uburaro bw'abasirikare, 5
Uguserukira :
– mu butumwa bw'amateka y'abenegihugu mu makungu, 4
– mu guserukira igihugu, 4
– mu vy'ubudandaji, 4
Umukurukuru, 5
Umuntu :
– afise ubwenegihugu bw'umurundi, 3, 4
– ku giti ciwe, 3, 4
– w'umunyamahanga, 4

Ingingo ya 1

Haratunganyijwe rusansuma rw'abanyagihugu bose n'urw'uburaro mu gihugu ca Republika y'Uburundi.

Ingingo ya 2

Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu arashiraho Itegeko rishinga ibiro vya rusansuma bikuru, ibiro vyo mu ntara n'ibiro vyo mw'ikomine.

Menya neza

Raba Itegeko nshikiranganji n° 530/071 ryo ku wa 13 Ntwarante 1989.

Ingingo ya 3

Abo rusansuma rw'abanyagihugu n'uburaro rwerekeye :

- umuntu wese ku giti ciwe aba mu Burundi ;
- umurundi wese yatse indaro hanze y'igihugu.

Ingingo ya 4

Abahururwa biciye ku bushikiranganji bw'imigendanire n'ugufashanya hisunzwe amategeko adasanzwe :

- abarundi bakora mu bijanye n'uguserukira igihugu mu mahanga, bahagarariye ibihugu canke babiserukira mu vy'ubudandaji, n'abo bose bakora mu mashirahamwe mpuzamakungu ;
- abarundi bose bari mu butumwa hanze y'Uburundi ;
- abanyamahanga bose baserukira ibihugu vyabo mu vya politike no mu vy'ubudandaji, ababihagariye n'ayandi mashirahamwe mpuzamakungu acumbitse mu Burundi.

Ingingo ya 5

Abasirikare baba mu makambi n'abantu baba mu mabohero baharurwa hakurikijwe amategeko adasanze y'Umushikiranganji n'intworo yo hagati mu gihugu.

Ingingo ya 6

Umuntu wese ku giti ciwe avugwa mu ngingo ya 3 y'iri tegeko ry'Umukuru w'igihugu ategerezwa kwishura avugishije ukuri ibibazo abazwa n'abagira rusansuma mu gihe ruriko ruraba.

Ingingo ya 7

Ibivuye muri rusansuma biguma mw'ibanga kandi bikoreshwa gusa mu bijanye n'ibitigiri.

Ingingo ya 8

Batagomba gufatwa n'ibihano bitegekanijwe mu ngingo ya 177 y'Igitabu c'amategeko mpanavyaha ijanye n'ibanga ry'akazi, abakozi bategura, abatunganya n'abakora rusansuma bategerezwa kugumiza mw'ibanga ivyavuye mwo vyanditswe mu nkaratasi zakoreshejwe rusansuma.

Ingingo ya 9

Ingingo zose ziteye kubiri n'iri tegeko ry'Umukuru w'igihugu zirafuswe.

Ingingo ya 10

Umushikiranganji w'intworo yo hagati mugihugu niwe ashinzwe ikurikizwa ry'iri tegeko ry'Umukuru w'igihugu rija mu ngiro kuva umunsi rishirirwemo umukono.

14 Ntwarante 1989. – ITEGEKO NSHIKIRANGANJJI n° 530/071 – Itunganywa n'ingene ibiro bikuru vya rusansuma rw'abanyagihugu n'uburaro bikorao.

URUTONDE RW'AMAJAMBO

Abakozi, 10

Akarwi, 7

Ibiro bikuru, 1

Igisata kijejwe irwirirana ry'abantu, 8

Ubuyobozi bw'icegera, 2

Ubuyobozi, 2

Umunyamabanga nshingwabikorwa, 2, 4, 8

Umurwi :

– ubuhinga, 4, 6

– ujejwe ubutunzi n'intworo, 4, 5

Uwugize, 3

Ingingo ya 1

Harashinzwe ibiro bikuru vya rusansuma rw'abanyagihugu bose n'uburaro bikurira Umushikiranganji w'intworo yo hagati, mu mfungapfundo, BCR.

Ingingo ya 2

Ibiro bikuru vya rusansuma butunganyijwe uku gukurikira :

– ubuyobozi ;

– ubuyobozi bw'icegera ;

– ubunyamabanga nshingwabikorwa.

Ingingo ya 3

Abagize ibiro bikuru vya rusansuma :

– Umuyobozi mukuru ajejwe ivy'intworo mu gihugu : Umuyobozi w'ibiro bikuru vya rusansuma ;

– Umuyobozi w'igisata kijejwe igwirirana ry'abantu : icegera c'umuyobozi w'ivyo biro ;

– Umukuru w'igisata kijejwe rusansuma n'amatohoza y'irwirirana ry'abantu : umunyamahanga nshingwabikorwa w'ivyo biro ;

– abahinga bakuru bakuru bo mu gisata c'irwirirana ry'abantu ;

– umuhanuzi ajejwe ivy'ubutunzi mu biro vy'Umushikiranganji w'intworo yo hagati mu gihugu ;

– umuhanuzi ajejwe ivyerekeye urugero abantu bagwirako mu buyobozi bukuru bujejwe intworo mu gihugu ;

– uwuserukira igisata kiraba ivy'indondabihugu mu Burundi ;

– uwuserukira ubushikiranganji bwo kumenyesha amakuru.

Mu gihe bikenewe, ivyo biro, birashobora kwikora ku muntu uwariye wese canke ishirahamwe ngirakamaro mu vyerekeye ukwegeranya, ugutunganya n'ukwihweza ibijanye n'igwirirana ry'abantu.

Ingingo ya 4

Umunyamabanga nshingwabikorwa vy'ibiro bikuru vya vya rusansuma bigizwe n'imirwi ibiri :

– umurwi ujejwe ivy'ubutunzi n'ivy'intworo ;

– umurwi w'ubuhinga.

Ingingo ya 5

Umurwi ujejwe ivy'ubutunzi n'intworo witaho cane cane :

– gutegura no gutunganya amafaranga ategakanijwe ya rusansuma ;

– gutunganya ivy'abakozi ;

– kugura ibikenewe vyose ;

– gutanga amakuru ajanye na rusansuma no kurumenyekanisha.

Ingingo ya 6

Umurwi w'ubuhinga ujejwe :

– gutegura, gutunganya n'ugusuzuma ibikorwa vyose vy'ubuhinga bijanye na rusansuma rw'abanyagihugu bose n'uburaro ;

– gutegura inama z'ibiro bikuru vya rusansuma ;

– gushiraho inzego z'ukwakira, z'ugufasha no gutanga inyigisho ku bakozi b'ibiro bikuru vya rusansuma ;

– gutunganya ivyavuye muri rusansuma ;

– kwiheza, gutangaza no gukwiragiza ivyavuye muri rusansuma rw'abanyagihugu n'uburaro.

Ingingo ya 7

Umurwi wose ugabugwamwo uturwi uko bikenewe.

Ingingo ya 8

Umunyamabanga nshingwabikorwa bwavuzwe mu ngingo ya 4 bukorwa buhagarikiwe n'Umuyobozi w'igisata kijejwe igwirirana ry'abantu.

Ingingo ya 9

Umunyamabanga nshingwabikorwa ni bwo buhuza ibiro bikuru vya rusansuma n'abakeneye gukoresha ibiharuro bijanye n'irwirirana ry'abantu.

Ingingo ya 10

Abakozi bakenewe kugira imirwi, n'utugwi bivugwa mu ngingo ya 5, 6 na 7, bagizwe n'abakora mu vy'intworo bashikirijwe ibiro bikuru vya rusansuma n'abandi bahawe akazi muri urwo rusansuma.

Ingingo ya 11

Iri tegeko nshikiranganji rishirwa mu ngiro kuva umunsi rishirirwemo umukono.

31 Myandagaro 1999. – ITEGEKO RY'UMUKURU W'IGIHUGU n° 100/104 – Itunganywa rya rusansuma rugira gatatu rw'abanyagihugu bose n'uburaro.

(I.I.B., 1999, n° 9, p. 543)

Ingingo ya 1

Haratunganijwe mu gihugu ca Republika y'Uburundi rusansuma rugira gatatu rw'abanyagihugu bose n'uburaro ruzoba mu gice ca gatatu c'umwaka wa 2001.

Ingingo ya 2

Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu aratanga Itegeko nshikiranganji rishinga ibiro bikuru vya rusansuma, ibiro vyo mu ntara n'ibiro vyo mu makomine.

Ingingo ya 3

Abo rusansuma rugira gatatu rw'abanyagihugu bose n'uburaro rwerekeye :

- a) umuntu wese ku giti ciwe aba mu Burundi ;
- b) umuntu wese afise ubwenegihugu bw'umurrundi aba hanze y'igihugu c'Uburundi ;
- c) abanyamahanga bakora mu biro vy'abaserukira ibihugu vya bo hano mu Burundi mu vyerekeye politike canke intumwa

zijejwe amateka y'abenegihugu mu makungu be n'abaserukira canke bo mu mashirahamwe mpuzamakungu bafise ubuturo mu Burundi igihe gito.

Ingingo ya 4

Abantu bose bavugwa mu ngingo ya 3 y'iri tegeko ry'Umukuru w'igihugu bategerezwa kwishura bavugishije ukuri ku bibazo vyose uwujewe rusansuma ababaza mu gihe ca rusansuma.

Ingingo ya 5

Ivyavuye muri rusansuma biguma mw'ibanga kandi bikoreshe gusa mu bijanye n'ibitigiri.

Ingingo ya 6

Kugira ntibafatwe n'ibihano bitegekanijwe mu ngingo ya 177 y'Igitabu c'amategeko mpanavyaha yerekeye ibanga ry'akazi, abakozi ba rusansuma, kuva ku barutegura n'abarukora bategerezwa kugumiza mw'ibanga ivyavuyemwo vyanditse mu rwandiko rw'akarorero rwa rusansuma.

Ingingo ya 7

Uburyo bwo gushira mu ngiro iri tegeko ry'Umukuru w'igihugu buzotomurwan'itegeko ry'Umushikiranganji afise intwari yo hagati mu gihugu mu vyo ajejwe.

Ingingo ya 8

Iri tegeko ry'Umukuru w'igihugu rija mu ngiro kuva ku munsu rishirizweko umukono.

III. Kuja hanze y'igihugu no gutaha mu gihugu ku Barundi

Amategoko ngenderwako	563
Ingingo zo gushira mu ngiro	565

Amategoko ngenderwako

1 Myandagaro 1962. – IBWIRIZWA – Itangwa ry'ibitabu vy'inzira.

(I.I.B., p. 281)

URUTONDE RW'AMAJAMBO

Guca kubiri n'ibitegekaniye, 2, 9

Ibiranga umuntu, 3

Ifoto, 3

Igitabu c'inzira :

– c'akazi, 4

– c'icubahiro, 4

– gisanzwe, 4

Ihadabu, 8, 9

Ikte ritangiye icemezo ko ryagiye, 8

Ikimenyesha umuntu, 3

Inzandiko zifatwa nk'igitabu c'inzira, 1, 5

Karangamuntu, 3

Ububasha, 11

Umukozi :

– ajejwe amateka y'abenegihugu mu makungu, 2

– aserukira ikindi igihugu, 2

Umunyamahanga, 7

Umunyororo, 8, 9

Ingingo ya 1

Nta n'umwe ashobora, mu gihe ariya imyaka 15 y'amavuka, kwinjira mu gihugu c'Ingoma y'Uburundi, canke ngo asohoke atitwaje igitabu c'inzira canke urwandiko rugisubirira.

Uguca kubiri n'iri tegeko bishobora gushingwa n'Itegeko ry'Umwami.

Ingingo ya 2

Inzandiko zirekurira kwinjira canke gusohoka mu gihugu c'Ingoma y'Uburundi zihabwa abarundi zigatangirwa mu Burundi n'Umushikiranganji ajejwe imigenderanire n'ayandi makungu canke abandi bakozi batumwe nawe mu bihugu vyo hanze canke abaserukira ibihugu canke amateka y'abenegihugu muri ivyo bihugu.

Menya neza

Izo nzandiko ubu zitangwa, mu Burundi, n'igiporisi kigenzura ikirere, imbibe n'abanyamahanga.

Raba Itegeko ry'Umukuru w'igihugu n° 100/026 ryo ku wa 30 Nzero 1996 (I.I.B., 1996, n° 1, p. 26).

Ingingo ya 3

Izo nzandiko ziriko ibiranga uwo muntu ko yubatswe canke atubatswe, ikimenyesha uko ameze, ziba ziriko ifoto yiwe n'umukono wiwe canke icemeza ko atazi canke adashobora gushirako umukono.

Zirerekana igihugu canke ibihugu nyenezo arekuriwe kujamwo.

Ingingo ya 4

Hashinzwe, mu Ngoma y'Uburundi, imirwi itatu (3) y'ibitabu vy'inzira :

– ibitabuvy'inzira bisanzwe

– ibitabu vy'inzira vy'akazi

– ibitabu vy'inzira vy'icubahiro

Imero y'ivyo bitabu, ivyandiko bijako n'ingene bavyandikako bizoshingwa n'Itegeko ry'Umwami

Menya neza

Raba Itegeko nshikiranganji n° 530/936 ryo ku wa 9 Kigarama 2002 n'Itegeko nshikiranganji n° 215/089 ryo ku wa 28 Nzero 2005.

Ingingo ya 5

Ishigwaho ry'izindi nzandiko zisubirira igitabu c'Inzira zihabwa abarundi rishobora kuzogirwa n'Itegeko ry'Umwami.

Ingingo ya 6

Ibisabwa uwushaka igitabu c'inzira n'izandiko zigisubirira n'ikiringo bimara bizoshingwa n'Itegeko ry'Umwami.

Vyongeyeltegeko ry'Umwami rizotomora abantu canke imirwi y'abantu bazoshobora kuronsa ibitabu vy'inzira canke inzandiko zibisubirira zitegekaniye mu ngingo za 4 na 5 z'iri bwirizwa.

Menya neza

Ikiringo bimara bitarata igihe n'inyaka itanu ku mirwi yose y'igitabu c'inzira kandi ntigishobora kwongerezwa. Raba Itegeko nshikiranganji n° 215/89 ryo ku wa 28 Nzero 2005.

Ingingo ya 7

Impapuro z'inzira zisubirira igitabu c'inzira zirashobora gutangwa n'Umushikiranganji w'imigenderanire y'Uburundi n'ayandi ma kungu mu buryo buzotomorwa n'Itegeko ry'Umwami ku banyamahanga bemerewe kuba mu Burundi badashoboye kuronka igitabu c'inzira.

Ingingo ya 8

Igitabu c'inzira cose canke urwandiko rugisubirira birashobora kwakwa nyene vyo bitegetswe n'Umushikiranganji w'imigenderanire y'Uburundi n'ayandi makungu, bikamenyeshwa uwo vyega n'ikete ritangirwa icemezo ko ryagiye canke n'ubundi buryo butomowe n'Itegeko nshikiranganji.

Iyo ngingo iragena ubutegetsi igitabu c'inzira gitegerezwa gusubizwan'ikiringo ntarengwa bitegerezwa kuberamwo.

Ukudakurikiza iyo ngingo bihanwa n'umunyororo uva ku minsi umunani (8) gushika ku myaka ibiri (2) n'ihadabu riva ku mafaranga 100 gushika ku mafaranga 5.000 canke kimwe muri ivyo bihano.

Ingingo ya 9

Hatibagiwe guca kubiri n'Itegeko bitegekaniye ku ngingo ya 1 umurundi arengeje imyaka cumi n'itanu (15) y'amavuka asohotse canke agerageje gusohoka Ingoma y'Uburundi atitwaje igitabu c'inzira canke inzandiko zigisubirira zibimurekurira ahanishwa umunyororo uva ku misi 8 gushika ku myaka ibiri (2) n'ihadabu riva ku mafaranga 100 gushika ku mafaranga 5.000.

Ingingo ya 10

Ingingo zose z'Igitabu ca I c'amategeko mpanavyaha tutibagiye ibihimba vya IV na VI zirakoreshwa ku vyaha bitegekanijwe muri izi ngingo zibiri z'imbere.

Ingingo ya 11

Hatirengagijwe ububasha bw'inyamiramabi canke uwundi mukozi wese arekuriwe kubikora hisunzwe amabwirizwa n'ayandi mategeko, abakozi bo mu biro biraba ivyinjira barafise

ububasha bwo kurondera no kugaragaza ivyaha bitegekanijwe muri iri bwirizwa.

Ingingo ya 12

Ingingo yose iteye kubiri n'iri bwirizwa irafuswe.

Ingingo ya 13

Iri bwirizwa rizoja mu ngiro umunsi rizotangarizwako.

Ingingo zo gushira mu ngiro

Itegeko ry'Umukuru w'igihugu – n° 100/026 – 30 Nzero 1996.....	565
Itegeko nshikiranganji – n° 30/077 – 13 Ruhuhuma 1990	567
Itegeko nshikiranganji – n° 530/626 – 23 Myandagaro 2000	567
Itegeko nshikiranganji – n° 530/934 – 9 Kigarama 2002	569
Itegeko nshikiranganji – n° 215/89 – 28 Nzero 2005	569

30 Nzero 1996. – ITEGEKO RY'UMUKURU W'IGIHUGU n° 100/026 – Ingingo zo gushira mu ngiro ibwirizwa ryo ku wa 1 Myandagaro 1962 ryerekeye itangwa ry'ibitabu vy'inzira n'izindi nzandiko zibisubirira.

Menya neza

Iri tegeko ry'Umukuru w'igihugu rifuta Itegeko n° 100/06 ryo ku wa 12 Ruhuhuma 1986 rigenga ishirwa mu ngiro ry'ibwirizwa ryo ku wa 1 Myandagaro 1962 kw'itangwa ry'ibitabu vy'inzira n'izandiko zibisubirira (I.L.B., 1986, n° 6, p. 96).

URUTONDE RW'AMAJAMBO

Amasezerano, 18

Ibara, 5, 18

Ibimenyetso biranga igihugu, 8

Icaha, 22

Ifoto, 3, 8

Igihano, 20

Igiharuro, 8

Igisabwa, 5

Igitabu c'inzira :

– c'akazi, 7, 12, 13, 14

– c'icubahiro, 7, 10, 14

– gisanzwe, 7

Ihadabu, 8, 9

Ikete ritangirwa icemezo ko ryagiye, 19

Ikimenyesha umuntu, 3

Ikiringo, 13

Impapuro z'inzira (mu masererano y'i Genève), 17

Inomero, 8

Ivyemeranijwe, 18

Iyakwa, 19

Iyandikwa, 8

Karangamuntu, 3

Kwemeregwa gushika ahantu, 2

Mureke arengane, 4, 17

Ububasha, 22

Uburinganire, 8, 18

Uburyo bwo kwandika ikintu, 8, 9

Ugusohoka, 2

Ukutishobora, 15

Umugirwa, 4

Umukono, 3

Umunyamahanga, 4

Umwuga, 3

Urugero, 9

Uruhusha rwo gusohoka, 21

Urukaratasi, 8

Urupapuro, 8

Ururimi rukoreshwa, 8

Urwandiko rusubirira igitabu c'inzira, 1, 5, 16

Uwugize umuryango, 11

Igihimba ca 1

Itangwa ry'igitabu c'inzira n'izandiko zigisubirira

Ingingo ya 1

Nta n'umwe ashobora, mu gihe arenza imyaka cumi n'itanu y'amavuka, kwinjira mu gihugu ca Republika y'Uburundi, canke gusoka atitwaje igitabu c'inzira canke Urundi rwandiko rugisubirira.

Ingingo ya 2

Muri Republika y'Uburundi, inzandiko zirekurira kwinjira canke gusohoka mu gihugu c'Uburundi zihabwa abarundi bafise uburenganzira ku bitabu vy'inzira bisanzwe, vy'icubahiro canke vy'akazi zitangwa n'urwego rw'inyamiramabi rugenzura ikirere, imbibe n'abanyamahanga. Mu bihugu vyo hanze naho zitangwa n'abaserukira Uburundi canke abajewe amateka y'abenegihugu muri ivyo bihugu.

Ingingo ya 3

Izo nzandiko zirerekana karangamuntu ka nyenezo, umwuga, ikimumenyesha, ziriko isusho yiwe kandi ziba ziriko n'umukono wiwe canke icemezo ko atazi canke adashobora gutera igikumu.

Zirerekana igihugu canke ibihugu nyenezo arekuriwe kujamwo.

Ingingo ya 4

Uwariwe wese, umurundi canke umunyamahanga yipfuzwa kuva mu gihugu ca Republika y'Uburundi, ategerezwa gukuzwa ibisabwa n'amategako akurikizwa mu Burundi.

Gukwiza iyo migirwa vyemezwa n'urupapuro mureke arengane canke uruhusha rwo gusohoka bitangwa n'Umushikiranganji ajejwe igiporisi kigenzura ikirere, imbibe n'abanyamahanga canke abakozi batumwe na we.

Menya neza

Raba Itegeko nshikiranganji n° 530/626 ryo ku wa 23 Myandagaro 2000.

Ingingo ya 5

Ibisabwa kugira umuntu aronke igitabu c'inzira n'izandiko zibisubirira, be n'ikiringo ivyo bimara bitarata igihe, bishingwa n'Itegeko nshikiranganji.

Menya neza

Raba Itegeko nshikiranganji n° 530/626 ryo ku wa 23 Myandagaro 2000, Itegeko nshikiranganji n° 530/934 ryo ku wa 9 Kigarama 2002 be n'Itegeko nshikiranganji n° 215/089 ryo ku wa 28 Nzero 2005.

Ingingo ya 6

Ugushiraho izindi nzandiko zisubirira igitabu c'inzira zotangwa ku barundi bishobora gushingwa n'Itegeko nshikiranganji.

Igihimba ca 2

Imero n'ikoreshwa vy'ibitabu vy'inzira

Ingingo ya 7

Muri Republika y'Uburundi kw'imirwi itatu y'ibitabu vy'inzira :

- ibitabu vy'inzira bisanzwe ;
- ibitabu vy'inzira vy'akazi ;
- ibitabu vy'inzira vy'icubahiro.

Ingingo ya 8

Ibitabu vy'inzira ivyo ari vyo vyose bitangwa n'abategetsi bo mu Burundi, bifise uburinganire bwa milimetero 125 kuri 88 (cane cane z'ishirahamwe OIAC).

Ibifukisho biroroshe, biringaniye n'impapuro, imfuruka ziriheze kandi bikozwe mu bintu bidasanzwe vyo mu bwoko bw'akamwanya.

Bifise ibara RYIRABURA.

Biriko ivyandiko « PASSEPORT » bikurikiwe n'amajambo adonda umurwi w'igitabu c'inzira mu ndimi zitatu « IKIRUNDI, IGIFARANSA N'ICONGEREZA » zanditswe mu ndome z'inzahabu ihinguwe mu gushariza ibimenyetso n'ivyivugaho biranga Republika y'Uburundi.

Urupapuro mbere rw'intangamarara rwanditsweko mu buryo haboneka amabara menshi wogira n'amabara « y'umunyamazi » aboneka hagati muri rwo.

Urupapuro nyuma rugenewe inzandiko zisomwa mu buryo bunyaruka n'ahajya ifoto ya nyene igitabu. Rurafise akabiribiri gahometseko karukingira impanuka.

Urupapuro rukoreshe n'urupapuro rucapuwemwo ibintu binyuragiranwa biboneka urabiye ku mucu wogira n'uruvange rw'amabara afise umunyamazi mu buryo bushinze.

Ibitabu vy'inzira bigizwe n'impapuro mirongo itatu na zibiri ziriko inomero zifise igishitsi gishobora gutandukana n'urupapuro.

Ico gishitsi n'urupapuro rugikwirikira bifise inomero y'urukurikirane igizwe n'ibitigiri bitanu (5).

Iyo nomero kandi igizwe n'udutoboro turi ku ruhande rwo hejuru ku mpapuro zose zo hagati. Ibitabu vy'inzira birashonye mw'iteranirizo hakoreshejwe uburyo buhinyitse butuma atawoshobora kwigana ico gitabu.

Menya neza

Inomero y'urukurikirane igizwe kuva ubu n'ibigiri bitandatu. Raba Itegeko nshikiranganji n° 530/934 ryo ku wa 9 Kigarama 2002.

Ingingo ya 9

Inzandiko ziri ku bitabu vy'inzira zanditwe mu kirundi, mu Gifaransa no mu Congereza.

Ingero y'impapuro n'ivyandiko biri ku bitabu vyose vy'inzira bihuye n'ingero z'ubwoko bw'ibitabu bigeretswe kuri iri tegeko.

Bizoshobora guhindurwa n'Itegeko nshikiranganji.

Ingingo ya 10

Abantu badondaguwe aha hepfo ni bo bonyene bafise uburenganzira bwo guhabwa igitabu c'inzira c'icubahiro :

- 1° Umukuru w'igihugu ;
- 2° Umukuru w'Inama nshingamateka ;
- 3° Umushikiranganji wa mbere ;
- 4° Abagize Inama nshingamateka ;
- 5° Abagize Leta ;
- 6° Abahozze ari abakuru b'igihugu ;
- 7° Abahozze ari abashikiranganji ba mbere ;
- 8° Abanyacubahiro bari ku rugero rw'Umushikiranganji ;

9° Abayobozi bishikira bo mu biro vy'Umukuru w'igihugu n'Umushikiranganji wa mbere ;

10° Abahanuzi bakuru bakuru b'Umukuru w'igihugu n'ab'Umushikiranganji wa mbere ;

11° Abahanuzi bo mu biro vy'Umukuru w'igihugu no mu biro vy'Umushikiranganji wa mbere ;

12° Abajewe ubutumwa n'Umukuru w'igihugu ;

13° Intumwa zidasanzwe z'Umukuru w'igihugu hamwe n'abakozi b'amashirahamwe mpuzamakungu bagenywe na Leta kandi bafise ibibanza ntayegayezwa ;

14° Abakuru b'imigambwe ;

15° Abacamanza ba Sentare ntahinyuzwa ;

16° Abagize Sentare yubahiriza Ibwirizwa shingiro ;

17° Abagize Inama nkuru y'umutekano ;

18° Abakozi baserukira igihugu n'abajewe amateka y'abenegihugu mu bindi bihugu bakirangura ayo mabanga ;

19° Abahora baserukira igihugu mu bindi bihugu iyo bakirangura imirimo ya Leta canke bashikanye imyaka yo gukururuka bakiri mu mabanga yo guserukira igihugu mu makungu ;

20° Intwazangabo kizigenza n'izo hejuru mu gisirikare bakiri mu mabanga canke bakukurutse ;

21° Abayobozi bishikira b'ubushikiranganji butandukanye ;

22° Abayobozi bakuru, abayobozi b'ibisata hamwe n'abahanuzi mu biro vy'Umushikiranganji w'imigenderanire n'ugufashanya kw'Uburundi n'ayandi ma kungu ;

23° Ba Buramatari b'intara n'Umukuru w'igisagara ca Bujumbura ;

24° Abepisikopi ba Eklesiya katokika, abepiskopi ba Eklesiya protestanti n'uwuserukira aba islamu mu Burundi.

Ingingo ya 11

Abagize imiryango y'abanyacubahiro badondaguwe ku turongo twa 1, 2, 3, 13 na 18 baca baronswa ibitabu vy'inzira vy'icubahiro. Abagize imiryango y'abandi banyacubahiro bemerewe baterwa iryo teka igihe bajanye mu rugendo.

Mu ntahuro y'iri tegeko, « abagize imiryango » bagarukira ku wo bubakanye no ku bana bakiri bato bakibana n'abanyacubahiro bavuzwe aho hejuru.

Ingingo ya 12

Igitabu c'inzira c'akazi kironka :

1° Abantu barungitswe ku butumwa budasanzwe kandi ku kiringo ca bwo gusa ;

2° Abakozi ba Leta bari mu rwego nyobozi bemerewe kuja gukarisha ubwenge canke kubandanya ivyigwa hanze y'igihugu ku kiringo kitarenga amezi cumi n'umunani (18) ;

3° Abakozi barungitswe mu biro vy'abaserukira igihugu n'abajewe amateka y'abenegihugu mu makungu batagira uburenganzira ku gitabu c'inzira c'icubahiro.

Ingingo ya 13

Ibitabu vy'inzira vy'icubahiro n'ivy'akazi bizokora mu kiringo c'imyaka ibiri kuva umunsi bitangiweko kandi bigatanga uburenganzira bwo kuja mu gihugu ico ari co cose.

Ariko ibitabu vy'inzira vy'icubahiro n'ibitabu vy'inzira vy'akazi bidomweko urutoki mu gace ka 13 mu ngingo ya 18 hamwe no mu gace ka 1 ko mu ngingo ya 12 ntibirenga ikiringo urugendo rumara.

Bikenewe, ikiringo c'ivyo bitabu kirashobora kwongerezwa ikiringo kimara mu gihe kitarenza amezi atandatu.

Ikiringo c'ibitabu vy'inzira bisanzwe kizoshingwa muri ivyo bitabu nyene ariko ntigishobora kurenza imyaka ine ishobora kwongerezwa.

Ingingo ya 14

Ibitabu vy'inzira vy'icubahiro n'ibitabu vy'inzira vy'akazi hamwe n'impusha zo kuvyongerereza ikiringo bitangwa ku buntu.

Ingingo ya 15

Itangwa ry'ibitabu vy'inzira bisanzwe hamwe n'iyongerezwa ry'ikiringo ca vyo hamwe n'izindi nzandiko zibisubirira rijana n'itagisi itomowe n'Itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe igiporisi kigenzura ikirere, imbibe n'abanyamahanga mu mabanga yiwe.

Ku wutishoboye, igitabu c'inzira gisanzwe canke urwandiko rugisubirira birashobora gutangwa ku buntu.

Menya neza

Ikiringo ntarengwa n'inyaka itanu ku mirwi yose y'ibitabu vy'inzira ata buryo bwo kucongera. Raba Itegeko nshikiranganji n° 215/089 ryo ku wa 28 Nzero 2005.

Igihimba ca 3

Inzandiko z'inzira zisubirira igitabu c'inzira

Ingingo ya 16

Inzandiko z'inzira zisubirira ibitabu vy'inzira zirashobora gutangwa n'Umushikiranganji ajejwe igiporisi kigenzura ikirere, imbibe n'abanyamahanga canke umukozi atumwe nawe mu buryo butomowe n'Itegeko ku banyamahanga baba mu Burundi badashoboye kuronka igitabu c'inzira c'igihugu.

Ingingo ya 17

Inzandiko z'inzira zisubirira igitabu c'inzira zitangwa n'abategetsi b'Uburundi ni :

1° mureke arengane rusubirira igitabu c'inzira ;

2° urupapuro rw'inzira rutegekaniywe n'amasezerano y'i Genève yo ku wa 28 Mukakaro 1951, rumara imyaka ibiri.

Ingingo ya 18

Uburunganire n'amabara vy'izo nzandiko zisunga urugero rwerekanwa mu mpera ziherekeje iri tegeko.

Izo nzandiko kandi zikorwa hisunzwe amasezerano yabaye hagati ya Republika y'Uburundi n'abo basanzwe bafashanya.

Igihimba ca 4

Ibihano

Ingingo ya 19

Igitabu cose c'inzira canke urwandiko rugisubirira rutanzwe n'abategetsi b'Uburundi kirashobora kwakwa uwagihawe bivuye ku ngingo y'Umushikiranganji ajejwe igiporisi kigenzura ikirere, imbibe n'abanyamahanga canke uwumuserukiye, bikamenyeshwa uwo vyega biciwe mw'ikete ritangirwa icemezo ko ryagiye canke mu bundi buryo butomoye kandi bwashyirwa.

Iyo ngingo iramenyesha umutegetsi igitabu c'inzira gitegerezwa gusubizwa n'ikiringoc'iryo subizwa. Hatirengagijwe ingingo zijanye n'iki kibazo ziri mu gitabu c'amategako mpanavyaha, ukutubahiriza iyo ngingo bihanwa n'ihadabu ry'amafaranga ibihumbi mirongo ibiri (20.000 BIF).

Ingingo ya 20

Hazocirirwa ibihano nk'ibitegekaniywe ku ngingo ya 19, mu gahimba ka nyuma, uwo wese azoba yatabuye, yivye canke yagumije igitabu c'inzira canke Urundi rwandiko rugisubirira nyeneco ata mvo izwi yemewe n'amategako canke ishoboka gusigurwa.

Ingingo ya 21

Hatibagiwe guca kubiri gutegekaniywe mu ngingo ya 1 kandi ata kurenga n'ingingo ziri mu Gitabu c'amategako mpanavyaha, umuntu wese arenga imyaka cumi n'itanu y'amavuka asohotse canke agerageje gusohoka imbibe za Republika y'Uburundi atitwaje igitabu c'inzira canke icete c'urusha rwo gusohoka,

acirwa ihadabu ry'amafaranga ibihumbi mirongo ibiri (20.000 BIF).

Ingingo ya 22

Hatirengagijwe ububasha bw'inyamiramabi canke uwundi wese abifitiye ububasha hisunzwe amabwirizwa n'amategako ahasanzwe, abajewe kugenzura ikirere, imbibe n'abanyamahanga barafise ububasha bwo gutohoza no kuraba ivyaha bitegekaniywe muri iri tegeko.

Ingingo ya 23

Ingingo zose zahahora ziteye kubiri n'iri tegeko ry'Umukuru w'igihugu zirafuswe.

Ingingo ya 24

Iri tegeko ritangura gukurikizwa umunsi rishizweko umukono.

13 Ruhuhuma 1990. – ITEGEKO NSHIKIRANGANJII n° 30/077 – Amategako mashasha agenga gutunga igitabu c'inzira n'izindi nzandiko zigisubirira.

(I.I.B., 1990, n° 4, p. 92)

Ingingo ya 1

Ibitabu vy'inzira vyo mu Burundi, amakarata adasanzwe agenga uruja n'uruza mu bihugu bihuriye mw'Ishirahamwe ry'ibiyaga binini CEPGL, za mureke-arengane n'izindi nzandiko zibisubirira bizogumana na benevyo.

Menya neza

Hari abantu bamwe bamwe bategerezwa gusubiza ibitabu vyabo vy'inzira. Raba Itegeko nshikiranganji n° 530/626 ryo ku wa 23 Myandagaro 2000 (ingingo ya 14).

Ingingo ya 2

Ingingo zose zahahora ziteye kubiri n'iri tegeko nshikiranganji, na cane cane Itegeko nshikiranganji n° 530/150 ryo ku wa 13 Mukakaro 1977 rihindura amategako agenga gutunga ibitabu vy'inzira vyo mu Burundi n'izindi nzandiko zibisubirira, zirafuswe.

Ingingo ya 3

Umuyobozi mukuru w'igiporisi kijejwe kugenzura ikirere, imbibe n'abanyamahanga asabwe kwubahiriza ishira mu ngiro ry'iri tegeko nshikiranganji, kandi ritangura gukurikizwa umunsi rishirirweko umukono.

23 Myandagaro 2000. – ITEGEKO NSHIKIRANGANJII n° 530/626 – Ingingo zishira mungiro Itegeko ry'Umukuru w'igihugu n° 100/026 ryo ku wa 30 Nzero 1996 rigenga itangwa ry'ibitabu vy'inzira n'inzandiko zibisubirira.

(I.I.B., 2000, n° 9 ubwa kabiri, p. 685)

URUTONDE RW'AMAJAMBO

Ibihugu bihana imbibe, 9

Igisabwa, 12

Igitabu c'inzira :

– c'akazi, 12, 14

– c'icubahiro, 2, 14

– gisanzwe, 1

Ikiringo, 5, 6, 9

Mureke-arengane, 7, 8, 9
Uguhakana, 5
Ukugabanya ububasha, 11
Ukungurura urubanza :

- intwara, 6
- ubutungane, 6, 16

Ukwaka, 15
Umutekano, 15
Umuvyeyi, 3
Umwana :

- atarakwiza imyaka y'ubwigenge, 1, 3, 13
- umurerano, 4
- w'impfuyi, 4

Uruhusha rwo kujabuka, 12

Urwandiko rusubirira igitabu c'inzira, 10

Igihimba ca 1

Ibisabwa mu kuronka igitabu c'inzira

Ingingo ya 1

Umurundi wese akwije imyaka cumi n'itanu 15 y'amavuka aremererwa kuronka igitabu c'inzira gisanzwe, gitegekanijwe mu ngingo ya 7 y'Itegeko ry'Umukuru w'igihugu n° 100/026 ryo ku wa 30 Nzero 1996 abanje gutanga ikarata karangamuntu n'urwandiko ndangamuntu rukwiye ku bakwije imyaka y'ubwigenge.

Kandi, abana batarakwiza imyaka y'ubwigenge baronka igitabu c'inzira hisunzwe ibisabwa mu ngingo za 3 na 4 z'iri tegeko nshikiranganji.

Ingingo ya 2

Ibisabwa mu kuronka igitabu c'inzira c'icubahiro n'icakazi bigenwa n'Itegeko ry'Umukuru w'igihugu n° 100/026 ryo ku wa 30 Nzero 1996 ryerekeye ingingo zishira mu ngingo ibwirizwa ryo ku wa 1 Myandagaro 1962 rigenga itangwa ry'ibitabu vy'inzira n'inzandiko zibisubirira.

Ingingo ya 3

Umwana atarakwiza imyaka y'ubwigenge ntashobora kuronka igitabu c'inzira atagisabiwe n'abavyeyi biwe bwite. Abo ni nabo biyemeza kwemanga ivyerekeye ikoresha n'ishingurwa ry'ico gitabu c'inzira gihawe umwana wabo.

Ingingo ya 4

Umwana avyawe nk'umurerano atarakwiza imyaka y'ubwigenge ntashobora kuronka igitabu c'inzira atitwaje ingingo y'ubutungane n'urwandiko rwo mu biro na co ndangamuntu rukenewe.

Ku mwana w'impfuyi, mu gusaba yitwaza urwandiko rwemeza ibizwi n'abanyagihugu rwerekeye gutorera inyishu ibisigi rutangwa n'umushingwanzandiko.

Ingingo ya 5

Iyo hari uwusavye igitabu c'inzira bakamwankira ni ngombwa uwuserukira Leta abimenyeshe nyene gusaba kandi amwumvishe imvo mu kiringo kitarenga iminsi itanu y'akazi. Ikopi y'urwo rwandiko ica irungikirwa Umushikiranganji abazwa ivy'igiporisi kijejwe kugenzura ikirere, imbibe n'abanyamahanga.

Ingingo ya 6

Uwo vyega abonye ko arenganijwe, arafise uburenganzira bwo kwitura Umushikiranganji abazwa ivy'igiporisi kijejwe kugenzura ikirere, imbibe n'abanyamahanga nawe akavyihweza mu kiringo c'iminsi itanu y'akazi.

Bibuze, uwo vyega arafise uburenganzira bwo kwitura ubutungane muri sentare ica imanza zega Leta.

Igihimba ca 2

Mureke-arengane gisubirira igitabu c'inzira

Ingingo ya 7

Mureke-arengane gisubirira igitabu c'inzira, ni urwandiko ruhabwa abarundi badashoboye kuronka igitabu c'inzira gitangirwa mu giporisi kijejwe kugenzura ikirere, imbibe n'abanyamahanga nk'uko biri mu ngingo za 7 na 8 z'Itegeko ry'Umukuru w'igihugu n° 100/026 ryo ku wa 30 Nzero 1996.

Ingingo ya 8

Mureke-arengane gisubirira igitabu c'inzira ni infatakibanza kandi giha uburenganzira uwugifise bwo gusaba igitabu c'inzira cemewe mu makungu n'abategetsi babigenewe.

Ingingo ya 9

Mureke-arengane gisubirira igitabu c'inzira gishobora gutangwa na *Buramatari w'intara* canke uwurongoye ikirindiro c'igiporisi kijejwe kugenzura ikirere, imbibe n'abanyamahanga, ku barundi bipfuzza gukubitira mu makomine y'igihugu bahana imbibe, mu kiringo kitarenga iminsi cumi n'itanu.

Uwuserukira canke ahagarariye igihugu hanze nawe nyene arashobora gutanga mureke-arengane gisubirira igitabu c'inzira ku barundi bipfuzza gutahuka mu gihugu bakaba badashoboye kuronka igitabu c'inzira.

Igihimba ca 3

Ibisabwa mu kurengana imbibe z'Uburundi

Ingingo ya 10

Umurundi wese yipfuzza kurengana imbibe z'Uburundi ategerezwa kuba afise igitabu c'inzira kitarata igihe canke urwandiko rugisubirira.

Ingingo ya 11

Nta murundi n'umwe yankirwa kurengana imbibe z'igihugu afise igitabu c'inzira kitarata igihe kiretse hari ingingo y'ubutungane yafatiye n'inzeho zibijwe.

Ingingo ya 12

Abari mu *ntwaramiheto* no mu nzego z'igiporisi babwirizwa kubanza kwereka abacunze imbibe uruhusha rwo gusohoka imbibe kugira ngo bemerewe gusohoka igihugu.

Ingingo ya 13

Umwana atarakwiza imyaka y'ubwigenge ategerezwa kwerekana uruhusha rw'abavyeyi biwe canke umurezi wiwe yemewe n'amategako mu gihe badafatanije urugendo.

Ingingo ya 14

Umuntu afise igitabu c'inzira c'icubahiro canke igitabu c'inzira c'akazi, nk'uko biri mu ngingo ya 10 ku karongo ka 13 n'ingingo ya 12 ku karongo ka 1 mw'Itegeko n° 100/026 ryo ku wa 30 Nzero 1996, abwirizwa gusubiza ico gitabu abajewe igiporisi c'ikirere, imbibe n'abanyamahanga mu gihe arangije urugendo rw'akazi.

Ingingo ya 15

Ku mvo zikomeye z'umutekano, Umushikiranganji abazwa ivy'igiporisi kijejwe ikirere, imbibe n'abanyamahanga arashobora gufata ingingo zo kwaka ivy'imfatakibanza igitabu c'inzira canke urwandiko rugisubirira ku murundi yahungabanije umutekano w'abanyagihugu.

Ingingo ya 16

Haciye iminsi cumi n'itanu, ingingo yo kwaka igitabu c'inzira ifashwe, uwo vyega arafise uburenganzira bwo kwitura sentare ica imanza zega Leta.

Igihimba ca 4

Ingingo zisozera

Ingingo ya 17

Iri tegeko ritangura gukurikizwa umunsi rishizweko umukono.

9 Kigarama 2002. – ITEGEKO NSHIKIRANGANJI n° 530/934 – Ingingo zishira mu ngiro Itegeko ry'Umukuru w'igihugu n° 100/026 ryo ku wa 30 Nzero 1996 rigenga itangwa ry'igitabu c'inzira n'inzandiko zigisubirira.

Ingingo ya 1

Igitabu c'inzira, muri aya moko atatu yaco, gifise impapuro 32 ziriko inomeru zikurikirana.

Urupapuro rwa 1 ruriko inomeru z'urutonde zigizwe n'ibihaharuro bitandatu vyirabura amaja hepfo, haruguru naho ziratobaguye. Izindi mpapuro zose z'imbere mu gitabu zifise iyo nomero itobaguye amaja haruguru.

Ingingo ya 2

Ibiciro vy'igitabu c'inzira n'izindi nzandiko z'urugendo bishinzwe gurya :

- Igitabu c'inzira gisanzwe gishasha : amafaranga 30.000 ;
- Kwongereza ikiringo c'igitabu c'inzira gisanzwe : amafaranga 15.000 ;
- Mureke arengane gisubirira igitabu c'inzira : amafaranga 1.500 ;
- Karata ya CEPGL : amafaranga 2.500.

Menya neza

Igiciro c'igitabu c'inzira gisanzwe gishasha kigeze ku mafaranga 50.000. Raba Itegeko nshikiranganji n° 215/089 ryo ku wa 28 Nzero 2005 (ingingo ya 4).

Ingingo ya 3

Ingingo zose zahahora ziteye kubiri n'iri tegeko nshikiranganji zirafuswe.

Ingingo ya 4

Umuyobozi mukuru w'igiporisi kijejwe kugenzura ikirere, imbibe n'abanyamahanga asabwe kwubahiriza iri tegeko, kandi ritangura gukurikizwa umunsi rishizweko umukono.

28 Nzero 2005. – ITEGEKO NSHIKIRANGANJI n° 215/89 – Ingingo zigenga ishirwa mu ngiro ry'Itegeko n° 100/026 ryo ku wa 30 Nzero 1996 ryerekeye itangwa ry'igitabu c'inzira n'inzandiko zigisubirira.

Ingingo ya 1

Hisunzwe ibitomowe n'Ishirahamwe mpuzamakungu rijejwe uruja n'uruza rw'indege atari iz'igisirikare, (urwandiko 9303, igice gikuru ca I), urupapuro rufunika igitabu c'inzira rusomeka mu mashini rujako inzandiko ndangamuntu n'ifoto yo mu buhinga bugezweko n'umukono wa nyene igitabu. Urwo rupapuro rujako kandi umukono w'imashini w'umutegetsi yatanze ico gitabu c'inzira.

Ingingo ya 2

Igitabu c'inzira ico arico cose gifise ikiringo c'imyaka itanu. Ntivyemewe kwongereza ikiringo c'igitabu c'inzira mu buryo bushasha bwo gutanga igitabu c'inzira kimwo ifoto yo mu buhinga bugezweko.

Ingingo ya 3

Muri ubwo buryo bushasha bwo gutanga igitabu c'inzira kimwo ifoto yo mu buhinga bugezweko, iyandikwa ry'abana batarakwiza imyaka y'ubwigenge rirabujijwe. Umwana wese afise uburenganzira bwo kuronka igitabu c'inzira ciwe.

Ingingo ya 4

Igiciro c'igitabu c'inzira gishinzwe ku mafaranga 50.000.

Ingingo ya 5

Ingingo zose zahahora ziteye kubiri n'iri tegeko nshikiranganji zirafuswe.

Ingingo ya 6

Umuyobozi mukuru w'igiporisi kijejwe kugenzura ikirere, imbibe n'abanyamahanga asabwe kwubahiriza iri tegeko, kandi ritangura gukurikizwa umunsi rishizweko umukono.

IV. Abinjira mu gihugu n'icumbi

Itegeko-bwirizwa – n° 1/007 – 20 Ntwarante 1989	570
Itegeko ry'Umukuru w'igihugu – n° 100/177 – 20 Nyakanga 1989	573
Itegeko nshikiranganji – n° 530/166 – 10 Mukakaro 1989	574

20 Ntwarante 1989. – ITEGEKO-BWIRIZWA n° 1/007 – Amategoko arekurira abanyamahanga kwinjira mu Burundi, kuhamara igihe, kuhagerera, no kwirukanwa.

(I.L.B., 1989, n° 4, p. 97)

Menya neza

Iri tegeko-bwirizwa rifuta ibwirizwa ryo ku wa 19 Nyakanga 1962 rigenga iyinjira mu Burundi (I.L.B., p. 187).

URUTONDE RW'AMAJAMBO

Amasezerano :

- mpuzamakungu, 4, 11
- yo gushikiriza ikindi gihugu uwagirizwa icaha, 7

Amasezerano mpuzamakungu, 2, 4, 6, 20

Amasezerano mpuzamakungu, 4

Icaha, 7

Ifishi y'ivyaha umuntu yahaniwe, 12

Igihano, 7

Igisabwa, 4, 12

Igitabu c'inzira, 4, 16

Ihadabu, 7, 31

Impunzi, 20

Ingwara :

- yandukira, 12
- yo mu mutwe, 12

Ingwati, 12, 26

Intambanyi, 28

Ivyihuta, 29

Magiriranire, 14

Uburyo bwo kubaho, 7, 10

Uburyo bwo kuronka amafaranga, 12

Uguhanga ibwirizwa, 2

Ugukurikira, 7

Ugusaba, 13, 23

Ukwinjira, 4

Ukwirukana, 26, 27, 29, 30

Ukwitura, 25

Umugirwa, 32

Umukozi mpuzamakungu, 14

Umunyamahanga, 1

Umunyororo, 31

Umurwi, 3, 21, 29

Umwana, 11

Urucanco, 4

Uruhara :

- ishirahamwe ryo gutwara abantu n'ibintu, 8

Uruhusha :

- rwo kugenda no kugaruka, 15
- rwo kugerera, 13, 19
- rwo kumara igihe, 14, 15
- rwo kwinjira, 10

Urwandiko rw'urugendo gisubirira igitabu c'inzira, 4

Urwandiko rwa muganga, 12

Urwandiko, 4

Uwama ahaba, 6, 17, 18, 19

Uwo bubakanye, 11

Uwugize :

- umurwi utwara ubwato canke indege, 6
- umuryango, 6

Uwuhagarariye igihugu, 14

Uwujewe ivyo gufashanya, 15

Uwuserukira igihugu hanze, 14

Uwutagira ubwenegihugu, 20

IKIGABANE CA I INGINGO ZISOZERA

Ingingo ya 1

Mw'ikurikizwa ry'iri tegeko-bwirizwa, umuntu wese adafise ubwenegihugu bw'Uburundi yitwa umunyamahanga.

Ingingo ya 2

Kiretse guhangira izindi ngingo zishinzwe n'masezerano mpuzamakungu canke n'amabwirizwa yandi, abanyamahanga bari mu gihugu c'Uburundi bagengwa n'ingingo ziri muri rino tegeko-bwirizwa.

Ingingo ya 3

Harashinzwe Umurwi mpanuzwajambo ku vyerekeye abanyamahanga uzohanura muri ibi bikurikira :

- ugutanga canke kwakwa akaranga k'uwugerereye, k'impunzi canke k'uwutagira ubwenegihugu ;
- ukutongereza ikiringo c'uruhusha rwo kugerera n'ivyerekeye abirukanwa.

Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu arashobora kwikora kuri uwo murwi igihe cose abona ko ivyiyumviro vyawo bishobora gufasha guha intumbe nyayo ingingo kanaka agomba gufata.

Abagize uwo murwi n'ingene urangura imirimo yawo bitomorwa « n'Itegeko ry'Umukuru w'igihugu ».

Menya neza

Raba Itegeko ry'Umukuru w'igihugu n° 100/177 ryo ku wa 20 Nyakanga 1989.

IKIGABANE CA II IBISABWA MU KWINJIRA

Ingingo ya 4

Kugira yinjire mu Burundi, umunyamahanga asabwa ibi bikurikira :

1° kuba ufise inzandiko zisunga amasezerano canke umwumvikano mpuzamakungu, ibwirizwa canke Itegeko nshikiranganji ; canke akaba afise igitabu c'inzira kitarata igihe, canke urwandiko rw'urugendo rugisubirira ruriko uruhusha

canke uburenganzira burusubirira rwemewe mu Burundi rushizweko umukono c'uwuserukira Uburundi, canke ijejwe amateka y'abenegihugu ; canke umutegetsi uwari we wese abifitiye ububasha ahabwa n'amategako ;

2° kuba afise urupapuro rw'urucanco gitegekanywa n'amasezerano mpuzamakungu ;

3° kuba afise itike y'indege y'indege yo kugenda no kugaruka hamwe n'impamba y'amafaranga akwiye k'urugendo rwo gutahuka ku nguvu canke ibindi vyose bishobora kumugirira akamaro.

Ingingo ya 5

Ikiringo uruhusha rwo kwinjira mu gihugu ruba rugifise agaciro n'ingene rurunkwa, bizoshingwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu.

Ingingo ya 6

Abarekuriwe kutarondera uruhusha rwo kwinjira mu gihugu, ariko bategerejwe kwerekana urupapuro rwemewe rubaranga ;

1° Abantu bagize umurwi ugendesha amato be n'ibigendajuru bigira ingendo z'akazi hakoreshejwe inzandiko zitegekanijwe mu masezerano mpuzamakungu ;

2° Abantu n'abagize imiryango yabo bashobora kwisunga akaranga k'abasanywa ntayegayezwa herekanywe urwandiko rutangwa kandi rwemewe mu Burundi hakurikijwe ibisabwa vyashinzwe n'Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu ;

3° Abantu n'abagize imiryango yabo baba bavuye mu Burundi vy'agateganyo, ariko bagifise uruhusha rw'ukugaruka mu gihugu.

Mu gukwirikiza iri tegeko-bwirizwa, abafatwa nk'abagize umuryango n'uwo bubakanye n'uwerekewe n'iri tegeko hamwe n'abana batarashikana imyaka yo kwigenga.

IKIGABANE CA III

KUBUZWA KWINJIRA MU GIHUGU N'UKWIRUKANWA

Ingingo ya 7

Hatibagiwei bitegekanijwe mu kigabane ca II c'iri tegeko-bwirizwa, ntashobora kuronka uburenganzira bwo kwinjira mu gihugu umunyamahanga wese :

1° aterekanye uburyo bukwiye bwo kubaho ;

2° yirukanywe mu Burundi kandi iyo ngingo ikaba itarakurwaho ;

3° akiri ho arakurikiranwa n'ubutungane canke yoba yaraciriwe igihano ku vyaha bitomorwa n'amasezerano yo guhanahana inkozi z'ibibi kiretse igihe igihano yaciriwe ari ugutanga ihadabu canke gupfungwa mu kiringo kitarenza amezi atandatu ;

4° atagira ubwenge bukwiye canke agendana ingwara zandukira ;

5° ashaka gukora ibikorwa biteye kubiri n'ineza y'igihugu ;

6° abangamiye amahoro n'umutekano w'igihugu.

Ingingo ya 8

Amashirahamwe yo gutwara abantu n'ibintu biciye mu kirere barategerezwa imbere ya Leta y'Uburundi gutahukana n'ukubungabungira mu Burundi, abantu boba bahazanywe, iyo abo bantu batashoboye, kwerekana ko bari bakurikije ibisabwa n'iri tegeko-bwirizwa mu gihe bafata urugendo.

IKIGABANE CA IV

UGUCUMBIKA N'UKUGERERA

Igihimba ca 1

Gucumbika mu gihugu

Ingingo ya 9

Afatwa ko aje kumara igihe mu Burundi, umunyamahanga, aba yaronse uruhusha rwo kwinjira, akahacumbika kuko

hamunazereye canke mu ntumbero y'ukwinezereza canke ku mvo z'akazi.

Ingingo ya 10

Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu canke uwumuserukira arashobora kurekurira umunyamahanga aba yaronse uruhusha rw'ukwinjira kwongerako igihe co kumara mu gihugu ikiringo kitarenza amezi atatu iyo akwiye ibi bikurikira :

1° gutanga imvo zo kwongereza ico kiringo co gucumbika ;

2° ukwerekana ko afise uburyo bukwiye bwo kubaho.

Gusaba ukwongerwa ikiringo co gucumbika mu gihugu gutegerezwa gusabwa mu minsi umunani y'akazi imbere y'uko ikiringo ca mbere gihera.

Ingingo ya 11

Hatibagiwe ibiri mu ngingo za 9 na 10, abarekuriwe kuba mu Burundi n'aba :

1° umunyamahanga afise uruhusha rwo kumara igihe rwemewe n'amasezerano mpuzamakungu canke n'ibwirizwa ;

2° uwubakanye n'uwo munyamahanga arekuriwe canke afise uruhusha rwo gucumbika mu Burundi hamwe n'abana biwe batarakwiza imyaka y'ukwigenga.

Igihimba ca 2

Ukugerera

1. Ingingo rusangi

Ingingo ya 12

Umunyamabanga yipfuza kugerera mu Burundi ategerezwa gukwiza ibisabwa bikurikira :

1° Urwandiko rwemeza ko atakimwagira rw'igihugu aturukamwo canke abamwo canke Urundi rupapuro rwose rwemejwe n'amategako rurubirira ;

2° Kwerekana urwandiko rutanzwe n'ubutegetsi bubifitiye ubushobozi rwemeza igikorwa aje kurangurira mu Burundi ;

3° Kudondora amatungo yiwe n'ubundi buryo bwose afise hamwe n'ukuvuga ahantu azogerera ;

4° Kwerekana urwandiko rwa muganga rutarenza amezi atatu kuva aho rwandikiwe n'umuganga yemewe, ruvuga ko uwo arugendana ata ngwara yandukira canke ikimenyetso icarico cose c'ingwara yo mu mutwe afise ;

5° Kubika ingwati y'amafaranga mw'ibanki yo mu gihugu yemewe, canke kwerekana icemeza ko hamwe yosubira iyo yavuye yoronka ikimusubiza inyuma canke ayandi mafaranga yokenerwa.

Igitigiri c'iyi ngwati n'ingene bayitanga canke ukuntu bashinga ico cemezo bizoshingwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji w'intwari yo hagati.

Menya neza

Kuraba Itegeko nshikiranganji n° 530/166 ryo ku wa 16 Mukakaro 1989 (ingingo ya 20 gushika ku 23).

Ingingo ya 13

Ukurekurira kugerera bitangwa n'Umushikiranganji w'intwari yo hagati canke uwumuserukira bisabwe biciye mu nzandiko n'uwo vyerekeye. Muri ico gihe, haratangwa uruhusha rwo kugerera rw'imyaka ibiri ishobora kuza iriyongera.

2. Ingingo zidasanzwe

1. – Abaserukira ibihugu vyabo, abakozi mpuzamakungu n'abakozi mvamahanga bafasha mw'iterambere

Ingingo ya 14

Hatibagiwe amasezerano magiriranire, abaserukira ibihugu vyabo, abaserukira inyungu, n'abakozi mpuzamakungu hamwe n'imiryango yabo bararonka uruhusha rwo kumara igihe mu gihugu rurangira haheze imyaka itatu bashobora kuja barongereza.

Urwo ruhusha rurekurira bene kururuka gusohoka n'ukugaruka mu gihugu ata ruhusha rubanza kuronderwa.

Ingingo ya 15

Abajewe ivyo gufashanya kw'ibihugu n'imiryango yabo baronswa urwo ruhusha rwo kumara igihe mu gihugu kingana imyaka ibiri gishobora kuza kiringerezwa.

Kwongererezwa ikiringo vyemerwa mu gihe hongewe amasezerano yo gufashanya canke igihe cose ikiringo c'amasezerano ya mbere kitarangira.

Ariko, turetse abantu bavuzwe mu ngingo iheze, aba tuvuga muri iyi ngingo bategerejwe kuronka uruhusha rw'ugusohoka canke ukwinjira mu Burundi.

Ingingo ya 16

Ibiri mu ngingo iheze bikoreshwa ku rugero rungana ku bakozi batari mu baserukira ibihugu vyabo bafise igitabu c'inzira c'akazi.

2. – Bama baba mu Burundi

Ingingo ya 17

Afatwa nk'uwama aba mu Burundi umunyamahanga n'abagize umuryango wiwe bafitiye akamaro Uburundi nk'ugutanga ubuzi canke ugushinga mu Burundi umutaha uboneka.

Ingingo ya 18

Ingene abanyamahanga baronka canke batakaza uburenganzira bwo kwama baba mu Burundi, bizotegekanywa n'Itegeko ry'Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu.

Ingingo ya 19

Uwama aba mu Burundi arafise uruhusha rwo kugerera bitagira igihe bimurekurira gusohoka n'ukugaruka mu buryo bumwe n'abavukagihugu.

3. – Impunzi n'abatangira ubwenegihugu

Ingingo ya 20

Afatwa nk'impunzi canke utagira ubwenegihugu, umunyamahanga wese akwiye ibikenewe bisabwa n'amasezerano mpuzamakungu Uburundi bwiyeje.

Ingingo ya 21

Kiretse iyo vyagoranye, gusaba akaranga k'impunzi bitegerezwa gusabwa iminsi umunani y'akazi ikurikira igihe umunyamahanga yinjije mu Burundi.

Bisabwa biciye kuri musitanteri wa komine y'aho yinjiriye, bigaca birungikwa mu bushikiranganji bw'intwari yo hagati mu gihugu ifata ingingo ihejeje kumviriza icyumviro c'umurwi utegekanijwe mu ngingo ya 3 y'iri tegeko-bwirizwa.

Ingingo ya 22

Umunyamahanga ari mu Burundi mu gihe iri tegeko-bwirizwa rigiye mu ngiro kandi arondera kwemererwa ko ari impunzi canke ko atagira ubwenegihugu afise ikiringo c'amezi atandatu kugira abisabe abicishije kuri musitanteri wa komine abamwo.

Ingingo ya 23

Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu canke uwumuserukira arashobora gutegeka umunyamahanga asaba akaranga k'impunzi canke k'uwutagira ubwenegihugu kuja kuba ahantu hanaka mu kiringo idosiye yiwe ikiriko irigwa.

Ingingo ya 24

Nyene kubisaba yemerewe aca aronka ikarata itunganijwe nkuko Itegeko ry'Umushikiranganji w'intwari yo hagati ribitegekanywa.

Igihe naho akeneye kuja mu mahanga, araronswa, abisavye, urwandiko rw'urugendo ruriko ingingo yo kugaruka, rumurekurira gutembera hanzu y'Uburundi.

Ingingo ya 25

Iyo bavyanse, umunyamahanga arabimenyeshwa mu rwandiko. Ariko arashobora, aronse imvo nshasha, gusubira gusaba Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihe kitarenze iminsi umunani.

Iyo basubiriye kumwankira, uwo yabisavye ategerezwa kuva mu Burundi mu minsi mironko itatu kuva abimenyeshajwe.

IKIGABANE CA V UKWIRUKANA

Ingingo ya 26

Ashobora kwitwa uwutagishakwa akirukanwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji w'intwari yo hagati, umunyamahanga :

1° ahungabanije umutekano w'abanyagihugu canke w'igihugu ;

2° yinjije mu Burundi, agereye canke agerageje kuhagerera atabironkeye uruhusha ;

3° adatanze ingwati canke ikindi kintu bisabwa n'amategoko ;

4° arangura ibikorwa bitajanye n'ivyo yari yemerewe gukora igihe yasaba gucumbika mu gihugu kandi atabifitiye uruhusha ;

5° atakurikije, muri rusangi, ibisabwa n'ibwirizwa.

Ingingo ya 27

Itegekory'Umushikiranganji ryo kwirukana rirerekana ikiringo umunyamahanga ategerezwa kuba yavuye mu Burundi kuva aho abimenyeshajwe. Ico kiringo ntikirenza iminsi umunani ku munyamahanga yari arekuriwe kumara igihe gito mu Burundi, na cumi n'itanu ku munyamahanga acumbitse mu Burundi canke afise akaranga k'uwuhaba kama, kiretse iyo hari ibituma bihambaye vyobisaba.

Ingingo ya 28

Umunyamahanga yirukanywe hanyuma ntavyubahirize mu kiringo gitegekanijwe n'amategoko ashobora gutwarwa ku nguvu ku mupaka yitoye. Bibaye ngombwa, Umushikiranganji w'intwari yo hagati aratora umupaka uwo yirukanywe azojabukirako.

Ingingo ya 29

Igihe vyihuta cane canke hari ibituma bihambaye bibisaba, Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu arashobora, adakwirikije ingingo ya 3 y'iri tegeko-bwirizwa, gufata Itegeko ry'ukwirukana, atarinze kubicisha mu murwi ubijewe, ariko akabiwumenyeshwa.

Ingingo ya 30

Impunzi canke uwutagira ubwenegihugu ntashobora kwirukana uko ariko kwose acishijwe ku mipaka y'igihugu aho ubuzima bwiye canke agateka kiwe kohungabanywa.

IKIGABANE VI INGINGO MPANAVYAHA

Ingingo ya 31

Hatibagiwe ibitegekanywa mu ngingo ya 349 ry'Igitabu mpanavyaha, azocirwa igihano c'umunyoro uva ku mezi atatu gushika ku myaka itatu n'ihadabu riva ku bihumbi bitatu (3.000 BIF) gushika ku bihumbi bitanu (5.000 BIF) canke kimwe gusa muri ivyo bihano :

1° uwo wese aha akazi umuntu atarekuriwe kugerera mu Burundi mu ntumbero yo kumufasha kudafatwa n'ingingo zafashwe hakurikijwe ibwirizwa ;

2° uwo wese afashije umuntu azi ko atemerewe gucumbika mu Burundi kugira amuhe akaryo ko kurenga ivyanditswe mu ngingo za 12, 26, 27 na 28 y'iri tegeko-bwirizwa.

Ingingo ya 32

Azocirwa ibihano nk'ibitegekanijwe mu ngingo iheze, umunyamahanga azokwinjira canke akagerageza kugerera mu Burundi adakurikije ibisabwa n'amategeko.

Ingingo ya 33

Ibihano bitegekanijwe muri iki kigabane bicirwa hatirengagijwe ingingo zikaze gusumba ziri mu Gitabu c'amategeko mpanavyaha zikwirikizwa.

IKIGABANE CA VII INGINGO ZISOZERA

Ingingo ya 34

Ingingo zose zari zihasanze kandi ziteye kubiri n'iri tegeko-bwirizwa zirafuswe, cane cane Itegeko-bwirizwa n° 1/23 ryo ku wa 9 Mukakaro 1982 ritunganya ingene bashika mu Burundi, ukucumbika, ukuhagerera n'ukwigizayo abanyamahanga.

Ingingo ya 35

Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu ajeje gushira mu ngiro iri tegeko-bwirizwa rikurikizwa umunsi rishirwemo umukono.

20 Nyakanga 1989. – ITEGEKO RY'UMUKURU W'IGIHUGU n° 100/177 – Abagize umurwi mpanuzwajambo w'abanyamahanga n'ingene ukora.

Menya neza

Iri tegeko rikura Itegeko nshikiranganji n° 05/116 ryo ku wa 9 Ndamukiza 1957 rishiraho igiporisi kijeje abinjira mu gihugu – Umurwi mpanuzwajambo mu vyo kwirukana (I.L., p. 982).

Ingingo ya 1

Umurwi mpanuzwajambo mu vyo gushira mu ngiro amategeko yerekeye abanyamahanga ugizwe na :

1° Uwuserukira ubushikiranganji bw'intwari yo hagati : umukuru w'umurwi ;

2° Uwuserukira ubushikiranganji bw'imigenderanire y'Uburundi n'ugufashanya : icegera c'umukuru w'umurwi ;

3° Umuyobozi mukuru w'igiporisi kijeje ikirere, imbibe n'abanyamahanga : umunyamabanga ;

4° Uwuserukira ubushikiranganji bw'ubutungane : agize umurwi ;

5° Uwuserukira ubushikiranganji bujewe akazi mu mabanga yabwo : agize umurwi ;

6° Uwuserukira ubushikiranganji bujewe ubudandaji mumu mabanga yabwo : agize umurwi ;

7° Uwuserukira umuyobozi mukuru wo kugendereza : agize umurwi.

Ingingo ya 2

Abagize uwo murwi bagenwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu.

Ingingo ya 3

Iciyumviro c'uwo murwi gisabwa mu gihe bikenewe :

– kuronsa canke kwaka umunyamahanga uburenganzira bwo kwama uba mu gihugu, bwo kuba impunzi canke kutagira ubwenegihugu ;

– kutongera uruhusha rwo kugerera mu gihugu no mu vyerekeye ukwirukanwa.

Ingingo ya 4

Uwo murwi ukorana igihe bikenewe, utumweko n'umukuru wawo.

Usasa vyemewe iyo n'imiburiburi bibiri vya bitatu (2/3) vy'abawugize ariho bari ugaca ufata ingingo zemejwe na benshi.

Ingingo ya 5

Igihe bariko biga amadosiye, umurwi ushobora kwikora ku bantu bose bafise bashobora guterera ivyiyumviro canke kwunganira uwo murwi.

Ingingo ya 6

Ingingo zose zari zihasanze ziteye kubiri n'iri tegeko ry'Umukuru w'igihugu zirafuswe.

Ingingo ya 7

Umushikiranganji w'intwari yo hagati ashinzwe gushira mungiro iri tegeko ritangura gukora umunsi rishirwemo umukono.

10 Mukakaro 1989. – ITEGEKO NSHIKIRANGANJI n° 530/166 – Ingingo zo gushira mu ngiro Itegeko-bwirizwa n° 1/007 ryo ku wa 20 Ntwarante 1989 rigenga itunganywa ry'ingene abanyamahanga binjira, bamara igihe, bagerera mu gihugu c'Uburundi, n'ingene babigiza kure.

(I.I.B., 1989, n° 8, p. 226)

Menya neza

Iryo tegeko nshikiranganji rifuta Itegeko n° 05/60 ryo ku wa 6 Ntwarante 1956 riraba ukwemeza canke ugukurako akaranga k'uwama aba mu gihugu (I.I., p. 604) n'Itegeko nshikiranganji n° 05/78 ryo ku wa 28 Ntwarante 1957 rigenga igiporisi c'uruja n'uruza rw'abinjira mu gihugu (I.I., p. 794).

URUTONDE RW'AMAJAMBO

Amateka, 4

Ibara, 14

Ifishi y'ukwiyandikishako, 16

Ifoto, 19

Igitabu candikwamwo, 16

Ikarata karangamuntu, 12, 13

Iketi ryo kugira ingwati, 21, 22, 23

Ikimangu, 17, 19

Ikingiro, 5, 6, 7, 9, 10, 15

Ingwati :

– igitigiri, 20

– ugusubiza, 20

Ugutoza amafaranga, 6-9

Ukumenyesha ko agiye, 17

Ukwaka iteka, 11

Ukwinjira, 1

Uruhusha :

– rusanze, 2

– rw'icubahiro, 2, 4

– rw'urupfasoni, 2, 4

– rwo gucumbika, 7

– rwo gusohoka, 6

– rwo gusohoka-ugaruka, 9

– rwo kugerera, 8, 10

– ugucaho urengana, 5

IKIGABANE CA 1

IMPUSHA

Igihimba ca 1

Ingingo nkuru nkuru

Ingingo ya 1

Ugucaho urengana, ukwinjira, ugusohoka, ugucumbika n'ukugerera, bitegerezwa kurondererwa uruhusha.

Ingingo ya 2

Hari ubwoko butatu bw'impusha :

– uruhusha rw'icubahiro ruhabwa abafise igitabu c'inzira c'icubahiro ;

– uruhusha rw'urupfasoni ruhabwa abafise igitabo c'inzira c'akazi ;

– uruhusha rusanze ruhabwa abafise igitabu c'inzira gisanze.

Ingingo ya 3

Izo mpusha zitangwa n'Umuyobozi mukuru ajejwe igiporisi kigenzura ikirere, imbibe n'abanyamahanga canke uwumuserukira.

Ariko rero, ibiro vy'abaserukira Uburundi mu mahanga canke ibiro vy'abaserukira inyungu za bwo mu mahanga birafise ububasha bwo gutanga uruhusha rwo kwinjira nk'uko bitegekanywa n'ingingo ya 6, uduhimba twa 2 na 3 tw'iri tegeko nshikiranganji.

Igihimba ca 2

Intumbero, ikiringo n'ibiciro vy'impusha

Ingingo ya 4

Ugutanga impusha z'icubahiro n'impusha z'urupfasoni ntikurishyirwa namba.

Ingingo ya 5

Uruhusha rw'ukurengana rwemerera umunyamahanga avuye mu gihugu Uburundi budafise mu uwubuserukira kwinjira mu gihugu.

Rutangirwa ku rubibe kandi rumara amasaha mirongo indwi n'abiri atarenga.

Urwo ruhusha rurihwa amadolari cumi y'amanyamerika (10 USD), canke ayangana n'ayo avunje mu yandi mahera y'agaciro.

Ingingo ya 6

Uruhusha rw'ukwinjira ruha nyene kururonga uburenganzira bwo kwinjira kenshi mu Burundi n'ukuhaguma mu mezi atarenga atatu.

Ibiro vy'abaserukira ibihugu vyabo canke bajewe amateka y'abenegihugu mu makungu biremerewe gutanga uruhusha rwo kwinjira rumara ikiringo c'amezi abiri umuntu akinjira rimwe canke kenshi, ico kiringo kimara amezi atatu ku bantu bafise ibitabo vy'inzira vy'icubahiro.

Urwo ruhusha rutegerezwa gukoreshwa hatarenze amezi abiri uherye umunsi rwatangiye, ahandi ho ntaco ruba rukimaze.

Rutangwa harishwe amadolari mirongo ibiri y'amanyamerika (20 USD) canke amafaranga y'amarundi angana nayo ku kwezi.

Ingingo ya 7

Uruhusha rwo gucumbika mu gihugu ruha umunyamahanga aja afise uruhusha rwo kwinjira canke rwo kurengana uburenganzira bwo kwongereza ikiringo co kumara mu gihugu gushika ku mezi atandatu atarenga.

Rutangwa harishwe amadolari y'abanyamerika cumi n'atanu y'amanyamerika (15 USD) canke ayangana n'ayo mu mafaranga y'amarundi ku kwezi.

Ingingo ya 8

Uruhusha rwo kugerera mu gihugu mu kiringo kizwi ruhabwa umunyamahanga yifuza kugerera mu Burundi kandi yamaze guhabwa n'ubutegetsi bubifitiye ububasha icemero c'ibikorwa agiye kurangura.

Rutangwa nyene kururonga arishe amadolari mirongo itatu (30 USD) canke ayangana n'ayo mu mafaranga y'amarundi.

Ingingo ya 9

Uruhusha rwo gusohoka no kugaruka mu gihugu ruhabwa umunyamahanga aba mu Burundi ashaka gutembera mu bihugu vyo mu mahanga yipfuzakugaruka mu Burundi.

Rumara ikiringo c'ukwezi kumwe gushika ku mezi indwi atarenga.

Kiretse abafise ibitabo vy'inzira vy'akazi, uruhusha rwo gusohoka no kugaruka mu gihugu rutangwa herekanywe inkaratasi zitanzwe n'abajejwe intwari mu gihugu canke abashinzwe ubutungane, zerekana ko ata na kimwe uwo muntu aheranye.

Rutangwa harishwe amadolari atanu y'abanyamerika (5 USD) canke ayangana n'ayo mu mafaranga y'amarundi ku kwezi.

Ingingo ya 10

Uruhusha rwo kugerera mu gihugu ku kiringo kitazwi ruhabwa umunyamahanga yabaye mu Burundi n'imiburiburi imyaka mirongo ibiri yikwirikiranya imbere y'ukurusaba.

Ariko rero, ico kiringo c'iyi myaka gishobora kumanurwa ku myaka itanu k'uwusanzwe aba mu Burundi ubudahengeshanya nkuko bivugwa n'ingingo ya 17 y'Itegeko-bwirizwa ry'Umukuru w'igihugu n° 1/007 ryo ku wa 20 Ntwarante 1989, canke ku munyamahanga yabiriye umurundikazi.

Umunyamahanga yabiriye n'umurundi aca aronka urwo ruhusha atarusavye. Rutangwa harishwe amadolari ijana na mirongo ibiri n'atanu y'amanyamerika (125 USD), canke amafaranga y'amarundi angana n'ayo.

Ingingo ya 11

Umunyamahanga arashobora kwakwa uburenganzira bw'ukuba mu gihugu ubudahengeshanya iyo :

- adakwije ibisabwa vyatumye aronka ubwo burenganzira ;
- yapfunzwe ikiringo kirenga amezi atandatu bivuye ku caha yakoze gitegekanijwe n'amategako y'Uburundi ;
- inyifato yiye ishobora guhungabanya umutekano w'abanyagihugu.

IKIGABANE CA II

AMAKARATA KARANGAMUNTU Y'ABANYAMAHANGA

Ingingo ya 12

Kugira aronke ikarata karangamuntu, umunyamahanga yemerewe kugerera mu Burundi abwirizwa kwiwandikisha mw'ikomine abamwo mu minsi cumi n'itanu ikurikira umunsi aronkeyeko uruhusha rwo kugerera canke rwo guhindura icumbi.

Ingingo ya 13

Hari ubwoko butandatu bw'ikarata karangamuntu z'abanyamahanga :

- Ikarata y'uwuba mu gihugu abudahengeshanya ;
- Ikarata ihabwa abafise uruhusha rwo kugerera mu gihugu mu kiringo kitazwi ;
- Ikarata y'abaserukira ibihugu vyabo ;
- Ikarata ihabwa abafise uruhusha rwo kugerera mu gihugu ku gihe kizwi ;
- Ikarata y'impunzi ;
- Ikarata y'uwutagira ubwenegihugu.

Ingingo ya 14

Ikarata karangamuntu z'abanyamahanga zifise amabara :

- risa n'iroza k'uwuba mu gihugu ubudahengeshanya ;
- ry'urwatsi rutoto ku munyamahanga afise uruhusha ; rw'ukugerera mu kiringo kitazwi ;
- ritukura ku baserukira ibihugu vyabo canke uwujewe amateka y'abenegihugu mu makungu ;
- ry'umuhondo ku munyamahanga afise uruhusha rw'ukugerera mu kiringo kizwi ;
- ry'ubururu ku mpunzi ;
- ryera k'uwutagira ubwenegihugu.

Ingingo ya 15

Ikarata karangamuntu y'umunyamahanga imara ikiringo kingana n'ikiringo c'uruhusha rwo kugerera mu gihugu rutuma ayironka.

Ikiringo ikarata karangamuntu y'impunzi canke y'uwutagira ubwenegihugu ntikigira aho kigarukira.

Ingingo ya 16

Ikarata karangamuntu y'umunyamahanga itangirwa mw'ikomine abamwo kiretse ikarata ihabwa abaserukira ibihugu canke inyungu z'ibihugu vyabo mu Burundi itangwa n'ubushikiranganji bujewe imigenderanire y'Uburundi

n'ugufashanya n'ayandi makungu. Kubera ivyo, hategerezwa gutegurwa ifishi zibiri zisa imwe ikarungikwa mu gisata kijejwe imbibe n'abanyamahanga, vyose vyabanje kwandikwa mu gitabu cabigenewe.

Ingingo ya 17

Igihe umunyamahanga agiye ubutakigaruka, ategerezwa gusubiza ikarata karangamuntu yiye muri komine yabamwo, uruhusha rwo kuva mu gihugu rutangwa n'ubuyobozi bukuru bw'igiporisi gicungera ikirere, imbibe, n'abanyamahanga abanje kwerekana ikimenyesha ko agiye kiriko ikimungu ca komine.

Ingingo ya 18

Itangwa ry'ikarata karangamuntu y'abanyamahanga, iyiyisubirira, canke iyongerezwa ry'ikiringo cayo, birihishwa amafaranga amajana atanu y'amarundi.

Ingingo ya 19

Ikarata karangamuntu y'abanyamahanga itegerezwa kuba iriko ishushi ya nyeneyo yafashwe araba imbere yiye.

Umukozi wa Leta abijejwe aca ashira ikidodo kuri iyo foto hamwe no kuri iyo karata iriko.

IKIGABANE CA III

INGWATI

Ingingo ya 20

Kiretse uruhusha rudasanze ruturutse ku masezerano mpuzamakungu, kandi abaturuka mu bihugu bihana urubibe n'Uburundi batarimwo, umunyamahanga wese yemerewe kugerera mu Burundi ategerezwa gutanga ingwati ingana n'amadolari y'abanyamerika igihumbi n'amajana abiri na mirongo itanu (1.250 USD) canke ayangana n'ayo avunijwe mu yandi mahera y'agaciro. Ashirwa mu bubiko ntakorwako mu kiringo kizwi, buri mw'ibanki imwe mu zemewe n'amategako. Ico gitigiri kiduzwa ku bihumbi bitatu vy'amadolari y'amanyamerika (3.000 USD) canke ayangana n'ayo mu yandi mahera y'agaciro igihe nyene kubisaba ari kumwe n'umuryango wiwe.

Ingingo ya 21

Ayo mafaranga asabwa arashobora gusubirirwa n'urwandiko rutanze n'ibanki yemewe n'amategako mu Burundi, ikigo ca Leta y'Uburundi, ishishamwe ritegamiye Leta canke ry'ubudandaji, ishishamwe ry'ubuhinga, ry'idini canke ishishamwe ry'abagiraneza risanzwe ryemewe n'amategako.

Ingingo ya 22

Umuyobozi mukuru w'igiporisi kijejwe gucungera ikirere, imbibe n'abanyamahanga canke uwumuserukira arashobora kwanka urwandiko rw'ingwati igihe abona ko ishishamwe ryarutanze ritizigije.

Ingingo ya 23

Amafanga y'ingwati arasubizwa canke urwandiko rw'ingwati rurahagarikwa igihe umunyamahanga avuye mu Burundi ubutakigaruka canke aronse uruhusha rwo kuba mu gihugu ubudahengeshanya.

IKIGABANE CA IV

INGINGO ZITANDUKANYE N'IZISOZERA

Ingingo ya 24

Impusha zitandukanye, ubwoko butandukanye bw'amakarata ndangamuntu y'abanyamahanga, n'amafishi bandikwako, bifatanijwe n'iri tegeko nshikiranganji kandi biri muri ryo.

Ingingo ya 25

Ingingo zahahora kandi zitandukanye n'iri tegeko-nshikiranganji zirafuswe.

Ingingo ya 26

Umuyobozi mukuru w'igiporisi kijejwe gucungera ikirere, imbibe n'abanyamahanga hamwe na baburamatari b'intara, umwe wese mu bimuraba, bashinzwe gukurikiza iri tegeko-nshikiranganji rigiye mu ngiro guhera umunsi rishiriweko umukono.

V. Ugucungera umutekano w'abanyagihugu

Ingingo z'ugukinga	577
Ingingo z'intwaro ku muntu wese	590

Ingingo z'ugukinga

Amahuriro yo ku mugaragaro n'uruja n'uruza rw'abantu	577
Ubwigenge bwo gushinga ishirahamwe	579
Ugutoza intererano	589

Amahuriro yo ku mugaragaro n'uruja n'uruza rw'abantu

Itegeko ry'Umukuru w'igihugu – n° 100/187/91 – 31 Kigarama 1991	577
Itegeko nshikiranganji – n° 530/323 – 31 Gitugutu 1988	578

31 Kigarama 1991. – ITEGEKO RY'UMUKURU W'IGIHUGU n° 100/187/91 – Itunganywa ry'imyiyerekano mu mabarabara n'amakoraniro yo ku mugaragaro.

(I.I.B, 1992, n° 6, p. 193)

Iri tegeko ry'Umukuru w'igihugu rifuta I.R.U. n° 111/29 ryo ku wa 31 Nzero 1959 ryerekeye imyiyerekano mu mabarabara n'amakoraniro yo ku mugaragaro (I.I.R.U., p. 155) hamwe na I.R.U. n° 111/6 ryo ku wa 18 Nzero 1962 rigenga amakoraniro yo ku mugaragaro (I.I.R.U., p. 43).

URUTONDE RW'AMAJAMBO

Amahuriro y'ugutamba, 8
Gusenga mu mashengero, 8
Gutambuka ku murongo, 1
Ibiri, 6
Icemeza ko waronse ikintu, 1
Igihano, 10

Ingingo ya 1

Bitegerezwa kumenyeshwa imbere y'uko biba, ingendo, ugutambuka ku mirongo ari benshi, amakoraniro y'abantu canke, muri rusangi, imyiyerekano yose yo mu mabarabara, mu kiringo kitari muni y'iminsi itatu rugashikirizwa musitanteri wa komine biberamwo canke umukuru w'igisagara iyo bibera mu gisagara kandi bakamera ko babimenye.

Ingingo ya 2

Musitanteri wa komine canke umukuru w'igisagara arashobora kubuza imyiyerekano itegekanijwe mu rwandiko rumenyeshwa bene kuyitunganya igihe iyo myiyerekano yohava ihungabanya umutekano w'abanyagihugu canke igashobora gukokeza urwanko ruhagaze ku moko canke igakoresha igikenye. Uwudashimye iyo ingingo ashobora kwitwara kwa Buramatari canke ku Mushikiranganji w'intwara yo hagati mu gihugu mu minsi itanu ikurikira umunsi ifatiwe. Buramatari w'intara canke Umushikiranganji w'intwara yo hagati mu gihugu, aravye uko bimeze, ategerezwa gushinga ingingo ifatiye ku mvo zumvikana mu kiringo kitarenze iminsi cumi n'itanu uherye umunsi bamutuye ico kibazo.

Nyene gutegekanya imyiyerekano afise iminsi mirongo itatu uherye igihe yabimenyesherejweko kugira asabe sentare ica imanza zega leta ngo ifute ingingo y'ukwanka vyose muvuye basavye canke igice cavyo.

Ikopi y'urupapuro rwo kwitwara n'ingingo yafashwe hamwe n'urwandiko rwemeza ko ibirego vyakiriwe, bitegerezwa gushirwa hamwe n'urwo rwandiko rwo kwitwara.

Ihadabu, 10
Ihayanishwa ry'ivyakozwe n'abahinga, 8
Ihayanishwa, 8
Ihiganwa ryo kunonora imitsi, 8
Ihuriro, 1
Ikoraniro ku mugaragaro, 3
Inama, 8
Ingingo :
– y'uguhakana, 2
– y'ukubuza, 2
Ugukoresha igikenye, 2
Ugusaba ugufuta, 2
Ukubazwa icakozwe, 9
Ukumenyeshwa imbere, 1
Urugendo, 1
Urukino, 8
Urwanko rufatiye ku bwoko, 2

Ingingo ya 3

Amakoraniro yo ku mugaragaro nayo nyene ategerezwa kumenyeshwa imbere y'uko aba.

Muri iri itegeko ry'Umukuru w'igihugu, ikoraniro ryo ku mugaragaro n'ukuvuga ihuriro ry'abantu ryumvikanywe, ryabereye hanzu canke ahiherereye canke batumiwe kugira bahanahane ivyiyumviro, bige, baharanire ivyiyumviro n'inyungu zabo.

Ingingo ya 4

Imyiyerekano mu mabarabara n'amakoraniro yo kumugaragaro ntashobora kuba imbere y'isaha imwe yo mugitondo canke ngo abandanye inyuma y'isaha cumi na zibiri z'umugoroba.

Ingingo ya 5

Musitanteri wa komine canke umukuru w'igisagara arashobora kurungika umukozi amuserukira muri iryo koraniro kugira ayikurikirane.

Ingingo ya 6

Ikoraniro ryose ritegerezwa kugira ibiro bigizwe n'imiburiburi n'abantu batatu. Ivyo biro nivyubakira umutekano w'inama.

Ingingo ya 7

Musitanteri wa komine canke umukuru w'igisagara, arashobora gusaba abajewe umutekano kugira bahagarikire inama ngo ibe mu mwidegemvyo, kandi babungabunge ineza ya bose be n'umutekano w'abantu n'ibintu.

Ingingo ya 8

Iri tegeko ry'Umukuru w'igihugu ntiriraba amakoraniro yandi abera hanze ku mugaragaro ajanye n'ugusenga igihe hakurikijwe imigenzo y'ako karere.

Ni co kimwe n'amakoraniro y'imiryango canke yo kurata akaranga nk'ugutamba, inkino, amahiganwa y'inkino zo kunonora imitsi, ihayahanishwa ry'ibidandazwa, inama zihuza abantu benshi n'iyerekanwa ry'ivyaranguwe n'abahinga.

Ingingo ya 9

Bene gutunganya imyiyerekano n'amakoraniro nibo babazwa ivyononekaye vy'abandi batari muri yo bitewe n'ukudakurikirana neza inyifato y'abari muri iyo myiyerekano.

Ingingo ya 10

Hatarenzwe ingingo zitomoye zo mu Gitabu c'amategoko mpanavyaha, azocirwa umunyororo utarenga amezi abiri n'ihadabu ritarenga amafaranga ibihumbi mirongo ibiri (20.000 BIF) canke igihano kimwe muri ivyo gusa, umuntu wese azotunganya imyiyerekano mw'ibarabara canke ikoraniro vyabujijwe mu buryo butomoye n'ubutegetsi, canke azoyijamwo abizi.

Ingingo ya 11

Ingingo z'ugushira mu ngiro iri tegeko ry'Umukuru w'igihugu zizofatwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji ashinzwe intwari yo hagati mu gihugu n'iterambere ry'intwari zo mu gihugu.

Ingingo ya 12

Ingingo zose zahahora kandi ziteye kubiri n'iri tegeko ry'Umukuru w'igihugu zirafuswe.

Ingingo ya 13

Abashikiranganji b'ubutungane, b'intwari yo hagati mu gihugu n'iterambere ry'intwari zo mu gihugu basabwe, umwe umwe

wese mu bimuraba, gukurikiza iri tegeko ry'Umukuru w'igihugu rigiye mu ngiro kuva umunsi rishiriweko umukono.

31 Gitugutu 1988. – ITEGEKO NSHIKIRANGANJI n° 530/323 – Ifutwa ry'ingingo zigabanya uburenganzira bw'uruja n'uruza rw'abantu mu gihugu c'Uburundi.

Ingingo ya 1

Ugusaba kwitwaza urupapuro. rwa mureke arengane hakwirikijwe Itegeko nshikiranganji n° 530/263 ryo ku wa 18 Myandagaro 1988 ryerekeye itunganywa ry'uruja n'uruza rw'abantu mu gihugu ca Republika y'Uburundi birafuswe.

Ingingo ya 2

Ingingo yihaniza gutembera mw'ijoro irafuswe mu gihugu cose.

Ingingo ya 3

Ingingo zose zahahora kandi ziteye kubiri n'iri tegeko nshikiranganji zirafuswe.

Ingingo ya 4

Ba Buramatari, ba musitanteri b'amakomine n'abajejwe umutekano, bategetswe, umwe wese mu bimuraba, kwubahiriza iri tegeko nshikiranganji rigiye mu ngiro umunsi rishiriweko umukono.

Ubwigenge bwo gushinga ishirahamwe

Itegeko-bwirizwa – n° 1/11 – 18 Ndamukiza 1992	579
Ibwirizwa – n° 1/011 – 23 Ruheshi 1999	583
Itegeko nshikiranganji – n° 204.04/761/99 – 1 Kigarama 1999	586
Itegeko nshikiranganji – n° 204.04/762/99 – 1 Kigarama 1999	586

18 Ndamukiza 1992. – ITEGEKO-BWIRIZWA n° 1/11 – Ivyisungwa mu gutunganya amashirahamwe adaharanira inyungu.

(I.L.B., 1992, n° 8, p. 275)

Menya neza

Iri tegeko-bwirizwa rifuta Itegeko ryo ku wa 27 Munyonyo 1959 ryerekeye amashirahamwe adaharanira inyungu, ryashizwe mu ngiro mu Burundi na I.R.U. n° 111/E.G. ryo ku wa 4 Ntwarante 1960 ; Itegeko ry'umushikirangoma n° 11/234 ryo ku wa 8 Rusama 1959, ryashizwe mu ngiro mu Burundi na I.R.U. n° 111/105 ryo ku wa 15 Ruheshi 1959 ; Itegeko ry'Umwami n° 001/170 ryo ku wa 1 Ntwarante 1963 riraba amashirahamwe agizwe ahanini n'abanyamahanga canke amashirahamwe abanyamahanga bashobora kuba aribo bafise ijamba rinini.

URUTONDE RW'AMAJAMBO

Amategeko ngenderwako :

- ihindurwa, 23-25
- ikiringo, 43
- ivyanditse, 5
- uko ikintu kimeze, 5

Amatungo, 19, 30

Amatungo, 5

Icegeranyo, 21

Icicar, 5

Ihagarikwa ighe gito, 36, 37

Ikopi, 4, 13

Ikumira, 5

Imbibe (urubibe), 5

Imyaka y'ubwigenge, 9

Intumwa idasanzwe, 13

Inyungu, 19

Isamburwa, 5, 29, 33

Ishirahamwe mvamahanga 39-41

Ishirahamwe rijejwe ineza y'abanyagihugu, 1

Ishirahamwe :

– rifise intumbero ya politike, 1

– ryo kwiungunganya, 1

Ivyanditse, 5

Izina, 5, 20

Komite nshingwabikorwa, 10

Sentare ibijfiteye ububasha, 26, 30, 31, 38

Ububasha bwo guserukira, bwo gutuma, 18

Uburyarya 19

Ubushikirizamanza, 33, 36

Ugufatirirwa, 17

Ugufutwa, 46

Ugukuzwa, 8

Ugusiba, 17

Ugusozera ibikorwa vy'ishirahamwe ryahombye, 30, 31

Ugutangaza, 6, 18, 20, 23, 32, 44

Ukuba umunywanyi, 6, 7

Ukubazwa ico wakoze, 15, 19

Ukugurisha canke kugaba, 14

Ukunguriza urubanza, 45

Ukwemerera, 6

Umunywanyi :

– ari mu bashinze ishirahamwe, 4

– bwite, 9, 44

Umusubirizi, 17

Umutekano w'abanyagihugu, 6, 30

Umwenda, 33

Urwandiko :

– rw'ugutanga, 14

– rw'ugutwara, 14

Uwemewe n'amategeko, 3

Uwujejwe isozera ry'ibikorwa vy'ishirahamwe ryahombye, 27, 29, 30

Uwundi muntu, 15, 19, 28, 30

Uwuseruka imbere y'amategeko, 12

IKIGABANE CA I

INGINGO NKURU NKURU

Ingingo ya 1

Iri tegeko-bwirizwa rije gutunganya iringanizwa n'uburyo bwo gukora vy'ishirahamwe ryose ridaharanira inyungu kandi ukubaho kwaryo kuzwi n'amategeko kutaringanijwe n'irindi bwirizwa.

Amashirahamwe yo gufashanya, amashirahamwe afise intumbero za politike, ibigo bijejwe ineza y'abanyagihugu, ivyo vyose ntibigengwa n'iri tegeko bwirizwa.

Ingingo ya 2

Ishirahamwe ridaharanira inyungu n'ishirahamwe ritajya mu bikorwa vy'ubudandaji canke vyo guhingura ibintu kandi intumbero nyamukuru itari iyo kuronderera abanywanyi baryo inyungu y'ibintu canke y'amafaranga.

IKIGABANE CA II

UKURONKA UKWEMEZWA N'AMATEGEKO

Ingingo ya 3

Ukuronka ukwemezwa kw'ishirahamwe ridaharanira inyungu gutangwa n'Umushikiranganji w'intwari yo hagati mugihugu, bisabwe mu rwandiko n'uwusekira iryo shirahamwe imbere y'amategeko.

Ingingo ya 4

Isabwa ryavuzwe mu ingingo iheruka ritegerezwa guherekezwa n'inzandiko zikurikira :

1. n'imiburiburi inzandiko zitatu vy'amategeko ngenderwako harimwo n'ikopi imwe yemejwe n'umushingwanzandiko ;

2. urutonde rw'abanywanyi bose bashinze iryo shirahamwe hamwe n'ubwenegihugu bw'umw'umwe wese batari muni ya batanu ;

3. icegeranyo c'inama ya bose ryo gushinga ishirahamwe ryerekana umunywanyi canke abanywanyi bagenwe kugira ngo batware bongere baserukire iryo shirahamwe imbere y'amategoko.

Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu arashobora gutegeka ko herekanwa izindi nzandiko canke izindi nsiguro ku vyerekeye iryo shirahamwe zitegerezwa kuba zitewe igikumu n'uwuserukira ishirahamwe imbere y'amategoko.

Ingingo ya 5

Amategoko ngenderwako ategerezwa gutunganywa mu buryo bwemewe n'amategoko imbere y'umushingwanzandiko :

1. izina ry'ishirahamwe ;
2. icicaro caryo gitegerezwa kuba kiri mu Burundi ;
3. intumbero yatumye iryo shirahamwe rishingwa ;
4. inkomoko y'amatungo ishirahamwe rikoresha ;
5. akarere rizorangurirwamwa ibikorwa vyaryo ;
6. ingene inama ya bose rifata ingingo ;
7. ico amatungo y'ishirahamwe azokoresha ni yasamburwa ;
8. ibisabwa mu kwinjinjiza canke kwirukana umunywanyi.

Ingingo ya 6

Ukwemeww n'amategoko kw'ishirahamwe bwemewe n'amategoko, buba ku muni Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu aryemeje, ariko arashobora kuryankira akaryandikira ikete riciye muri posta kandi ritorwa n'uwaryandikiye iyo hatakwirikijwe ibitegekanijwe mu ingingo za 4 na 5 ziri aho hejuru canke iyo intumbero y'ishirahamwe iteye kubiri n'amategoko, n'umutekano w'abanyagihugu, n'imico, canke n'imigenzo myiza.

Vyongeye, Itegeko nshikiranganji ryemeza ishirahamwe ritegerezwa gutangazwa mu kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi, kuva icyo gihe niho iryo shirahamwe ryemeweza n'abandi bantu.

IKIGABANE CA III

ITUNGANYWA, INTWARI N'ICUNGERA

Igihimba ca 1

Ukwemererwa canke ukwirukanwa mw'ishirahamwe

Ingingo ya 7

Ukwinjira mw'ishirahamwe ridashira imbere inyungu bigirwa mu bwigenge n'ugushaka kw'umuntu. Ni co kimwe no kurivamwo.

Ingingo ya 8

Atari iyo umuntu yakujijwe n'ubutungane atarakwiza imyaka, nta n'umwe ashobora kwinjira, mw'ishirahamwe ridakurikirana inyungu atarakwiza imyaka y'umuntu akuze yemewe n'amategoko.

Igihimba ca 2

Inama ya bose

Ingingo ya 9

Inama ya bose y'abanywanyi bwite ni rwo rwego rukuru rw'ishirahamwe. Ingingo y'inama ya bose irakenewe mu bintu bikurikira :

1. ihindurwa ry'amategoko ngenderwako ;
2. igenwa n'ibogozwa rya komite nshingwabikorwa n'abaserukira ishirahamwe imbere y'amategoko ;
3. iyemeweza ry'amafaranga yo gukoresha mu mwaka wose hamwe n'icegeranyo c'ingene amatungo y'ishirahamwe yakoreshejwe ;
4. isamburwa ry'ishirahamwe.

Igihimba ca 3

Intwari n'icungera

Ingingo ya 10

Ishirahamwe rifise izina ryemewe n'amategoko, rirongorwa n'ikomite nshingwabikorwa igenwa n'inama ya bose kandi igitigiri c'abagize iyo komite ntigishobora kuja muni ya batatu.

Ingingo ya 11

Komite nshingwabikorwa niyo ifise ububasha bunini mu vyerekeye ugutunganya n'ugutwara ishirahamwe.

Ingingo ya 12

Inama ya bose iratora mu bagize komite nshingwabikorwa uwuserukira ishirahamwe imbere y'amategoko akaba ariwe wenyene afise ububasha bwo kugira amasezerano kw'izina no mu kibanza c'iryo shirahamwe imbere y'abandi bantu n'imbere y'ubutungane.

Ingingo ya 13

Urwandiko rugena uwuserukira ishirahamwe imbere y'amategoko rutegerezwa kwemeweza n'umushingwanzandiko, ivyo bigakorwa n'intumwa idasanzwe y'inama ya bose.

Urwandiko ruvuyekeye ruca rurungikirwa bidatevye Umushikiranganji ajejwe intwari yo hagati mu gihugu.

Ingingo ya 14

Uwuserukira ishirahamwe imbere y'amategoko arangura, kw'izina ry'ishirahamwe ibikorwa vyose vyerekeye gukoresha, kugaba no kugurisha amatungo y'ishirahamwe.

Ariko, ukugaba no kugurisha amazu ntibishobora kuba hatabonetse ingingo ivyemeza ya komite nshingwabikorwa.

Ingingo ya 15

Mu gihe aba ariko arangura amabanga ajejwe, uwuserukira ishirahamwe imbere y'amategoko ategerezwa kwubaha akubahiriza ivyo ategetswe na komite nshingwabikorwa.

Uguhonyanga ivyo bitegetswe bigwa ku gatwe kiwe ku nkurikizi zishobora gushikira ishirahamwe ariko ntaco bihindura mu masezerano ishirahamwe riba ryaragiraniye yagiriwe n'abandi bantu.

Ingingo ya 16

Komite nshingwabikorwa canke umunywanyi w'ishirahamwe wese arashobora gushengeza muri sentare uwuserukira ishirahamwe imbere y'amategoko, iyo bigaragaye ko atakurikije ivyategetswe na komite nshingwabikorwa canke iyo ataranguye ivyo ajejwe nk'umuvyeyi.

Iyo urubanza rwashinzwe n'umunywanyi hanyuma sentare igashika ku ingingo yo gucira indishi uwuserukira ishirahamwe imbere y'amategoko ihabwa ishirahamwe, iryo shirahamwe rica risigara riheraniye umunywanyi amafaranga angana n'ayo yakoresheje igihe yariko araburana.

Ingingo ya 17

Mu gihe uwuserukira ishirahamwe atariho ari canke afatiriwe aca asubirirwa n'umusubirizi wiwe agenwa hakurikijwe ibitegekanijwe mu kugena uwuserukira ishirahamwe bwegu imbere y'amategoko.

Ingingo ya 18

Inzandiko zerekeye igenwa ry'uwuserukira ishirahamwe imbere y'amategoko n'umusubirizi zitangazwa mu kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi, hakamenyekanishwa n'amazina y'abo basubirije.

Igikorwa co guserukira ishirahamwe imbere y'amategoko kija mu ngiro, kuvuyekeye abandi bantu, kuva aho iryo genwa rimenyekanishirijwe mu kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi.

Ingingo ya 19

Amatungo y'ishirahamwe be n'inyungu zayo ntibishobora gukoresha mu nzira zitandukanye n'intumbero z'ishirahamwe.

Ayo matungo n'izo nyungu bifatwa nk'ingwati y'ishirahamwe ku masezerano ayariyoyose ishirahamwe rishobora kuba

ryaragiraniye n'abandi bantu biciye k'uwuriserukira imbere y'amategako.

Kiretse iyo yagize ikosa n'ibigirankana, uwuserukira ishirahamwe imbere y'amategako ntashobora kubazwa ku vyo yakozwe aserukira ishirahamwe.

Ingingo ya 20

Inzandiko zose zerekeye ibikorwa vy'ishirahamwe, inzandiko zishinga igicro, ibimenyeshejwe, ibitangajwe, inzandiko zose zisohowe n'ishirahamwe zitegerezwa kuba zanditseko izina ryose ry'iyi shirahamwe rikurikiye n'amajambo « Ishirahamwe ridakurikirana inyungu » yanditswe mu ndome zose, hamwe n'ibimenyetso vyerekana ivyatangajwe mu kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi hakurikijwe ingingo za 6, agahimba ka 2, 23 na 24 z'aya mategeko.

Ingingo ya 21

Buri mwaka, mu kwezi kwa Ntwarante, ishirahamwe ritegerezwa gushikiriza Umushikiranganji ajejwe intwari yo hagati mu gihugu icegeranyo c'ivyaranguwe n'ishirahamwe kirimwo na cane cane ibi bikurikira :

- urutonde rw'ivyaranguwe vyose hamwe n'icegeranyo mu majambo makeya c'imirimo yakozwe mu mwaka uheze ;

- ivyahindutse mu barongoye ishirahamwecanke abanywanyi ;

- amakonte y'ishirahamwe ari mu mabanki ;

- urutonde rw'amatungo ntumuka bafitiye inzandiko.

Ingingo ya 22

Umushikiranganji ajejwe intwari yo hagati mu gihugu arashobora, igihe icari co cose, gusaba ishirahamwe ko rimushikiriza inkuru n'inzandiko ziyongera ku zatanze zimenesha ingene ibikorwa vyagenze muri uwo mwaka.

Ishirahamwe ritegerezwa gushikiriza ivyo bisabwe mu kiringo kitarenza ukwezi kumwe.

IKIGABANE CA IV

IHINDURWA RY'AMATEGEKO NGENDERWAKO, IMPFAGUSA, UGUSAMBURWA, UGUSOZERA IBIKORWA VY'ISHIRAHAMWE

Igihimba ca 1

Ihindurwa ry'amategako ngenderwako

Ingingo ya 23

Ingingo yo guhindura amategako ngenderwako y'ishirahamwe ifatwa n'inama ya bose kandi ikamenyeshwa bidatevye Umushikiranganji ajejwe intwari yo hagati mu gihugu imbere y'uko itangazwa mu kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi.

Ingingo ya 24

Iyo iryo hindurwa ryerekeye kimwe mu vyavuzwe mu ngingo ya 5 y'iri tegeko-bwirizwa, ayo mategeko ngenderwako mashasha ntashobora gushirwa mu ngiro imbere yuko yemerwa n'umutegetsi yavuzwe mu ngingo iheruka.

Vyongeye, Itegeko nshikiranganji ryemera iryo subirwamo ritegerezwa gutangazwa mu kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi riherekajwe n'urwandiko rw'ivyasubiweho.

Ingingo ya 25

Nta hindurwa ry'amategako ngenderwako na rimwe rishobora kuja mu ngiro imbere y'itangazwa ryaryo mu kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi.

Igihimba ca 2

Impfagusa ry'ibikorwa vy'ishirahamwe

Ingingo ya 26

Bisabwe n'umuntu wese vyerekeye canke n'ubushikirizamanza, sentare ibifitiye ububasha irashobora gushinga ko icakozwe

n'inzego z'ishirahamwe giteye kubiri n'iri tegeko-bwirizwa canke n'amategako ngenderwako kibaye impfagusa.

Ingingo ya 27

Nibashwe nk'inzego z'ishirahamwe mu ntumbero y'ingingo iheruka ni komite nshigwabikorwa, uwuserukira ishirahamwe imbere y'amategako hamwe n'abajejwe gusozera ibikorwa vy'ishirahamwe ryahomvye.

Ingingo ya 28

Ifutwa ry'ingingo zafashwe n'ishirahamwe bivugwa mu ngingo ya 26 ry'iri tegeko-bwirizwa ntaco rihindura ku neza y'abantu batari mw'ishirahamwe.

Igihimba ca 3

Isamburwa be n'isozerwa ry'ibikorwa vy'ishirahamwe ryahomvye

Ingingo ya 29

Inama ya bose, ikurikije ibitegekanijwe n'amategako ngenderwako, irashobora gufata ingingo yo gusambura ishirahamwe.

Ingingo y'isamburwa ry'ishirahamwe ica yerekana uwujwe canke abajejwe gusozera ibikorwa bagenywe hisunzwe ibitegekanijwe n'amategako ngenderwako arigenga.

Ingingo ya 30

Bisabwe n'umuntu wese vyerekeye canke n'ubushikirizamanza, sentare ibifitiye ububasha irashobora gushinga ingingo yo gusambura ishirahamwe ryose ritagishoboye gukora ivyo ryiyemeje imbere y'abandi bantu batari mw'ishirahamwe, rikoresha amatungo yaryo canke inyungu zayo mu nzira zitandukanye n'intumbero yari yatumye rishingwa, canke rica kubiri n'amategako ngenderwako yaryo, muri icyo gihe, n'ingingo ntarengwa ziri muriri iri tegeko-bwirizwa canke rigakora ibihungabanya umutekano w'abanyagihugu.

Iyo hashitse ivyo bivuzwe ubwanyuma, Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu arashobora kuba arafashe ingingo zo kubungabunga ibintu zikenewe na cane cane izitegekanijwe mu ngingo za 36 na 38 ziri aha munsu.

Urubanza rurerekana umuntu canke abantu bagenywe ngo basozere ibikorwa y'iryo shirahamwe ryahomvye.

Ingingo ya 31

Igihe iyegeranywa n'igabanganywa ry'amatungo y'ishirahamwe bibaye harenzwe ingingo z'iri tegeko-bwirizwa canke z'amategako ngenederwako, umuntu wese vyerekeye canke ubushikirizamanza arashobora gusaba sentare ibifitiye ububasha gufata ingingo yo gufata ibikorwa vyose vyo kwegeranya no kugabanganya amatungo y'ishirahamwe vyakozwe hatisunzwe amategako no kongera umuntu umwe canke abandi bantu benshi mu murwi w'abajejwe kwegeranya no kugabanganya amatungo y'ishirahamwe wiyamirijwe kandi uwo muntu canke abo bantu bahembwa n'ishirahamwe.

Ingingo ya 32

Imanza zaciwe n'ingingo zafashwe hisunzwe ibitegekanijwe muri iki gihimba, zica zitangazwa mu bice mu kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi.

Ingingo ya 33

Iyo ishirahamwe risambuwe, amadeni ryari riheranye yishurwa imbere y'ibindi vyose. Amatungo y'ishirahamwe asigaye ntashobora kugabanywa ategerezwa guca ashikirizwa irindi canke ayandi mashirahamwe yo mu Burundi yikorera ivyayo canke ya Leta ategekanijwe n'amategako ngenderwako.

Iyo iryo genwa ridashoboye kubahirizwa, uwujwe gusozera ibikorwa canke sentare yitwawe n'umuntu wese vyerekeye canke ubushikirizamanza aca ashikiriza ayo matungo asigaye ishirahamwe canke amashirahamwe y'Uburundi yikorera ivyayo canke ya Leta asanzwe afise intumbero yegeranye kurusha ayandi n'intumbero yahoranwa n'iryo shirahamwe risambuwe.

IKIGABANE CA V

INGINGO ZISANGIJWE N'AMASHIRAHAMWE Y'ABANYAMAHANGA HAMWE N'AMASHIRAHAMWE MVAMAKUNGU

Igihimba ca 1

Amashirahamwe y'abanyamahanga

Ingingo ya 34

Ishirahamwe ry'abanyamahanga, n'ishirahamwe ridaharanira inyungu rishinzwe hakurikijwe iri tegeko-bwirizwa kandi rirangwa na kimwe muri ibi bikurikira :

1. igice kinini c'abanywanyi bwegu baba ari abanyamahanga ;
2. uwuserukira ishirahamwe imbere y'amategoko aba ari umunyamahanga ;
3. komite nshingwabikorwa iba igizwe n'abanyamahanga basumvya ubwinshi abarundi.

Ingingo ya 35

Hatibagiwe ibitegekanijwe mu ngingo ikurikira, amashirahamwe y'abanyamahanga agengwa n'ingingo ziri mu bigabane vya I gushika ku IV vy'iri tegeko bwirizwa.

Ingingo ya 36

Ishirahamwe ry'abanyamahanga ryitwariwe mu butungane n'Umushikiranganji asaba ko risamburwa hakurikijwe ingingo ya 30, rishobora guca ribuzwa kubandanya ibikorwa vyaryo n'Itegeko nshikiranganji rifashwe n'Umushikirizamanza ajejwe intwari yo hagati mu gihugu.

Ingingo ya 37

Ikiringo c'ishirwa mu ngiro c'iyoye ngingo ntigishobora kurenga amezi abiri.

Ingingo ya 38

Ikiringo c'ihagarikwa giheze, ingingo zari zarafashwe hisunzwe ingingo iheruka, zica zivanwaho ata kindi gisabwe kiretse iyo sentare ifise urwo rubanza icye izemeza mu nzira yo gufata ingingo y'isamburwa ry'ishirahamwe.

Igihimba ca 2

Amashirahamwe mvamahanga

Ingingo ya 39

Ishirahamwe mvamahanga n'ishirahamwe rishingwa hisunzwe ayandi mategeko atari ayo mu Burundi.

Ingingo ya 40

Kiretse uruhusha rudasanze ruvuye ku mwumvikano canke ku masezerano yemejwe na Leta y'Uburundi, amashirahamwe mvamahanga ntashobora kurangurira mu Burundi ibindi bikorwa atari ibijanye no kurungikira inzandiko abanywanyi ba yo baba mu Burundi n'ukwegeranya intererano zitegerezwa gutangwa n'abanywanyi, ivyoye bikarangurwa hubahirijwe amabwirizwa canke amategoko yerekeye iyinjizwa ry'ibitabu n'ibinyamakuru mvamahanga hamwe n'icungerwa ry'ivunjwa ry'amafaranga.

Ingingo ya 41

Abanywanyi b'ishirahamwe mvamahanga baba mu Burundi barashobora gushinga ishirahamwe ry'abanyamahanga bisunze ingingo ziri mu gace gaheruka.

IKIGABANE CA VI

INGINGO MFATAKIBANZA N'IZISOZERA

Ingingo ya 42

Amashirahamwe atarondera inyungu yemewe n'amategoko hisunzwe Itegeko ryo kwa 27 Munyonyo 1959 agengwa n'ingingo ziri tegeko-bwirizwa.

Ategerezwa gutegura amategoko ngenderwako yisunga iri tegeko-bwirizwa mu kiringo c'amezi cumi n'abiri uhereye ku munsu wishirwa mu ngiro ryayo.

Ayo mategeko ngenderwako azorungikwa muri ico kiringo nyene ku Mushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu ari kumwe n'urutonde rukwiye rw'abanywanyi babushitse, ibiranga vyose uwuserukira ishirahamwe imbere y'amategoko n'icegera ciwe, abagize urwego nshingwabikorwa, n'abashinzwe gutunganya ibigega hamwe n'icegeranyo ca nyuma c'ibikorwa vy'iryo shirahamwe.

Ingingo ya 43

Ico kiringo cashinzwe kimaze kurangira, amashirahamwe ataba yarisunze ibitegekanijwe n'ingingo iheruka afatwa nk'ayafuswe, n'ugusozera ibikorwa vyayo bica biba hakurikijwe ingingo za 30 na 33.

Ingingo ya 44

Amategoko ngenderwako mashasha atangazwa ku buntu kandi ukwari mu kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi kiretse iyo iryo tangazwa ritagizwe ubwa mbere.

Ingingo ya 45

Ingingo zifashwe n'intwari yishimikije iri tegeko-bwirizwa zirashobora kwitwarirwa imbere ya sentare ibifitiye ububasha.

Ingingo ya 46

Iri tegeko-bwirizwa rirafuta :

1° Itegeko ryo ku wa 27 Munyonyo 1959 ryerekeye amashirahamwe adaharanira inyungu, yashizwe mu ngiro mu Burundi n'Itegeko ry'umushikirangoma wa Ruanda-Urundi n° 111/E.G. ryo ku wa 4 Ntwarante 1960.

2° Itegeko ry'umushikirangoma n° 11/234 ryo ku wa 8 Rusama 1959 ryerekeye amashirahamwe atagengwa n'amategoko yisangije, yashizwe mu ngiro mu Burundi n'Itegeko ry'umushikirangoma wa Ruanda-Urundi n° 111/105 ryo ku va 15 Ruheshi 1959.

3° Itegeko ry'umwami n° 001/170 ryo ku wa 1 Ntwarante 1963 ryerekeye amashirahamwe agizwe cane cane n'abanyamahanga canke mu yo abanyamahanga bashobora kugira ubushobozi buhambaye.

Izindi ngingo zose zahoraho kandi ziteye kubiri n'iri tegeko-bwirizwa zirafuswe.

Ingingo ya 47

Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu ni we ashinzwe cane cane kwubahiriza iri tegeko-bwirizwa rishizwe mu ngiro umusi rishiriweko umukono.

23 Ruheshi 1999. – IBWIRIZWA n° 1/011 – Ihindurwa ry'Itegeko-bwirizwa n° 1/033 ryo ku wa 22 Myandagaro 1990 rigenga uburyo bwo gufashanya bw'Uburundi n'amashirahamwe mvamahanga ategamiye Leta bakorana.

(I.L.B., 1999, n° 7 ubwa kabiri, p. 967)

URUTONDE RW'AMAJAMBO

Abakozi, 23
Akaranga, 14
Amasezerano hagati y'impande zitatu, 10, 11, 36
Gukwirikirwa n'ubutungane, 35
Gutanga akazi, 18
Ibikoresho vy'ukwikenura, 26
Ibitegekaniye gukorwa :
– amafaranga ategekaniye gukoreshwa ku mwaka, 20
– ibijanye n'ishirwa mu ngiro ry'ibikorwa, 8
– icarenze igihe, 22
Icegeranyo, 20, 34
Ifutwa, 38
Ikigirira nabi, 16, 17
Ikonto, 12, 13
Ikwirikiranwa ry'ibikorwa, 29
Imigenzo yemewe mu makungu, 37
Imigenzo, 14

IKIGABANE CA I INGINGO NKURU NKURU

Ingingo ya 1

Hakwirikijwe iri bwirizwa, ijamba « ishirahamwe ritegamiye Leta » risigura ko ari ishirahamwe ridaharanira inyungu rishinzwe ku gushaka kw'abantu ariko ata masezerano n'amwe abaye hagati y'ama Leta, rihurikiyemwo abantu ku gatwe ka bo canke amashirahamwe yigenga canke yega Leta ; rikomoka mu mahanga kandi rikaba rifise icicaro gikuru mu mahanga kandi ivyo bakora navyo bikaba biri ubwoko bwinshi kandi budasa.

Ingingo ya 2

Amashirahamwe yo mu mahanga ategamiye Leta yipfuzwa gukorera mu Burundi yemera guteza imbere no gutera intege ibikorwa vyo guteza imbere ubutunzi, imibano, akaranga canke gutanga imfashanyo. Ububasha bwo gukora butangwa n'Ubushikirananganji bw'imigenderanire y'Uburundi n'ibindi bihugu hamwe no gufashanya.

Ingingo ya 3

Uko bigenda, ibisabwa n'ivyisungwa mu kwemererwa canke mu guhagarikwa bitomorwa n'Itegeko ry'Umushikirananganji w'imigenderanire y'Uburundi n'ibindi bihugu hamwe no gufashanya.

Menya neza

Raba Itegeko nshikirananganji n° 204 04/762/99 ryo ku wa 1 Kigarama 1999.

Ingingo ya 4

Ibikorwa n'imigambi vy'amashirahamwe ategamiye Leta agomba gukorera mu Burundi bitegerezwa kuba bijanye n'amategako y'Uburundi kandi bikaba bijanye n'imigambi Leta ishira imbere.

Ingingo ya 5

Imfashanyo itanzwe n'amashirahamwe ategamiye Leta ishobora kuba iy'amafaranga, iy'ibikoresho, iy'ubuhinga bw'abakozi bize kandi bamenyerereye akazi.

Ingingo mpuzamakungu, 37
Intumbero, 27
Intwari zo mu gihugu, 22
Ishirahamwe ridaharanira inyungu, 22
Ishirahamwe ritegamiye Leta :
– ibikorwa vya ryo, 4
– imigambi, 4, 6
– insiguro, 1
Ivunja ry'amahera, 13
Ivy'umuntu akoresha, 25
Komite mpuzabushikirananganji, 30-33
Kwandikwa, 7
Kwiyemeza, 15
Ubutunzi bw'amafaranga, 9
Uguhuza ibikorwa, 28
Ugukurako ikori, 24, 25
Ugukuramwo, 22
Ukurimbura, 30
Ukwemererwa gukora :
– ibisabwa, 3
– ingene bigenda, 3
– ivyisungwa, 3
– ugusaba, 15
Umugambi, 22
Uwugize umuryango, 23
Uwundi muntu, 16, 17

IKIGABANE CA II IBITEGEREJWE KU MASHIRAHAMWE ATEGAMIYE LETA

Ingingo ya 6

Nta shirahamwe ritegamiye Leta rishobora kwemererwa gukora ridafise ubuhinga bukwiye, ibikoresho n'uburyo bw'amafaranga bijanye n'ivyo ryishinze gukora kandi ryashikirije Leta.

Ingingo ya 7

Imbere yo gukorera mu gihugu, amashirahamwe ategamiye Leta yemerewe gukorera mu Burundi, ategerezwa kwiyandikisha mu bushikirananganji bujwe intwari yo hagati mu gihugu mu kiringo kitarenga iminsi mironko itatu uhereye ku munsu yemerewe.

Ingingo ya 8

Amashirahamwe ategamiye Leta ategerezwa gushira igikumu hamwe n'ubushikirananganji canke abandi bazokorana ku vyo yiyemeje gukora. Harategakanywa ikopi y'ivyo bashizeko umukono igenewe Umushikirananganji w'imigenderanire y'Uburundi n'ibindi bihugu no gufashanya ariwe ashinzwe gukwirikirira amashirahamwe ategamiye Leta hisunzwe ingingo ya 29 y'iri tegeko.

Ingingo ya 9

Amashirahamwe ategamiye Leta ntashobora kurondera gukoresha amafaranga yahawe Uburundi yogufashanya hisunzwe amasezerano hagati y'ayo mashirahamwe na Leta y'Uburundi atabanje kubaza Umushikirananganji ajejwe Imigenderanire n'ugufashanya n'ayandi makungu.

Ingingo ya 10

Amashirahamwe ategamiye Leta yiyemeza gukorana n'inzezo z'igihugu, amashirahamwe adaharanira inyungu n'intwari zo mu gihugu begwa n'imigambi ya ryo hagashigwa imbere abarundi mu gutanga akazi haba mu kwiyumvira, mu gutegura,

mu gushira mu ngiro, no mu gukwirikirana no kuraba ibikorwa bitegerezwa gukorwa n'iryo shirahamwe.

Ariko, ishirahamwe ritegamiye Leta rirashobora gufasha igikorwa irindi shirahamwe nkaryo mu gihe ubushikiranganji buriko bukurikirana ivyo ayo mashirahamwe akora buvuyemeye. Muri icyo gihe, ishirahamwe ritegamiye Leta ryemeye gufasha irindi ritegerezwa gushira umukono ku mwumvikano nyabutatu : ishirahamwe ryemeye gufasha irindi shirahamwe ryafashijwe hamwe n'ubushikiranganji vyerekeye.

Ingingo ya 11

Ikopi y'umwumvikano nyabutatu yavuzwe ku ngingo iheruka itegerezwa guhabwa Umushikiranganji ajejwe imigenderanire n'ugufashanya n'ibindi bihugu.

Ingingo ya 12

Amashirahamwe ategamiye Leta ategerezwa kwama afise kandi akagumya ibiharuro vy'imvaho y'ivyo atunze, ivyiyongerezako n'ibisohoka akwirikije imigenzo ijanye n'ako kazi.

Leta irashobora mu gihe icarico cose gusubiramwo n'ukugenzura canke igakora ibikenewe vyose kugira ayo mashirahamwe atunganye amatungo yayo neza.

Ingingo ya 13

Amashirahamwe ategamiye Leta ategerezwa gukurikiza amategako ariho agenga amabanki nko ku vyerekeye kuvunja amahera. Ihanahana ryose ry'amafanga y'amashirahamwe ategamiye Leta rica kw'ikonte ibika amafanga y'amarundi n'ay'ibindi bihugu yuguruye muri imwe mu ma banki yemewe n'amategako ya Republika y'Uburundi.

Ingingo ya 14

Amashirahamwe ategamiye Leta n'abakozi ba yo b'abanyamahanga biyemeza gukora bisunga amabwirizwa n'amategako ya Republika y'Uburundi no kwubaha imico n'imigenzo kavukire mu kwiubara ingendo iteye kubiri nayo.

Ingingo ya 15

Uguha akazi kose abakozi b'abanyamahanga mw'ishirahamwe ritegamiye Leta birekurwa n'uko iryo shirahamwe ribisavye kandi rikavyemererwa. Ibisabwa n'ingene bigenda mu kwemererwa, bitunganyijwe mw'itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe imigenderanire n'ugufashanya n'ibindi bihugu.

Ingingo ya 16

Igihe umwe canke benshi mu bakozi mvamahanga b'ishirahamwe ritegamiye Leta yogira icyo yononeye uwundi muntu canke abandi bantu, abikora ari umwe canke afadikanije n'abandi, ishirahamwe riyemeza kubashumbusha mu kibanza cabo.

Ingingo ya 17

Hatirengagijwe ibitegekanijwe muri icyo ngingo iheruka, Leta igumana uburenganzira bwo gukwirikirana icaha c'umukozi canke abakozi b'abanyamahanga umwe umwe canke bese hamwe ku kibi canke ibibi vyagiriye abandi bantu mu Burundi.

Ingingo ya 18

Amashirahamwe ategamiye Leta ariyemeza kwubaha amabwirizwa n'amategako agenga akazi, nko ku vyerekeye itunganywa ryo gutanga akazi ku bakozi b'abarundi canke abanyamahanga hamwe n'ibijanye no gutegekaniriza kazoza k'abakozi.

Gutanga akazi bitegerezwa kwisunga ubumenyi, ukutarenanya, kwiubara itandukanya ryose ry'abantu icyo banganya ubuhinga, abavukagihugu bakaba aribo baja imbere. Abo bakozi bategerezwa kugirirana amasezerano y'akazi n'umukoresha.

Ingingo ya 19

Amashirahamwe ategamiye Leta ategerezwa gutangura gukora mu mezi atatu uhereye umunsi yemerewe n'amategako. Icyo gihe kirenganye, ukwemerewe kwa yo kurahagarikwa.

Ingingo ya 20

Ishirahamwe ritegamiye Leta riyemeza gushikiriza Leta icegeranyo c'ivyo ryaranguye ku mwaka, ibitegekanijwe gukorwa, amafanga yo gukoresha n'inyishu ku bibazo vyose bijanye n'ingene rikora bishobora gukenerwa n'abarongoye intwari.

Ingingo ya 21

Amashirahamwe ategamiye Leta yiyemeza kwitwararika gukora ivyerekeye ivyo yemeye no gukorera aho yumvikanye na Leta.

Ingingo ya 22

Iyo ivyategerezwa gukorwa birangiye canke imigambi irangiye, canke icyo ishirahamwe ritegamiye Leta rihagaritse ibikorwa, riyemeza guha ubushikiranganji, amashirahamwe yafasha mu ntwaro zo mu gihugu yakoreramwo canke amashirahamwe yagenywe na Leta adaharanira inyungu bisangiye akazi ibikorwa ryahora rirangura mu ntumbero y'ivyari bitegekanijwe gukorwa canke y'imigambi, amatungo n'ibikoresho bijanye n'ivyo ryahora rikora.

IKIGABANE CA III

IVYO LETA YIYEMEZA GUKORA

Ingingo ya 23

Leta yiyemeza kwemera mu ghugu abakozi b'abanyamahanga b'ishirahamwe n'abagize umuryango n'amatungo yabo hisunzwe amategako asanzwe agenga kwemererwa n'igihe abanyamahanga bamara mu Burundi, be n'ayandi mategeko agenga ivy'akazi ku banyamahanga.

Ingingo ya 24

Leta irashobora gukurako ikori canke amatagisi ku bintu canke amafanga vy'ishirahamwe mu gushira mu ngiro ibitegerezwa gukorwa vyemewe na Leta hakurikijwe ingingo ya 6, vyakuwe hanze canke vyaronkewe mu Burundi vyo bishoboka habonetse uruhusha rw'Umushikiranganji w'imigenderanire n'ugufashanya n'ibindi bihugu be n'uwikigega ca Leta.

Ingingo ya 25

Ibikoresho vyo kwimuka canke kuba ahantu ubwa mbere vy'abakozi b'abanyamahanga b'ishirahamwe birakurwako ikori mu gihe biguriwe hanze mu gihe c'amezi atandatu abo vyerekeye bashitse mu Burundi.

Ingingo ya 26

Ibikoresho vyo kwikenura bidasubiye mu mahanga bikagurishwa ku bantu canke ku mashirahamwe bitari mu vyo bakurako ikori, bica birahirwa ikori n'ababiguze.

IKIGABANE CA IV

GUHA INTUMBERO, GUTUNGANYA, UGUKURIKIRANA N'IRIMBURA RY'UKO IMIGAMBI YARANGUWE

Ingingo ya 27

Uturere n'ibisata amashirahamwe ategamiye Leta akoreramwo vyumvikana hagati y'ayo n'ubushikiranganji bukorana n'ayo mashirahamwe hakurikijwe ivyo Leta ishira imbere mu migambi ya yo yihutirwa. Uturere ayo mashirahamwe akorera dutorwa ata karenganyo kabayemwo.

Ingingo ya 28

Itunganywa ry'ibikorwa vy'amashirahamwe ategamiye Leta rirabwa n'Umushikiranganji w'imigenderanire n'ugufashanya n'ibindi bihugu. Ubushikiranganji bukorana n'ayo mashirahamwe ategamiye Leta butegerezwa gushiraho umurwi ujejwe gukurikirana amashirahamwe ategamiye Leta uzoguma ukorana na ntaryo n'ubushikiranganji bujejwe imigenderanire n'ugufashanya n'ibindi bihugu.

Ingingo ya 29

Ikurikiranwa ry'ibikorwa vy'amashirahamwe ategamiye Leta aho akorera rigirwa n'ubushikiranganji bukorana n'ayo mashirahamwe n'umukuru w'intwari y'aho akorera.

Ingingo ya 30

Irimbura ry'ibikorwa vy'amashirahamwe ategamiye Leta rigirwa n'umurwi mpuzabushikiranganji ujejwe irimbura ry'ibikorwa(CIE).

Ingingo ya 31

Umurwi mpuzabushikiranganji ujejwe kurimbura ibikorwa ugizwe n'ababakurikira :

1) umukuru w'umurwi : uwuserukira Umushikiranganji ajejwe imigenderanire n'ugufashanya n'ibindi bihugu.

2) icegera c'umukuru w'umurwi : uwuserukira Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu.

3) abagize umurwi :

– uwuserukira canke abaserukira ubushikiranganji vyerekeye ;

– uwuserukira ubushikiranganji bujejwe imigambi ya Leta ;

– uwuserukira Umushikiranganji ajejwe ikigega ca Leta ;

– uwuserukira Umushikiranganji ajejwe gutahukana impunzi no gusubiza mu zabo abazitesheshejwe n'intambara.

Ingingo ya 32

Ingene uwo murwi mpuzabushikiranganji urangura ibikorwa vya wo bishingwa n'amategako atomora ingene ukora.

Ingingo ya 33

Umurwi mpuzabushikiranganji urashobora kwitura umuntu uwari wese abifitiye ubushobozi n'ubuhinga bukenewe mu gikorwa co kurimbura ivyakoze, kuja aho ibikorwa birangurirwa, gusaba amashirahamwe ategamiye Leta inzandiko canke inkuru zose ukeneye.

Ingingo ya 34

Afatiye ku cegeranyo c'irimbura ry'ivyakozwe n'ishirahamwe kanaka ritegamiye Leta, Umushikiranganji w'imigenderanire n'ugufashanya n'ibindi bihugu arashobora gufata ingingo yo kurekurira kubandanya canke guhagarika ugufashanya n'ishirahamwe.

IKIGABANE CA V INGINGO ZISOZERA

Ingingo ya 35

Leta n'ishirahamwe ritegamiye Leta birafashanya mu gushengeza imbere y'ubutangane umuntu uwari we wese atosekaje inyungu z'umugambi w'ishirahamwe ritegamiye Leta.

Ingingo ya 36

Amashirahamwe yose ategamiye Leta yemerewe n'amategako ategerezwa kwisuganya bushasha mu gusubiramwo amasezerano bagiraniye na Leta yisunze iri bwirizwa, bitarenze ikiringo c'amezi atatu kuva rimaze gushirwako umukono.

Ingingo ya 37

Mu gutorera inyishu ibidategakanijwe n'iri bwirizwa, Leta y'Uburundi yisunga amategako y'Uburundi be n'amategako n'imingenzo bisanzwe bikorehwa n'amakungu.

Ingingo ya 38

Amategako yose yari ahasanzwe ateye kubiri n'iri bwirizwa arafuswe.

Ingingo ya 39

Umushikiranganji w'imigenderanire n'ugufashanya n'ibindi bihugu ashinzwe kwubahiriza iri bwirizwa riroye mu ngiro umunsi rishizweko ryemejwe n'Umukuru w'igihugu.

1 Kigarama 1999. – ITEGEKO NSHIKIRANGANJJI n° 204.04/761/99 – Ibisabwa, ingene bigenda mu kwemererwa gukora no mu guhagarika ibikorwa vy'umukozi w'umunyamahanga akora mu mashirahamwe ategamiye Leta akorera i Burundi.

(I.L.B., 1999, n° 12 ubwa gatatu, p. 822)

URUTONDE RW'AMAJAMBO

Abakozi b'abanyamahanga, 2
Amaszerano yiyongera ku yandi, 7
Guhindura aho akorera, 6
Ibisabwa, 4
Icegeranyo c'ivyakozwe, 8
Uguhagarika hataragera, 8
Ugusaba (akazi), 4
Ugutanga akazi, 1
Ukwemererwa gukora, 1, 6, 7
Ukwirukana mu gihugu, 8
Ukwongereza igihe, 7
Ukwongeza, 7
Umurwi mpuzabushikiranganji, 8
Uwuserukira ishishamwe imbere y'amategako, 4

Ingingo ya 1

Mu gutanga akazi ku bakozi b'abanyamahanga mw'ishirahamwe ritegamiye Leta babanza kuronka uruhusha rwo gukorera mu Burundi, rugatangwa n'Umushikiranganji w'imigenderanire n'ugufashanya n'ibindi bihugu.

Ingingo ya 2

Ku vyerekeye iri tegeko, abakozi b'abanyamahanga bumvikana ko ari abakozi bafise akabira atari ak'abarundi, binjijwe mu kazi bava hanze n'amashirahamwe ategamiye mvamakungu yemewe muri Republika y'Uburundi.

Ingingo ya 3

Ibisabwa n'uburyo vyemerwa ko abakozi b'abanyamahanga barangura ayandi mabanga atari uguserukira ishishamwe imbere y'amategako ni ibi :

- 1° kuba afise ubuhinga bujanye n'akazi gatungwa ;
- 2° kugira imyaka itari muni ya 24 kandi ntarenze 60 ;
- 3° kuba yaramaze n'imiburiburi imyaka itatu akora ibijanye n'ako kazi ;
- 4° kuba atigeze kwirukana mu Burundi ;
- 5° kuba yigenza neza kandi afise ubuntu butagira akanenge ;
- 6° kwemera gukurikiza amabwirizwa n'amategako y'i Burundi ;
- 7° bisabwa n'uwuserukira ishishamwe imbere y'amategako akabigirira ku cicaro c'ishishamwe kiri hanze.

Ingingo ya 4

Kwitoza ku munyamahanga ngo aserukire ishishamwe mvamahanga ritegamiye Leta imbere y'amategako bisaba ibi bikurikira :

- 1° kuba afise n'imiburiburi imyaka mirongo itatu (30) kandi ntarenze mirongo itandatu (60) ;
 - 2° kuba afise n'imiburiburi urupapuro rw'umutsindo rwa kaminuza rw'igice ca kabiri ;
 - 3° kuba yaramaze n'imiburiburi imyaka itanu akora.
- Iyo uwushaka ayo mabanga yo guserukira ishishamwe imbere y'amategako ari umurundi, ibisabwa mu karongo gaheruka biramuraba uhinduye ibikenewe guhindurwa.

Ingingo ya 5

Umuntu wese akora mw'ishishamwe mvamahanga ritegamiye Leta kandi ryemewe, ikiringo ciwe giheze ntibamwongere ntashobora gukora mu rindi shishamwe mvamahanga ritegamiye Leta atabanye kuva mu Burundi, kandi bitegerezwa gusabwa n'uwuserukira ishishamwe imbere y'amategako ari ku cicaro gikuru ca ryo mu mahanga.

Ingingo ya 6

Ihindurwa ry'amabanga ku mukozi w'umunyamahanga mu mashirahamwe ategamiye Leta ryemerewe gukorera mu Burundi bishoboka igihe Umushikiranganji w'imigenderanire n'ibindi bihugu no gufashanya yavyemeje. Bisabwa n'icaro gikuru c'iryo shishamwe kiri mu bindi bihugu.

Ingingo ya 7

Kwongera canke kwemerera umukozi w'umunyamahanga wo mw'ishishamwe ritegamiye Leta kubandanya, yahejeje ikiringo ciwe, bisabwa mu bushikiranganji bw'imigenderanire n'ibindi bihugu no gufashanya nabwo bukavyemeza kandi habwirizwa kuba amasezerano yunganira aya mbere agizwe n'icaro c'ishishamwe kiri hanze.

Urwandiko rusaba urwo ruhusha rwama ruva ku cicaro gikuru c'ishishamwe kiri mu mu bindi bihugu.

Ingingo ya 8

Ihagarikwa ry'ibikorwa vy'umukozi w'umunyamahanga ikiringo kitarahera birashobora kugirwa n'Umushikiranganji w'imigenderanire no gufashanya kw'Uburundi n'ibindi bihugu afatiye ku cegeranyo gitomoye gitanzwe n'umurwi mpuzabushikiranganji ujejwe kurimbura ibikorwa vy'amashishamwe ategamiye Leta.

Itegeko ryo kwirukana uwagize ikosa rifatwa n'Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu n'umutekano abisabwa n'Umushikiranganji araba imigenderanire no gufashanya n'ayandi makungu.

Ingingo ya 9

Iyi ngingo ija mu ngiro umunsi ishiriweko umukono.

1 Kigarama 1999. – ITEGEKO NSHIKIRANGANJJI n° 204.04/762/99 – Ibisabwa n'ingene ishishamwe mvamahanga ritegamiye Leta ryemererwa canke rihagarikwa gukorera muri Republika y'Uburundi.

Ingingo ya 1

Ishishamwe mvamahanga ryose ritegamiye Leta rikeneye gukorera mu Burundi ribwirizwa gusaba kandi rikaronka icemero kivuye mu bushikiranganji bw'imigenderanire no gufashanya kw'Uburundi n'ibindi bihugu.

Ingingo ya 2

Ibisabwa, n'ingene bigenda kugira iryo shishamwe ryemererwe :

- 1° kwerekana amategako ngenderwako y'ishishamwe ritegamiye Leta risaba kwemererwa ;
- 2° gutanga papuro rwemeza ko iryo shishamwe ryemewe mu gihugu ryamukamwo ;
- 3° kwerekana ubutumwa nyezina uwubisaba yahawe n'uwuserukira ishishamwe imbere y'amategakomu cicaro c'aryo ;
- 4° kwerekana imigambi yo kurangurira mu Burundi ;
- 5° kwerekana integuro y'amafaranga azofasha kurangura iyo migambi ;
- 6° urupapuro rwa banki rugaragaza ko igice ca mbere c'amafaranga ari kw'ikonte ishobora gutanga amafaranga y'Uburundi n'ayakoreshwa mu bindi bihugu, yugururwa mw'ibanki yemerewe mu Burundi ;

7° gutanga inkuru zose zijanye n'iryo shirahamwe (ivy ryakoze mu bindi bihugu, ivyatangajwe n'ibindi...) ;

8° gushikana kwa nyakubahwa Umushikiranganji ajejwe imigenderanire no gufashanya kw'Uburundi n'ibindi bihugu ikete riherekeje idosiye igizwe n'inzandiko zitegekanijwe mu numero 1 gushika kuri 7 z'iyi ngingo.

Ingingo ya 3

Ihagarikwa ry'ibikorwa vy'ishirahamwe ritegamiye Leta ritegekwa n'Umushikiranganji ajejwe imigenderanire no gufashanya n'ayandi makungu afatiye ku cegeranyo c'umurwi mpuzabushikiranganji uraba uko ibintu vyakozwe nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 31 y'ibwirizwa.

Ingingo ya 4

Iri tegeko rija mu ngiro umunsi rishireweko umukono.

Amasezerano arabirwako : Amasezerano makuru makuru yo gufashanya hagati ya republika y'uburundi n'ishirahamwe ritegamiye Leta

Menya neza

Amasezerano arabirwako ntiryatangajwe muri I.I.B.

INTANGAMARARA

Leta ya Republika y'u Burundi, yitwa « Leta », iserukiwe n'Umushikiranganji w'imigenderanire no gufashanya kw'Uburundi n'ibindi bihugu, ku ruhande rumwe n'ishirahamwe ritegamiye Leta (izina + ahari icicaro gikuru) rihagarariwe n'uwuriserukira imbere y'amategako mu Burundi ku rundi ruhande :

Yitwararitse guteza imbere no guhimiriza ugufashanya mu vyerekeye ubutunzi, imibano n'imico kama ku neza y'abarundi,

Yihweje ko uko gufashanya gukeneye yuko amasezerano yemewe n'amategako atomora ivyo umwumwe yemeye,

BIYEMEJE IBIKURIKIRA :

I. IVYO ISHIRAHAMWE (IZINA RY'ISHIRAHAMWE RITEGAMIYE LETA) RYIYEMEJE

Ingingo ya 1

(Izina ry'ishirahamwe) riyiyemeje kwiyandikisha mu bushikiranganji bw'intwari yo hagati mu gihugu n'umutekano icungera ibikorwa vy'amashirahamwe cane cane ku rugero rw'intara.

Ingingo ya 2

(Izina ry'ishirahamwe) riyiyemeje gushira umukono ku masezerano y'ingene rizorangura ibikorwa vya ryo n'ubushikiranganji bujejwe ibisata bizokorana.

Ingingo ya 3

(Izina ry'ishirahamwe) riyiyemeje gukorera mu Burundi ibikorwa bidataye kubiri n'amategako yo mu Burundi, bihuye n'imigambi mikuru mikuru ya Leta kandi bihuye n'ivyo abanyagihugu bazofashwa bakeneye.

Ingingo ya 4

(Izina ry'ishirahamwe) riyiyemeje guteza imbere ibikorwa vy'iterambere mu butunzi, mu mibano no mu mico kama mu Burundi aho bikenewe, gufasha mu migambi y'iterambere ifise intumbero yo gutuma ubuzima bw'abanyagihugu bwisunurura mu bijanye no kuronka amazi n'amagara meza, indero mu vyerekeye amagara, gusubiramwo inyubakwa rusangi (amashure, amavuriro, kwigisha ivyerekeye gufungura neza....).

Ingingo ya 5

(Izina ry'ishirahamwe) riyiyemeje kandi, mu gihe bishoboka, gufasha mu bikorwa vy'abagiraniza mu Burundi.

Ingingo ya 6

(Izina ry'ishirahamwe) riyiyemeje guterera mu gusubira kwubaka igihugu no kuronsa akazi abagatakaje.

Ingingo ya 7

Imfashanyo itanzwe na (izina ry'ishirahamwe) ishobora kuba : amafaranga, ibintu canke impanuro z'ubuhinga zitanzwe n'abakozi babinonosoye kandi babimenyereye.

Ingingo ya 8

(Izina ry'ishirahamwe) riyiyemeje gufashanya n'abategetsi be n'ibisata babijejwe kugira ibikorwa vya ryo bije mu ntumbero y'umugambi wateguwe canke uriho. ryemeye kandi gufashanya n'inzego za Leta, n'amashirahamwe adaharanira inyungu be n'intwari zo mu gihugu.

Ingingo ya 9

(Izina ry'ishirahamwe) riyiyemeje gushikiriza Umushikiranganji w'imigenderanire n'ugufashanya n'ibindi bihugu be n'uw'intwari yo hagati mu gihugu n'umutekano ikopi y'icegeranyo c'ibikorwa buri umwaka, umugambi n'integuro y'amafaranga rizokoresha mu mwaka ukurikira. Itegerezwa gushikiriza icegeranyo nyezina ubushikiranganji ikoreramwo.

Ingingo ya 10

(Izina ry'ishirahamwe) riyiyemeje gufashanya na Leta y'Uburundi kugira batore uturere bakoreramwo n'ibintu bakora baravye ivyihutirwa mu gihugu.

Ingingo ya 11

(Izina ry'ishirahamwe) yemeye kutikora ku mafaranga u Burundi bwahawe n'amashirahamwe atandukanye yo gufashanya biciye mu masezerano atabajije kandi ngo yemererwe n'uwuserukira Leta abifitiye ububasha.

Ingingo ya 12

(Izina ry'ishirahamwe) riyiyemeje gukurikiza amategako agenga amabanki nko mw'ivunja ry'amahera. Ihererekana ry'amafaranga y'amashirahamwe ategamiye Leta kuri konte ishobora gutanga amafaranga y'Uburundi n'ayo mu bindi bihugu iri mw'ibanki yemeye muri Republika y'Uburundi.

Ingingo ya 13

(Izina ry'ishirahamwe) riyiyemeje kubika n'ugukoresha amafaranga n'ubundi butunzi ku makonte y'ayo mashirahamwe n'ukugene ayakoresha akurikije iharurwa ry'amafaranga rizwi.

Leta ishobora, igihe ico arico cose, kuraba itunganywa ry'amakonte yavuzwe mu gahimba gaheruka kibure igahinduzwa uburyo bwo kubitunganya.

Ingingo ya 14

(Izina ry'ishirahamwe) riyiyemeje kwisunga amategako y'akazi nko mu vyerekeye kwinjira abakozi b'abarundi canke b'abanyamahanga no kubategakaniriza kazoza.

Mu kwinjira abakozi baraba ubushobozi kandi ata karenganyo n'ikumira. Mu gihe ubuhinga bungana, abarundi nibwo bahabwa akazi imbere y'abandi.

Ingingo ya 15

(Izina ry'ishirahamwe) riyiyemeje ko abakozi mvamakungu bisunga amabwirizwa n'amategako y'Uburundi, kwubaha akaranga k'Uburundi no kukubahiriza mu nyafato.

Ingingo ya 16

(Izina ry'ishirahamwe) yemeye gusaba no kuronka iyemerwa ry'abakozi mvamakungu mu bushikiranganji bw'imigenderanire n'ayandi makungu no gufashanya imbere y'uko bashika mu Burundi.

Ingingo ya 17

(Izina ry'ishirahamwe) riyiyemeje ko igihe ibikorwa vya ryo biheze, bavyumvikanye na Leta, guhereza uburyo ryahora rikoresha irindi shirahamwe ry'abarundi bahora bakorana (izina ry'ishirahamwe).

Iyo iryo shirahamwe (izina ry'ishirahamwe) ritabikeneye ribihereza ibisata vya Leta canke intwari zo mu gihugu.

II. IVYO LETA YIYEMEJE

Ingingo ya 18

Leta yemereye abakozi mvamahanga b'ishirahamwe (izina ry'ishirahamwe) kuza mu Burundi n'imiryango ya bo hatirengagijwe ingingo za Leta ziraba kwemerera no kuba mu Burundi canke zerekeye akazi ku banyamahanga. Impusha zo kwinjira mu gihugu kuri abo duheje kuvuga zitangwa ku buntu.

Ingingo ya 19

Leta ishobora gukura ikori canke amatagisi ku bintu n'uburyo bwa (izina ry'ishirahamwe) bikenewe mw'irangurwa ry'imigambi yashikirijwe, ku bintu vyavuye hanze canke biguzwe mu Burundi ubushikiranganji bw'imigenderanire no gufashanya n'ibindi bihugu be n'ubw'ikigega ca Leta bubizi.

Ingingo ya 20

Leta ishobora gukura ikori canke itagisi ku bikoresho vyo kwimuka vy'abakozi mvamahanga mu gihe vyinjiye amezi atandatu atararenga kuva bashitse mu Burundi.

Ingingo ya 21

Leta iremerera abakozi b'ishirahamwe mvamakungu (izina ry'ishirahamwe) kwinjiza amafanga y'agaciro agereranye yo gukoresha mu buzima bwa bo bwa misi yose ariko nabo bagasabwa kuyabitsa kuri konte ishobora gutanaga amafanga y'Uburundi n'ayo mu bindi bihugu bakongera bakongera bakubahiriza amategako yose bijanye.

III. INGINGO NKURU NKURU N'IZISOZERA

Ingingo ya 22

Leta irashobora kwereka (izina ry'ishirahamwe) ibibanza rikoreramwo n'ibikorwa vyihuta mbere n'aho bizobandanyiriza, bakabanza no kwumvikana ivyo bahisemwo.

Ingingo ya 23

Ibikoresho bidasubiye hanze bikagurishwa ku bantu canke ku mashirahamwe azwi bikaba bitagabanywa amakori canke itagisi bica vyega ababiguzze mugutanga ikori ry'ivyinjira n'ibisohoka.

Ingingo ya 24

Ayandi masezerano canke yiyongera kuri aya arashobora kuba igihe cose bikenewe hisunzwe aya masezerano mu gihe banyeneyo bavumvikanye.

Ingingo ya 25

Igendurwa ry'ibikorwa vya (izina ry'ishirahamwe) ku kivi bigirwa n'ibisata hamwe n'inzego zo hasi.

Ingingo ya 26

Kurimbura ivyanguwe na (izina ry'ishirahamwe) bigirwa n'umurwi mpuzabushikiranganji irongowe n'uwuserukira ubushikiranganji bw'imigenderanire n'ibindi bihugu kandi urimwo n'abaserukira ubushikiranganji bw'intwari yo hagati mu gihugu n'umutekano, ubushikiranganji bukorana n'iryo shirahamwe, ubw'imigambi ya Leta no gusanura ivyasambutse, ubw'ikigega ca Leta n'ubwo gusubiza mu zabo abaziteshejwe hamwe.

Ingingo ya 27

(Izina ry'ishirahamwe) riyemeje gukurikiza ingingo y'ubushikiranganji bw'imigenderanire no gufashanya kw'Uburundi n'ibindi bihugu zifashwe hisunzwe icegeranyo c'indimburo y'ibikorwa vyaranguwe kigizwe n'umurwi mpuzabushikiranganji.

Ingingo ya 28

LETA na (izina ry'ishirahamwe) vyemeye gufashanya mu gukurikirana mu butungane uwo wese azobera intambanyi (izina ry'ishirahamwe) mu bikorwa vyayo.

Ingingo ya 29

Izo mpande zibiri zemeye ku menyeshanya itubahirizwa ryoba ry'aya masezerano. Ibdategekanijwe n'aya masezerano bizokurikira amategako y'i Burundi hamwe n'amategako, n'imigenzo mpuzamakungu bijanye.

Ingingo ya 30

Aya masezerano aja mu ngiro umunsi izi mpande zibiri ziyashiriyeko umukono kandi azomara ikiringo c'inyaka itanu gishobora kongerwako ibindi biringo bingana uko kiretse iyo uruhande rumwe rubivuyemwo kandi rukabimenyesha amezi atatu imbere y'uko ikiringo c'inyaka itanu kiri mu ngiro gihera.

Ingingo ya 31

Aya masezerano ashobora guhagarikwa imbere y'uko ikiringo c'inyaka itanu kiri mu ngiro iheruka bisabwe n'uruhande rumwe mu rwandiko rutanzwe imbere y'amezi atatu.

Bujumbura, igenekerezo rya/...../

KW'IZINA RY'ISHIRAHAMWE

UWUSERUKIRA ISHIRAHAMWE MU BURUNDI

UMUSHIKIRANGANJI W'IMIGENDERANIRE NO GUFASHANYA KW'UBURUNDI N'IBINDI BIHUGU.

Ugutoza intererano

24 Ntwarante 1962. – IBWIRIZWA – Ugutoza intererano.

(I.I.B., p. 38)

URUTONDE RW'AMAJAMBO

Ihadabu, 9
Ikonte, 8
Ivyanditse, 4
Ukubuzi, 7
Ukwaka, 6
Umunyororo, 9
Uruhusha rw'intangamarara :
– ibisabwa, 3
– ugusaba, 4
Urwandiko, 8

Ingingo ya 1

Iri bwirizwa ryerekeye gutoza amafaranga canke ibikoresheho ivyavuye vyose bikorerwa imuhira, ku mugaragaro canke mu kibanza gihuriramo abantu benshi, kiretse itozwa ry'intererano ribera mu mashengero.

Ingingo ya 2

Uwugomba gutoza intererano wese ategerezwa kubanza kubisabira uruhusha imbere y'igihe :

- na Buramatari iyo ayo matora abera mu marondisema menshi canke ayo matoza yose agize intra imwe ;
- y'Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu canke intumwa yiwe iyo amatoza abera mu ntara nyinshi canke mu gihugu cose.

Ingingo ya 3

Amatoza ashobora gutangirwa uruhusha n'amatoza agenewe ibikorwa vy'ugusenga, canke ivyo gufasha abari mu ngorane, guteza imbere ubumenyi utugenegene n'ukwandika ibitabu n'ikindi kintu cose gifitiye akamaro abanyagihugu yonyene.

Ingingo ya 4

Urwandiko rwo gusaba uruhusha rushirwako umukono n'uwaringaniye canke n'abaringaniye ayo matoza.

Urwo rwandiko ruba ruriko :

- ibiranga abantu baringaniye iryo tozwa n'aho baba ;
- ingene iryo tozwa rimeze : ko ari iribera i muhira, mw'ibabarabara, ku mugaragaro canke ahandi hantu hahurira abantu benshi ;
- akarere iryo tozwa rizoberamwo ;
- igihe rizoberako ;
- ico ibizotowa bizokora.

Ingingo ya 5

Urwandiko rutanga uruhusha rwo kuringaniza itozwa ry'intererano canke imfashanyo rutegerezwa kwerekana neza :

- amazina y'abaringaniye n'aho baba ;
- ingene iryo tozwa rimeze n'akarere rizoberamwo ;
- igihe rizoberako.

Ingingo ya 6

Iyo uruhusha rw'ugutoza rwatanzwe, ababaringaniye baca bashikiriza Buramatari w'aho iryo tozwa riberamwo urutonde

rw'abazogira iryo tozwa n'aho baba kugira abemeze, hamwe n'urupapuro rwanditseko uruhusha.

Buramatari arashobora kwankirwa umuntu ko aya mu batoza iyo mfashanyo iyo abonye ko atari umwizigirwa bikwiye.

Uwutoza wese agirirwa urwandiko rwiwe rumwemeza.

Urwo rwandiko ruba ruriko :

- ibiranga uwutoza n'aho aba ;
- ibibiranga urwandiko rutanga uruhusha rwo kuringaniza iryo tozwa ;
- igihe itozwa rishobora kuzoberamwo ;
- ico ibizova muri iryo tozwa bizokozwa.

Umuntu wese atoya imfashanyo ategerezwa kwerekana urwandiko rumwemerera gutoza abo ariko arasaba intererano canke imfashanyo, canke igihe cose abisabwe n'umutegetsi.

Urwandiko rw'ukwemererwa gutoza imfashanyo rurashobora kwakwa uwari we wese atubahirije ibitegekaniye bisabwa mu vyanditse aha hejuru canke yoba ariko arakurikiranwa n'ubutungane kubera icaha yakoze mu gihe ariko aratoza imfashanyo.

Ingingo ya 7

Buramatari arashobora, atarinze kuraba uwatanze uruhusha rw'ugutoza uwariwe, guhagarika vy'imfatakibanza itozwa canke burundu mu gihe iryo tozwa riteye umudugararo canke mu gihe abariranganije baba bariko barakurikiranwa n'ubutungane kubera icaha baba bakoze mu gihe c'itora.

Ingingo ya 8

Uwatanze uruhusha rw'ugutoza arashobora, kugira ngo arabe ko ivyatowe vyakoreshejwe ico vyari bigenewe nk'uko biri mu rwandiko rw'uruhusha rw'ugutoza, gusaba abaringaniye itozwa canke ababasubiriye icegeranyo c'ivyo baronse n'ibipapuro vyemeza ico vyakoze.

Ubwo burenganzira bushobora gukoreshwa mu gihe kingana umwaka uhariye kuva kumunsi ikiringo co gutoza cari catanzwe gihereyeke.

Article 9

1) Hazocirwa umunyororo w'amezi atarenga abiri be n'ihadabu ry'amafaranga atarenga ibihumbi bibiri (2.000 BIF) canke igihano kimwe muri ivyo bibiri :

- abazoba bagize itozwa ritatangiwe uruhusha ;
- abazoba bakoresheje ivyavuye mw'itoza canke igice ca vyo mu nzira zitandukanye n'izanditse mu rwandiko rutanga uruhusha rw'ugutoza.

2) Hazocirwa umunyororo utarenze iminsi 15 n'ihadabu ritarenga amafaranga amajana atanu y'amarundi (500 BIF) canke igihano kimwe muri ivyo bibiri :

- abazoba batoje imfashanyo bafise uruhusha ariko uwuriko ararigira atabirekuriwe canke yaratswe uruhusha rwo gukora ico gikorwa ;
- abazoba bannse gutanga icegeranyo n'impapuro bisabwa mu ngingo y'umunani.

3) Hatirengagijwe ikwirikiza ry'ingingo za 21 na 22 zo mu Gitabu c'amategako mpanavyaha, hazohanishwa ibihano duhejeje kuvuga abazoba basavye uwundi muntu ngo agire itozwa ritatangiwe uruhusha.

Article 10

Iri bwirizwa rishirwa mu ngiro kuva umunsi rishiriweko umukono.

Article 11

Umushikiranganji wacu w'intwari yo hagati mu gihugu ajejwe gukurikirana ishira mu ngiro ry'iri bwirizwa.

Ingingo z'intwaro ku muntu wese

Guhungabanya umutekano n'itekane ry'abanyagihugu	590
Indishi zega abanyagihugu bose.	592

Guhungabanya umutekano n'itekane ry'abanyagihugu

Itegeko ry'Umushikiranganji – n° 11/81 – 14 Ruhuhuma 1959.	590
Itegeko rya Ruanda-Urundi – n° 111/65 – 9 Ndamukiza 1959.	590
Itegeko-bwirizwa – n° 1/27 – 22 Rusama 1969.	590

14 Ruhuhuma 1959. – ITEGEKO RY'UMUSHIKIRANGANJI n° 11/81 – Ukubungabunga umutekano w'ahantu hari abantu benshi bari mu bikorwa vya Leta.

(I.L., p. 530)

Menya neza

Ritegetswe gukurikizwa mu Burundi na I.R.U n° 11/70 ryo ku wa 20 Ndamukiza 1959 (I.L.R.U., p. 353).

Ingingo ya 1

Abo bose bazotera umudugararo mu kuvuza induru, mu kuririmba, ugutata, mu kurundanira hamwe canke mu bundi buryo ubwo ari bwo bwose; bakabigirira ahantu hahurira abantu benshi bari mu bikorwa vya Leta kandi barongowe n'umutegetsi nk'ikambi y'abasirikare canke y'abaporisi, arashobora gufata ingingo yo gufunga abo bantu ikiringo gikenewe kitarenza amasaha 24 bagapfungirwa mu nyubakwa yabigenewe.

Ingingo ya 2

Itegeko ryo ku wa 24 Ndamukiza 1911, rirafuswe.

9 Ndamukiza 1959. – ITEGEKO RYA RUANDA-URUNDI n° 111/65 – Ugutera umudugararo mu mabarabara no mu bibanza bihuriramwo abantu bose.

(I.L.R.U., p. 345)

Ingingo ya 1

Abantu bose bazotera umudugararo mw'ibarabara canke ahantu hakoranira abantu mu gukoma induru, mu kuririmba, mu gutata, ukurundana hamwe ariko canke ubundi buryo bwose, bazofungwa ikiringo gikenewe ariko kitarenza amasaha 24, hakuririkwijwe Itegeko ry'uwigijwe intwari muri ako karere canke uwo yatumye.

Ingingo ya 2

Itegeko n° 47/Just. ryo ku wa 31 Rusama 1940, rirafuswe.

22 Rusama 1969. – ITEGEKO-BWIRIZWA n° 1/27 – Uburenganzira bw'ukuba ahantu.

(I.L.B, 1970, p. 1)

Menya neza

Iri tegeko-bwirizwa rifata Itegeko-bwirizwa n° 111/8 ryo ku wa 19 Nzero 1962, ryerekeye ukwirukana umuntu aho aba no kumubuza kuba ahantu hamwe n'Itegeko ry'Umwami n° 020/183 ryo ku wa 5 Munyonyo 1966 ryerekeye uburenganzira bwo kuba ahantu.

URUTONDE RW'AMAJAMBO

Gucungera, 8
Gusubira kwihweza, 7
Icegeranyo, 3
Iciyumviro, 7
Idosiye, 6
Igihano co kwigiza kure, 9
Igihano, 8
Ikete, 2
Ikiringo, 2
Ingene vyagenze, 2
Ingingo y'ukuba ahantu :
– ikiringo, 2, 4
– impfagusa, 5
– ukumenyesha, 3, 5
Inyifato, 1
Inyifato, 2
Inzira :
– guhindura, 2
– urugendo, 2
Isubirwamwo, 7
Kubuza umuntu kuba ahantu, 9
Kuhaba, 1
Kwungurura urubanza, 5, 7
Ukudahaha, 8
Ukumenyesha, 3
Umurwi w'iyungururizo ry'imanza, 5
Umutekano n'abanyagihugu, 1

Ingingo ya 1

Uwo wese, kubera inyifato yiwe ahungabanya canke abangamira bikomeye umutekano w'abanyagihugu, arashobora gutegekwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji w'intwara yo hagati mu gihugu, abanje kwerekana igituma, kurungikwa kure y'ibanza bimwe bimwe canke y'intara z'igihugu canke kuja kuba mu kibanza kigenywe co mu Burundi.

Ingingo ya 2

Iryo tegeko, mu mvo yaryo, ritegerezwa kumenyesha ku buryo butomoye, ivyabaye n'ingene vyagenze kugira hafatwe ingingo yo gutegeka umuntu kuba ahantu.

Iryo tegeko rirerekana ikiringo rizoshirigwa mu ngiro n'inzira uwo muntu azocamwo umunsi w'urugendo.

Bikenewe, *Buramatari w'intara* iyo ingingo yashikirijwemwo arashobora kwongereza ikiringo no guhindura inzira y'urugendo.

Hubahirijwe ibitegekanijwe mu ingingo ya 4, iryo tegeko rirashinga ikiringo ingingo yo kuba ahantu izomara.

Kugira ngo ntiribe impfagusa, iryo tegeko ritegerezwa gusubiramwo amajambo ari mu ingingo ya 5 iri aha muni.

Iryo tegeko rirashobora gutegekanya ingingo zidasanzwe zo gucungera inyifato n'ihanahana ry'inzandiko vy'uwo ingingo y'ukuba ahantu zerekeye.

Article 3

Iryo tegeko, uwo ryerekeye arimenyeshwa n'umukozi wa Leta agaca agira n'icegeranyo. Ikopi y'ico cegeranyo n'iy'Itegeko ry'Umushikiranganji rimutegeka kuba aho hantu bisigaranwa na nyene gufatirwa ingingo.

Ingingo ya 4

Ingingo z'ugutegeka umuntu kuba ahantu zitegekanijwe n'iri tegeko-bwirizwa ntizishobora kurenza ikiringo c'imyaka ibiri.

Izo ingingo zirashobora gufutwa ico kiringo kitarahera. Zirashobora no kwongerezwa rimwe canke kenshi.

Article 5

Hakoreshejwe amajambo yanditswe muni y'icegeranyo co kumenyesha uwafatiwe ingingo zo kuba ahantu canke hakoreshejwe ikete yandikiwe Umushikiranganji w'ubutungane asanzwe ari umukuru w'umurwi w'iyungururizo hatarenze ku muni wa 15 ukurikira uwo ingingo yafatiweko, uwafatiwe ingingo arashobora kwunguruza akitwarira Itegeko ry'Umushikiranganji imutegeka kuba ahantu. Ariko rero ivyo ntibituma ingingo yafashwe ica iba irahagaritswe.

Umurwi w'iyungururizo utegerezwa gufata ingingo mu minsi 30 kuva ku muni w'iyunguruza.

Ingingo ya 6

Umurwi w'iyungururizo ugizwe n'Umushikiranganji w'ubutungane ari we awurongoye hamwe n'abashikiranganji babiri bagenywe n'Umukuru w'igihugu mu nama nshikiranganji.

Idosiye yo kwunguruza ishikirizwa umukuru w'umurwi n'Umushikiranganji w'intwara yo hagati mu gihugu.

Uwo murwi urashobora gufata ingingo y'ukwumviriza canke gutuma kwumviriza uwo muntu yafatiwe ingingo zo kuba ahantu ku nguvu.

Ingingo ya 7

Ku mezi atatu atatu, uwafatiwe ingingo zokuba ahantu arashobora gusaba Umushikiranganji w'intwara yo hagati mu gihugu ngo asubire kwihweza ingingo yafatiwe.

Umushikiranganji w'intwara yo hagati mu gihugu ategerezwa kugira ico avuze mu minsi 30 ukurikira umunsi yaronkeyeko urwandiko rusaba isubirwamwo ry'izo ingingo, abanje kuronka icyumviro ca Buramatari w'intara uwafatiwe izo ingingo abamwo hamwe, iyo bikenewe n'icyumviro c'uwutwara akarere uwo muntu yirukanywemwo.

Ingingo z'Umushikiranganji w'intwara yo hagati mu gihugu inyuma y'uko yasabwe gusubiramwo ingingo zari zafatiwe uwategetswe kuba ahantu zimenyeshwa uwo zerekeye hisunzwe ingingo ya 3 kandi izo ingingo zirashobora kwunguruzwa hakurikijwe ibitegekanijwe mu mu ingingo za 5 na 6.

Ingingo ya 8

Uwuzoba yamenyeshejwe Itegeko ririmwo ingingo zimutegeka kuba ahantu, ntiyitwaririke kuzikurikiza canke agaca iruhande y'ingingo zidasanzwe zijanye no kumucunga ziri mw'Itegeko nshikiranganji, azocirwa umunyororo w'iminsi iri hagati ya 15 n'ameze 6. Igihe yoguma anana, igihano kizoca kizorwizwa na kabiri.

Ingingo ya 9

Itegeko-bwirizwa n° 111/8 ryo ku wa 19 Nzero 1962, ryerekeye kwigiza kure no kubuza umuntu kuba ahantu, n'Itegeko ry'umushikirangoma n° 020/183 ryo ku wa 5 Munyonyo 1966 ryerekeye uburenganzira bwo kuba ahantu, arafuswe.

Ingingo ya 10

Iri tegeko-bwirizwa rija mu ngiro umunsi rishiriweko umukono.

Indishi zega abanyagihugu bose

Itegeko-bwirizwa n° 211/A.I.M.O. ryo ku wa 24 Mukakaro 1944 ryerekeye indishi y'abavukagihugu ku vyononekaye mu ruhagarara (I.L., 1944, p. 1049) ryashizwe mu ngiro mu Burundi na I.R.U. n° 21/189 ryo ku wa 28 Gitugutu 1954 (I.L.R.U., p. 672) n'Itegeko ririshira mu ngiro n° 274/A.I.M.O. ryo ku wa 19 Nyakanga 1944 ryashizwe mu ngiro mu Burundi n'Itegeko n° 21/190 ryo ku wa 28 Gitugutu 1954 (I.L.R.U., p. 180) ririshira mu ngiro ateye kubiri n'ingingo ngenderwako zerekeye kudakumira n'uko icaha cishurwa n'uwagikoze. Kubera izo mvo zarataye igihe.

VI. Urwego rw'igiporisi

Ibwirizwa – n° 1/023 – 31 Kigarama 2004.....	593
Ibwirizwa – n° 1/06 – 2 Ntwarante 2006.....	597
Itegeko – n° 100/157 – 29 Mukakaro 2006.....	605
Itegeko rya Perezida – n° 100/158 – 29 Ruheshi 2006.....	606
Itegeko ry'Umukuru w'igihugu – n° 100/159 – 29 Mukakaro 2006.....	606
Itegeko – n° 100/164 – 30 Gitugutu 2002.....	607
Itegeko ry'Umukuru w'igihugu – n° 100/276 – 27 Nyakanga 2007.....	610
Itegeko nshikiranganji – n° 530/109/96 – 9 Ndamukiza 1996.....	613
Itegeko nshikiranganji – n° 530/150 – 15 Munyonyo 1996.....	613
Itegeko-bwirizwa – n° 1/035 – 4 Kigarama 1989.....	614
Ibwirizwa – n° 1/04 – 2 Ntwarante 2006.....	616
Ibwirizwa – n° 1/05 – 2 Ntwarante 2006.....	618

31 Kigarama 2004. – IBWIRIZWA n° 1/023 – Ishingwa, itunganywa, imirimo, abagize urwego rw'igiporisi c'igihugu n'ingene rukora.

(I.L.B., 2004, n° 12 ubwa kabiri, p. 932)

Hisunzwe amasezerano y'i Arusha yo kugarukana amahoro n'ukunywanisha abarundi (igice ca III, ingingo zo kuva kuri 10 gushika kuri 24) n'ibwirizwa shingiro ry'Uburundi kuva ku ngingo ya 240 gushika kuri 261, ibisata bitandukanye vy'abaporisi bigiye hamwe mu rwego rw'igiporisi c'igihugu.

Iri bwirizwa rifuse Itegeko ry'Umukuru w'igihugu n° 100/166 ryo kuva 12 Kigarama 1990, ryerekeye ishingwa n'itunganywa ry'urwego rw'igiporisi kijejwe umutekano w'abanyagihugu (I.L.B., 1991, n° 9, p. 213) rwasubiriye urw'igiporisi rujejwe umutekano mu gisagara rwashinzwe n'Itegeko ry'Umukuru w'igihugu n° 100/87 ryo ku wa 13 Nzero 1997 ryerekeye itunganywa ukundi gusha ry'urwego rw'igihugu kijiye igiporisi gucungera ikirere, imbibe n'abanyamahanga (I.L.B. 1997, n° 7, p. 455) hamwe n'Itegeko ry'Umukuru w'igihugu n° 100/2003 ryo ku wa 13 Munyonyo 1988 ryerekeye ishingwa ry'ubuyobozi bukuru bw'amabohero mu bushikiranganji bw'ubutungane.

URUTONDE RW'AMAJAMBO

Abagize, 16, 17
Abakozi bunganira, 46
Amasezerano mpuzamakungu, 3
Amategako, 3
Amatungo, 53
Gutanga akazi, 42-45
Gutembagaza intwari y'igihugu, 42
Ibitaringaniye, 48
Ibwirizwa shingiro, 3, 42
Icaha kigoye :
– c'agahomerabunwa, 42
– co mu ntambara, 42
Ifutwa, 55
Igorisi c'inyamirambi, 27-32

IKIGABANE CA I

INGINGO NKURU NKURU

Ingingo ya 1

Haranshinze urwego rujejwe umutekano w'igihugu rwitwa « Igorisi c'igihugu c'Uburundi » : « PNB » mu mpfunyapfunyo.

Ingingo ya 2

Igorisi c'igihugu gitunganyijwe kandi gikora nk'urwego rufise umwiga rwahawe n'igihugu wo gukingira abanyagihugu n'ukwubahiriza ukwishira n'ukwizana kw'umuntu wese.

Igorisi co gucungera amabohero, 35, 36

Igorisi kijejwe gucungera ikirere, imbibe n'abanyamahanga (PAFE), 33, 34, 49

Igorisi kijejwe gucungera umutekano mu gihugu hagati (P.S.I.), 19-26

Igorisi c'inyamirambi gikorana n'urwego rw'ubushikirizamanza (P.J.P.), 49

Igitigiri, 14

Ihonyabwoko, 42

Ikigo c'ukwigishirizamwo, 10, 11

Imigambwe ya politike, 13

Inama nkeguzamateka, 17

Isezerano mpuzamakungu, 3

Ishure kaminuza ry'igiporisi (I.S.P.), 10, 11

Ishure ry'ibisongerezi vy'intwazangabo mu giporisi, 10, 11

Ishure ry'igihugu ry'abaporisi, 51

Komisariya :

– akarere, 13

– intara, 13

– nkuru, 9

Kugabisha, 47

Ububasha, 7

Uburyo ikintu gikora, 11, 37

Ubutegetsi bwegereye, 37

Ubuyobozi bukuru, 12

Ugutabara hanze y'igihugu, 5

Ukwigisha, 43, 44, 50

Umukuru w'ibiro vy'igiporisi, 13

Umurimo, 18

Umuyobozi mukuru, 15

Urwego rw'ubushikirizamanza, 40

Urwego rw'igiporisi kijejwe umutekano w'abanyagihugu (P.S.P.), 49

Ingingo ya 3

Igorisi c'igihugu gishinzwe kandi gitunganyijwe hisunzwe ibwiriza shingiro. Abagize ico giporisi bategerezwa gukora bisunze Ibwirizwa shingiro, ayandi mabwirizwa hamwe n'amasezerano mpuzamakungu Uburundi bwemeje.

Ingingo ya 4

Igorisi c'igihugu gitegerezwa guserura ugushaka kw'abarundi, umw'umwe ukwiye kandi n'igihugu cose kwo kubaho bangana, mu mahoro no mu mwumvikano. Igorisi c'igihugu gikorera abarundi bose. Gitegerezwa kuba inkino ya bose.

Ingingo ya 5

Ugutabara mu bindi bihugu kutajanye n'amasezerano ari hahati y'ibihugu canke amasezerano mpuzamakungu yemejwe n'Uburundi birabujijwe mu vyerekeye igiporisi.

Ingingo ya 6

Igiporisi c'igihugu gitwarwa n'Umushiranganji ajejwe umutekano w'abanyagihugu. Ibikorwa vya minsi yose vyerekeye gutunganya igiporisi bikorwa n'umuyobozi mukuru afashijwe n'icegera ciwe.

Ingingo ya 7

Igiporisi c'igihugu gifise ububasha mu gihugu cose c'Uburundi.

Ingingo ya 8

Igiporisi c'igihugu kigizwe n'intwazangabo, ibisongerezi vy'intwazangabo n'aporisi batobato.

IKIGABANE CA II

ITUNGANYWA RY'IGIPORISI C'IGIHUGU

Ingingo ya 9

Igiporisi c'igihugu kiringanijwe mu makomisariya makurumakuru ane akurikira :

1. Komisariya nkuru y'igiporisi kijejwe umutekano mu gihugu hagati ;
2. Komisariya nkuru y'igiporisi c'inyamiramabi ;
3. Komisariya nkuru y'igiporisi kijejwe gucungera ikirere, imbibe n'abanyamahanga ;
4. Komisariya nkuru y'igiporisi kijejwe gucungera amabohero.

Hejuru y'amakomisariya makurumakuru hari ubuyobozi bukuru, butwarwa n'Umushikiranganji ajejwe igiporisi mu mabanga yiwe.

Ingingo ya 10

Igiporisi c'igihugu kigizwe kandi n'ishule kaminuza ry'igiporisi, ishule ry'ibisongerezi vy'intwazangabo hamwe n'ibigo bijejwe kumenyereza abaporisi batobato.

Ingingo ya 11

Uburyo amakomisariya makuru makuru, ishule kaminuza ry'igiporisi, ishule ry'ibisongerezi vy'intwazangabo, n'ibigo vyo kumenyereza abaporisi batobato bikora, bitomorwa n'itegeko ry'Umukuru w'igihugu bisabwe n'Umushikiranganji afise igiporisi c'igihugu mu mabanga ajejwe.

Ingingo ya 12

Kugira ngo burangure igikorwa bujijwe neza, ubuyobozi bukuru buraronswe ibisata bikenewe. Ivyo bisata ingene bikora bitomorwa n'Umushikiranganji afise igiporisi c'igihugu mu mabanga ajejwe.

Ingingo ya 13

Abisabwe n'umuyobozi mukuru, Umushikiranganji ajejwe igiporisi mu mabanga yiwe arashobora gushinga amakomisariya y'igiporisi mu birere vy'igihugu, mu ntara n'ibiro bikenewe vyose mu makomine. Komisariya yose y'igiporisi irongowe n'umukomiseri.

Ibiro vy'igiporisi birongowe n'umukuru wavyo.

Ingingo ya 14

Igitigiri c'abagize igiporisi c'igihugu gishingwa na Leta hisunzwe abo igihugu gikeneye n'uburyo buriho bugenewe ico gisata.

Ingingo ya 15

Umuyobozi mukuru arategura imigambi agatunganya, akayobora, akaringaniza akongera akagenzura ibikorwa vyose vy'igiporisi c'igihugu.

Mw'irangurwa ry'ibikorwa vyawe, umuyobozi mukuru afashwa n'icegera ciwe. Uyu niwe kandi amubwiriza igihe ataba ariho ari.

IKIGABANE CA III

ABAGIZE IGIPORISI C'IGIHUGU

Ingingo ya 16

Igiporisi c'igihugu cugururirwa umuntu wese akwije ibisabwa mu kwinjira nk'uko amabwirizwa n'amategeko abitegekanye.

Ingingo ya 17

Mu kiringo gishingwa n'inama nkenguzamateka, Igiporisi c'igihugu ntigishobora kurenza ibice 50 % y'ubwoko bumwe haba mu rwego rw'intwazangabo, mu bisongerezi vy'intwazangabo canke mu baporisi batobato.

IKIGABANE CA IV

IMIRIMO Y'IGIPORISI C'IGIHUGU

Ingingo ya 18

Igiporisi c'igihugu gishirwaho na Leta kugira kibungabunge umutekano congere gifashe kugira amabwirizwa n'amategeko yubahirizwe. Kirangura cane cane amabanga akurikira :

- gucungera no kugarukana umutekano w'abanyagihugu ;
- gukingira ububisha n'ivyaha ;
- kurondera no kwemeza ivyaha bihanwa n'amategeko mpanavyaha ;
- kurondera no gufata abakoze ivyo vyaha ;
- kubahiriza amabwirizwa n'amategeko ;
- gukingira abanyagihugu n'ivyabo ;
- gukingira inyubakwa n'amatungo ya Leta ;
- gutabara abantu bageramiwe canke bari mu maganya ;
- gucungera umutekano mu mabarabara yo mugihugu cose ;
- gukingira amakoraniro y'abanyagihugu mu gihe abo vyega babisavye, babitegetswe n'abarongoye intwari, canke igihe cose igiporisi kibonye ko bikenewe ;
- kubahiriza imirimo y'igiporisi c'inyamiramabi n'ico gucungera intwari ;
- gukingira amasentare ;
- gukinga no guhasha ububisha buteguriwe inyuma y'igihugu ;
- kugwanya iterabwoba ;
- kurondera ibiharuro vyerekana urugero rw'ubwicanyi no kubikoresha ;
- kwitaho igiporisi kigenga abinjira n'abasohoka, Itegeko rigenga abanyamahanga harimwo impunzi n'abatagira ubwene gihugu ;
- gucungera uruja n'uruza rw'abanyamahanga mu gihugu ;
- gukurikirana icungerwa ry'imbibe zo kw'isi, zo mu mazi no mu kirere ;
- gutanga impapuro z'inzira n'impusha zo kuba mu gihugu ;
- gukurikirana ivyo gukingira inzego ;
- gucunga no guherekeza imbohe ;
- gufashanya n'ubundi bushikiranganji vyega mu gukingira ibidukikije.

Igihimba ca 1

Imirimo ya komisariya nkuru y'igiporisi ijejwe umutekano hagati mu gihugu

Ingingo ya 19

Igiporisi kiraba umutekano hagati mu gihugu kijejwe gutsimbataza no kugarukana umutekano mu gihugu. Kiratangiriza ikintu cose cobangamira umutekano n'itekanoy'abanyagihugu.

Ingingo ya 20

Igiporisi kijejwe umutekano hagati mu gihugu kirubahiriza umutekano, kigatabara abanyagihugu igihe cose bikenewe, abageramiwe n'abari mu marira. Kirakingira amasentare, inyubakwa n'amatungo ya Leta. Kiracungera ibibanza n'amayira y'igihugu, kirafasha mu gukingira inzego.

Ingingo ya 21

Igiporisi kijejwe umutekano hagati mu gihugu kirafata inkozo z'ikibi zifatanywe itonga canke bariko barahigwa n'induru z'abanyagihugu kikazishikira igiporisi c'inyamiramabi kugira gitohoze. Kirahiga inkozo z'ikibi zironderwa zigashikirizwa abategetsi babijejwe.

Ingingo ya 22

Bisabwe n'abacamanza, igiporisi kijejwe umutekano wo hagati mu gihugu kirafasha guhagarikira abashikirizamanza n'abacamanza kikabakingira ubukozo bw'ikibi bwobabuzakurangura neza imirimo ya bo Kirubahiriza ingingo zafashwe n'ubutungane.

Ingingo ya 23

Bisabwe n'uwujewe intwari, igiporisi kijejwe umutekano wo hagati mu gihugu kirafasha mu kwubahiriza amabwirizwa n'amategeko kijejwe gushira mu ngiro. Mu gihe c'imyiyerekano y'abanyagihugu, ico giporisi kirahaseruka kigafasha bisabwe n'uwujewe intwari abicishije mu nzandiko.

Ariko rero mu gihe c'imyiyerekano itarekuwe, igiporisi kijejwe umutekano wo hagati mu gihugu kirakora ibikenewe kitarindiriye uruhusha mu nyuma kigahaza kikabimenyesha umutegetsi wo hejuru mu giporisi n'uw'intwari.

Ingingo ya 24

Igiporisi kijejwe umutekano wo hagati mu gihugu kirashwiragiza, atawugitegetse canke bisabwe n'umutegetsi vyega, akarwi kitwaje ibirwanisho canke katavyitwaje kaje kugira gatere, gasahure, kanzaganye ibintu vya barundi, kageramire ubuzima bw'abantu, kabuze ishigwa mu ngiro ry'amategeko canke ry'urubanza, canke iy'iyindi ingingo iyari yoyose ifashwe n'umutegetsi abifitiye uburenganzira.

Kirashwiragiza kandi akarwi k'abantu kose ata birwanisho kitwaje kagizwe kandi abaporisi batabirekuye.

Ingingo ya 25

Igiporisi kijejwe umutekano wo hagati mu gihugu kiracungera umutekano ku mabarabara mu gihugu cose, kiraraba ibijanye vyose n'ukurenga amategeko y'ibarabara, kikagira ivyegeranyo kikongera kikamenyesha ivyo cashitseko abashikirizamanza, kiratanga n'uruhusha rwo kugendesha imodokari n'amapikipiki.

Ingingo ya 26

Igiporisi kijejwe umutekano wo hagati mu gihugu kirakingira amakoraniro y'abanyagihugu iyo bavyisabiye, abashinzwe intwari bagitegetse canke conyene kibonye bikenewe.

Igihimba ca 2

Imirimo ya komisariya nkuru y'igiporisi c'inyamiramabi

Ingingo ya 27

Igiporisi c'inyamiramabi kijejwe kurondera abakoze ivyaha hisunzwe ibwirizwa mpanavyaha, kikegeranya ivyerekana ko bakoze ivyaha hanyuma kikabishikira ubushikirizamanza.

Ingingo ya 28

Igiporisi c'inyamiramabi kijejwe gukinga no guhasha ivyaha bikorerwa mu bihugu bitandukanye.

Gihagarariye mu gihugu Ishirahamwe mpuzamakungury'igiporisi gihasha ububisha (INTERPOL).

Ingingo ya 29

Igiporisi c'inyamiramabi kiriga kigashiraho ibiharuro vyerekana urugero ububisha bugezeko mu gihugu cose, kikavyegeranya kandi kikabikoresha mu bushakashatsi bwo guhasha ubwo bwicanyi, haba mu gihugu hagati canke mu mahanga.

Ingingo ya 30

Igiporisi c'inyamiramabi kirashira mu ngiro ibisabwa n'ubutungane, kiratanga impapuro zerekana ko umuntu yigeze gukurikiranwa n'ubutungane.

Ingingo ya 31

Inyamiramabi zikorana n'inzego z'ubutungane zisunga amategeko agenga ingene zikorana n'abashikirizamanza mu kwiga amadosiye ajanye n'ivyimanza. Mu vy'ubutungane bahabwa amategeko n'abashikirizamanza babarongoye hubahirijwe amategeko.

Ingingo ya 32

Uretse amabanga gihabwa n'iri bwirizwa, Igiporisi c'inyamiramabi kiguma gifise amabanga, ububasha, n'imirimo bitegekanijwe mu gitabu c'amategeko agenga itohoza n'iburanishwa ry'imanza zijanye no guhana ivyaha.

Igihimba ca 3

Imirimo ya komisariya nkuru y'igiporisi kijejwe gucungera ikirere, imbibe n'abanyamahanga

Ingingo ya 33

Igiporisi kijejwe gucungera ibirere, imbibe n'abanyamahanga citwararika amategeko aigenga ivy'uruja n'uruza hamwe n'ayagenga abanyamahanga, impunzi n'abatagira ubwenegihugu. Kiragenzura kandi uruja n'uruza rw'abanyamahanga mu gihugu gifashanije n'abashinzwe intwari.

Ingingo ya 34

Igiporisi kijejwe ivyo gucungera ibirere n'abanyamahanga kiracungera kikongera kikagenzura uruja n'uruza rw'abantu mu gihugu cose baciye kw'isi, mu kirere canke mu mazi; kiratanga impapuro z'urugendo n'impusha zo kuba mu gihugu vy'agateganyo.

Igihimba ca 4

Imirimo ya komisariya nkuru y'igiporisi c'amabohero

Ingingo ya 35

Igiporisi c'amabohero gifise ibanga ryo kwakira, kwandika mu gitabu no gucunga abanyororo.

Kiracungera amabohero n'uburaro bw'abaporisi mu kwigizayo ico cose coshobora guhungabanya umutekano mu mabohero.

Ingingo ya 36

Igiporisi c'amabohero gishinzwe kandi guherekeza abanyororo.

Kirafashanya cane n'ubutegetsi bujejwe intwari mu mabohero.

IKIGABANE CA V

ITUNGANYWA RY'IGIPORISI C'IGIHUGU

Ingingo ya 37

Igiporisi c'igihugu gitwarwa n'Umushikiranganji ajejwe umutekano w'abanyagihugu. Gikoresheya kandi kigahabwa amategeko n'Umuyobozi mukuru n'icegera ciwe bafashijwe n'abakomiseri bakuru.

Ingingo ya 38

Ubuyobozi bukuru bushira mu ngiro amategeko y'Umushikiranganji ajejwe igiporisi c'igihugu mu ntumbero ya politike ya Leta.

Ingingo ya 39

Ubuyobozi bukuru bw'igiporisi c'igihugu burafise inzego nshingwantwari, niz'ubuhinga kugira igiporisi kirangure neza amabanga ya co.

Leta iritwaririka ko igiporisi c'igihugu kironswa uburyo bukwiye kugira gikore neza.

Ingingo ya 40

Mu kurangura amabanga yaco y'igiporisi c'inyamiramabi abagize igiporisi c'igihugu bahabwa amategeko n'abashikirizamanza kandi bagakora hisunzwe ingingo zidasanzwe zo mu gitabo c'amategeko agenga itohoza n'iburanishwa ry'imanza z'ivyaha.

IKIGABANE CA VI

UGUTANGA AKAZI N'UKWIGISHA ABAPORISI B'IGIHUGU

Ingingo ya 41

Igiporisi c'igihugu kirimwo abarundi bose.

Ingingo ya 42

Ivy'ugutanga akazi mu giporisi c'igihugu bigirirwa ku mugaragaro ku gatwe k'umuntu abishatse, afise inguvu n'ubwenge bikwiye, imigenzo myiza n'ubushobozi bw'akazi bisabwa, hakitwararika yuko imirwi y'abanyagihugu yose iserikirwa bikwiye.

Ntihazobora guhabwa akazi canke kugumizwa mu giporisi c'igihugu umuntu wese yakoze ubwicanyi bw'ihonyabwoko, ivyaha vyo mu ndwano n'ivyaha vy'agahomerabunwa bikorerwa ikiremwa muntu, itembagazwa ry'ubutegetsi, ukurenga ibwirizwa shingiro n'ayandi mateka yose yubahiriza ikiremwa muntu.

Ingingo ya 43

Abagize igiporisi c'igihugu bararonka inyigisho z'akazi n'ubuhinga bijanye n'akazi bajewe, inyigisho zo gukunda igihugu, izijanye no gutsimbataza amahoro, inyifato mu ntwaro rusangi ishingiyiye ku migambwe myinshi, agateka ka zina muntu n'amateka agenga ingwano.

Ingingo ya 44

Abitegurira kuba intwazangabo bigishirizwa muri Kaminuza y'igiporisi.

Ibisongerezi vy'intwazangabo vyigishirizwa mw'ishure ryabo.

Abaporisi batobato bigishirizwa mu bigo vyabigenewe.

Urutonde rw'ivyigwa rushirwaho n'Itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe igiporisi c'igihugu mu mabanga yiwe.

Ingingo ya 45

Ibisabwa mu kwinjira mu rwego rwose rw'igiporisi c'igihugu, nk'amashure akenewe, bitomorwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe igiporisi c'igihugu mu mabanga yiwe.

Ingingo ya 46

Harashobora guhabwa akazi abakozi bafasha bagatorwa hisunzwe ubumenyi bafise n'ibikenewe kugira igiporisi c'igihugu gikore neza. Bagengwa n'amategeko ngenderwako y'igiporisi c'igihugu.

Ingingo ya 47

Mu kurangura imirimo yiwe, umuporisi ashobora gukoresha inguvu mu gihe conyene agomba gukurikirana itumbero ibereye idashobora kurangurwa hadakoreshejwe ubwo buryo.

Ugukoresha inguvu kwose gutegerezwa kuba gufise ishingiro kandi kugereranye n'intumbero igomba gushikwako.

Ugukoresha inguvu kwose ntikuba umuporisi atabanje kugabisha uwo azikoresheko.

Ingingo ya 48

Mu gihe co gushinga igiporisi c'igihugu, harakosorwa ibitaranganiye mu kuringaniza ibitigiri baravye ivy'ubwoko, intara n'igitsina.

IKIGABANE CA VIII

INGINGO MFATAKIBANZA N'IZISOZERA

Ingingo ya 49

Mu gihe c'ishirwaho ryaco, igiporisi c'igihugu kigizwe n'abagifise imyaka y'akazi ijanye n'amategeko bavuye mu nzego z'igiporisi cahahora igiporisi kijejwe umutekano w'abanyagihugu, igiporisi c'inyamiramabi, igiporisi gicungera ikirere, imbibe n'abanyamahanga, abaporisi bo mubuyobozi bukuru bw'amabohero, intwaramiheto z'igihugu n'abahoze ari abarwanyo bo mu mihari bashize igikumu ku masezerano y'i Arusha y'amahoro no kunywanisha abarundi, amasezerano yo guhagarika intambara, n'abandi barundi bashaka kwinjira mu giporisi.

Ingingo ya 50

Kugira ingorane zihere n'ingoma mu bijanye no kurongora abandi, inyigisho zihuta za bamwe bamwe bacaguwe zizotunganywa kugira baronke ubumenyi bukwiye.

Izo nyigisho zokwisunga uburambe mu kazi n'izindi nyigisho zatanze imbere y'aho kuri bashasha binjijwe muri urwo rwego. Izo nyigisho zitangirwa mu mashure abigenewe yatowe yo mu gihugu canke yo hanze y'igihugu.

Ingingo ya 51

Mu kurindira ko hashingwa ayo mashure ategakanijwe mu ngingo ya 44 y'iri bwirizwa Ishure rikuru ry'igiporisi ribandanya ryigisha intwazangabo, ibisongerezi n'abaporisi batobato.

Ingingo ya 52

Abaporisi b'igihugu bafise amagarade atomorwa n'Itegeko ribagenga, havuyemwo abakozi babafasha.

Ingingo ya 53

Gutunganya amatungo y'igiporisi kijejwe umutekano w'abanyagihugu nay'igiporisi gicungera ibirere, imbibe n'abanyamahanga, bijewe ubuyobozi bukuru bw'igiporisi c'igihugu.

Ingingo ya 54

Gushika aho amategeko mashasha agenga inzego z'igiporisi azoshirirwa mu ngiro hakurikijwe iri bwirizwa, inzego zitandukanye z'igiporisi zose zizoba ziragengwa n'ingingo z'amategeko yari ahasanzwe.

Ingingo ya 55

Ingingo zose zari zihasanze kandi ziteye kubiri n'iri bwirizwa zirafuswe.

Ingingo ya 56

Iri bwirizwa ritangura kuja mu ngiro umunsi rishiriweko umukono.

2 Ntwarante 2006. – IBWIRIZWA n° 1/06 – Itegeko ngenderwako ry'abakozi b'igiporisi c'igihugu c'Uburundi.

(I.I.B., 2006, n° 3 ubwa kabiri, p. 98)

Menya neza

Iri bwirizwa rihuza amategako y'inzeho zitandukanye z'igiporisi c'Uburundi.

Rirafuta :

– Ibwirizwa n° 1/019 ryo ku wa 23 Kigarama 1999 ryerekeye amategako ngenderwako y'igiporisi gicungera ikirere, imbibe n'abanyamahanga ;
– Itegeko n° 100/168 ryo ku wa 12 Kigarama 1990 rigenga ibisongerezi vy'intwazangabo z'igiporisi kijejwe gucungera umutekano w'abanyagihugu ;
– Itegeko n° 100/098 ryo ku wa 18 Ruheshi 1991 rigenga abaporisi batobato bo mu giporisi kijejwe gucungera umutekano w'abanyagihugu ;
– Itegeko n° 100/184 ryo 9 Kigarama 1991 ;
– Itegeko n° 100/087 ryo 13 Ruheshi 1997 rigenga isubiramwo ryo gutunganya igiporisi gicungera ikirere, imbibe n'abanyamahanga.

URUTONDE RW'AMAJAMBO

Abakozi bo gufasha, 64
Abanga, 1, 12, 84
Agashirukabute, 55
Akaruhuko, 38, 39, 83
Amabanga y'akazi, 13
Amafaranga yo gufasha mu guhamba uwapfuye, 58
Amatati, 28
Ibitabangikanwa, 14, 86
Ifutwa, 9
Igihano, 65
Igikorwa, 38
Ikibujijwe, 13, 85, 86
Ikiringo co kwimenyereza mu kazi, 7
Ikosa ryo kwigenza nabi mu kazi, 65
Imiti n'ivyo vyose bigirirwa umurwayi, 60
Indahiro, 9, 10
Indishi, 54, 82
Inyigisho, 6, 25
Ipete, 30-36
Ishirahamwe riharanira inyungu z'abakozi, 13, 86
Kuba ataco ukora, 40
Kuduzwa :
– ipete, 7, 19, 22
– umushahara, 20
Neza vy'akarorero, 17
Sentare ica imanza zega leta, 18
Sentare nkuru isubiramwo imanza, 72
Sentare nkuru y'igihugu, 72
Sentare ntahinyuzwa, 72
Sentare, 72
Uburambe mu kazi, 77
Uburenganzira, 1, 11
Ubushirukabute bw'abakozi, 56
Ubutwari, 17, 24

IKIGABANE CA I

INGINGO NKURU NKURU

Ingingo ya 1

Iri bwirizwa rigenga abakozi bose bo mu giporisi c'igihugu.

Rirashinga amategako yisungwa mu gutanga akazi, ivyo umukozi afitiye uburenganzira n'ivyo ategerezwa, imirimo itabangikanywa, ukurambira mu kazi, ingene imishahara n'uturusho bitunganiye hamwe n'ingene abakozi b'igiporisi c'Uburundi bigenze mu kazi.

Ugucira umuntu igihano, 46
Uguhagarika akazi, 13, 86
Uguhagarika amasezerano, 87
Uguhagarikwa :
– biciye mu ngingo ifashwe n'umukoresha, 7
– mu bikorwa, 38, 42

Uguhagarikwa mu kazi igihe gitoya, 87

Uguhana ikosa, 68

Uguhanwa :

– kubera amakosa, 66
– kubera icaha, 68

Ugukatwa umushahara, 66, 87

Ugukugwa burundu, 46, 51, 66, 71

Ugukukuruka, 46, 52, 53, 59

Ugukura mu kazi, 46

Ugukurikirana umwuga, 37, 46

Ugukurikiranwa, 71

Ugusaba ico watswe canke warengaijweko, 69, 70

Ugusinzikaza ubuzima bwa kiremwa muntu, 13

Ugutanga ikidari, 63

Ugutanga imihoho, 46, 50

Ukubangira mu bikorwa, 38, 43

Ukudashobora akazi, 44-46, 48, 49

Ukuduza umukozi hataragera, 23

Ukugabisha, 66, 87

Ukugena, 8

Ukugerageza, 76

Ukurungikwa gukora ahandi, 27, 37, 38, 41

Ukutanga amanota :

– ibisabwa, 21
– ingene bigenda, 16
– ukwanka, 18
– urugero, 17
– urupapuro rw'amanota, 15, 16

Ukuziganiriza abakozi, 62

Ukwakwa indishi, 66

Ukwinjiza abakozi, 4, 76

Ukwirukanwa Burundi, 46, 47, 66

Ukwitwara ku rundi rwego, 18, 69, 70

Ukwitwarira umuntu mu butungane, 68

Ukwivuna, 67

Umukozi yagiraniye amasezerano n'umukoresha, 74

Umunyororo, 66

Umupfakazi, 61

Umurwi, 30-36

Umushahara, 26, 54, 81, 82

Umwambaro w'akazi, 2

Umwana, 58, 60

Urupapuro rw'umutsindo, 25

Urufu, 46, 57, 58

Ingingo ya 2

Igiporisi c'Uburundi ni igiporisi gifise umwambaro w'akazi.

Umwambaro n'ibindi bimenyetso vyose biranga abaporisi bitomorwa n'Itegeko.

Menya neza

Raba Itegeko nshikiranganji n° 4215/417 ryo ku wa 4 Ndamukiza 2005.

Ingingo ya 3

Igiporisi c'Uburundi kigizwe na :

- abaporisi b'intwazangabo ;
- abaporisi b'ibisongerezi vy'intwazangabo ;
- abaporisi batobato.

Hariho kandi n'abakozi bakorera mu giporisi binjiye baje bava mu bundi buzi bwa Leta hamwe n'abandi bakorera ku masezerano bagiriranye n'umukoresha.

IKIGABANE CA II

GUTANGA AKAZI HAMWE N'IKIRINGO CO KWIMENYEREZA MU KAZI

Igihimba ca 1 Ukwinjiza abakozi

Ingingo ya 4

Ibisabwa mu kuronka akazi ku murwi wose ugize igiporisi c'Uburundi nk'ubumenyi bukenewe, bishingwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe umutekano mu gihugu.

Igikorwa co kwinjiza abakozi mu kazi gitegerezwa kwisunga icipfuzo c'uko intara zose z'igihugu ziserukirwa. Uwuhabwa akazi ategerezwa kuba ari umurundi.

Ingingo ya 5

Akazi k'igiporisi gahabwa abarangije amashure asabwa yemewe n'amategako. Abakozi batari abaporisi bafise ubumenyi bushobora kugirira akamaro urwo rwego, barashobora kuronka akazi mu giporisi c'Uburundi bagaca bagengwa n'iri bwirizwa.

Ingingo ya 6

Kugira ngo umuntu agire umwuga mu kazi k'igiporisi, ategerezwa kuba yaramenye inyigisho yahawe :

- ijanye n'ukuba intwazangabo y'igiporisi ku murwi w'intwazangabo ;
- ijanye n'ukuba igisongerezi c'intwazangabo ku murwi w'ibisongerezi vy'intwazangabo ;
- ijanye n'ukuba umuporisi asanzwe ku murwi w'abaporisi basanzwe.

Igihimba ca 2 Ikiringo co kwimenyereza mu kazi

Ingingo ya 7

Harategakanijwe ikiringo co kwimenyereza mu kazi c'amezi cumi n'abiri hamaze gutangwa inyigisho z'igiporisi zerekeye intwazangabo, igisongerezi c'intwazangabo n'umuporisi asanzwe. Ico kiringo kiraharugwa mu kuduga amapete mu gihe ukwimenyereza kwashimishije.

Ingingo ya 8

Mu gihe yamenye, intwazangabo iragenwa burundu n'Itegeko ry'Umukuru w'igihugu, igisongerezi kigenwa burundu n'Itegeko nshikiranganji hanyuma umuporisi asanzwe nawe akagenwa n'ingingo y'umuyobozi mukuru w'igiporisi c'Uburundi.

Ingingo ya 9

Ikiringo co kwimenyereza mu kazi kirangiye, intwazangabo yose y'igiporisi c'Uburundi irarahira imbere y'Umukuru w'igihugu ivuga iti :

« Ndarahiye ko nzokwama ngamburukira Umukuru w'igihugu ngasonera amabwirizwa n'amategako yose y'Uburundi ».

Ingingo ya 10

Intwazangabo yose y'igiporisi c'Uburundi ifise ububasha bw'inyamiramabi irahira ibicishije mu rwandiko imbere y'Umushikiranganji w'ubutungane.

IKIGABANE CA III

IVYO ABAPOLISI BAFITIYE UBURENGANZIRA HAMWE N'IVYO BATEGEREZWA, AMABANGA ATABANGIKANYWA N'IBIBUJWE

Ingingo ya 11

Uwuri mu giporisi c'Uburundi aronswa ibi bikurikira :

a) umushahara uko ukweze gutashe ;

b) imfashanyo ya Leta ku vyerekeye ibikoresha mu makomisariya canke aho bakorera ari benshi mu vyerekeye amazi n'amatare ku bisongerezi vy'intwazangabo n'abaporisi basanzwe. Iyo mfashanyo ifise igitigiri ntarengwa iyo ihabwa intwazangabo hakurikijwe umurwi umwe umwe wese arimwo ishingwa n'Umushikiranganji w'umutekano mu gihugu ari kumwe n'Umushikiranganji w'ikigega ca Leta ;

c) kuvurwa no kuronswa imiti irishwe na Leta, maze bikaba uko no ku wo bubakanye, ku bana biwe batarakwiza imyaka yo kwigenga be n'abafatwa nka bo ;

d) kwiga mu mashure asanzwe canke y'imyuga canke muri za kaminuza z'igihugu canke zo mu bindi bihugu umwe umwe wese mu vyo ashoboye mu gihe hari uburyo kandi mu gihe bikenewe. Bahejeje, bahabwa umutsindo ujanye n'ivyo bize ;

e) uburarahakurikijwe Itegeko nshikiranganji n'Umushikiranganji w'umutekano n'Umushikiranganji w'ikigega ca Leta ;

f) iteka ry'urugero rw'Umushikiranganji n'igitabu c'inzira c'icubahiro iyo ari umukomiseri ;

g) agashimwe k'amafaranga iyo ahejeje akazi kiwe kangana n'amezi ane y'umushahara uba waharuwe ataco bakuyemwo kindi mugabo hatibagiwe ingingo ya 46, uturungo a, d, e na g tw'iri bwirizwa ;

h) kworoherezwa na Leta mu vyerekeye kuronka ideni ryo kwubaka inzu ya mbere yo kubamwo ;

i) kurahirwa ideni risigaye na Leta kuri iyo nzu nyene mu gihe nyene guhabwa ideni yapfuye kandi abasigwa bakayigumamwo igatinda ikabegukira ;

j) akaruhuko buri mwaka, akaruhuko kajanye n'ivyamushikiye, akaruhuko ko gushirwa ku rugero rubereye, akaruhuko arindirirambwo akandi kazi be n'akaruhuko kajanye n'ineza ya bose ;

k) akaruhuko kajanye n'ivyashitse mu muryango ku biraba umurwi w'abaporisi basanzwe hakurikijwe amategako abishinga ;

l) akaruhuko kajanye n'ukuja gukora igikorwa c'ubuhinga ahandi iyo ari intwazangabo canke igisongerezi c'intwazangabo ;

m) akaruhuko ko kuvyara gahabwa abakenyezi.

Ingingo ya 12

Uwuri mu giporisi c'Uburundi ategerezwa gukora nk'ibi bikurikira :

a) gukorera igihugu ciwe adahemuka kandi yitanga no kwama yitwararika gushira imbere ya vyose inyungu z'igihugu ;

b) kurangura we nyene ubwiwe n'umutima wiwe wose amabanga ashinzwe, gukora ivyo abamukurira biwe bose bamutegetse kiretse ibitajanye n'ineza y'akazi, no gufashanya n'abandi mu kazi iyo bikenewe ku neza y'akazi ;

c) kwisonera n'ukwitonda imbere y'abamukurira, abo bangana, abo nawe akurira n'imbere y'abantu bose ;

d) kwirinda, haba mu kazi canke mu buzima bwiwe busanzwe, ico cose cotuma atacizigirwa n'abanyagihugu, gitukisha canke gicafuza akazi akora ;

e) kumenya amabwirizwa y'igihugu, amategako n'ingingo zose zifatwa bijanye n'ivyo ategerezwa, ingene bishirwa mu ngiro n'ingene avyubahiriza ;

f) gutuma harwanywa kandi hahanwa ibigirwa bitajanye n'amategako, ukutitaho amategako canke ibikorwa harenzwe

amabwirizwa n'amategeko haba ku kazi canke ahandi afatiye ku bubasha afise ;

g) kwubaha no kwubahiriza ibwirizwa shingiro, amabwirizwa n'amategeko y'igihugu ;

h) kutavugira hejuru ku kazi, no kwitanga mu kazi ;

i) kurondera, kwiga neza no gushikiriza inkuru zose zikenewe zerekeye politike, imibano n'ubutunzi zofasha Leta mu kuronka inkuru no mu bikorwa vyayo ;

j) kwitwararika, mu vyo afatiye ububasha, kubungabunga umutekano, mu gihugu n'inyuma y'igihugu ;

k) kubungabunga ivyubatswe be n'ibikoresho vya Leta ashinzwe canke ajejwe gukingira ;

l) gufasha bimwe biboneka abategetsu bashinzwe kubungabunga umutekano ;

m) gutabara uwo wese ageramiwe ;

n) kwitwararika kubungabunga umutekano, mu vyo afatiye ububasha ;

o) kwitwararika ko umutambukanyi wiwe atokora akazi gatuma haba intambanyi mu kazi ajejwe.

Umushikiranganji ashinzwe umutekano aratomora mw'Itegeko ashingira imirimo ishobora kuba intambanyi muri ako kazi.

Ingingo ya 13

Uwuri mu giporisi c'Uburundi arabujijwe :

a) gukora ibinyuranye n'amabwirizwa be n'amategeko n'ibihungabanya umutekano canke bisambura igihugu ;

b) kuja mu mirwi ifise intumbero yo kugira mwene ivyo bikorwa ;

c) guhagarika akazi canke gufadikanya n'abashaka kugira ivyotuma akazi gahagarara ;

d) gusaba canke kwemera wenyene canke abicishijwe mu zinda nzira akarusho ako ariko kose kajanye n'ivyo akazi ari ku kazi canke atari ku kazi ;

e) kumena amabanga y'akazi mu gihe cose akigakora mbere n'iyi atakigakora ;

f) kugira igikorwa kitabangikanywa n'akazi ashinzwe ;

g) kwemera canke kurondera ivyo vyose bituma yoroherezwa gusumba abandi ;

h) kwitwaza akazi akora kugira ntiyishure imyenda yiwe canke ayiheberwe ;

i) kuja mu migambwe canke mu mashirahamwe aharanira ivya politike canke kwerekana icese aho ahagaze mu vyerekeye politike ;

j) kuja mu mashirahamwe aharanira inyungu z'abakozi ;

k) gusinzikaza ubuzima bwa kiremwa muntu.

Ingingo ya 14

Ibitabangikanywa n'akazi k'igiporisi ni ibi :

a) amabanga ya politike atuma akazi k'igiporisi kadakorwa neza bishimishije ;

b) igikorwa cose gituma akazi k'igiporisi kadakorwa neza ;

c) kuba mu bagize urwego canke inzego zirongoye amashirahamwe y'abikorera utwabo, ay'ubudandaji, canke amahinguriro afitanye isano n'akazi k'igiporisi kiretse inzego ziserukira inyungu za Leta muri ayo mashirahamwe yigenga ;

d) kugira inyungu zituma akazi k'igiporisi kadakorwa neza canke zituma umuporisi atigenga mu kazi ngo akore neza biturutse ko aba ari mw'ishirahamwe ryigenga canke aba arongoye ishishirahamwe tutarinze kuraba uko riba ritunganyijwe kwose canke uko ryitwa canke hari ivyo arizemwo.

IKIGABANE CA IV

AMANOTA N'UKUDUZWA AMAPETE MU KAZI

Igihimba ca 1

Amanota

Ingingo ya 15

Umuporisi wese araronka amanota mu kazi uko umwaka utashe maze agakonganirizwa ku rupapuro rumwe rwerekana ingene akora, umwimbu wiwe n'uko ashobora gutera intambwe mu kazi, ubuntu bumuranga n'ingene yigenza mu kazi. Amanota aronka ni ifatiro ihambaye uwumutwara akorerako.

Ingingo ya 16

Ingene umukozi aronka amanota n'imero y'urupapuro rw'amanota bitomorwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe umutekano.

Ingingo ya 17

Amanota umukozi w'igiporisi c'Uburundi ayahabwa mu buryo butomowe mu mirwi y'amanota ikurikira :

– « Neza vy'akarorero » : ni hagati y'amanota 90 na 100 % ;

– « Neza cane » : ni hagati y'amanota 80 na 89 % ;

– « Neza » : ni hagati y'amanota 60 na 79 % ;

– « Bibayabaye » : ni hagati y'amanota 50 na 59 % ;

– « Bidakwiye » : ni amanota adashika 50 % ;

Umukozi w'igiporisi c'Uburundi aronse amanota ari mu murwi « Bidakwiye » kabiri canke gatatu « Bibayabaye » aca yirukanwa mu kazi ata kindi gisabwe ariko urwego rushinzwe gutohozwa ibiverekeye rwabanye kugira icyo rushikirije ku vyega intwazangabo. Igihe naho ari igisongerezi c'intwazangabo canke umuporisi mutoyi, urwego rujejwe kuraba ingene abaporisi bigenze mu kazi ruragira icyo rubivuzeko imbere y'uko icyo ngingo ifatawa.

Ingingo ya 18

Mu gihe nyene kuronka amanota atayashimye, aca yitwara ku rwego rukurikira mu kiringo c'iminsi indwi kuva ashikirijwe urwandiko rw'ayo manota. Ataronse inyishu mu kiringo c'iminsi mironko itatu, aca yitura sentare ica imanza zega Leta.

Igihimba ca 2

Ukuduzwa mu kazi

Ingingo ya 19

Abakozi b'igiporisi c'Uburundi baduga mu kazi mu buryo bubiri :

– ukudugirizwa umushahara ;

– ukudugirizwa amapete.

Ingingo ya 20

Ukudugirizwa umushahara ni ukwongererezwa umushahara uko umwaka utashe bafatiye ku wo umukozi aherako guhembwa. Uwo mushahara wongerwako, utangwa kuva mu kwezi kwa mbere kw'umwaka.

Ingingo ya 21

Ingene amanota atangwa bitomorwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe umutekano. Ibice vy'amafaranga yongerezwa uko umwaka utashe bishingwa hakurikijwe amategeko agenga abakozi ba Leta.

Ingingo ya 22

Ukudugirizwa amapete ni uguha umukozi w'igiporisi c'Uburundi akazi kisumbuye akaba adugijwe ipete riruta iryo yahorana. Murico gihe, nyene kuduzwa ipete ategerezwa :

– kuronka amanota ari mu murwi « Neza vy'akarorero » ;

– kuronka amanota ari mu murwi « Neza cane » imyaka ibiri ikurikirana ;

– kuronka rimwe amanota ari mu murwi « Neza cane » na kabiri amanota ari mu murwi « Neza » imyaka itatu ikurikirana.

Yamara rero, kugira ngo umuntu yungururizwe mu mirwi itegekanijwe n'ingingo ya 32 vyemezwa n'Umushikiranganji ajejwe umutekano mu gihugu iyo abona ko bikenewe.

Ingingo ya 23

Umuporisi wese ahamagariwe kurangura amabanga aruta ayo yari asanganywe, barashobora kumuduza ipete atari bwashikire kubera ko yakozwe ibishimishije cane.

Ingingo imuduza ipete ifatwa n'Umukuru w'igihugu ku vyerekeye intwazangabo, Umushikiranganji vyega ku vyerekeye ibisongerezi vy'intwazangabo hamwe n'umuyobozi mukuru ku vyerekeye abaporisi batobato.

Ingingo ya 24

Bishikirijwe n'Umushikiranganji ajejwe umutekano mu gihugu, umurwi ubishinzwe umaze kugira icyo ubivuzeko, ibisongerezi vy'intwazangabo birashobora kuduga mu murwi w'intwazangabo, iyo bakoze ibishimishije cane.

Barashobora kuduzwa amapete babanje kumenya inyigisho n'ukwimenyereza bigenewe intwazangabo.

Ingingo ya 25

Bishikirijwe n'Umushikiranganji ajejwe umutekano mu gihugu, ibisongerezi vy'intwazangabo birashobora kuja mu murwi w'intwazangabousanzwe mu gihe bamenye inyigisho zigenewe intwazangabo harimwo n'igihe c'ukwimenyereza mu kazi.

Barashobora kandi kuja muri uwo murwi mu gihe baronse urupapuro rw'umutsindo rw'inyigisho za kaminuza rwemewe n'Umushikiranganji w'indero mu gihugu.

Ingingo ya 26

Ukudugirizwa ipete gutanga uburenganzira bwo kuronka umushahara utangwa kuri iryo pete ashitseko. Iyo uwo vyega amaze gushikira umushahara ungana canke uruta umushahara utangwa n'ipete canke akazi yaronse, aca aronka, bafatiye ku mushahara baharako utangwa n'ipete rishasha yaronse, akarusho kangana amafaranga yongewe umwaka utashe incuro zose zikenewe kugira aronke ubwo nyene umushahara usumba umwe yari ageze ku mw'ipete riheruka.

Ingingo ya 27

Kw'igenekerezo rya mbere ry'ukwezi kwa Kigarama buri mwaka, umuyobozi mukuru w'igiporisi aragira urutonde rw'ingene abaporisi b'igihugu baduze amapete akarushikiriza Umushikiranganji abijejwe kugira avyemeze.

Ingingo ya 28

Amatati yose yadutse mu vyerekeye kudugirizwa umushahara canke amapete atorerwa inyishu n'umutegetsi mukuru akurikira uwatanze amanota canke igihano vya mbere.

Ingingo ya 29

Abakozi barungitswe na Leta gukora mu giporisi bavuye ahandi bafise gusa uburenganzira bwo kudugirizwa umushahara uharuwe hakurikijwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 21, ya 22 n'ya 26 z'iri bwirizwa.

IKIGABANE CA V

IMIRWI Y'ABAPOLISI N'AMAPETE

Igihimba ca 1

Imirwi y'abapolisi

Ingingo ya 30

Abaporisi bari mu mirwi ikurikira :

– umurwi w'abaporisi b'intwazangabo ugizwe n'intwazangabo zisanzwe, intwazangabo nkuru n'abakomiseri ;

– umurwi w'abaporisi b'ibisongerezi vy'intwazangabo ;

– umurwi w'abaporisi batobato.

Ingingo ya 31

Duhereye ku wufise ipete ritoyi gushika ku wufise ipete rikuru, umurwi w'intwazangabo ugizwe n'amapete akurikira :

– intwazangabo y'igiporisi yo ku rugero rwa 3 : OP3 ;

– intwazangabo y'igiporisi yo ku rugero rwa 2 : OP2 ;

– intwazangabo y'igiporisi yo ku rugero rwa 1 : OP1 ;

– intwazangabo nkuru y'igiporisi yo ku rugero rwa 3 : OPP3 ;

– intwazangabo nkuru y'igiporisi yo ku rugero rwa 2 : OPP2 ;

– intwazangabo nkuru y'igiporisi yo ku rugero rwa 1 : OPP1 ;

– intwazangabo y'igiporisi yo hejuru yo ku rugero rwa 3 : OPC3 ;

– intwazangabo y'igiporisi yo hejuru yo ku rugero rwa 2 : OPC2 ;

– intwazangabo y'igiporisi yo hejuru yo ku rugero rwa 1 : OPC1 ;

– komiseri w'igiporisi : CP ;

– komiseri w'igiporisi mukuru : CPP ;

– komiseri w'igiporisi wo hejuru : CPC .

Ingingo ya 32

Intwazangabo y'igiporisi yo ku rugero rwa 3, urwa 2, n'urwa 1 be n'intwazangabo y'igiporisi nkuru yo ku rugero rwa 3 ni intwazangabo zisanzwe.

Intwazangabo y'igiporisi nkuru yo ku rugero rwa 2, iyo ku rugero rwa 1, intwazangabo y'igiporisi yo hejuru yo ku rugero rwa 3, n'yo ku rugero rwa 2 ni intwazangabo nkuru.

Intwazangabo y'igiporisi yo hejuru yo ku rugero rwa 1, komiseri w'igiporisi, komiseri mukuru na komiseri w'igiporisi wo hejuru ni abakomiseri.

Ingingo ya 33

Duhereye ku wufise ipete ritoyi gushika ku wufise ipete rikuru, umurwi w'ibisongerezi ugizwe n'amapete akurikira :

– igisongerezi c'intwazangabo c'igiporisi ku rugero rwa 3 : BP3 ;

– igisongerezi c'intwazangabo c'igiporisi ku rugero rwa 2 : BP2 ;

– igisongerezi c'intwazangabo c'igiporisi ku rugero rwa 1 : BP1 ;

– igisongerezi c'intwazangabo c'igiporisi gikuru ku rugero rwa 3 ;

– igisongerezi c'intwazangabo c'igiporisi gikuru ku rugero rwa 2 ;

– igisongerezi c'intwazangabo c'igiporisi gikuru ku rugero rwa 1 ;

– igisongerezi c'intwazangabo c'igiporisi yo hejuru ku rugero rwa 3 ;

– igisongerezi c'intwazangabo c'igiporisi yo hejuru ku rugero rwa 2 ;

– igisongerezi c'intwazangabo c'igiporisi yo hejuru ku rugero rwa 1 ;

Ingingo ya 34

Duhereye kuri mutoyi, umurwi w'abaporisi batobato igizwe n'amapete akurikira :

– umuporisi ari mu cicaro ca gatatu : AP3 ;

– umuporisi ari mu cicaro ca kabiri : AP2 ;

– umuporisi ari mu cicaro ca mbere : AP1 ;

– umuporisi mukuru wo mu cicaro ca gatatu : APP3 ;

– umuporisi mukuru wo mu cicaro ca kabiri : APP2 ;

– umuporisi mukuru wo mu cicaro ca mbere : APP1 ;

– umuporisi wo hejuru mu cicaro ca gatatu : APC3 ;

– umuporisi wo hejuru mu cicaro ca kabiri : APC2 ;

– umuporisi wo hejuru mu cicaro ca mbere : APC1.

Ingingo ya 35

Intwazangabo yo mu giporisi c'igihugu c'Uburundi irungitswe mu giporisi c'inyamiramabi aca aronka ububaha bw'intwazangabo yo mu giporisi c'inyamiramabi.

Ingingo ya 36

Intwazangabo zongerwa amapete n'Umukuru w'igihugu abisabwe n'Umushikiranangijwe ajejwe umutekano.

Ibisongerezi vyongerwa amapete n'Umushikiranangijwe ajejwe umutekano abisabwe n'umuyobozi mukuru w'igiporisi c'igihugu c'Uburundi.

Abaporisi batobato bongerwa amapete n'umuyobozi mukuru abisabwe n'umukuru abijejwe.

IKIGABANE CA VI AKAZI N'IHERA RYAKO

Igihimba ca 1

Akazi

Ingingo ya 37

Akazi k'umuporisi w'igihugu c'Uburundi gatangura umunsi yinjira mu kazi.

Umuntu avuye mu kandi kazi akaja gukorera mu giporisi c'igihugu c'Uburundi ntatsimbatare mu giporisi c'igihugu c'Uburundi. Ater'imbere mu kazi k'inkomoko.

Ingingo ya 38

Uwuri mu ba porisi b'igihugu c'Uburundi ategerezwa kuba ari muri kimwe muri ibi bikurikira :

- a) kubikorwa ;
- b) mukaruhuko ;
- c) mw'ihagarikwa mu bikorwa vy'akazi ;
- d) mugutumwa mu kandi kazi ;
- e) muruhusha rwo kubangira mu kazi.

Ingingo ya 39

Buri mwaka wose w'akazi, umukozi wese wo mu giporisi c'igihugu c'Uburundi arafise uburenganzira bw'akaruhuko k'iminsi mirongo ibiri n'itanu y'akazi.

Arashobora kufata ako karuhuko mu bice ashaka mu mwaka ariko ntarenza bitatu mu mwaka. Vyongeye, araronka akaruhuko gatanga na muganga, k'ubuvyeyi iyo ari umukenyezi, akaruhuko gafatiye ku vyoba vyamushikiye, akaruhuko gahabwa abahinga bagaye gukoresha ubwo buhinga bwabo ahandi, akaruhuko aronka arindiriye gusubizwa mu kandi kazi, akaruhuko kerekereye ivy'umuryango, akaruhuko ko gukora ibikorwa vy'igihugu nk'uko bitegekanijwe n'itegeko ry'Umushikiranangijwe w'umutekano.

Ingingo ya 40

Umuporisi w'igihugu arashobora gushirwa mu murwi w'abadashoboye kurangura akazi bivuye ku ngwara canke ubumuga, hakisungwa icegeranyo cagizwe n'umurwi w'abaganga. Ivyo bigirwa n'umutegetsi afise ububasha bwo kugena.

Ingingo ya 41

Uwuri mu giporisi c'igihugu arashobora kurungikwa canke, kwimurirwa mu zindi nzego z'akazi ka Leta. Atera imbere mu kazi hisunzwe amategako yo mu kazi k'inkomoko.

Iyo ikiringo categekanijwe kumara aho yarungitswe kirangiye, umukozi afise uburenganzira bwo gusubira mu kazi yahoramwo kandi agaca aherwako mu kuronsa aho akorera.

Ingingo ya 42

Kubangira bitangwa ku mukozi :

a) kugira agende gukarisha ubwenge aha canke mu mahanga bisabwe n'akazi canke kugira abandanywe igice c'ivyigwa canke

c'ugukarisha ubwenge mu mwanya wose bigirirwa mu Burundi canke mu mahanga, mu kiringo c'amezi 18 n'imiburiburi ;

b) kubera atarashobora gukora neza kandi yari ahejeje akaruhuko gatanga na muganga k'amezi atandatu imbere yuko aruhutswa.

Ingingo ya 43

Uwuri mu giporisi c'igihugu c'Uburundi ahagarikwa mu kazi :

- a) mu kiringo cose aba ari mu gihano yaciriwe n'ubutungane co gupfungwa ;
- b) iyo yafatiwe ibihano bijanye n'akazi ;
- c) mu gihe yasivye akazi mu buryo butajanye n'amategako mu kiringo kirenza iminsi mirongo itatu.

Ingingo ya 44

Uwuri mu giporisi c'igihugu c'Uburundi yemejwe ko adashoboye akazi mu kiringo gito aronsa iruhande y'ikimwunganira n'indishi, ica kabiri c'umushahara wiwe gushika ku ngingo burundu ifashwe n'umurwi w'abaganga.

Afatwa gurtyo ikiringo kitarenza umwaka.

Ingingo ya 45

Iyo ubumuga bwo ku mubiri canke bwo mu mutwe bwemejwe burundu n'umurwi w'abaganga bwatwe n'ingwara canke impanuka z'akazi, umuporisi w'igihugu c'Uburundi aronka inshumbusho y'ubwo bumuga mu buzima bwiwe bwose ingana n'umushahara yari ageze umunsi uwo murwi w'abaganga ufata ingingo.

Igihimba ca 2

Ihera ry'umwuga

Ingingo ya 46

Ihagarikwa burundu ry'ibikorwa vy'umuporisi w'igihugu c'Uburundi rishika mu gihe :

- a) yirukanywe kuko yananiwe akazi mu kiringo co kukimenyereza ;
- b) kutagira amagara yo gukora bivuye ku ndwara canke ku bumuga ;
- c) atanze imihoho ;
- d) afatiwe igihano c'ugufungwa kiri hejuru y'amezi atandatu canke ibihano vyinshi vy'ugufungwa biteranijwe birenza amezi cumi n'abiri ;
- e) aruhukijwe ;
- f) akombowe canke yirukanywe ;
- g) ugukukuruka ;
- h) apfuye.

Ingingo ya 47

Ingingo y'ukwirukana umuporisi ku mvo z'uko yananiwe mu kiringo co kwimenyereza akazi ifatwa n'Umushikiranangijwe iyo vyerekeye intwazangabo ; n'umuyobozi mukuru ku gisongerezi be no ku muporisi mutoyi.

Ingingo ya 48

Umushikiranangijwe ajejwe umutekano ni we asaba Umushikiranangijwe w'amagara y'abantu kugira ngo ashinge umurwi w'ukwiga ko umuporisi w'igihugu afise ubumuga.

Ingingo ya 49

Umuntu bigaragaye ko atagishoboye kurangura akazi kiwe araruhutswa, aca ahabwa pansiyoni ivuye ku bumuga igahururwa hakurikijwe amategako akorehwa mu vyerekeye gutegekaniriza kazoza abakozi.

Ingingo ya 50

Gutanga imihoho ku muporisi bishoboka iyo abisavye mu rwandiko rutomora ko ashaka kuva mu kazi ubutacisubirako.

Kugirango bishoboke, iryo tanga ry'imihoho ritegerezwa kubanza kwemerwa.

Ingingo ya 51

Ingingo y'ugukombora canke y'ukwirukana umuporisi w'igihugu c'Uburundi ifatwa mu gihe :

– hibonekeje ikosa ry'inyifato mbi rikomeye nkuko bitegekanijwe mu mategeko ;

– atagarutse ku kazi iyo ikirimo c'ihagarikwa mu bikorwa vy'akazi kirangiye ;

– bigaragaye ko mu gihe c'iyinjizwa mu kazi umuporisi yatanze ivyemezo vyibinyoma ku bushobozi bwiwe. Muri icyo gihe ivyo bishikirizwa urwego rw'abacamanza bufise ububasha bwo kubikurikirana ;

– vyibonekeje ko adafise ubwenegihugu bw'abarundi ;

– mu gihe ataye akazi imbere y'uko aronka uruhusha rwo kubangira mu kazi.

Ingingo ya 52

Urugero rw'imyaka yo kurangirizako akazi rutegekanijwe uku gukurikira :

– komiseri : imyaka 60 ;

– intwazangabo zo hejuru : imyaka 55 ;

– intwazangabo zo hasi be n'ibisongerezi : imyaka 50 ;

– abaporisi batobato : imyaka 45.

Ibandanya ry'akazi mu kiringo c'umwaka gishobora kwongezwa rimwe gusa riratangwa mu gihe cose bikenewe uwo vyega abisavye.

Ikukuruka ritangazwa n'Umushikiranganji w'umutekano ku ntwazangabo be n'umuyobozi mukuru w'igiporisi c'igihugu c'Uburundi ku bisongerezi no kuba porisi batobato.

Ingingo ya 53

Umuporisi w'igihugu c'Uburundi arashobora gusaba gukururuka imbere y'igihe iyo amaze gukwiza imyaka cumi n'itanu y'akazi canke mu gihe yagize ubumuga hataragera bwabonywe n'umurwi w'abaganga.

Ingingo ibimwemerera ifatwa n'umutegetsi afise ububasha bwo kumugena.

IKIGABANE CA VII

IMISHAHARA, UDUSHIRUKABUTE, UTURUSH TW'AKAZHAMWE N'IMPERA Y'AKAZI

Igihimba ca 1

Imishahara hamwe n'udushirukabute

Ingingo ya 54

Abakozi b'igiporisi c'igihugu c'Uburundi baronka impembo irimwo umushahara w'ifatiro.

Iruhande y'uwo mushahara w'ifatiro, arashobora kuronka udushirukabute hamwe n'uturusho bikurikira :

– inshumbusho y'umuryango ;

– inshumbusho y'uwitavye imana ;

– inshumbusho y'uburaro ;

– inshumbusho y'igikorwa ;

– inshumbusho y'impanuka ;

– inshumbusho y'amabanga ajewe ;

– uturusho tw'ubuhinga afise.

Umushahara w'ifatiro, indishi n'uburusho bishingwa hakurikijwe Itegeko ry'Umukuru w'igihugu.

Ingingo ya 55

Uturusho n'udushirukabute tudasanzwe turashobora guhabwa umuporisi w'igihugu c'Uburundi tuvuye ku vyakora bidasanzwe

canke impanuka ziturutse ku kazi akora canke kurangura akazi aho adasanzwe arangurira imirimo canke hanze y'igihugu c'Uburundi.

Utwo turusho n'udushirukabute dushingwa mu buryo bumwe nk'iyi ngingo duhejeje.

Igihimba ca 2

Uturusho tw'akazi hamwe n'impera y'akazi

Ingingo ya 56

Iyo hashitse ikintu gituma umuporisi w'igihugu c'Uburundi ava mu kazi araronsa umushahara w'ukwezi kwose icyo kintu cashikiyeko.

Ingingo ya 57

Mu gihe umuporisi w'igihugu c'Uburundi yitavye Imana, abasigwa biwe bararonsa, iruhanda y'umushahara wo muri ukwo kwezi yitabiyemwo Imana, agashumbusho k'uwabuze kangana n'umushahara w'amezi ane udakuwemwo amakori n'ibindi.

Ingingo ya 58

Amafaranga y'ugushingura umuporisi w'igihugu, uwo bubakanye, abana biwe bazwi n'amategoko canke abana yemeye atabavyaye atangwa na Leta.

Ingingo ya 59

Mu gihe akukurutse kuko akwije imyaka, umuporisi w'igihugu aronsa umushahara w'amezi ane udakuwemwo amakori n'ibindi.

Intwazangabo yakukurutse, umukenyezi w'intwazangabo yitavye Imana, akora akazi canke yakukurutse hamwe n'impfuyi itarashikana imyaka y'ubwigenge akirezwe mu muryango, ararihirwa amazi n'amatare ku rugero rushingwa n'Itegeko nshikiranganji rishingwa n'Umushikiranganji w'umutekano be n'Umushikiranganji w'ikigega ca Leta.

Ingingo ya 60

Abari mu rwego rw'igiporisi c'igihugu, abakenyezi be n'abana babo barafise uburenganzira bwo kuvugwa no kuronsa imiti hisunzwe amategoko abitegekanya.

Ingingo ya 61

Umupfakazi w'umuporisi asubiye gushinga umuryango co kimwe n'abana barezwe mu muryango baca batakaza ubushirukabute butegekanijwe mu ngingo ya 59 na 60 yo muri iri tegeko.

Ingingo ya 62

Abari mu rwego rw'igiporisi c'igihugu baba abanywanyi b'amashirahamwe ategakanya kazoza k'abakozi bigizwe n'umukoresha wabo kandi bashirwa mu gitigiri c'abakozi bakora ubuzi bugoye kandi buruhisha burimwo impanuka nyinshi hisunzwe igitabu c'amategoko agenga itegakanywa rya kazoza k'abakozi.

Abari mu rwego rw'igiporisi c'igihugu barashobora kwinjira mu yandi mashirahamwe araba ivyo gutegekaniriza kazoza abakozi.

Ingingo ya 63

Mu gihe c'akazi kiwe, uwuri mu rwego rw'igiporisi c'igihugu arashobora kuronsa ibidari vy'iteka. Ingene batora ababikwiye, uburyo bukoreshwa, ibimenyetso boronsa hamwe n'impera zijanywe n'ico gikorwa bishingwa n'Itegeko ry'Umukuru w'igihugu.

IKIGABANE CA VIII INYIFATO MU KAZI

Igihimba ca 1

Ingingo nkuru nkuru

Ingingo ya 64

Umuporisi azorenga ibitegekanijwe muri iri bwirizwa, mw'irangurwa ry'amabanga yiwe canke ahandi, azoba akoze ikosa rihanwa n'amategoko y'akazi.

Ingingo ya 65

Amakosa afatwa nk'acye kubiri n'inyifato yo mu kazi n'aya akurikira :

– ukwanka Itegeko canke ukurangura igihe carenze Itegeko ryatanze ;

– ukudakurikiza amategako ajanye n'ivyerekana ko yubaha ;

– uguceregwa canke ugusiba ku kazi ata gituma camenyeshywe canke ugusohoka ata ruhusha ;

– kwonona ibikoresho yahawe canke gushira urwangara mu kubibungabunga ;

– ukwambara umwambaro utarekuwe canke utemewe n'amategako ;

– uguta akazi ;

– akaborerwe ku kazi ;

– ububeshi ;

– imvugo mbi be n'ibitutsi ;

– ugushigikirana mu makosa ;

– uguhuruduka be n'imvugo ibabaza ibwirwa umuto kuri we ;

– urwangara canke ugushirimwo ugushaka guke mw'irangurwa ry'ivyo ajejwe ;

– ukurangura nabi canke kutarangura ivyo wabwiwe vyose ;

– ukwishuza canke ukwunguruza kurimwo amajambo ashavuzwa canke atagira mvura ;

– ugushira isoni imbere y'abakuru.

Ibihano bitegekanijwe mu gitabu c'amategako mpanavyaha gisanze birakoresha ku bari mu rwego rw'igiporisi.

Amakosa y'inyifato mu kazi adategakanijwe muri iri tegeko ahanwa hisunzwe amategako ashizweho n'Itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe umutekano.

Ingingo ya 66

Duhereye kuri gito tuja kuri kinini, ibihano bijanye n'inyifato mbi mu kazi ni ibi :

1. gukebura ;

2. kugabisha ;

3. umunyororo uri hagati y'umunsi n'iminsi cumi n'itanu ku ba porisi batobato n'ibisongerezi hamwe n'ihagarikwa rikomeye ry'ico kiringo nyene ku ntawazangabo ;

4. kwakwa agashirukabute k'impanuka mu kiringo kitarenza ukwezi ;

5. gufatirwa igice c'umushahara mu kiringo kiri hagati y'iminsi itanu (5) na mirongo ibiri (20) itarenza ;

6. kubangira mu kazi biturutse ku nyifato mbi ;

7. ikomborwa canke iyirukanwa.

Igihimba ca 2

Ingendo yisungwa

Ingingo ya 67

Nta n'umwe ashobora gufatirwa ibihano bijanye n'uko yigenza mu kazi atabanje kumenyeshya ivyo yagirizwa kandi ngo yongere aronswe akaryo ko kwisigura.

Ingingo ya 68

Itohoza ryerekeye inyifato mu kazi rigirwa hatisunzwe itohoza ry'urubanza muri sentare, kiretse iyo iri ryanyuma ritegerezwa gutomorwa kugira irya mbere rije mu ngiro.

Batirengagije ibihano mpanavyaha, ikosa ryose rikorwa n'umukozi wo mu rwego rw'igiporisi c'igihugu rimukwegera ibihano bijanye n'inyifato mu kazi.

Ingingo ya 69

Umuporisi w'igihugu wese yahawe igihano kijanye n'inyifato mu kazi arashobora gusaba ifutwa ry'ico gihano akoresheje urwandiko mu kiringo c'iminsi umunani y'akazi uhereye kw'itariki yamenyeshyewe igihano, umutegetsi yagitanze afise nawe nyene iminsi umunani y'ukwishura.

Iyo bitamushimishije, arashobora, akoresheje urwandiko, kwitura umukuru atwara uwamuhaye igihano, mu minsi cumi n'ibiri, uyo mukuru nawe afise iminsi mirongo itatu y'ukwishura.

Mugabo, iyunguruza ntirishobora kurenga umukuru afise ububasha bw'ukugena mu mabanga.

Ingingo ya 70

Ukwishuza canke ukwunguruza kugirwa n'uwo vyega kandi bibwirizwa guhagarara ku mvo z'igihano gusa.

Ingingo ya 71

Mu gihe ari ikosa rijanye n'inyifato ku kazi rishobora gutuma hatangwa igihano c'uguhagarikwa mu kazi canke c'ugukomborwa burundu, ingingo yo kuba arahagaritswe mu kazi n'umukuru wiwe irashobora gufatwa.

Iyo naho akurikiranwa ku caha agafungwa vy'agateganyo, ingingo yo kuba arahagaritswe mu kazi kw'Itegeko ry'uwumutwara ica ifatwa ubwo nyene hisunzwe Itegeko ryavuzwe mu ngingo ya 73 y'iri bwirizwa.

Ikiringo c'iryo hagarikwa ntikirenza amezi atatu. Muri ico gihe, umuporisi yakoze iryo kosa, aronswe, havuyemwo uturusho tw'umuryango hamwe n'ishumbusho y'uburaro, ica kabiri c'umushahara. Iyo muri ico kiringo, amatohoza ataco yashitseko, iyo dosiye ica yubikwa kandi bakamububaza utwiwe.

Ingingo ya 72

Ivyaha bisanzwe bikozwe n'abari mu rwego rw'igiporisi c'igihugu birabwa n'ama sentare asanzwe.

Abakomiseri, intwazangabo zo hejuru hamwe n'intwazangabo zisanze zo mu giporisi c'igihugu bafise uburenganzira bwo gutunganirizwa n'inzego z'ubutungane zo hejuru, izo nazo ni sentare ntahinyuzwa ku bakomiseri, sentare nkuru isubiramwo imanza ku ntawazangabo zo hejuru be na sentare nkuru y'igihugu ku ntawazangabo zisanze.

Ingingo ya 73

Itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe umutekano riratanganya amategako agenga inyifato mu kazi y'abakozi bo mu rwego rw'igiporisi c'igihugu.

IKIGABANE CA IX

INGINGO ZIDASANZWE ZIKORESHWA BAKOZI BAFASHA MU GIPORISI C'IGIHUGU

Igihimba ca 1

Umutigiri, amapete hamwe n'imirimo

Ingingo ya 74

Abakozi bafasha mu giporisi c'igihugu bagengwa n'igitabu c'amategako y'akazi ku bagengwa n'amasezerano y'akazi be n'amategako y'ayo baje bava ku bandi. Bagizwe n'imitigiri ikurikira :

– umutigiri w'abayobozi ugizwe n'abafise impamyabushobozi ya kaminuza ;

– umutigiri w'abafasha ugizwe n'abafise impamyabushobozi y'igice ca mbere c'amashuri ya kaminuza hamwe n'abafise impamyabushobozi y'amashuri yisumbuye canke ayo bingana ;

– umutigiri w'ababwirizwa ibikorwa ugizwe n'abafise urupapuro rw'amashuri matomato ari muni y'ayisumbuye canke ayo bingana.

Ingingo ya 75

Duhereye hasi tuduga :

– umutigiri w'abayobozi urimwo ingazi zikurikira : D9-D8-D7-D6-D5-D4-D3-D2-D1 ;

– umutigiri w'abafasha urimwo ingazi zikurikira : C9-C8-C7-C6-C5-C4-C3-C2-C1 ;

– umutigiri w'ababwirizwabikorwa urimwo ingazi zikurikira : E9-E8-E7-E6-E5-E4-E3-E2-E1.

Igihimba ca 2

Iyinjiza mu kazi hamwe n'ukwimenyereza

Ingingo ya 76

Kugira umuntu yinjizwe mu kazi, ibisabwa ni ibi :

a) kuba ari umurundi ;

b) kiretse yarambitswe izera na sentare canke iyo yakozwe icaha atabishaka, kuba atigeze acirwa umunyororo w'amezi atandatu canke ibihano vyinshi bikwiza umunyororo w'amezi cumi n'abiri ;

c) kuba atigeze akomborwa mu kazi ka Leta, mu bucamanza, mu gisirikare canke mu giporisi ;

d) kuba afise urwandiko rwerekana ko afise inyifato be n'imigenzo vyiza ;

e) kuba afise ubumenyi buhagije kuri ako kazi asaba ;

f) kuba ufise urwandiko rwemeza ko ata ngwara agendana rwatanzwe n'umuganga yemewe n'amategeko ;

g) kumenya ikibazo catanzwe, bikenewe.

Ingingo ya 77

Ukurambira mu kazi kw'abaporisi bagengwa n'amasezerano gufatira ku bikurikira :

– ubumenyi yaronse kubera umwanya yamaze mu kazi ;

– akazi akora ;

– italiki yinjiriywe mu kazi ;

– urutonde rw'inomero z'akazi.

Itangwa rw'inomero z'akazi ku bagengwa n'amasezerano y'akazi rigirwa hisunzwe itariki batanguriyeko akazi.

Abagengwa n'amasezerano bafise umutigiri umwe w'inomer z'akazi.

Ingingo ya 78

Uwashimwe hakurikijwe ingendo yo kwinjizwa mu kazi aca aja ku rugero hisunzwe ivyo yamenyeye mu kazi. Ico yamaze mu kazi cemeza n'inzandiko ziteweke igikumu n'abahora bamukoresha. Abakuru b'igiporisi c'igihugu barafise uburenganzira bwo gutohozza neza ko izo nzandiko ari iz'ukuri.

Itegeko ry'Umushikiranganji w'umutekano niryo rishinga ingingo zikurikizwa mu kwinjiza abantu mu kazi.

Ingingo ya 79

Iyinjiza mu kazi riheze, uwashimwe atera umukono ku masezerano y'akazi arimwo ukwimenyereza kw'amezi atandatu. Iyo batamushimye mu kiringo co kwimenyereza, ayo masezerano aca ahagarikwa.

Igihimba ca 3

Itangwa ry'amanota n'iduzwa ry'amapete

Ingingo ya 80

Itangwa ry'amanota ni ngombwa ku mukozi wese yagiraniye amasezerano y'akazi n'igiporisi c'igihugu c'Uburundi.

Uburyo n'ingene amanota atangwa bikorwa hisunzwe ingingo za 15, 16, 17, 18, 19, 20, 21, 22, 23, 24, 25, 26, 27, 28 na 29 z'iri bwirizwa.

Igihimba ca 4

Agahembo, uturusho n'udushirikabute

Ingingo ya 81

Umukozi afitaniye amasezerano y'akazi n'igiporisi c'igihugu c'Uburundi arafise uburenganzira ku mushahara, ku turusho no kudushirikabute duteyekanijwe mu ngingo za 54, 55, 56, 57, 58, 59, 60, 61, 62, na 63 z'iri bwirizwa.

Ingingo ya 82

Umushahara uhagarikwa kumvo zikurikira :

a) ukutaboneka ku kazi ;

b) ugupfungwa kw'umukozi mu gihe kirenza amezi atandatu ;

c) uguharikwa ku kazi vy'imfatakibanza canke vy'agategekanyo kubera amakosa ;

d) irangurwa ry'ayandi mabanga y'igihugu canke ajanye n'ibisabwa umunyagihugu wese.

Ingingo ya 83

Umukozi afitaniye amasezerano n'igiporisi c'igihugu araronswa, uko umwaka utashe akaruhuko k'iminsi mironko ibiri n'itanu.

Araronswa kandi uturuhuko duturutse kumvo zititezwe, utwo turuhuko tugategerezwa guhurirana n'igitumye aturonka. Ntiduharurwa mu karuhuko gategekanijwe ku mwaka.

Mu gihe c'utwo turuhuko, aronswa udushirikabute nk'utwo aronswa ari ku kazi.

Igihimba ca 5

Amabanga ibitabangikanywa n'ibibujijwe

Ingingo ya 84

Umukozi afitaniye amasezerano y'akazi n'igiporisi c'igihugu c'Uburundi ategerezwa gukorera igihugu n'ukwitanga, ubuntu n'ubutwari hamwe n'umwumvikano ku bandi. Ategerejwe gukorera aho hose imvo z'akazi zibisaba.

Ategerezwa kwiyemeza kubahiriza uburenganzira n'umwidgegemvyo bitegekanijwe n'ibwirizwa shingiro n'amabwirizwa be n'inyungu z'abanyagihugu.

Ategerezwa kwirinda mu kazi canke mu buzima bwiwe ico cose giteye kubiri canke cotosekaza ubuntu, agateka, ubupfasoni n'umwizero bijanye n'imirimo ashinzwe.

Ingingo ya 85

vyaha kubijanye n'igiturire c'abakozi ba Leta birabujijwe ku mukozi afitaniye amasezerano y'akazi n'igiporisi c'igihugu c'Uburundi kwaka, gusaba canke kwakira we nyene canke ku wakirungikanywe naho hoba inyuma y'akazi ariko bijanye n'imirimo yiwe udushirikabute tudacye mu mategeko.

Ingingo ya 86

Birabujijwe kandi ku mukozi afitaniye amasezerano y'igiporisi c'igihugu c'Uburundi :

a) kwisuka mu bikorwa vyo kurwanya inzego n'ubutegetsi buhari canke mu bikorwa bitosekaza umutekano w'igihugu canke bisambura igihugu ;

b) kuvuga ivyo yamenye kubera akazi akora kandi vyategerezwa kuguma mw'ibanga mu gihe bimenyekanye bishobora guhungabanya umutekano wa Leta n'inyungu z'igihugu. Ibi biguma bibujijwe n'igihe amaze kuva mu mabanga yiwe ;

c) kuja mu mashirahamwe aharanira inyungu z'abakozi canke guhagarika akazi.

Igihimba ca 6

Ibihano, ihagarikwa ry'amasezerano no kwunguruza

Ingingo ya 87

Bivuye ku buremere bw'ikosa, ibihano bifatwa n'ibi bikurikira :

- ugukebura ;
- ukugabisha ;
- uguhagarikwa mu kazi ku minsi cumi itarenga ;
- ikatwa ry'igice c'umushahara mu minsi iva kuri itanu gushika kuri mirongo ibiri itarenga ;
- uguhagarika burundu amasezerano y'akazi.

Ingingo ya 88

Iruhande y'amakosa ategakanijwe mu ngingo ya 43 y'iri tegeko yotuma umuporisi akurwa mu kazi burundu, amakosa ahambaye akurikira arashobora gutuma umuntu yirukanwa mu kazi buno nyene :

- iyo umukozi asindiye imbona nkubone canke akifatira mu gahanga bimwe bikomeye abamutwara canke abo bakorana ;
- iyo atumye, abishaka, igiporisi c'igihugu c'Uburundi gitakaza ibintu canke akagiteza urubwa mu gihe c'ikurikizwa ry'amasezerano y'akazi n'aho hoba mu gihe yahagaritswe vy'agateganyo ;
- iyo, kubera urwangara rwiwe, ahungabanije umutekano w'igiporisi c'igihugu c'Uburundi, umutekano w'akazi, umutekano w'abakozi canke w'abandi bantu mu gihe akigengwa n'amasezerano y'akazi ;
- iyo yagiriye icaha co gutosekaza ubuzima bw'uwundi muntu.

Ingingo ya 89

Amatati ashobora kwaduka mw'ikurikizwa ry'amasezerano y'akazi zitaturwa zivyerereye ingingo zidasanzwe z'igitabo c'amategako agenga akazi.

IKIGABANE CA X

INGINGO MFATAKIBANZA N'ISOZERA

Ingingo ya 90

Kuva kw'iyemezwa ry'iri bwirizwa n'Umukuru w'igihugu, abagize urwego rw'igiporisi (PSP, PJP, PAFE, n'abakozi bo mubuyobozi bukuru bujewe ivy'amabohero), abakozi bahoze bari mu gisoda ca Leta n'abahoze bari abarwanyu baguma mu kazi iyo bafise imyaka iri muni canke ingana na :

- mirongo itanu n'itanu ku bakomiseri ;
- irongo itanu n'itanu ku ntwazangabo zo hejuru ;
- irongo itanu ku ntwazangabo zisanze no ku bisongerezi ;
- mirongo ine n'itanu ku ba porisi batobato.

Ingingo ya 91

Kuva iri bwirizwa rishizwe mu ngiro, amapete n'inomero z'akazi vy'abapoprisi bahoze mu giporisi kijejwe umutekano w'abanyagihugu, mu giporisi c'inyamiramabi, mu giporisi kiraba ingenzi n'abanyamahanga, abo mu buyobozi bukuru bw'amabohero, abinjye mu giporisi bavuye mu gisoda ca Leta be n'abaturuka mu migambwe n'imihari ya politike yahoze irwanya Leta ikoresheje ibirwanisho bitegerezwa kuroranishwa hisunzwe ingingo zivyerereye z'iri bwirizwa zunganiwe n'Itegeko ry'Umukuru w'igihugu.

Ingingo ya 92

Kuva iri bwirizwa rishizwe mu ngiro, abakozi bafitaniye amasezerano y'akazi z'igiporisi bakorera mu nzego zitandukanye z'igiporisi bashizwe mu mirwi no mu nzego uko zikurikirana kandi zitegakanijwe mu ngingo za 78 na 81 z'iri bwirizwa.

Ingingo ya 93

Ingingo za 5 na 6 ntiziraba abakozi b'igiporisi c'igihugu c'Uburundi basanzwe bari mu kazi ku muni iri bwirizwa ryemejwe n'umukuru w'igihugu.

Ingingo ya 94

Ingingo za 11 uturongo f na h, 15, 16, 17, 19, 20, 21, 45, 55 na 57 z'iri bwirizwa zitangura gukurikizwa kuva itariki 31 Kigarama 2004 ku bakozi b'igiporisi c'igihugu c'Uburundi bari mu kazi ku muni ryemejwe n'Umukuru w'igihugu.

Ingingo ya 95

Ingingo zose zahahora ziteye kubiri n'iri bwirizwa ryemejwe n'Umukuru w'igihugu.

Ingingo ya 96

Iri bwirizwa rija mu ngiro umuni ritangarijweko.

29 Mukakaro 2006. – ITEGEKO n° 100/157 – Ukuroranisha amapete y'abahoze bari mu giporisi kijejwe ikirere, imbibe n'abanyamahanga.

(I.L.B., 2006, n° 6, p. 709)

Ingingo ya 1

Amapete y'intwazangabo z'abaporisi bahoze bajejwe gucungera ikirere, imbibe n'abanyamahanga atunganijwe gushasha uku :

OPC2	OPC2
OPC3	OPC3
OPC1	OPC1
OPP2	OPP2
OPP3	OPP3
OP1	OP1
OP2	OP1
OP3	OP3

Ingingo ya 2

IBISONGEREZI VY'INTWAZANGABO

IPC1	BPC1
IPC2	BPC2
IPC3	BPC3
IPP1	BPP1
IPP2	BPP2
IPP3	BPP3
IP1	BP1
IP2	BP1
IP3	BP1

Ingingo ya 3

ABAPORISI BATOBATO

APC1	AP1
APC2	APC2
APC3	APC3
APP1	APP1
APP2	APP2
APP3	APP3
AP1	AP1
AP2	AP2
AP3	AP3

Ingingo ya 4

Igingo zose zari zihasanze ziteye kubiri n'iri tegeko zirafuswe.

Ingingo ya 5

Iri tegeko rija mu ngiro kuva igenekerezo rya 1 Mukakaro 2006.

29 Ruheshi 2006. – ITEGEKO RYA PEREZIDA n° 100/158 – Ukurorashya amapete y'abahoze bari mu giporisi kijejwe umutekano w'abanyagihugu bari mu giporisi gishasha c'igihugu.

(I.I.B., 2006, n° 6, p. 710)

Ingingo ya 1 INTWAZANGABO

IPETE RYA KERA	IPETE RISHASHA
OPC2	OPC2
OPC3	OPC3
OPP1	OPP1
OPP2	OPP2
OPP3	OPP3
OP1	OP1
OP2	OP2
OP3	OP3

Ingingo ya 2 IBISONGEREZI

IPETE RYA KERA	IPETE RISHASHA
BPPC1	BCP1
BPPC2	–
BPPC3	BPC2
BPC1	–
BPC2	BPC3
BPC3	–
BPP1	BPP1
BPP2	BPP2
BPP3	BPP3
BP1	BP1
BP1	BP2
BP3	BP3

Ingingo ya 3

ABAPORISI BATOBATO

IPETE RYA KERA	IPETE RISHASHA
APPC	APPC
APC	APC
APP	APP
AP1	AP1
AP2	AP2
AP3	AP3

Ingingo ya 4

Igingo zose zari zihasanze ziteye kubiri n'iri tegeko zirafuswe.

Ingingo ya 5

Iri tegeko rija mu ngiro kuva igenekerezo rya 1 Mukakaro 2006.

29 Mukakaro 2006. – ITEGEKO RY'UMUKURU W'IGIHUGU n° 100/159 – Ukurorashya amapete y'abahoze bari mu giporisi c'inyamiramabi ziri mu giporisi gishasha c'igihugu.

(I.I.B., 2006, n° 6, p. 711)

Ingingo ya 1

Amapete y'intwazangabo z'abaporisi b'inyamiramabi atunganyijwe gushasha uku :

CCP	OPC2
CPP	
CP	
OPC1	
OPC2	
OPC3	OPC3
OPP1	OPP1
OPP2	OPP2

Ingingo ya 2

Igingo zose zari zihasanze ziteye kubiri n'iri tegeko zirafuswe.

Ingingo ya 3

Iri tegeko rija mu ngiro kuva igenekerezo rya 1 Mukakaro 2006.

30 Gitugutu 2002. – ITEGEKO n° 100/164 – Amategako agenga ishure kaminuza ry'igiporisi.

Menya neza

Iri tegeko rikoreshwa mu ngingo za ryo zijanye n'ingene igiporisi gitunganywe bushasha muri kino gihe mu kurindira ko haboneka irindi tegeko rigenga ishure kaminuza ry'igiporisi.

URUTONDE RW'AMAJAMBO

Abandi bantu, 4
Agafashanyo, 30
Amafaranga agenewe ibisata vy'ubuzi, 39
Amafranga akoreshwa mu kiringo c'umwaka, 40
Amakonte, 42
Amategako y'ivyigwa, 17, 20-26
Amatungo, 1, 2
Ibijanye n'inyifato, 19
Icegeranyo, 43, 44
Iciyumviro, 1
Igisata :
– c'intworo n'ubutunzi, 5, 7
– c'inyigisho, 5, 6
Ihiganwa, 26
Ijwi riharugwa mu gufata ingingo, 14
Ikiringo c'amabanga, 4, 11
Imfatakibanza, 36
Impusha, 20
Indinganizo, 16
Ingabire, 33
Ingene ikintu gikora, 8
Inyigisho :
– mu bikorwa, 18, 22
– mu majambo, 18, 21
Inyigisho, 18, 21, 23

Ishirahamwe ry'igihugu ritegekaniriza kazoza abakozi, 31
Ishirahamwe ryo gufashanya, 31
Isoko, 38
Isuzuma, 37
Isuzuma, 44
Ivyakoreshejwe, 34, 36
Ivyarazwe, 23
Ivyinjira, 40
Ubugenduzi bukuru bw'ikigega ca Leta, 37
Ubuhera bwisangijwe, 20
Uburaro bw'abasirikare, 28
Uburyo, 32, 39
Ubutumwa, 2
Ubuyobozi, 4
Ubwigenge mu gutunganya ikigega, 1
Uguharura ibijanye n'ubutunzi, 35
Ugukukira, 1
Ugutanga imihoho, 15
Ukunganisha, 20
Ukwakira, 26
Ukwiye umuganyanya mu vyubutunzi, 33
Umunyeshure ariko arigira kuba umuporisi :
– igisongerezi c'intwazangabo, 21, 22
– intwazangabo, 18-20
– mutomuto, 23, 24
Umunywanyi, 9, 10
Umurwi w'ukwihweza, 19, 20, 22
Umusubirizi, 15
Umwigisha, 19
Urupapuro rw'umutsindo, 20, 22
Urupapuro rwemeza ubumenyi umuntu yaronse, 24
Urupfu, 15
Urwego nshigwantworo, 3, 9, 12, 40
Uwujewe kugenzura ikoresheya ry'amafaranga, 42-44

IKIGABANE CA I

IZINA, UBUTUMWA, ICICARO

Ingingo ya 1

Ishure ry'igihugu ry'igiporisi, » ENAPO » mu mpfunyapfunyo ryitwa « Ishure » ni ikigo ca Leta cigenga gisanzwe cemewe n'amategako, rifise amatungo n'ubwigenegere mu kwitunganya. rikukira ubushikiranganji bw'intworo yo hagati mu gihugu n'umutekano.

Ingingo ya 2

Ishure rishinzwe :

- gutanga inyigisho nshimikiro abitegurira kuba intwazangabo, ibisongerezi n'abaporisi batobato b'inzeho z'igiporisi zose ;
- gutanga inyigisho mu gihe c'akazi n'ugukarihiriza ubwenge abakozi bo mu giporisi.

Ingingo ya 3

Ishure rifise icicaro i Bujumbura. Kirashobora kwimurirwa cose canke igice mu kindi kibanza ico arico cose co mu gihugu, hisunzwe ingingo y'Umushikiranganji w'intworo yo hagati mu gihugu n'umutekano abanje guhanuza urwego nshigwantworo.

IKIGABANE CA II

ITUNGANYWA RY'INTWARO

Igihimba ca 1

Ubuyobozi

Ingingo ya 4

Ishure ry'igihugu ry'igiporisi ritunganywa iminsi yose n'umuyobozi agenywe n'itegeko ry'Umukuru w'igihugu bisabwe n'Umushikiranganji w'intworo yo hagati n'umutekano w'abanyagihugu ku kiringo c'imyaka ine gishobore gisubirwamo.

Umuyobozi aserukira ishure mu migenderanire y'ishure n'abandi bantu.

Ingingo ya 5

Ishure itunganijwe mu bisata bibiri :

- igisata c'inyigisho ;
- igisata c'intwano n'ubutunzi.

Abakuru b'ibisata bagenwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji w'intwano yo hagati mu gihugu n'umutekano bisabwe n'umuyobozi w'ishure.

Ingingo ya 6

Igisata c'inyigisho kijewe :

- kwiyumvira no gutunganya indinganizo z'inyigisho n'ugukarisha ubwenge ;
- gukora ibijanye n'inzu y'ububiko bw'ibitabu n'izindi nyandiko zose ;
- kugira ivyigwa n'ibikorwa vy'ingene itunganywa ry'igiporisi ryogenda hamwe n'ubushakashatsi.

Ingingo ya 7

Igisata kijewe intwano n'ubutunzi gishinzwe amabanga makuru makuru akurikira :

- gutunganya ibijanye n'abakozi ;
- gutegeka no gukurikirana ikoreshwa ry'amafaranga akoreshwa n'ishure ;
- ugukurikirana ikoreshwa ry'ibikoreshe hamwe n'ububiko bw'ishure ;
- ugutunganya ubutunzi n'ibindi vyerekeye amatati.

Ingingo ya 8

Ibisata vy'ubuzi bitunganijwe mu bice bishobora gukenerwa vyose. Ingene bitunganijwe bifatira ku mategeko ngendarwako y'ishure ry'igiporisi.

Igihimba ca 2

Urwego nshingwantwano

Ingingo ya 9

Ishure ry'igihugu ryigisha ivy'igiporisi rirongowe n'urwego nshingwantwano rugizwe n'abantu ndwi bakurikira :

- uwuserukira ubushikiranganji bw'intwano yo hagati mu gihugu n'umutekano ;
- uwuserukira ubushikiranganji bw'indero ;
- uwuserukira ubushikiranganji bw'ubutungane ;
- umuyobozi w'iryo shure ;
- uwuserukira inzego z'igiporisi ;
- uwuserukira abanyeshure ;
- uwuserukira abakozi.

Ingingo ya 10

Abagize urwego nshingwantwano bagenwa n'Itegeko ry'Umukuru w'igihugu babanje kwemezwa n'Umushikiranganji w'intwano yo hagati mu gihugu n'umutekano. Bamara ikiringo c'imyaka ine, ariko gishobora kwongerwa.

Ingingo ya 11

Harateguwe agashirukabute kajanye n'uyo murimo.

Ingingo ya 12

Rufatiye ku bisabwa n'Umushikiranganji w'intwano yo hagati mu gihugu n'umutekano, urwego nshingwantwano rurashinga imirimo y'ishure ry'igihugu ry'abaporisi.

Urwego rwemeza amategako ngenderwako y'ishure, integuro y'amategako agenga abakozi, amategako agenga ivyigwa hamwe n'amategako ajanye n'ugutunganya ikigega.

Urwego rwego rwihweza kandi ibijanye n'ukugurisha canke kugaba ubutunzi bw'ishure rukongera rugafata ingingo ku kibazo cose gitanzwe n'umuyobozi canke Umushikiranganji.

Ingingo ya 13

Urwego nshingwantwano rurategura amategako arugenga, rukayashikiriza Umushikiranganji w'intwano yo hagati n'umutekano ngo ayemeze.

Ingingo ya 14

Mu gihe bikenewe, urwego nshingwantwano ruratumira umuntu wese abishoboye ngo atange insiguro ku bintu biri ku rutonde rw'ivyigwa mu nama. Uwo muntu yatumiwe ntaja mu barekuriwe gufata ingingo.

Ingingo ya 15

Mu gihe mu bagize urwego nshingwantwano yitavye Imana, atanze imihoho canke atabishoboye, uwumushirira aca agenwa n'Itegeko ry'Umukuru w'igihugu, agaca arangiza ikiringo uwo asubiriye yari asigaranye.

IKIGABANE CA III

ITUNGANYWA RY'IVYIGWA

Igihimba ca 1

Itunganywa ry'inyigisho

Ingingo ya 16

Ibigize inyigisho vyerekeye cane cane, ivyigwa vya Kaminuza vy'ubuhinga n'ibindi vyigwa muri rusangi. Ivyo vyigwa bitomorwa n'amategako ateweke igikumu n'Umushikiranganji w'intwano yo hagati n'umutekano hamwe n'uw'indero.

Ingingo ya 17

Inyigisho zitegura intwazangabo, ibisongerezi vya bo, be n'abaporisi basanzwe birasuzumwa kenshi hisunzwe amategako agenga ivyigwa.

Ingingo ya 18

Inyigisho zabitegurira kuba intwazangabo zimara imyaka ine. Zigizwe n'ivyigwa vyanditswe mu majamba be n'inyigisho zo kwimenyereza akazi. Inyigisho zo mw'ishure n'izo zikwirikizwa hageze kugira imyimenyerezo ijanye n'ibishobora gushikira intwazangabo z'igiporisi mu kazi kazoza ka misi yose.

Ingingo ya 19

Umwaka wa kane w'ivyigwa urangiye, kiretse ibibazo bakora bandika n'ivyo batandika, mu biringo bibiri, abaporisi bitegurira kuba intwazangabo baragira ubushakashatsi bagategura n'igitabu basigura imbere y'umurwi ugizwe n'abigisha bahanitse.

Ingingo ya 20

Umuporisi yitegurira kuba intwazangabo yaronse amanota akwiye asabwa n'amategako ko aronsa urupapuro rw'umutsindo runganya agaciro n'urupapuro rw'umutsindo rutangwa n'urwo baronka bahejeje igice ca kabiri c'ishure kaminuza.

Ingingo 21

Inyigisho z'ibisongerezi vy'intwazangabo mu giporisi zimara imyaka ibiri zigizwe n'inyigisho zo mu bitabu n'izindi zijanye n'ivyo bazokora mu kazi.

Ingingo ya 22

Abitegurira kuba ibisongerezi vy'intwazangabo mu giporisi baronse amanota akwiye yemejwe n'amategako, baronsa urupapuro rw'umutsindo rw'igice ca mbere c'akazi.

Ingingo ya 23

Inyigisho zigenewe abaporisi bato bato zimara umwaka umwe kandi zigizwe n'ivyigwa vyo mw'ishure be n'imyimenyerezo ijanye n'akazi bazokora.

Ingingo ya 24

Abitegurira kuba abaporisi bato bato, iyo baronse amanota ategakanijwe n'umurwi w'abagisha be n'amategeko agenga ivyigwa mu giporisi baca baronswa urupapuro rwemeza ko bamenye.

Ingingo ya 25

Ibindi vyose bijanye n'inyigisho bitegekanijwe n'amategeko yerekeye ivyigwa.

Igihimba ca 2

Ingene abanyeshure bagigwa

Ingingo ya 26

Mu kwinjira mw'ishure ry'igiporisi, umunyeshure ategerezwa kuba yamenye ikibazo co kwinjira, categuwe hisunzwe amategeko y'ivyigwa.

Ingingo ya 27

Kugira umunyeshure yemererwe gukora ikibazo, ategerezwa gukwiza ibisabwa n'amategeko bikurikira :

- kuba ari umurundi ;
- kuba ufise imyaka iri hagati ya 18 na 25 ;
- kwerekana impapuro zerekana aho yize hisunzwe umurwi w'igiporisi yipfuzwa kwinjiramwo nk'uko bitegekanijwe ;
- kuba afise uburenganzira bwose bujanye n'amategeko ;
- kuba atigeze ahanishwa umunyororo amezi atandatu ;
- kwerekana urupapuro rugaragaza ko afise amagara meza rutangwa n'umuganga yemewe na Leta ;
- kuba atigeze yirukanwa mu nzego z'igisirikare, mu kazi ka Leta no mu bucuza ;
- kuba ari umusore kandi ukaguma uri umusore mu kiringo cose c'ivyigwa.

Ingingo ya 28

Abo banyeshure bose biga baba mu ndaro.

Ingingo ya 29

Abanyeshure bose bakiriwe mw'ishure ry'igihugu riramura abaporisi, bagengwa n'amategeko yanditswe mu gitabo c'amategeko ngenderwako yo mw'ishure ry'igiporisi c'igihugu.

Ingingo ya 30

Mu kiringo cose bazoba bariko bariga, abanyeshure bararonswa agahembo gategekanijwe n'ingingo y'Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu n'umutekano.

Ingingo ya 31

Abanyeshure bo mw'ishure ry'igihugu riramura abaporisi n'abanywanyi mw'ishirahamwe ry'igihugu ritegekaniriza kazoza abakozi n'ishirahamwe ryo gufashanya mu kuvuza abakozi ba Leta, mbere n'amashirahamwe nk'ayo ategakanijwe n'amategeko.

IKIGABANE CA IV

ITUNGANYWA RY'UGUHARURA IBIJANYE N'UBUTUNZI

Ingingo ya 32

Uburyo n'ubutunzi bw'ishure ry'igihugu riramura abaporisi bukomoka ku mfashanyo itangwa na Leta bugashyirwa hakurikijwe Itegeko rigenga amafaranga azokoresheka na Leta ku mwaka.

Ingingo ya 33

Uburyo buronswa iryo shure (ENAPO) bushobora kuba bwavuye :

– mu mfashanyo, ingabire, n'ayandi mahera bibanje kwemezwa n'Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu n'umutekano ;

– mu mahera avuye mw'igurishwa ry'ibikoreshe bishaje ;

– mu mahera avuye mu bikorwa bizana inyungu mu kigega c'igiporisi.

Ingingo ya 34

Amafaranga ishure ryigisha abaporisi rikoreshe atunganyijwe gurtya :

– ayakoresheka mu kazi ka misi yose ;

– ayakoresheka mu kugura n'ukubungabunga ibikoreshe ;

– aguhemba abakozi, gutanga agafashanyo k'abanyeshure, n'ibijanye n'ukubabeshaho ;

– amafaranga ajanye n'ugukarisha ubwenge mu kazi ;

– amafaranga yo kugura ibikoreshe vya nkenerwa.

Ingingo ya 35

Itunganywa ry'ikigega c'iryo shure gikorwa hisunzwe amategeko y'umugambi w'igihugu yo guharura ibisohoka n'ivyinjira, hagakurikizwa kandi amategeko agenga ikoresheka ry'uburyo bw'ishure nk'uko bisabwa mu ingingo ya 12 y'iri tegeko-bwirizwa.

Ingingo ya 36

Amafaranga yose asohoka birekwe n'umuyobozi w'ishure hamwe n'umukuru ajejwe igisata c'intwari n'ubutunzi. Mu gihe umuyobozi atariho, asubirizwa n'uko baganye ngo abe imfatakibanza. Umukuru ajejwe intwari n'ubutunzi nawe asubirizwa n'umunyabigega.

Ingingo ya 37

Itunganywa ry'ubutunzi bw'iryo shure risuzumwa n'ubugenduzi bukuru bw'ikigega ca Leta.

Ingingo ya 38

Itangwa ry'amasoko yo gukora ibikorwa canke kugura ivyo ishure rikeneye, yisunga amategeko agenga itunganywa ry'amasoko ya Leta.

Ingingo ya 39

Ishure ritegerezwa kugurura ikonte yayo mw'ibanki ya Republika y'Uburundi. Kuri iyo konte ni ho hashirwako amafaranga Leta iha ishure hamwe n'ayandi ishure rironka mu bundi buryo.

Ingingo ya 40

Buri mwaka, umuyobozi w'ishure aragira integuro y'amafaranga azokoresheka n'ayazokwinjira akayishikiriza urwego nshingwantwari kugira Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu n'umutekano kugira ngo ayemeze. Ayo mafaranga atangura gukoresheka Itegeko rigenga amafaranga Leta izokoresheka ku mwaka rimaze kwemezwa n'inama nshingamateka.

Ingingo ya 41

Ikiringo ishure riharurirwa mu gukoresheka mafaranga gitangura ku wa 1 Nzero gushika ku wa 31 Kigarama uko umwaka utashe.

Ingingo ya 42

Amakonte y'ishure agenzurwa n'umucungerezi w'amatungo atorwa n'Umushikiranganji w'ikigega ca Leta, akazobirangura mu gihe c'inyaka itatu, ashobora kw'iyongeza. Agahembo kiwe gashyirwa n'urwego nshingwantwari.

Ingingo ya 43

Uko umwaka utashe, umucungerezi w'amakonte aragira icegeranyo ihinyuzwa ry'ayo makonte. Aragira n'ico avuze kw'itunganywa ry'amatungo n'amafaranga ishure rikoresheka agaca agira ico ahanuye cose kikenewe kugira habe itunganywa ribereye rya vyo. Ico cegeranyo gica gishikirizwa Umushikiranganji w'ikigega ca Leta, umukuru w'inama nshingwantwari be n'umuyobozi w'ishure rya Leta ry'igiporisi.

Ingingo ya 44

Umucungerezi w'amakonte arashobora igihe ico arico cose mu mwaka, gukora ihinyuzwa n'icungerwa abona ko bikenewe agaca agira icegeranyo kibigenewe agaca agishira abategetsi babifitiye ubushobozi. Arashobora kurondera insiguro n'itohozwa ryose ku bikorwa n'amakonte y'ishure.

IKIGABANE CA V INGINGO ZISOZERA

Ingingo ya 45

Abakozi b'ishure rya Leta ryigisha abaporisi bagengwa n'amategako ngenderwako abigenewe ashingwa n'itegeko ry'Umushikiranganji w'intwaro yo hagati n'umutekano w'igihugu.

Ingingo ya 46

Izindi ngingo zose zari zihasanze ziteye kubiri n'iri tegeko zirafuswe.

Ingingo ya 47

Umushikiranganji w'intwaro yo hagati mu gihugu n'umutekano ni we ajejwe gushira mu ngiro iri tegeko rikurikizwa kuva ritereweke umukono.

27 Nyakanga 2007. – ITEGEKO RY'UMUKURU W'IGIHUGU n° 100/276 – Ritunganya amabanga n'ingene ubuyobozi bukuru bw'Igiporisi bukora.

(I.L.B., 2007, n° 9, p. 1606)

Umukuru w'igihugu ;

Yihweje Ibwirizwa nshingiro rya Republika y'Uburundi ;

Yihweje Itegeko ry'Umukuru w'igihugu n° 1/025 ryo ka 13 Myandagaro 1989 risubiramwo itangwa ry'inyigisho mu Burundi ;
Yihweje ibwirizwa n° 1/014 ryo ku wa 7 Mukakaro 1999 risubiramwo itunganywa ry'itangwa ry'impapuro z'umutsindo za kaminuza mu Burundi ;

Yihweje ibwiriza n° 1/023 ryo ku wa 31 Kigarama 2004 ryerekeye ishingwa, itunganywa, amabanga, abagize igiporisi n'ingene gikora ;

Yihweje ibwirizwa n° 1/06 ryo ku wa 2 Ntwarante 2006 rishinga amategako ngenderwako y'abakozi b'igiporisi ;

Asubiyemwo Itegeko ry'Umukuru w'igihugu n° 100/164 ryo ku wa 21 Munyonyo 2005 risubiramwo itunganywa ry'Ubushikiranganji bujejwe intwaro yo hagati mu gihugu n'umutekano ;

Asubiyemwo Itegeko ry'Umukuru w'igihugu n° 100/164 ryo ku wa 21 Munyonyo 2005 risubiramwo itunganywa ry'Ubushikiranganji bujejwe intwaro yo hagati mu gihugu n'umutekano ;

Yihweje Itegeko nshikiranganji n° 610/945 ryo ku wa 10 Mukakaro 2003 rishinga indinganizo y'inyigisho za Kaminuza muri ENAPO ;

Abigiriwe inama n'Umushikiranganji w'intwaro yo mu gihugu hagati n'umutekano ;

Inama nshikiranganji imaze kuvyemeza ;

Arategestse :

IGICE CA I IBISABWA BIKURU BIKURU

IKIGABANE CA 1 INGINGO NKURU NKURU

Ingingo ya 1

Ubuyobozi bukuru bw'Igiporisi c'Uburundi burongowe n'umuyobozi mukuru afashwa n'icegera c'umuyobozi mukuru, bose bakagenwa n'itegeko ry'Umukuru w'igihugu, abigiriwe inama n'Umushikiranganji afise Igiporisi mu vyo ajejwe.

Ingingo ya 2

Intwaro yo hejuru y'ubuyobozi bukuru igizwe na :

- ibiro bidasanze ;
- imirwi idasanze ;
- ibiro vy'ubuhinga ;
- komisariya ishinze inyigisho.

Ingingo ya 3

Intwaro yegerejwe abanyagihugu y'ubuyobozi bukuru igizwe na :

- abakomiseri b'abakarere ;
- ivyegera vy'abakomiseri b'akarere ;
- abakomiseri b'intara ;
- ivyegera vy'abakomiseri b'intara ;
- ibirindiro ;
- ibirindiro bitoyi ;
- ibisata vy'inyigisho zamaho harimwo : ikigo kaminuza c'inyigisho z'Igiporisi, ishule y'ababrigadiye n'ibiro vy'ukwigisha abapolisi.

IGICE CA II INTWARO YO HEJURU

IKIGABANE CA 1 IBIRO BIDASANZE

Ingingo ya 4

Ibiro bidasanze birongowe n'umukuru w'ibiro.

Bigizwe n'umurwi w'abahanuzi hamwe n'umunyamabanga.

Ingingo ya 5

Umurwi w'abahanuzi ugizwe n'abantu nk'aba bakurikira :

- umuhanuzi ajejwe umutekano ;
- umuhanuzi ajejwe ivy'amategako ;
- umuhanuzi ajejwe isuzumwa n'igenzurwa igiporisi cigirira ubwaco ;
- umuhanuzi ajejwe ugufashanya mu giporisi ;
- umuhanuzi ajejwe ibinyamakuru, n'imigenderanire n'abandi.

Ingingo ya 6

Umukuru w'ibiro bidasanze agenwa n'itegeko ry'Umukuru w'igihugu amushikirijwe n'Umushikiranganji afise Igiporisi mu vyo ajejwe. Itunganywa n'amabanga y'ibiro bidasanze bishingwa n'itegeko nshikiranganji.

Ingingo ya 7

Abahanuzi b'umukuru w'ibiro bidasanze bagenwa n'itegeko nshikiranganji bashikirijwe n'umuyobozi mukuru w'Igiporisi.

IKIGABANE CA 2 ITUNGANYWA, AMABANGA N'INGENE IBIRO VY'UBUHINGA BIKORA

Ingingo ya 8

Ibiro vy'ubuhinga vy'ubuyobozi bukuru ni nk'ibi bikurikira :

- ibiro vy'intwaro n'amahera ;
- ibiro vy'iperereza, inzandiko zibikwa n'ihanahanwa ry'amakuru ;
- ibiro vy'inyigisho z'akazi, ibikorwa vy'igiporisi n'itumatumanako ;
- ibiro bitunganya ivya nkenerwa ;

- e. ibiro bitunganya ibikorwa vy'imibano ;
- f. ibiro bijewe amagara ;
- g. ibiro bijewe informatike ;
- h. ibiro vy'inyigisho z'amashengero ;
- i. ibiro vy'iyigwa n'itegurwa ry'imigambi ;
- j. ibiro bishinzwe imirwi idasanzwe.

Ingingo ya 9

Ibiro vyose bijewe umukuru w'ibiro afashwa n'icegera, bose bakagenwa n'Itegeko ry'Umukuru w'igihugu bamushikirijwe n'Umushikiranganji afise igiporisi mu vyo ajejwe.

Ingingo ya 10

Abakuru b'ibiro bategekwa ubwo nyene n'umuyobozi mukuru w'igiporisi.

Ingingo ya 11

Amabanga, itunganywa n'ingene ibiro vy'ubuhinga bikora bishingwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji afise igiporisi mu vyo ajejwe.

IKIGABANE CA 3

ITUNGANYWA, AMABANGA N'INGENE AMAKOMISARIYA MAKURU AKORA

Ingingo ya 12

Amakomisariya makuru arongowe n'abakomiseri bakuru bafashwa n'ivyegera, bose bakagenwa n'Itegeko ry'Umukuru w'igihugu abashikirijwe n'Umushikiranganji afise igiporisi mu vyo ajejwe.

Ingingo ya 13

Amakomisariya makuru avuzwe mu ngingo iherukiweko ni aya akurikira :

- komisariya nkuru y'igiporisi c'umutekano wo hagati mu gihugu ;
- komisariya nkuru y'igiporisi c'ikirere, imbibe n'abanyamahanga ;
- komisariya nkuru y'igiporisi c'inyamiramabi ;
- komisariya nkuru y'igiporisi c'amabohero.

Ingingo ya 14

Abakomiseri bakuru bafasha ubuyobozi bukuru mw'irangugwa ry'amabanga y'igiporisi c'umutekano wo mu gihugu hagati, igiporisi c'inyamiramabi, igiporisi c'amabohero n'igiporisi c'abinjira n'abasohoka mu gihugu.

Ingingo ya 15

Amakomisariya makuru atunganijwe mu makomisariya yo hejuru, amabanga yayo, itunganywa n'ingene akora bigashingwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji afise igiporisi mu vyo ajejwe.

IKIGABANE CA 4

KOMISARIYA IJEJWE INYIGISHO

Ingingo ya 16

Komisariya ijejwe inyigisho ikora itekwa ubwo nyene n'umuyobozi mujuru w'igiporisi, igashingwa kwiyumvira, gusegura n'ugushira mu ngiro amapolitike n'imigambi mikuru irabakure y'inyigisho z'itangurirwo n'izibandanya z'igiporisi ijejwe kuma uko bikorwa.

Ingingo ya 17

Komisariya ijejwe inyigisho ifise ibisata vy'ubuzi n'ibigo bitatu vy'inyigisho :

- Ikigo kaminuza c'igiporisi, ISP mu mpfunyapfunyo, cigisha intwazangabo z'igiporisi ;

- Ishule ryababrigadiye b'igiporisi, EBPO mu mpfunyapfunyo, yigisha aba brigadiye b'igiporisi ;

- Ikigo cigisha abapolisi, CI mu mpfunyapfunyo.

Ingingo ya 18

Komisariya ijejwe inyigisho irongowe n'umukomiseri agenwa n'Itegeko ry'Umukuru w'igihugu amushikirijwe n'Umushikiranganji afise igiporisi mu vyo ajejwe.

Ingingo ya 19

Itunganywa n'ingene komisariya y'inyigisho ikora bishingwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji afise igiporisi mu vyo ajejwe.

Igihimba ca 1

Ikigo kaminuza c'inyigisho z'igiporisi (ISP)

Ingingo ya 20

Ikigo ISP kirongowe n'umuyobozi afashwa n'icegera, bose bakagenwa n'Itegeko ry'Umukuru w'igihugu abashikirijwe n'Umushikiranganji afise igiporisi mu vyo ajejwe.

Ingingo ya 21

Umuyobozi w'ikigo ISP akora atekwa ubwo nyene na Komiseri ajejwe inyigisho, akarorandisha ibikorwa vyose harimwo nk'inyigisho z'inyuga n'iza kaminuza z'abashaka kuba intwazangabo mu giporisi, hamwe n'inyigisho zihabwa abasanzwe bari mu kazi n'ugukarahiriza ubwenge abakozi bakuru b'igiporisi.

Ingingo ya 22

Mu kurangura amabanga yabwo, ubuyobozi bufashwa n'inama y'ubuyobozi, abayigize, amabanga yayo n'ibikorwa bigashingwa n'ingingo ifatwa n'umuyobozi mukuru w'igiporisi.

Ingingo ya 23

Ubuyobozi bw'ikigo ISP butunganijwe mu bisata vy'ubuzi, itunganywa n'ingene bikora bigashingwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji afise igiporisi mu vyo ajejwe.

Abakuru b'ibisata bagenwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji, abashikirijwe n'umuyobozi mukuru.

Ingingo ya 24

Indinganizo z'inyigisho kaminuza n'urupapuro rw'umutsindo rutangwa mu mpera z'inyigisho bishingwa n'Itegeko rifatiwe hamwe n'abashikiranganji bafise igiporisi n'indero mu vyo bajejwe, hisunzwe amategako akurikizwa avyerekeye.

Indinganizo z'inyigisho z'inyuga n'urupapuro rw'umutsindo rutangwa inyigisho zihaze bishingwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji afise igiporisi mu vyo ajejwe.

Ingingo ya 25

Ipete ry'uwushaka kuba intwazangabo mu giporisi mu gihe akiriko ariga rishingwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji afise igiporisi mu vyo ajejwe.

Imfashanyo y'ukwiga y'uwushaka kuba intwazangabo mu giporisi ishingwa n'Itegeko nshikiranganji rifatirwa hamwe n'abashikiranganji bafise igiporisi n'ikigega ca Leta mu vyo bajejwe.

Ingingo ya 26

Mu gihe c'inyigisho, abashaka kuba intwazangabo zo mu giporisi bavuzwa ku buntu. Barategakanirizwa mu kigo c'igihugu gitegekaniriza abakozi kazoza (INSS), no mu kigo c'ukuvuza abakozi ba Leta (MFP) kandi barashobora gutegekanirizwa no mu bindi bigo vy'ugutegekaniriza kazoza abakozi vyemewe n'amategako.

Mu gihe c'ibibazo vy'ugutoranya abashaka kuba abanyeshure-ntwazangabo, Leta irabategakaniriza kazoza mu kigo kibikora ariko vy'ateganyo.

Ingingo ya 27

Hambavu y'abakozi baco, Ikigo ISP kirafise abigisha b'igihe bagengwa n'amasezerano y'ukwigisha ku gihe apfundikwa hagati yabo n'ubuyobozi bukuru bw'igiporisi, hisunzwe amategeko avyerekeye.

Igihimba ca 2

Ishule y'ababrigadiye b'igiporisi

Ingingo ya 28

Ishule y'ababrigadiye b'igiporisi (EBPO mu mpfunyapfunyo) ritegekwa ubwo nyene n'umuyobozi afashwa c'icegera, bese bakagenwa n'Itegeko ry'Umukuru w'igihugu abashikirijwe n'Umushikiranganji afise igiporisi mu vyo ajejwe.

Ingingo ya 29

Umuyobozi w'ikigo EBPO ategukwa ubwo nyene na komiseri ajejwe inyigisho, akaroranisha ibikorwa vyose vy'ikigo, nk'inyigisho z'imyuga n'iz'ubuhinga z'abashaka kuba ababrigadiye b'igiporisi hamwe n'inyigisho zihabwa abari mu kazi n'ugukaririza ubwenge abakozi b'abafasha bo mu giporisi.

Ingingo ya 30

Mu kurangura amabanga yabwo, ubuyobozi bufashwa n'inama y'ubuyobozi, abayigize, amabanga n'ibikorwa vyayo bikaba bishingwa n'ingingo y'umuyobozi mukuru w'igiporisi.

Ingingo ya 31

Ubuyobozi bw'ikigo EBPO butunganijwe mu bisata vy'ubuzi, itunganywa n'ingene bukora bishingwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji afise igiporisi mu vyo ajejwe.

Abakuru b'ibisata bagenwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji, abashikirijwe n'umuyobozi mukuru.

Ingingo ya 32

Indinganizo z'ivyigwa zerekeye ivyigwa bikuru bikuru n'ivyigwa vy'ubuhinga. Izo ndinganizo n'ikiringo cazo bishingwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji afise igiporisi mu vyo ajejwe.

Ingingo ya 33

Itegeko nshikiranganji rirashyamba ibisabwa, itunganywa n'indinganizo y'ivyigwa vy'abashaka kuba ababrigadiye b'igiporisi hamwe n'ipete baba bafise mu gihe c'inyigisho.

Ingingo ya 34

Mu gihe bariko bariga abashaka kuba ababrigadiye bavugwa ku buntu. Barategekanirizwa mu kigo c'igihugu gitegekaniriza abakozi kazoza (INSS), no mu kigo c'ukuvuza abakozi ba Leta (MFP) kandi barashobora gutegekanirizwa no mu bindi bigo vy'ugutegekaniriza kazoza abakozi vyemewe n'amategeko. Mu gihe bariko barakora ibibazo vy'uguhitamwo abinjira, Leta irandikisha abashaka kuba abiga ivy'ububrigadiye vy'agateganyo mu kigo gitegekanywa kazoza, ku bijanye n'ingorane zishobora kubashikira.

Igihimba ca 3

Ikigo c'inyigisho z'abapolisi

Ingingo ya 35

Ikigo c'inyigisho z'abapolisi, CI mu mpfunyapfunyo, kironkome ubwo nyene n'umuyobozi afashwa n'icegera, bese bakagenwa n'Itegeko ry'Umukuru w'igihugu abisabwe n'Umushikiranganji afise igiporisi mu vyo ajejwe.

Ingingo ya 36

Umuyobozi w'ikigo CI, ategukwa ubwo nyene na komiseri ajejwe inyigisho, araroranisha ibikorwa vyose vy'ikigo, nk'inyigisho z'itanguriro z'abapolisi hamwe n'inyigisho z'igiporisi n'inyimenyerezo yo mu kazi.

Ingingo ya 37

Ubuyobozi bw'ikigo c'inyigisho butunganijwe mu bisata vy'ubuzi, itunganywa n'ingene bikora bigashyamba n'Itegeko ry'Umushikiranganji afise igiporisi mu vyo ajejwe.

Abakuru b'ibisata vy'ubuzi bagenwa n'Itegeko nshikiranganji, bashikirijwe n'umuyobozi mukuru w'igiolisi.

Ingingo ya 38

Mu kurangura amabanga yabwo, ubuyobozi bw'ikigo bufashwa n'inama y'ubuyobozi, abayigize, amabanga n'ibikorwa vyayo bikaba bishingwa n'ingingo y'umuyobozi mukuru w'igiporisi.

Ingingo ya 39

Indinganizo z'inyigisho z'abashaka kuba abapolisi n'ikiringo cazo bishingwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji afise igiporisi mu vyo ajejwe.

Ingingo ya 40

Abashaka kuba abapolisi bakurikiza inyifato yo mu kazi itomorwa mu mategeko ngenderwako y'ikigo c'inyigisho.

Ingingo ya 41

Mu gihe bariko bariga abashaka kuba abapolisi bavugwa ku buntu. Barategekanirizwa mu kigo c'igihugu gitegekaniriza abakozi kazoza (INSS), no mu kigo c'ukuvuza abakozi ba Leta (MFP) kandi barashobora gutegekanirizwa no mu bindi bigo vy'ugutegekaniriza kazoza abakozi vyemewe n'amategeko.

IGICE CA III

INTWARO YEGEREYE ABENEGIHUGU

IKIGABANE CA 1

KOMISARIYA Y'AKARERE

Ingingo ya 42

– Harashinzwe amakomiseriya y'akarere y'igiporisi atanu akwiragijwe gutya :

– komiseriya y'akarere k'ubururuko irimwo intara za Ngozi, Kayanza, Muyinga na Kirundo ;

– komiseriya y'akarere ko hagati irimwo intara za Gitega, Muramvya na Mwaro ;

– komiseriya y'akarere ko mu bumanuko irimwo intara za Bururi, Makamba na Rutana ;

– komiseriya y'akarere ko mu burengero irimwo intara za Bujumbura-Mairie, Bujumbura-rural, Cibitoke na Bubanza ;

– komiseriya y'akarere ko mu buseruko irimwo intara za Ruyigi, Cankuzo na Karusi.

Ingingo ya 43

Komiseriya y'akarere k'igiporisi itwarwa na komiseri w'akarere agenwa n'Itegeko ry'Umukuru w'igihugu abashikirijwe n'Umushikiranganji afise igiporisi mu vyo ajejwe.

Ingingo ya 44

Komiseri w'akarere k'igiporisi, ategukwa ubwo nyene n'umuyobozi mukuru, araroranisha amabanga yose y'igiporisi mu karere ajejwe.

Ingingo ya 45

Komiseriya y'akarere y'igiporisi itunganijwe mu makomiseriya 4 matoyi, ariyo y'aya :

– komiseriya ntoyi y'akarere ijejwe umutekano mu gihugu hagati ;

– komiseriya ntoyi y'akarere ijejwe ikirere, imbibe n'abanyamahanga ;

– komiseriya ntoyi y'akarere ijejwe igiporisi c'inyamiramabi ;

– komiseriya ntoyi y'akarere ijejwe amabohero.

Itunganywa n'ingene amakomisariya matoyi akora bishingwa n'Itegeko ry'Umukuru w'igihugu abashikirijwe n'Umushikiranganji afise igiporisi mu vyo ajejwe.

Ingingo ya 46

Komiseri mutoyi w'akarere w'igiporisi ashira mu ngingo amabanga amuraba y'igiporisi mu karere ajejwe.

Ingingo ya 47

Komisariya ntoy i y'akarere irongowe n'umukomiseri mutoyi w'akarere agenwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji afise igiporisi mu vyo ajejwe.

Igihimba ca 1

Komisariya

Ingingo ya 48

Komiseri w'intara, ategakwa ubwo nyene na komiseri w'akarere, aroranisha amabanga y'igiporisi mu ntara ajejwe. Itunganywa, amabanga y'umukomiseri w'intara, bishingwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji afise igiporisi mu vyo ajejwe.

Ingingo ya 49

Komiseri w'intara y'igiporisi agenwa n'Itegeko ry'Umukuru w'igihugu abashikirijwe n'Umushikiranganji afise igiporisi mu vyo ajejwe. Afashwa n'abakomiseri batoyi b'intara.

Ingingo ya 50

Komiseri mutoyi w'intara agenwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji afise igiporisi mu vyo ajejwe.

Ingingo ya 51

Komiseri mutoyi w'intara y'igiporisi ashira mu ngiro amabanga y'igiporisi araba igisata ajejwe.

Igihimba ca 2

Ikirindiro c'igiporisi

Ingingo ya 52

Ikirindiro c'igiporisi kirongorwa n'umukuru w'ikirindiro agenwa n'ingingo y'umuyobozi mukuru w'igiporisi.

Ingingo ya 53

Umukuru w'ikirindiro, ategakwa ubwo nyene na komiseri w'intara, aroranisha amabanga y'igiporisi aho ahareyeye.

Ingingo ya 54

Ikirindiro c'igiporisi gifashwa n'ibirindiro bitoyi bingana uko imirimo y'igiporisi ingana mw'ikomine. Bitwarwa n'abakuru batoyi b'ibirindiro bagenwa n'ingingo y'umuyobozi mukuru w'igiporisi.

IGICE CA III

INGINGO MFATAKIBANZA N'IZISOZERA

Ingingo ya 55

Ingingo zose zahahora ziciye kubiri n'iri tegeko ry'Umukuru w'igihugu zirafuswe.

Ingingo ya 56

Umushikiranganji ajejwe intwari yo hagati mu gihugu n'umutekano ashinzwe gushira mu ngiro iri tegeko ry'Umukuru w'igihugu rija mu ngiro ku munsu rishirwako umukono.

Bigiriwe i Bujumbura, ku wa 27 Nyakanga 2007.

9 Ndamukiza 1996. – ITEGEKO NSHIKIRANGANJII n° 530/109/96 – Ugushinga igisata c'ubugenduzi bw'igiporisi c'umutekano w'igihugu.

Ingingo ya 1

Harashinzwe, igisata c'ubugenduzi mu giporisi c'umutekano.

Ingingo ya 2

Muri rusangi, ico gisata gishinzwe kwama na ntaryo kigenzura ama komiseriya n'ibiro.

Ingingo ya 3

Cane cane, ico gisata kijejwe kurangura ibi bikurikira :

1. bufatanije n'ibiro vyo kugendereza, gukurikirana ku munsu ku munsu inyifato y'abaporisi ;
2. gutuma ibindi bisata bisuzuma ibikenewe mu bijanye n'abakozi hamwe n'ibikoresho ;
3. gusuzuma ishira mu ngiro ry'ivyategetswe muri rusangi ;
4. gutuma ibindi bisata bishobora gusuzuma ingene amategako atanzwe yakirwa n'ugushinzwe ku rugero rukwiriye bikenewe ;
5. gukurikirana inyigisho n'indiganzu mu giporisi ;
6. kuraba itunganywa ry'inzandiko z'ugutwara n'ibindi bitabu bandikwamwo ivyakozwe ;
7. kumenyesha ubutegetsi ko ivyerekeye intwari bigenda neza ;
8. kumenyesha ubutegetsi amahinyu y'abaporisi babonye aho bakorera ;
9. kumenyesha ubutegetsi ingene inzego ntoy zikurikirana inyifato y'abaporisi zifashe.

Ingingo ya 4

Ingingo zari zihasanze kandi ziteye kubiri n'iri tegeko nshikiranganji zirafuswe.

Ingingo ya 5

Umuyobozi w'igiporisi c'umutekano w'abanyagihugu ajejwe gukurikiza iri tegeko nshikiranganji rigiye mu ngiro umunsu rishirwako igikumu.

15 Munyonyo 1996. – ITEGEKO NSHIKIRANGANJII n° 530/150 – Ishingwa ry'igisata c'imibano mu giporisi c'umutekano w'abanyagihugu.

Ingingo ya 1

Harashinzwe igisata c'imibano mu giporisi c'umutekano w'igihugu.

Ingingo ya 2

Igisata c'imibano gishinzwe gukurikirana ibibazo vyose vyerekeye imibano y'abagize igiporisi c'umutekano w'abanyagihugu nk'amatati ajanye n'ugutegekaniriza kazoza abakozi, isandugu ry'ukuziganya ry'abakozi n'ibindi bintu vyose bijanye n'imibano.

Ingingo ya 3

Ingingo zari zihasanze imbere y'uko iri tegeko nshikiranganji rifatwa zirafuswe.

Ingingo ya 4

Umuyobozi w'igiporisi c'umutekano w'abanyagihugu ashinzwe gukurikiza iri tegeko nshikiranganji rigiye mu ngiro umunsu riterwako umukono.

4 Kigarama 1989. – ITEGEKO-BWIRIZWA n° 1/035 – Amategeko ngenderwako y'igiporisi c'inyamira mabi.

(I.I.B., 1990, n° 1, p. 3)

Menya neza

Iri tegeko-bwirizwa rikurikizwa mu ngingo za ryo zidataye kubiri n'amategeko mashasha y'igiporisi c'Uburundi.

URUTONDE RW'AMAJAMBO

Amategeko ngendarwako, 1
Ibanga ry'akazi, 16
Icegeranyo, 19, 20
Igihano co gufungirwa mw'ikambi, 30
Igihano, 21, 30
Ikarata y'akazi, 9, 10
Ikosa ry'akazi, 26
Ikurwa mu kazi, 30
Inama ijejwe ivyerekeye inyifato, 22 :
– abakwiye bashobora gufata ingingo, 28
– ibanga, 26
– ikigize ikintu, 23
– ingene bigenda, 27, 29
– ukugena, 24
Indahiro, 8, 9
Itohoza, 14
Ivyo babivuzeko, 6
Kwubahiriza ingingo z'uwugusumba mu kazi, 3, 4
Mw'ibanga, 16
Ubushikirizamanza, 4
Ubutoro, 14
Uguhagarika umukozi mu kazi ku manosa, 30
Uguhagarikwa, 13
Ugukura ku mushahara, 30
Ugukurikiranwa n'ubutungane, 21
Ugupfunga, 13
Ugusaka, 14
Ugusinzikaza ubuzima bw'umuntu, 12
Ugusumbasumbana kw'abakozi :
– bo mu bucamanza, 2
– bo mu ntwaro, 2
Ugutanga amanota mu kazi, 6
Ukugabisha, 30
Ukutavugira hejuru, 16
Ukwakwa ikarata, 30

IKIGABANE CA I

INGINGO NKURU NKURU

Ingingo ya 1

Hatirengangijwe ishira mu ngiro ry'amategeko ngenderwako yiharijwe n'urwego rw'igiporisi rumwe rumwe, inyamiramabi zegukira ubushikiranganji ubwaribwo bwose zigengwa n'iri tegeko ngendarwako.

Ingingo ya 2

Intwazangabo zo mu giporisi c'inyamiramabi ziguma zitwarwa n'ubutegetsi bwo mu giporisi c'inyamiramabi nyene. Ariko rero, mu ntumbero yo gushira mu ngiro ibikorwa canke ivyo bajewe

vyerekeye cane cane ubutungane, bagengwa mu rugero rukuru, n'ubutegetsi bw'ubutungane.

Ingingo ya 3

Mu ntumbero yo gushira mu ngiro aya mategeko ngenderwako, ivy'ubusumbasumbane mu butegetsi bizokurikizwa hisunzwe insiguro yanditswe yerekeye ishira mu ngiro ry'ibitegekwa n'ivyasabwe bituruka mu butegetsi bo hejuru uko bukurikirana.

Ingingo ya 4

Mw'ishira mu ngiro ry'ugusumbasumbana kw'ubutegetsi, inyamiramabi zitegerezwa kumenyesha n'ugusigurira ivyo bakora urwego rw'abashikirizamanza mu cegeranyo igihe bikenewe, bavyibariye canke babisabwe.

Ingingo ya 5

Mw'ishira mu ngiro ry'iri tegeko ngenderwako, amajambo « Ugusumbasumbana kw'ubutegetsi mu butungane » araba imigenderanire ifatiye mu gufadikanya canke mu kuronka amategeko avuye hejuru bishirwaho n'ibwirizwa hamwe n'ubundi buryo busanzwe bukoreshwa hagati y'igiporisi c'inyamiramabi n'ubucamanza cane cane urwego rw'abashikirizamanza.

Ingingo ya 6

Kubera ko ari umukuru w'urwego rw'abashikirizamanza, Umushikirizamanza kizigenza wa Republika arafise uburenganzira bwo kugira ico ashikirije n'ico akebura ku vyerekeye ingene inyamiramabi ikora mu vyerekeye ubutungane.

Ivyo ashikirije birafasha abajewe guha amanota iyo nyamiramabi.

Ingingo ya 7

Abaporisi b'inyamiramabi bagenwa n'Itegeko ry'Umushikiranganji w'ubutungane.

Ingingo ya 8

Imbere y'uko binjira muri ayo mabanga, abaporisi b'inyamiramabi bararahira imbere y'Umushikiranganji w'ubutungane mu majambo ategakanijwe n'Itegeko-bwirizwa n° 1/32 ryo ku wa 24 Gitugutu 1988, bakayavugira mw'ikoraniro ry'icese ritunganirijwe ico nyene.

Ingingo ya 9

Ahejeje kurahira, umuporisi w'inyamiramabi wese aca ahabwa n'Umushikiranganji w'ubutungane ikarata y'akazi iteweko igikumu n'uwo mushikiranganji be n'Umushikirizamanza kizigenza wa Republika.

Ingingo ya 10

Mu mirimo yose y'akazi arangurira ahatari mu biro vyawe, umuporisi w'inyamiramabi abwirizwa kwitwaza iyo karata. Ategerezwa kwimenyekanisha akerekana iyo karata imbere yo kurangura ivyo asabwa gukora vyose.

Ingingo ya 11

Iruhande y'amategeko ngenderwako abagenga, abaporisi b'inyamiramabi bategerezwa no kwisunga amateka n'amategeko ategakanijwe mu igabane ca kabiri c'iri tegeko-bwirizwa.

IKIGABANE CA II AMATEKA N'AMATEGEKO

Ingingo ya 12

Abaporisi b'inyamiramabi bategerezwa gusonera ikiremwa-muntu, kumukingira, kumwitaho no kumutabara.

Nk'akarorero, birabujijwe gukubagura no gusinzikaza ubuzima bwa muntu mu kumwemeza amakosa ku nguvu.

Ingingo ya 13

Kubera ko kizira guhonyanga ubwigenge bwa muntu, abaporisi b'inyamiramabi ntavyo bakora batabisabwe n'amategoko. Nk'akarorero, ntibashobora guta muri yompi umuntu canke kumupfunga baterekuriwe n'amategoko.

Ingingo ya 14

Abaporisi b'inyamiramabi ntibashobora gusanga umuntu ku buturo atari igihe bagiye kugira amatohoza canke gusaka babitumwe n'abategetsi babijewe.

Ingingo ya 15

Abaporisi b'inyamiramabi ntibashobora guhana ivyaha batisunze ingingo zo mu gitabu c'amategako mpanavyaha. Ntibashobora gukoresha inguvu kiretse iyo bibaye ngombwa, nko mu bihe bitegekanywa n'ingingo ya 17 y'igitabu ca mbere c'amategako mpanavyaha.

Ingingo ya 16

Abaporisi b'inyamiramabi bategerezwa kudatwarira hejuru, kudahuruduka no kugumya ibanga ry'akazi. Ntibashobora kudohoka kuri ivyo kiretse babirekuriwe n'amategako.

Ingingo ya 17

Mu nyifato ya bo, abaporisi b'inyamiramabi bategerezwa kurangwa n'iteka, urupafasoni n'ukwubaha. Bategerezwa gukora ku buryo bizigirwa n'abanyagihugu, ari nabo bakorera.

Ingingo ya 18

Imirimo y'umuporisi isaba ukwitanga, ukutiziganya n'ukutironderera inyungu n'ubwitonzi ; mu kurangura iyo mirimo, kirazira kureka akajagari, gukwegwa n'abasaba ibi canke biriya, abemera ibi canke biriya canke imyumvikano idashemeye.

Ingingo ya 19

Abaporisi b'inyamiramabi bategerezwa kugira icegeranyo c'ivyo biboneye canke bumvise bakanagiterako igikumu hamwe n'ababishikirije.

Ingingo ya 20

Abaporisi b'inyamiramabi bategerezwa gutanga ivyegereranyo mu kiringo gishinzwe mu mabwirizwa n'amategako.

IKIGABANE CA III

IBIHANO

Ingingo ya 21

Uretse ingingo zo gukurikiranwa n'ubutungane zishobora gufatwa, umuporisi w'inyamiramabi wese atubahirije amateka n'amategako yo muri izi ngingo arahabwa ibihano bijanye n'akazi.

Ingingo ya 22

Mu ntumbero yo gukinga no guhasha ukwigenza nabi no gufata ingingo zitagira ishingiro ku baporisi b'inyamiramabi, hazoshingwa urwego rwo kugenzura rwitwa « **INAMA IJEJWE GUKURIKIRANA INYIFATO Y'ABAPORISI** ». Urwo rwego rurigenga ntiruganzwa n'izindi nzego zisanzwe ziri mu giporisi.

Ingingo ya 23

Inama ijejwe gukurikirana inyifato y'abaporisi ivugwa mu ngingo iheruka, igizwe n'ababakwirikira :

- 1) Umushikirizamanza mukuru wa Republika : Umukuru w'inama ;
- 2) Umwe mu bashikirizamanza ba Republika : Umunyamabanga w'inama ;
- 3) abarongoye inzego zose z'igiporisi ;
- 4) Umucamanza.

Ingingo ya 24

Ariko rero, inama ijejwe gukurikirana inyifato y'abaporisi irashobora kwikora ku muntu umwe canke benshi yishimiye bashobora gufasha mu gihe bariko baja inama n'ingingo.

Ingingo ya 25

Abagize iyo nama bagenwa n'itegeko ry'Umushikiranganji w'ubutungane.

Ingingo ya 26

Inama ijejwe gukurikirana inyifato y'abaporisi ishinze :

- guhana amakosa y'abaporisi b'inyamiramabi mu gihe ababarongoye batabikoze ;
- gutegeka ko bakurikiranwa ku caha bakoze mu gihe ivyo bakoze birimwo amakosa y'akazi n'ivyaha ;
- gufasha mu vyerekeye ubutungane kugira inzego zose z'igiporisi zikorane neza ;
- gubangurukanya izo nzego igihe cose habaye amatati ku vyerekeye amabanga canke ububasha.

Ingingo ya 27

Mu gufata ingingo, inama ijejwe gukurikirana inyifato y'abaporisi b'inyamiramabi ibisabwa n'urwego rw'abashikirizamanza canke ubushikiranganji bujewe izo nzego z'igiporisi. Mu kubisaba batanga icegeranyo c'ivyo umuporisi w'inyamiramabi aregwa, kigahabwa umukuru w'inama.

Ingingo ya 28

Inama ijejwe gukurikirana inyifato y'abaporisi ishobora gukorana mu gihe bibiri vya bitatu vy'abagize inama bitavuye. Ni nako bigenda mu gihe co gufata ingingo.

Ingingo ya 29

Inama ijejwe gukurikirana inyifato y'abaporisi ifata ingingo visunze ivyanditswe yashikirijwe ariko itegerezwa kwumviriza ibishikirizwa n'inyamiramabi yegwa n'amakosa mu gihe abisavye. Ingingo zifashwe n'inama nshingwantwari zifatwa nk'amategako haba ku nzego z'igiporisi zindi canke ku rwego rw'igiporisi c'inyamiramabi.

Ingingo ya 30

Kugira hatsimbatazwe inyifato runtu, amabwirizwa n'amategako navyo vyubahirizwe mu nzego z'igiporisi, amakosa y'abaporisi b'inyamiramabi ahanwa mu buryo bukurikira :

- 1) ukugabisha ;
- 2) ugukata igice c'umushahara mu kiringo co kuva ku minsi itanu gushika kuri cumi n'itanu ;
- 3) ugukata uturusho tujanye n'akigoro ko mu kazi mu kiringo kitarenga ukwezi ;
- 4) uguhagarikwa vy'agateganyo iminsi itarenga 15 ;
- 5) ukwakwa ikarata y'igiporisi c'inyamiramabi mu kiringo c'amezi atarenga atandatu. Ico gihano cyongerwa ugukata uturusho tujanye n'akigoro ko mu kazi muri ico gihe nyene ;
- 6) uguhagarikwa mu kazi mu kiringo c'amezi atandatu ;
- 7) ugukurwa mu kazi.

Ingingo ya 31

Ivyo bihano bibiri vya mbere bitangwa n'umukoresha wo ku rugero rwa mbere, ica gatatu n'icakane bitangwa n'umukoresha wo ku rugero rwa kabiri, ica gatanu kigatangwa n'Umushikiranganji w'ubutungane, icagatandatu gitangwa n'Umushikiranganji uwo muporisi w'inyamiramabi akukira, icanyuma naco kigatangwa n'Umukuru w'igihugu.

Ingingo ya 32

Mu gihe ifata ingingo z'ibihano, inama ijejwe gukurikirana inyifato y'abaporisi b'inyamiramabi iratohoza amakosa uwo muporisi w'inyamiramabi yakoze, ibanje kwerekana imvo, ikamuha kimwe mu bihano bine vya mbere vyo mur'izi ngingo.

Ingingo ya 33

Mu gihe iyo nama isanze igihano akwiye ari kimwe mu bitegekanyijwe mu turungo twa 5, 6 na 7 two muri iyo ngingo nyene, inama ica itanga icegeranyo c'amakosa n'imburano mu rwego rufise ububasha bwo gufata igihano, igatanga n'ico iviyumvirako.

Ingingo ya 34

Umukuru w'inama ijewe inyifato y'abaporisi b'inyamiramabi ashinzwe kwubahiriza ingingo n'ibisabwa vyose bishinzwe n'inama arongoye.

Ingingo ya 35

Mu ntumbero y'ukworosha ikurikizwa ry'aya mategeko ngenderwako mu gihugu cose, Umushikiranganji w'ubutungane, amaze kubisabwa n'inama ijewe inyifato y'abaporisi b'inyamiramabi, arashobora kuzoshiraho ingingo zorohera ishira mu ngiro ry'iri tegeko-bwirizwa.

IKIGABANE CA IV

INGINGO MFATAKIBANZA N'IZISOZERA

Ingingo ya 36

Amategeko ateguye ukwayo, agenga inzego zitandukanye z'igiporisi azotegerezwa gushirwa ku rugero rumwe n'aya mategeko ngenderwako ya bose mu kiringo kitarenga amezi atandatu.

Ingingo ya 37

Ingingo zahahora ziteye kubiri n'iri tegeko tegeko-bwirizwa zirafuswe.

Ingingo ya 38

Umushikiranganji w'ubutungane n'abashikiranganji bajewe inzego zitandukanye z'igiporisi basabwe, umwe umwe wese mu vyo ajejwe, gushira mu ngiro iri tegeko-bwirizwa rigiye mu ngiro umunsi rishirwako umukono.

2 Ntwarante 2006. – IBWIRIZWA n° 1/04 – Ishingwa, itunganywa, n'iringanizwa ry'ibiro bikuru vy'igihugu bijewe iperereza.

(I.I.B., 2006, n° 3 ubwa kabiri, p. 84)

Menya neza

Iri bwirizwa rifuta Itegeko n° 100/90 ryo ku wa 14 Ruheshi 1984 rigenga itunganywa n'iringanizwa ry'ibiro vy'igihugu bijewe iperereza.

URUTONDE RW'AMAJAMBO

Amabanga, 3, 7, 11, 18

Ibiro vyihweza, 9, 12

Ibiro, 9, 12

Igenwa, 10

Ingingo zigenga ingene umurwi ukora, 22

Inyigisho, 20

Itangwa ry'akazi, 19

Ububasha, 6

Ubuyobozi :

– imenyeshwa ry'amakuru n'ubuhinga, 9, 18

– intwari n'itunganywa, 9, 14

– iperereza hagati mu gihugu, 9, 15

– iperereza mu vy'ubutunzi, 9, 17

Ukwigenga, 2

Urwego rw'abashikirizamanza, 7, 8

Urwego rwa Leta rujewe iperereza, 3, 8

IKIGABANE CA I

IZINA N'IMIRIMO

Ingingo ya 1

Harashinzwe urwego rujewe iperereza mu Burundi rwiswe « Urwego rw'igihugu rujewe iperereza ».

Ingingo ya 2

Urwego rw'igihugu rwo iperereza rutunganywe kandi rukora nk'urwego rujewe ico gikorwa, rutagira imbibe kandi rwigenga mw'itunganywa rya rwo.

Ingingo ya 3

Urwego rw'igihugu rujewe iperereza rujewe umurimo w'ukurondera, ukwegeranya n'ukwiga amakuru yose yerekeye politike, umutekano, ubutunzi n'imibano akenewe mu kumenyesha no kwereka inzira ibikorwa vya Leta mu ntumbero yo kubungabunga umutekano w'igihugu. Navyo ni ibi :

a) gukinga icotera igihugu ;

b) gutorokanya, kwegeranya no kugenzura inkuru yose ishobora gukingira igihugu n'inzego zaco, kubungabunga imigenderanire n'ayandi makungu be n'iterambere ry'ubutunzi ;

c) kubona n'ingoga ibikorwa bishobora guhungabanya umutekano w'igihugu, gutuma haba urwanko canke ubugizi bwa nabi, ivyotuma haba ihinduka ry'inzego z'igihugu mu buryo bunyuranye n'intwari rusangi ;

d) kubona n'ingoga imigambi yo kujuragiza abanyagihugu ifatiye ku vya politike, amoko, amadini, intara, canke ikindi cose gifise intumbero yo guhungabanya inzego z'igihugu ;

e) gukinga icohungabanya ibitegekanijwe n'ibwirizwa shingiro, umutekano w'abanyagihugu, imbibe n'ubwigenge bw'igihugu ;

f) kubona n'ingoga igikorwa cose c'iterabwoba, urudandazwa rutajanye n'amategeko, n'iyindi migambi yose gu gushinga imirwi y'ububisha ;

g) kumenya no kubona abonona akazi n'abanyuruza itunga ry'igihugu mu buzi bwa Leta ;

h) kumenyesha n'ingoga ikintu cose coza gishaka kubangamira ibidukikije mu gihugu cose.

IKIGABANE CA II

ITUNGANYWA RY'URWEGO

Ingingo ya 4

Ibiro bikuru vy'igihugu bijewe iperereza bitwarwa n'Umukuru w'igihugu. Itunganywa rya vyo rya minsi yose rikorwa n'umuyobozi mukuru afashijwe n'icegera ciwe.

Ingingo ya 5

Umuyobozi mukuru n'icegera ciwe bagenwa n'Umukuru w'igihugu bemejwe n'Inama nkenguzamateka. Umuyobozi mukuru n'icegera ciwe bafise iteka n'udushimwe bingana n'ibihabwa abashikiranganji.

Ingingo ya 6

Ibiro bikuru vy'igihugu bijewe iperereza bifise ububasha bugarukira aho igihugu kigera.

Ingingo ya 7

Hatarenzwe akarimbi mu vy'ubushobozi bw'abashikirizamanza, umuyobozi mukuru w'ibiro bikuru bijewe iperereza canke uwumuserukira arashobora gufata ingingo ijanye n'amategeko ikenewe mu kurangura amabanga yiwe.

Ingingo ya 8

Mu kurangura amabanga ajanye n'uguhungabanya umutekano w'igihugu nkuko twabibonye mu ingingo ya 3 uduce a na b tw'iri bwirizwa, ibiro bijewe iperereza bitegerezwa kugira itohoza ku ma dosiye y'ivyaha arungikirwa inzego z'ubushikirizamanza kugira abandanye yigwa.

Ingingo ya 9

Ubuyobozi bukuru bw'ibiro vy'igihugu bijewe iperereza bugizwe n'ibiro vy'umuyobozi mukuru, ibiro vy'ukwihweza bigizwe n'abahanuzi b'umuyobozi mukuru, bitunganyijwe mu buyobozi butanu :

1° ubuyobozi bujewe intwari n'itunganywa ry'ubutunzi ;

2° ubuyobozi bujewe iperereza hagati mu gihugu ;

3° ubuyobozi bujewe iperereza mu bindi bihugu ;

4° ubuyobozi bujewe iperereza mu vy'ubutunzi ;

5° ubuyobozi bwo kumenyesha amakuru n'ubuhinga bwo guhanahana amakuru.

Ingingo ya 10

Umuyobozi mwishikira mu biro vy'umuyobozi mukuru, abarongoye ubuyobozi n'abahanuzi b'umuyobozi mukuru bagenwa n'Itegeko ry'Umukuru w'igihugu abisabwe n'umuyobozi mukuru w'ibiro vy'igihugu bijewe iperereza.

Abahanuzi b'umuyobozi mukuru bari ku rwego rumwe n'abarongoye ubuyobozi kandi bafise agahembo kangana.

Abakuru b'ubuzi bagenwa n'ingingo y'umuyobozi mukuru.

IKIGABANE CA III

IBIKORWA

Igihimba ca 1

Iburo vy'umuyobozi mukuru

Ingingo ya 11

Umuyobozi mukuru arategura, agakurikirana kandi akagenzura ibikorwa vyose vy'ibiro bikuru vy'igihugu bijewe iperereza. Ashikiriza icegeranyo c'ivyakozwe Umukuru w'igihugu.

Ingingo ya 12

Iburo vy'umuyobozi mukuru n'ibiro vyo kwihweza bifasha umuyobozi mukuru mu gikorwa ciwe co gutegura no gukurikirana ibikorwa vy'ibiro bikuru vy'igihugu bijewe iperereza.

Igihimba ca 2

Ubuyobozi

Ingingo ya 13

Abayobozi bose bararemesha, bagakurikirana kandi bakagenzura ibikorwa bajewe.

Ingingo ya 14

Ubuyobozi bw'intwari n'itunganywa ry'ubutunzi bujewe kuraba itunganywa ry'akazi, ry'imishahara, ry'imibano, ry'akazi, n'ibindi bibazo vyose biraba abakozi bo mu biro bikuru vy'igihugu bijewe iperereza. Buraba kandi n'ibijanye n'ibikoreshe vy'akazi.

Ingingo ya 15

Ubuyobozi bujewe iperereza hagati mu gihugu bufise imirimo yo kurondera, kwegeranya no kwiga amatohoza yerekeye umutekano wo hagati mu gihugu, gukinga ibikorwa vyo guhungabanya umutekano haba muri politike canke mu mibano.

Ingingo ya 16

Ubuyobozi bwo iperereza mu bindi bihugu bufise imirimo yo kurondera, kwegeranya no kwiga amatohoza y'ibibera inyuma y'igihugu, gukinga ico cose cohungabanya umutekano giturutse mu bindi bihugu canke ikintu cose cotosekaza imigenderanire n'ayandi makungu. Kandi ubwo buyobozi bujewe gukinga

n'ukubona n'ingoga ico kijanye n'iterabwoba, n'urudandazwa rutemewe n'amategako rubera ku mbibe z'igihugu.

Ingingo ya 17

Ubuyobozi bwo iperereza mu vy'ubutunzi bufise igikorwa co kurondera, kwegeranya no kwiga amatohoza yerekeye ubutunzi ; gukinga no kubona isesagurwa ry'ubutunzi n'ibikorwa vyo guhungabanya ivy'ubutunzi n'ivyo kubangamira ibidukikije.

Ingingo ya 18

Ubuyobozi bwo kumenyesha amakuru n'ubuhinga bwo guhanahana amakuru bujewe gukurikirana n'ugukoresha ibinyamakuru n'ubundi buryo bwo kumenyesha inkuru mu ntumbero y'umutekano n'inyungu z'igihugu.

Bufise kandi igikorwa co kwegeranya n'ukubika inzandiko nkenerwa mu kazi ko iperereza.

Iruhande y'ivyo bikorwa bivuzwe ku karongo ka mbere n'aka kakabiri, bifise igikorwa co gushingura no gukingira inzandiko zitegerezwa gufasha ibiro vy'igihugu bijewe iperereza.

IKIGABANE CA IV

UGUTANGA AKAZI NO KWIGISHA ABAKOZI

Ingingo ya 19

Ibifatirwako mu gutanga akazi mu biro vy'igihugu bijewe iperereza bitegekanywa n'amategako ngenderwako agenga abakozi bo mu biro vy'igihugu bijewe iperereza.

Ingingo ya 20

Abari mu biro vy'igihugu bijewe iperereza bararonka inyigisho y'ivyakazi n'ubuhinga bijanye n'imirimo ya bo.

IKIGABANE CA V

INGINGO YISANGIJWE, MFATAKIBANZA N'ISOZERA

Ingingo ya 21

Abakozi bo mu biro vy'igihugu bijewe iperereza bagengwa n'Itegeko ngenderwako bisangije riri mu rwandiko ruri ukwarwo.

Menya neza

Raba Itegeko n° 1/05 ryo ku wa 2 Ntwarante 2006 ryerekeye amategako ngenderwako y'abakozi bo mu biro vy'igihugu bijewe iperereza.

Ingingo ya 22

Itegeko ntunganyabikorwa ry'ibiro vy'igihugu bijewe iperereza riragaraza ingingo zigenga akarangamutima mu vy'akazi k'abakozi n'ibindi vyose bitavuzwe muri izo nzandiko zibiri.

Ingingo ya 23

Ingingo zose zari zihanzwe ziteye kubiri n'iri bwirizwa zirafuswe.

Ingingo ya 24

Iri bwirizwa rija mu ngiro ku munsu ritereweke ryemejwe n'Umukuru w'igihugu.

2 Ntwarante 2006. – IBWIRIZWA n° 1/05 – Itegeko ngenderwako ry'abakozi bo mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza.

(I.I.B., 2006, n° 3 ubwa kabiri, p. 87)

Menya neza

Iri bwirizwa rifuta Itegeko n° 100/91 ryo ku wa 14 Mukakaro 1984 ryerekeye Itegeko ngenderwako ry'abakozi bajejwe iperereza.

URUTONDE RW'AMAJAMBO

Agafashanyo 84, 87

Akaruhuko :

- k'indwara, 37, 38
- kajanye n'ibishikira umukozi, 41
- ko ku mwaka, 37, 92
- ko ku neza ya bose, 45
- ko ku kwungura ubwenge, 42
- ko kurindira akandi kazi, 43, 44
- ko kwibaruka, 37, 39, 40

Akarusho, 73

Amagara meza yo gukora akazi, 14

Amasezerano y'ubumwe bw'abarundi, 20

Amategoko ndangamurwi, 93

Amazi, 67

Gukingira, 72

Ibwirizwa-shingiro, 14, 21

Icaha c'imbonankubone, 14

Icaha, 78

Icegeranyo c'umwimenyerezo, 93

Icemezo, 94

Ico umuntu amaze, 67

Ico umuntu ategerezwa gukora, 68, 91

Ifutwa, 96

Igihano, 71-73

Ihagarikwa ry'agateganyo, 54-59, 73

Ikiringo :

- c'akaruhuko, 36
- c'akazi, 36
- ihagarikwa ry'agateganyo, 36
- ihagarikwa ry'amabanga ry'agateganyo, 36
- ukudafatirwa, 36
- ukwimurirwa mu kandi kazi, 34-36

Ikiringo umuntu amaze mu kazi, 93, 94

Ikukuruka, 60, 87

Ikurikira nwa ry'ivyaha, 56-58

Ikurwa mu kazi, 60, 73 :

- imbere y'igihe, 65, 66

Imyaka ntarengwa 64, 88

Indahiro, 20

Indinganizo y'inyifato, 70

Inyamiramabi, 13

Ipete, 93, 94

Ishirahamwe ry'igihugu ritegekaniriza kazoza abakozi ikibujijwe, 86

Ishumbusho :

- ijanye n'akazi kadasanzwe, 80

– y'akigoro, 80, 92

– y'impanuka, 80

– y'uburaro, 67, 79, 92

– y'umuryango, 79

– yo gusubiriza, 81

– yo kwiungururwa, 92

Itegeko ryerekeye inyifato, 76

Itunganywa ryo ku muni ku muni, 60

Nyenuburenganzira, 84

Ububasha bwo gutohozwa, 74

Uburaro, 16

Uburenganzira bwo kurangura igikorwa, 69

Uburenganzira, 49-53, 73

Uburyo bwo gufubisha uwapfuye, 22, 23

Uburyo bwo gufubisha uwapfuye, 22, 23

Uburyo bwo gufubisha uwapfuye, 22, 23

Ubusuma, 88

Ugukubura, 73

Ugukora k'ugushaka kwa muntu, 14

Ugusubiza umuntu mu kibanza yahoramwo, 52-60

Uguta igihe, 78

Ugutanga akazi, 14-17

Ugutanga amanota, 25

Ugutanga amanota, 26

Ugutanga imihoho, 60

Ugutegekaniriza indwara, 86, 92

Ugutondesha, 76

Ukuduzwa mu kazi, 31

Ukugabisha, 24

Ukugumya umushahara, 73

Ukunanirwa akazi, 60, 62

Ukutarangura akazi, 46

Ukwagirwa, 71

Ukwigishwa, 72

Ukwimenyereza kwerekana ko umuntu ashoboye akazi, 19, 20, 24

Ukwimurira ahandi, 48

Ukwimurirwa mu kandi kazi, 12, 34, 35, 48, 94

Ukwitwara :

- ku bategetsi, 77
- muri sentare, 27

Ukwivuzwa, 67

Ukwungura ubwenge, 88

Ukwungururwa, 67

Umukozi agengwa n'amasezerano y'akazi, 1

Umurwi, 5

Umushahara :

- w'ibikorwa, 79
- w'ifatiro, 79

Umuyagankuba, 67

Umwana, 67

Umwenda, 85

Urupapuro rw'umutsindo, 16, 94

Urupfu, 60, 84, 88

Uwubakanye n'uwundi, 88

IKIGABANE CA I INGINGO NKURU NKURU

Ingingo ya 1

Iri bwirizwa rikurikizwa ku bakozi bo mu Biro vy'igihugu bijejwe iperereza. Ntiryege abakozi bafitaniye amasezerano na Leta bagengwa n'igitabu c'amategako y'akazi canke ayandi mategeko bisangije ari muri iri bwirizwa.

Ingingo ya 2

Uwitwa ko ari mu bakozi b'ibiro vy'igihugu bijejwe iperereza, ni umuntu yagenywe mu murwi uwariwo wose no kw'ipete rimwe ryo mu mapete atangaje muri rino bwirizwa, bitanga inzira y'igukora ubudahengeshanya mu biro bikuru bijejwe iperereza.

Ingingo ya 3

Iri bwirizwa riratomora uburyo akazi gakorwamwo ku bakozi b'ibiro vy'igihugu bijejwe iperereza.

Ingingo ya 4

Itunganywa ryo ku munsu ku munsu ry'ibiro vy'igihugu bijejwe iperereza rigirwa n'umuyobozi mukuru n'icegera ciwe.

Ingingo ya 5

Abakozi b'ibiro vy'igihugu bijejwe iperereza batondesheje mu murwi itatu :

- umurwi w'abayobozi ;
- umurwi w'intwazangabo zo iperereza ;
- umurwi w'abagenduzi bo iperereza.

Ingingo ya 6

Urwego rw'abayobozi rurimwo amapete cumi asumbasumbana uku :

- 1° icegera c'umuyobozi wo ku rugero rwa gatatu (AA3) ;
- 2° icegera c'umuyobozi co ku rugero rwa kabiri (AA2) ;
- 3° icegera c'umuyobozi co ku rugero rwa mbere (AA1) ;
- 4° umuyobozi wo ku rugero rwa gatatu (A3) ;
- 5° umuyobozi wo ku rugero rwa kabiri (A2) ;
- 6° umuyobozi wo ku rugero rwa mbere (A1) ;
- 7° umuyobozi mukuru wo ku rugero rwa gatatu (AP3) ;
- 8° umuyobozi mukuru wo ku rugero rwa kabiri (AP2) ;
- 9° umuyobozi mukuru wo ku rugero rwa mbere (AP1) ;
- 10° umuyobozi mukuru kizigenza (APC) ;

Ingingo ya 7

Ipete y'icegera c'umuyobozi wo ku rugero rwa gatatu n'iyi pete yo kwinjirirako.

Ingingo ya 8

Urwego rw'intwazangabo zo iperereza rurimwo amapete cumi asumbana uku gukurikira :

- 1° intwazangabo yo iperereza yo ku rugero rwa gatatu (OR3) ;
- 2° intwazangabo yo iperereza yo ku rugero rwa kabiri (OR2) ;
- 3° intwazangabo yo iperereza yo ku rugero rwa mbere (OR1) ;
- 4° intwazangabo nkuru yo iperereza yo ku rugero rwa gatatu (ORP3) ;
- 5° intwazangabo nkuru yo iperereza yo ku rugero rwa kabiri (ORP2) ;

6° intwazangabo nkuru yo iperereza yo ku rugero rwa mbere (ORP1) ;

7° intwazangabo kizigenza yo iperereza yo ku rugero rwa gatatu (ORC3) ;

8° intwazangabo kizigenza yo iperereza yo ku rugero rwa kabiri (ORC2) ;

9° intwazangabo kizigenza yo iperereza yo ku rugero rwa mbere (ORC1) ;

10° intwazangabo kizigenza yo iperereza (ORC).

Ingingo ya 9

Ipete y'intwazangabo yo ku rugero rwa gatatu (OR3) ni ryo pete yo kwinjirirako.

Ingingo ya 10

Urwego rw'abagenduzi rurimwo amapete cumi asumbasumbana uku :

- 1° umugenduzi wo iperereza wo ku rugero rwa gatatu (IR3) ;
- 2° umugenduzi wo iperereza wo ku rugero rwa kabiri (IR2) ;
- 3° umugenduzi wo iperereza wo ku rugero rwa mbere (IR1) ;
- 4° umugenduzi mukuru wo iperereza wo ku rugero rwa gatatu (IRP3) ;
- 5° umugenduzi mukuru wo iperereza wo ku rugero rwa kabiri (IRP2) ;
- 6° umugenduzi mukuru wo iperereza wo ku rugero rwa mbere (IRP1) ;
- 7° umugenduzi mukuru kizigenza wo iperereza wo ku rugero rwa gatatu (IRC3) ;
- 8° umugenduzi mukuru kizigenza wo iperereza wo ku rugero rwa kabiri (IRC2) ;
- 9° umugenduzi mukuru kizigenza wo iperereza wo ku rugero rwa mbere (IRC1) ;
- 10° umugenduzi mukuru kizigenza wo iperereza (IRC).

Ingingo ya 11

Ipete y'umugenduzi wo iperereza ku rugero rwa gatatu niyo pete yo kwinjirirako.

Ingingo ya 12

Ingingo ya 16 itarenzwe, abakozi bo mu bundi buzi bwa Leta bafise ubuhinga bisangije barashobora kugenwa gukora mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza. Ico gihe, baca bagengwa n'iri tegeko.

Ingingo ya 13

Abayobozi, intwazangabo n'abagenduzi bo iperereza bafise ububasha nk'ubw'intwazangabo mu nyamiramabi ku vyerekeye icaha cose kijanye n'ivyo biro vy'igihugu bijejwe iperereza bijejwe.

IKIGABANE CA II

IBIRABA ITUNGANYWA RYAKAZI

Igihimba ca 1

Ivyerekeye gutanga akazi

Ingingo ya 14

Ibiro vy'igihugu bijejwe iperereza vyugururiwe abarundi bose. Iyinjira riba ufatiye ku gushaka, ku bukerebutsi, ku magara meza, k'ubuntu no ku bumenyi bw'akazi bw'ababishaka hakurikijwe ibwirizwa shingiro cane cane mu ngingo yaryo ya 257.

Ingingo ya 15

Mu kwinjira mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza, hasabwa ibi bikurikira :

- 1° kuba ari umurundi ;
- 2° kuba afise amateka ajanye n'ubwenegihugu ;
- 3° kuba ataracirwa igihano c'umunyororo w'amezi atandatu, kiretse yarasubijwe agateka, canke yari yahaniwe icaha atakoze n'ibigirankana ;
- 4° kuba atirukanywe mu kazi ka Leta, mu gisirikare, mu bucamanza, canke mu nzego z'abajewe umutekano ;
- 5° kuba yigenza neza, akunda n'igihugu ;
- 6° kwiyemeza biciye mu rwandiko ko atazoya mu migambwe canke mu yandi mashirahamwe arondera inyungu za politike mu gihe akiri mu kazi ;
- 7° kuba afise imyaka iri hagati ya 18 na 35 ;
- 8° kuba afise amagara meza, kandi bikemezwa n'umuganga wa Leta ;
- 9° kumenya ikibazo co kwinjira.

Ingingo ya 16

Kugira winjira mu rwego rumwe rumwe, hasabwe :

- a) mu rwego rw'abayobozi, aba afise urukaratasi rw'umutsindo rw'igice ca kabiri ca kaminuza canke bingana ;
- b) mu rwego rw'intwazangabo zo iperereza, aba afise n'imiburiburi urukaratasi rw'umutsindo rw'amashure yisumbuye asanzwe canke y'umyuga, kibure urupapuro bingana ;
- c) mu rwego rw'abagenduzi bo iperereza, aba yamenye n'imiburiburi igice c'intango c'amashure yisumbuye canke afise urukaratasi rw'umutsindo rutanzwe n'ishure y'abajewe umutekano kibure urupapuro bingana.

Ingingo ya 17

Umuyobozi mukuru w'ibiro vy'igihugu bijejwe iperereza niwe ajejwe kwinjira abakozi.

Igihimba ca 2

Ivyerekeye ukwimenyereza mu kazi

Ingingo ya 18

Abaja mu rwego rw'abayobozi n'intwazangabo zo iperereza bagenerwa vy'agateganyo n'Umukuru w'igihugu. Ubwo bubasha bwegukira umuyobozi mukuru w'ibiro bikuru bijejwe iperereza ku baja mu rwego rw'abagenduzi bo iperereza.

Ingingo ya 19

Abayobozi, intwazangabo n'abagenduzi bo iperereza babwirizwa kwimenyereza akazi mu gihe c'umyaka ibiri.

Ico kiringo kirangiye, baca bagenwa bwite n'umutegetsi abifitiye ububasha bikaba mu gihe bakoze akazi bashinzwe neza ; icegeranyo c'ingene bimenyereje hisunzwe amategoko y'umwuga kikabigaragaza.

Iyo udashimiwe mu gihe co kwimenyereza, uwimenyereza arasubiramwo ikiringo c'amezi cumi n'abiri ; ico giheze baramwemeza mu kazi canke akirukanwa.

Ingingo ya 20

Ico gihe co kwimenyereza giheze, abayobozi, intwazangabo n'abagenduzi bo iperereza bararahira ko bazoyoboka Umukuru w'igihugu, bakavyemeza biciye mu rwandiko, bakongera bakemera ko bazogendera amasezerano y'ubumwe bw'abarundi bakubaha ibwirizwa shingiro n'ayandi ma bwirizwa y'igihugu :

« Ndarahiye ko nzogamburukira nkayoboka Umukuru w'igihugu, nkubaha amasezerano y'ubumwe bw'abarundi, ibwirizwa shingiro rya Republika y'Uburundi, amabwirizwa n'amategoko agenga Uburundi ».

Ingingo ya 21

Imyaka y'akazi ihururwa kuva ku munsu wo kwinjira. Ariko, ikiringo co kwimenyereza kitagenze neza ntigiharurwa kiretse mu guharura imfashanyo y'uwakukurutse.

Igihimba ca 3

Ibiraba kwiga no kwungura ubumenyi

Ingingo ya 22

Abakozi bo mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza bakiri mu kazi barafise uburenganzira bwo kwungura ubwenge mu kazi ka bo biciye mu kwiga canke mu gukarisha ubwenge.

Ingingo ya 23

Ibiro vy'igihugu bijejwe iperereza bibwirizwa gutunganya ibirango vyo kwiga canke gukarisha ubwenge, bikanahimiriza abakozi ngo bungure ubumenyi.

Ingingo ya 24

Uretse mu gihe co kwimenyereza, iyo ikiringo c'ukwiga canke kwungura ubumenyi gishikana amasaha ijana na mirongo ibiri, kikagaragazwa n'icegeranyo be n'urupapuro rw'umutsindo, umukozi araronka akarusho ko kuduga ipete rimwe.

Igihimba ca 4

Itangwa ry'amanota mu kazi

Ingingo ya 25

Itangwa ry'amanota ku bakozi riba ku mwaka ku mwaka biciye mu rupapuro rw'amanota atangwa baravye ibikorwa, umwimbu, n'uko akwiye kuduzwa amapete.

Abakozi batamaze amezi atandatu ku kazi ntibahabwa amanota.

Ingingo ya 26

Itangwa ry'amanota rigirwa n'abategetsi bakwirikira :

– Icegera c'umuyobozi mukuru ku rugero rwa mbere n'umuyobozi mukuru ku rugero rwa kabiri arirwo rugero rwa nyuma, ku bayobozi n'abo bangana.

– Umuyobozi w'igisata ku rugero rwa mbere, icegera c'umuyobozi mukuru ku rugero rwa kabiri, n'umuyobozi mukuru ku rugero rwa gatatu arirwo rugero rwa nyuma, ku bayobozi n'intwazangabo zo iperereza.

– Umukuru w'ubuzi ku rugero rwa mbere, umuyobozi w'igisata ku rugero rwa kabiri, n'icegera c'umuyobozi mukuru ku rugero rwa gatatu arirwo rugero rwa nyuma ku bagenduzi bo iperereza.

Amanota yo ku rugero rwa nyuma amenyeshwa nyeneyo imbere yuko ukwezi kwa Kigarama guhera kandi akemeza ko yayabonye.

Habaye impari ku manota, umukozi yitura sentare ica imanza zega Leta mu minsi cumi n'itanu ikurikira. Mu kwitwara abicisha mu rwandiko bigaca mu minwe y'umukoresha ari hejuru ubwa mbere, kandi ntashobora kwanka ku ruterako igikumu.

Ingingo ya 27

Ufatiye ku manota baronse, ubukerebutsi bw'abakozi bo mu gisata c'igihugu kijejwe iperereza bwerekana n'ibi bikurikira :

- Neza vy'akarorero : hagati ya 90 na 100%
- Neza cane : hagati ya 80 na 89%
- Neza : hagati ya 60 na 79%
- Neza bibayabaye : hagati ya 50 na 59%
- Bidakwiye : hagati ya 0 na 49%

Igihimba ca 5 **Iduzwa ry'amapete**

Ingingo ya 28

Abakozi bo mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza baduga mu kazi mu buryo bubiri : Iduzwa ry'amapete, n'iduzwa ry'umushahara.

Ingingo ya 29

Iduzwa ry'amapete riba mu gushikira ipete ryo hejuru. Umukozi aba amaze n'imiburubiri inyaka ibiri mw'ipete ariko kandi akaba yaciye ku nzego zose zo muri urwo rugero.

Ufatiye ku manota yaronse, izo ngazi n'izikwirikira :

- Neza vy'akarorero : ingazi indwi.
- Neza cane : ingazi zitanu ;
- Neza : ingazi zitatu ;
- Neza bibayabaye : ingazi imwe ;
- Bidakwiye : nta ngazi n'imwe umukozi aduga.

Ingingo ya 30

Iduzwa kw'ipete rikuru ku buyobozi n'intwazangabo zo iperereza, n'ingingo ifatwa n'Umukuru w'igihugu bisabwe n'umuyobozi mukuru ajejwe iperereza.

Ku bagenduzi bo iperereza, iduzwa ry'amapete n'ingingo ifatwa n'umuyobozi mukuru ajejwe iperereza.

Ingingo ya 31

Umukuru w'igihugu arashobora, abisabwe n'umuyobozi mukuru wo iperereza ry'igihugu, gusimbisha ipete umuyobozi canke intwazangabo ahamagariwe kurangura amabanga ahambaye, mu gihe itunganywa ry'akazi ribisaba.

Ingingo ya 32

Iduzwa ry'ipete ritanga uburenganzira ku mushahara uringaniye n'iryo pete. Iyo uwadugijweko ipete asanzwe afata umushahara ungana canke uruta umushahara w'ipete yadugijwe, baca bamudugiriza ingazi zikwiye kugira agumane uturusho yari amaze kuronka.

Ingingo ya 33

Iduzwa ry'umushahara ku mwaka rijanye n'amanota umukozi yaronse, hisunzwe urugero rw'ibiharuro bafatirako mu guharura rifatanijwe n'iri bwirizwa.

Ingingo ya 34

Abakozi barungitswe gukora mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza ry'igihugu bafise gusa uburenganzira bwo kudugirizwa umushahara uharuwe hisunzwe ingingo za 26 na 32 z'iri bwirizwa. Iyunguruzwa ry'amapete rirabandanya iyo bahora.

Ingingo ya 35

Iyo ikiringo c'amabanga yahamagariwe kirangiye, umukozi arafise uburenganzira bwo gusubira iyo yahora, agasubira gukora ivyo yahora akora hakurikijwe ipete agezezo iyo atigeze aca kubiri amabwirizwa n'akarangamutima bigenga umukozi wo mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza.

Igihimba ca 6 **Ibihe vy'akazi**

Ingingo ya 36

Ibihe biharurwa mu burambe bw'umukozi mu kazi ko iperereza ni ibi :

- ibihe vy'akazi ;
- ibihe vy'uburuhuko ;
- ibihe vy'ihagarikwa ry'akazi ;

– ibihe vy'ukurungikwa mu mabanga.

Ibihe bitari mu burambe bw'abakozi mu kazi :

- ihagarikwa ku kazi ;
- ikiringo co kubangira mu kazi.

Ingingo ya 37

Mu kiringo c'umwaka uwariwo wose w'akazi, abakozi bo mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza barafise uburenganzira ku karuhuko ku mwaka k'iminsi mirongo ibiri n'itanu y'iminsi y'akazi. Barashobora kuyifata mu bice, ariko ntibarengane uwo mwaka. Ntawushobora kuyisaba amezi atatu ya mbere y'umwaka ukurikira yarangiye.

Vyongeye, bararonka uburuhuko kubera ingwara, bw'ukwibaruka, buturutse ku vyashikiye umukozi, ku kwiga, ku mwanya wo kurindira kugira abavuye mu mabanga baronke akandi kazi, ku buruhuko bafata kugira barangure imirimo y'ubuhinga ahandi canke uburuhuko bufitiye akamaro igihugu.

Ingingo ya 38

Akaruhuko kavuye ku ndwara kamara umwanya w'ihagarikwa ry'akazi bivuye ku ngwara, umukozi ari mu bitaro canke ariko arakiruka.

Ingingo ya 39

Akaruhuko k'ukwibaruka karonswa abakozi b'abakenyezi hatanzwe urupapuro rwo kwa muganga rwerekana umunsi ashobora kwibarukirako. Ako karuhuko kamara iminsi 84 itarenga bahereye inyuma cake imbere y'ukwibaruka, bikava ku vyo uwibarutse ashaka.

Mu gihe uwibarutse asubiye ku kazi bimuvuyeko imbere yuko ikiringo c'iminsi 84 gihera, ntashobora gusaba indishi i yariyo yose kubera akaruhuko atafashe canke kigijwe inyuma.

Ariko, mu gihe bivuye ku mpamvu z'akazi bisabwe n'umukoresha, uwibarutse arahagarika akaruhuko, akazoronka indishi canke akaruhuko gahuye n'iyi minsi atashoboye gufata mu karuhuko yari agenewe.

Ingingo ya 40

Umukenyenzi yibarutse asubiye ku kazi, ku kiringo c'amezi atandatu, araronka isaha imwe y'akaruhuko ku munsi, kugira yonse umwana wiwe.

Ingingo ya 41

Umukozi araronka akaruhuko kajanye n'ivyashikiye umuntu gahwanye n'ihagarikwa ry'akazi baharura mu buryo bukurikira :

1) iminsi kwirikirana mu gihe :

- a) co kurongora ;
- b) c'ukwibaruka kw'umutambukanyi ;
- c) c'urupfu rw'umuvyeyi canke umwana ;
- d) c'ukurongora kw'umuvyeyi canke umwana ;
- e) c'uguhindura akazi bisaba kwimukira mu yindi komine.

2) Iminsi ibiri ikwirikirana mu gihe hapfuye incuti yo ku rugero rugira kabiri.

Akaruhuko kajanye n'ibishikiye umuntu gaterezwa guhurirana n'ikiringo vyashikiyemwo.

Ingingo ya 42

Akaruhuko kajanye n'inyigisho gahurirana n'ihagarikwa ry'akazi bitumwe n'ugukurikirana inyigisho umwanya wose canke kunagura ubumenyi.

Ingingo ya 43

Akaruhuko k'uwavuye mu mabanga arindiriye aho bamushira kamara umwanya amara arindiriye. Ntigashobora kurenga amezi atatu.

Ingingo ya 44

Akaruhuko karonka uwugiye gukora akazi k'ubuhinga arangurira ahandi kamara umwanya w'ihagarikwa ry'akazi

kugira akorere akazi mu gihe kibayabaye agikorera Leta canke ishirahamwe mpuzamakungu.

Akaruhuko nkako ntigashobora kurenga amezi atatu. Umukozi yasavye mwene ako karuhuko ntashobora kuronka umushahara waho yahora muri ico kiringo.

Ingingo ya 45

Akaruhuko kajanye n'inyungu z'igihugu gafatwa ku mpamvu zkurikira :

– ukurangura amabanga watorewe, katononera akazi wahora ukora canke mu gihe c'ibikorwa vy'urwego uba watowemwo ;

– uruhusha rwo kuja mu myiyerekano y'igihugu canke mpuzamakungu ;

– uguhamagarwa mu gisirikare.

Ingingo ya 46

Umukozi w'ibiro vyo iperereza arashobora guhagarika akazi :

a) iyo yemerewe kuja gukarisha ubwenge canke kuja kunonosora ivyigwa mu makungu canke gukurikirana ivyigwa bimara igihe gitunganyijwe canke gukarisha ubwenge, mu gihe kitarenza amezi cumi n'umunani ;

b) ku bituma vy'ubumuga vyemejwe n'umurwi w'abaganga umenyesha ko ubwo bumuga buzokira haheze igihe canke butazokira.

Urya wa mbere twavuze, abandanya aronka umushahara wiwe wose, amafaranga batanga ku buraro n'ayo batanga ku miryango.

Ku bijanye n'uwa kabiri twavuze muri iyi ingingo :

1° iyo ubumuga buzoteba bugakira, uwo vyega araronswa ishumbusho yo gufasha umuryango, ica kabiri c'umushahara wiwe mu mezi atnadata ;

2° iyo ubumuga butazokira, uwo vyega araronswa ivyo duhejeje kuvuga mu kiringo kitarenga :

1° umwaka umwe iyo uwo vyega amaze mu kazi imyaka itanu ;

2° imyaka ibiri iyo uwo vyega amaze mu kazi hagati y'imyaka itanu na cumi ;

3° imyaka itatu iyo uwo vyega amaze mu kazi hagati y'imyaka cumi na cumi n'itanu ;

4° imyaka ine iyo uwo vyega amaze mu kazi hagati y'imyaka cumi n'itanu na mirongo ibiri ;

5° imyaka itanu iyo arenga imyaka mu kazi mirongo ibiri.

Ingingo ya 47

Umukozi wo mu biro vyo iperereza arangura akazi kemewe ajejwe muri urwo rwego nyene.

Ariko, umutegetsi afise ububasha bwo kugena, arashobora kurungika umukozi mu bundi bushikiranganji kurangura amabanga akwiranye n'imiburiburi n'ipete agezeke.

Uguhindura akazi bigirwa ku nyungu y'akazi, bisabwe n'uwo vyega canke avyemeye akabanza kuvyumvikana n'Umushikiranganji abijejwe.

Ingingo ya 48

Ku nyungu y'akazi, umuyobozi mukuru w'ibiro vyo iperereza arashobora gusaba irungikwa ahandi ry'umukozi.

Uyo mukozi aguma ari umukozi waho yahora ariko ahembwa n'umukoresha mushasha.

Umukozi yahinduriwe akazi aragumana uburusho bujanye n'ipete n'uburambe mu kazi.

Ingingo ya 49

Ihagarikwa ry'akazi vy'agateganyo n'igihe umukozi aronse uruhusha rwo guhagarika akazi vy'agateganyo ku bituma vyo kumworohereza.

Ingingo ya 50

Umukozi w'ibiro vyo iperereza ntashobora kuja mw'ihagarika vy'akazi vy'agateganyo iyo ataremezwa mu kazi bwite.

Uguhagarika akazi vy'agateganyo bitangwa uwo vyega atanze insiguro kandi ntawushobora kumwankira. Ariko arashobora kurindirizwa mu kiringo kitarenga amezi atatu ku neza y'akazi.

Ingingo ya 51

Ikiringo c'ihagarikwa ry'akazi vy'agateganyo kingana n'imyaka itanu, gishobora kwongezwa rimwe.

Ingingo ya 52

Ihagarikwa ry'akazi vy'agateganyo bishirwa mu ngiro, ku murwi umwe umwe w'abakozi, n'umutegetsi afise ububasha bwo kugena hakurikijwe ingingo ya 19 y'iri bwirizwa.

Gusubizwa mu kazi bisabwa uwo mutegetsi nyene akurikije uko abibona.

Ingingo ya 53

Umukozi ari mw'ihagarikwa ry'akazi vy'agateganyo nta burenganzira afise ku mushahara n'ibijanye nawo canke ukuduga ipete.

Ariko, aragumana uburenganzira ku mafaranga y'abakukurutse angana n'igitigiri c'imyaka amaze mu kazi n'imfashanyo ihabwa impfuyi.

Ingingo ya 54

Kurindirizwa mu kazi n'igihe umukozi abujijwe kurangura amabanga y'iwe vy'imfatakibanza bivuye ku caha canke ikosa ry'akazi gikomeye yagirizwa.

Kurindirizwa n'ingingo yo kurindira iyizofatwa ubwa nyuma urubanza rucitse kandi n'iy'imfatakibanza.

Ingingo ya 55

Ukurindirizwa mu kazi bigirwa n'umukuru ajejwe umukozi vyerekeye ku rugero rwa mbere.

Uwo mukozi, ariko, arafise ububasha bwo gusaba ifutwa ry'iyi ingingo yo kurindirizwa mu kazi ku mukuru amutwara ku rugero rwa kabiri ariko ntibituma igihano gihagarikwa muri ico kiringo ariko aritwara.

Ingingo ya 56

Umukozi yarindirijwe mu kazi mu ntumbero yo kumuhana kujanye n'amakosa y'akazi ata nkurikizi y'ivyaha, aragumana uburenganzira ku mushahara.

Iyo ingingo burundu idafashwe mu mezi atatu, ingingo yo kurindirizwa mu kazi ica ihagarikwa buno nyene.

Ingingo ya 57

Umukozi yahagaritswe mu kazi akaba akurikiranwa ku caha nta burenganzira aba agifise ku mushahara gushika hafatwe ingingo ya nyuma.

Ingingo ya 58

Igihe hafashwe ingingo z'ubutungane zikagarika ikurikiranwa, iyo rindirizwa ry'akazi riva mu kazi riva mu nyuma.

Ingingo ya 59

Hatirengagijwe ingingo ya 57, umukozi yahagaritswe, aca atunganirizwa mu vy'akazi yahoramwo no mu vyo amafaranga igihe ingingo ya nyuma ihagaritse burundu ikwirikiranwa mu kazi canke ku caha yagirizwa.

Igihimba ca 7

Ivyerekeye uguheza ikiringo c'akazi

Ingingo ya 60

Uguhagarika burundu akazi ku mukozi wo mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza kuba mu bihe bikurikira :

1. akuwe mu kazi mu gihe :

a) uwo biraba atagikwije ivyo yasabwe mu guhabwa akazi nk'uko biri mu ingingo ya 15, ku turongo twa 1°, 2°, 3° na 6° tw'iri bwirizwa ;

b) iyo uwo vyerekeye atagarutse mu kazi igihe ikiringo c'igihano co guhagarikwa mu kazi carangiye.

2. Yatanze imihoho mu rwandiko rwemejwe n'ubutegetsi bufise ububasha bwo kugena ;

3. yakuwe mu kazi ;

4. yakukurutse nk'uko bitegekanijwe n'ingingo za 64 na 65 ziri muri iri bwirizwa ;

5. atagishobora kurangura akazi ajejwe bitumwe n'ingwara canke ubumuga vyagaragajwe nk'uko bitegekanijwe n'ingingo ya 62 y'iri bwirizwa ;

6. mu gihe yitavye imana ;

7. mu gihe asubiye mu kazi yari yaje avamwo ;

8. mu gihe habaye ubusuma no kubesha mu mpapuro z'amashuri yisumbuye canke ya kaminuza yakoresheje mu gusaba akazi.

Ingingo ya 61

Ihagarika burundu ry'akazi rimenywa n'uwumutwara, rigashingwa n'ubutegetsi afise ubushobozi bwo kugena.

Ingingo ya 62

Ukutagishobora gukora akazi bimenyeshwa n'umurwi w'abaganga wagenywe kugira urangure ico gikorwa.

Ingingo ya 63

Umuntu yemejwe ko atagishoboye gukora akazi ajejwe aca ahabwa imfashanyo y'ubumuga hakurikijwe amategako akoresheba ku bakozi bakuru bakuru n'abakozi bato bato b'abanywanyi b'ishirahamwe rijejwe gutegekaniriza kazoza abakozi INSS.

Ingingo ya 64

Imyaka ntarengwa y'ugukora mu kazi ni 60 ku bayabozi n'intwazangabo zo iperereza be n'imyaka 55 ku bagenduzi. Iyo myaka irashobora kwongerwako ikiringo c'umwaka incuro zitanu zitarenga.

Ingingo ya 65

Umukozi wo mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza arafise uburenganzira bwo gusaba no kuronka gukukuruka imbere y'uko akwiza imyaka yategekanijwe igihe amaze imyaka 15 akora.

Urwo ruhusha ni ngombwa aruronde, ariko rugashobora kuja mu ngiro inyuma y'ikiringo kitarenze amezi atatu igihe ubutegetsi bujijwe kugena bubonye ko akazi kabisaba.

Ingingo ya 66

Umukozi yemerewe gukukuruka gatarageza, arafise uburenganzira bukorera imfashanyo y'abakukurutse.

Kuronka ubwo burenganzira bishingwa hisunzwe ibisabwa n'ibirekurwa n'ingingo zikurikira ku bakozi bakuru bakuru na bato bato b'abanywanyi b'amashirahamwe ajejwe gutegekanywa kazoza k'abakozi.

IKIGABANE CA III

IVYEREKEYE AMATEKA, AMATEGEKO N'INGENE IBIHANO BITANGWA

Igihimba ca 1

Amateka n'a mategeko

Ingingo ya 67

Abakozi bo mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza bafise uburenganzira :

a) bwo kuronka umushahara wo ku kwezi ata gisivya ;

b) bw'ukunguruzwa bava i muhira baja kukazi, n'igihe bava kukazi baja muhira ;

c) bw'uguhabwa aho baba canke uburyo bwutumaronka aho aba habereye ;

d) bw'ukurihirwa, mu kiringo cose bazoba bakiri muri iryo banga n'igihe bazoba bakukurutse, igice c'amafaranga y'umuyagankuba n'amazi nk'uko bitegekanijwe mw'Itegeko ribigenga ;

e) guhabwa uburyo bw'ukwivuzwa nk'uko bitegekanirijwe n'izindi nzego zijejwe kurwanira igihugu n'umutekano. Ingene bishirwa mu ngiro, bishingwa n'Itegeko ribigenga.

Ingingo ya 68

Abakozi bo mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza barafise ivyo bategerezwa nk'akarorero :

a) gukorera igihugu mu kwitanga bimwe bishimishije n'ugucungera mu bihe vyose, ineza ya Repuburika y'Uburundi ;

b) kubungabunga ubumwe bw'abarundi ;

c) gucungera, uko ububasha bubirekura agataka k'Uburundi, umutekano n'amahoro vy'igihugu ;

d) kurangura we nyene n'umutima mwiza imirimo ajejwe, kwubahiriza amategako y'abamutwara n'ugufadikanya n'ugukorana neza na bo ku neza y'akazi ;

e) kugendera iteka n'ibanga haba imbere y'abakuru, abo bangana, abo baruta canke imbere ya barundi ;

f) kwirinda, haba ku kazi canke ahandi hose ico cose coshobora gutosekaza umwizero w'abanyagihugu canke kugirira nabi irangurwa, icubahiro n'iteka ry'akazi ;

g) bisunze ububasha bafise, gusabira ibihano abakoresheba ububasha, ugufata minenerwe canke ivyaha biciye kubiri n'amategako boba babonye mu gihe c'ukurangura akazi ka bo canke n'ahandi ;

h) kwubahiriza ibwirizwa shingiro, amabwirizwa n'amategako ;

i) kugumya ibanga n'ukwitanga mu kazi.

Ingingo ya 69

Birabujijwe kandi ku bakozi bo mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza :

a) kurya canke gutanga ibiturire uko bimeze kwose ;

b) kuvuga ivyabaye yamenye kubera amabanga yari ajejwe, kandi vyategerezwa kuba akabanga, n'aho yoba atagikora ako kazi ;

c) kwinjira mu migambwe canke mu yandi mashirahamwe y'ivyaha politike canke kwerekana aho uhengamiye mu vya politike ;

d) kugira yegereyegere canke kuja mu bikorwa bigomba kuyitera ;

e) gutunganya no kuja mu mashirahamwe aharanira inyungu z'abakozi ;

f) gukubagura abantu, kubaha ibihano bibaza cane, bitogirwa abantu kandi bitesha agateka.

Igihimba ca 2

Ivyerekeye amakosa y'akazi

Ingingo ya 70

Umukozi wo mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza atarunguye ivyo ategerezwa nk'uko biri mu ngingo ya 68 y'iri bwirizwa canke agaca kubiri ingingo ya 69 aba akoze ikosa riciye igihano mu kazi.

Ingingo ya 71

Umutegetsi asubiye canke atanze igihano mu vyerekeye inyifato ku kazi ategerezwa kwisunga Itegeko ryarenzweko. Ategerezwa kandi kwerekana ingene ryakozwe n'umukozi ryagiriwe n'urugero rw'igihano bijanywe.

Ingingo ya 72

Kiretse afatanywe itonga, nta mukozi wo mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza ashobora guhabwa igihano atabanye kumenyeshwa amakosa yagirizwa mu buryo bwanditse kandi agahabwa n'akanya ko kwiregura.

Ingingo ya 73

Hakurikijwe uburemere bw'amakosa, ibihano bisumbasumbana gutya :

1. gukebura ;
2. kugabisha ;
3. ukwakwa uturusho tumwe tumwe atari utw'umuryango canke uburaro mu kiringo c'ukwezi kumwe canke menshi ;
4. ukugabanywa igice c'umushahara mu kiringo c'ukwezi ;
5. uguhagarikwa mu kazi mu kiringo c'amazi abiri. Ico gihano gituma yakwa ikarata y'inyamiramabi agatwarwa n'igice c'umushahara agaca hahebwa iduzwa ry'ampete hataragera yari yararonse ;
6. kurindirizwa mu kazi mu kiringo kiri hagati y'ukwezi kumwe n'ameziatandatu. Ico gihano gikwega ihagarikwa ry'umushahara n'uturusho, kiretse uturusho tw'umuryango n'uburaro ;
7. ugukurwa mu kazi.

Igihimba ca 3

Ingene ibihano bitangwa

Ingingo ya 74

Ububasha bwo gutohoza ivyerekeye amakosa y'abakozi bufiswe n'umukoresha wo kurugero rwa mbere.

Ingingo ya 75

Ububasha bwo gutanga ibihano buri mu minwe n'aba bakurikira :

1. y'umukoresha wo kurugero rwa mbere ku bihano bibiri vya mbere ;
2. y'umukoresha wo ku rugero rwa 2, ku bihano vya 3 na 4 ;
3. y'umukoresha wo ku rugero rwa 3 ku bihano vya 5 na 6 ;
4. y'abategetsi bafise ububasha bwo kugena, kugihano co gukurwa mu kazi.

Mu gihe hariho urubanza rukiri mu minwe ya sentare mpanavyaha, umutegetsu afise ububasha bw'ugutanga ibihano ntategerezwa kwisunga ikurikiranwa imbere ya sentare mpanavyaha ryerekeye umwe mu bakozi biwe.

Ingingo ya 76

Indinganizo yose y'ibihano, idateye kubiri n'ingingo zo mu gahimba ka 2 k'ingingo ya 75, ibwirizwa guherana n'ikiringo c'amezi 3 kuva igihe itohoza ryatanguriye. Bibitabaye uko, bica bihebwa.

Ingingo yo kubiheba ifatwa n'umuyobozi mukuru ku bakozi bo muri ico gisata kubera ko wenyene avyiboneye canke abisabwe n'umukozi vyega.

Ingingo ya 77

Mu gihe umukozi yitwaye ku vyerekeye ibihano bibiri vya mbere, yitura umuyobozi mukuru ku gihano ca 3, ca 4, ca 5, n'ica 6, yitura umutegetsu afise ububasha bwo kugena, mu gihe agomvye kwitura ubutungane naho, yitura sentare ica imanza zega Leta.

Ingingo ya 78

Ikiringo co gukurikiranwa umukozi ku makosa y'akazi kingana imyaka ibiri kuva ku munsu ikosa rikoreweko.

Yamara rero mu gihe iryo kosa rifatwa nk'icaha nk'uko bitegekanijwe n'amategako mpanavyaha, ico kiringo gica kingana n'igitegekanijwe n'ayo mategeko.

IKIGABANE CA IV IMPEMBO N'UTURUSHO

Igihimba ca 1

Ivyerekeye impembo

Ingingo ya 79

Abakozi bakora mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza barafise uburenganzira bwo kuronka impembo igizwe :

- n'umushahara umukozi aherako mu kazi ;
- n'ishumbusho umukozi aronka yo gutunga umuryango ;
- ishumbusho umukozi aronka nk'uko bitegekanijwe n'ingingo ya 67 urudome c) y'iri bwirizwa.

Ingingo ya 80

Abakozi bo mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza barashobora kuronka uturusho. Uturusho dushobora gutangwa ni utu dukurikira :

- akarusho kajanye n'akazi bakora ;
- akarusho kajanye n'impanuka zishobora guterwa n'akazi ;
- akarusho kajanye n'amabanga adasanzwe umukozi ashinzwe ;
- agashirukabute ko k'umwete ;
- agashirukabute kajanye n'imirimo umukozi ajejwe ;
- agashirukabute kajanye n'umwimbu. w'umukozi ;
- agashirukabute kajanye no kurambira mu kazi.

Ingingo ya 81

Udushirukabute n'uturusho tw'inshumbusho turashobora guhabwa abakozi bo mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza kubera amabanga yiyongera ku yo bari bajejwe, iyo bagize ico bahomba canke bagira impanuka bimwe bidasanzwe bivuye ingene barangura imirimo bashinzwe.

Ingingo ya 82

Umukozi wo mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza aronse impapuro z'umutsindo ziyongera ku zo yahereweke akazi arazironkera akarusho hakurikijwe amategako ashira mu ngiro iri bwirizwa.

Ingingo ya 83

Urugero rw'imishahara, udushirukabute n'uturusho duhabwa abakozi bo mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza rushingwa n'itegeko ry'Umukuru w'igihugu.

Ingingo ya 84

Imishahara y'abakozi bo mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza irihwa uko ukwezi gutashe. Umushahara uhagarikwa umunsi ukwirikira iryo hagarikwa.

Ariko rero, iyo umukozi wo mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza yitavye imana, abasigwa biwe babifitiye uburenganzira bararonka agafashanyo k'amafaranga angana n'umushahara yahora aronka w'amezi ane ata na kimwe bakasemwo, uretse umushahara w'ukwezi yitabiyemwo Imana.

Igihimba ca 2

Uturusho two kworohoreza abakozi mu kazi

Ingingo ya 85

Iburo vy'igihugu bijejwe iperereza birashobora kworohoreza abakozi kuronka ideni yo kwubaka uburaro bwa mbere.

Ingingo ya 86

Abakozi bo mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza baravuzwa na Leta nk'uko abakozi bari mu zindi nzego z'umutekano bavuzwa.

Umukoresha aramushira mw'ishirahamwe ritegekaniriza kazoza abakozi kandi bakaronswa bitegekanywa kandi ibitangwa n'iryo shirahamwe, cane cane ivyerekeye agafashanyo gahabwa abasigwa n'agafashanyo gahabwa abagiriye impanuka ku kazi.

Aca aja mu bakozi bakorera mu buzi bukwega impanuka nk'uko bitegekanijwe n'igitabo c'amabwirizwa yerekeye ukuziganiriza kazoza abakozi.

Arashobora kuja mu yandi mashirahamwe yishakiye ategakaniriza kazoza abakozi.

Ingingo ya 87

Mu gihe umukozi akukurutse kubera imyaka ikwiye, arafise uburenganzira bwo koronka agafashanyo k'uburambe mu kazi kangana n'umushahara w'amezi ane aharurwa ataco bakuyemwo.

Ingingo ya 88

Mu gihe umukozi yitavye imana, canke hitavye umutambukanyi, umwana wiwe yavyaye canke uwo yemeye imbere y'amategako, ibiro vy'igihugu bijejwe iperereza birariha amafaranga ajanye n'ibikenewe mu kumushingura.

IKIGABANE CA V

INGINGO ZISANGIJWE N'ABAKOZI BO MUBIRO BIKURU VYO IPEREREZA ARONSE AKAZI BASHIZE UMUKONO KU MASEZERANO

Ingingo ya 89

Abakozi bakorera mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza batari muri umwe mu mirwi ivugwa n'ingingo za 5, 6, 8 na 10 baharurwa mu murwi wabagengwa n'amasezerano y'akazi nk'uko bitegekanijwe mu ngingo yambere y'iri bwirizwa.

Ingingo ya 90

Kugira umuntu aronke akazi biciye mu masezerano, ategerezwa gukwiza ibi bikurikira :

- kuba ari umurundi ;
- kuba atigeze gupfungwa amezi 6 canke ngo upfungwe amezi ashika cumi na biri uteraniye ibihano vyonse vyo gupfungwa amaze kuronka kiretse iyo ubutungane bwamusubije agateka canke ibihano vy'ivyaha atakoze n'ibigirarkana ;
- kuba atigeze yirukanwa mu kazi ka Leta, mu bucamanza, mu gisoda canke mu rwego rw'igiporisi ;
- kuba yigenza neza, afise ingeso nziza kandi akunda igihugu ciwe ;
- kuba afise ubumenyi bukenewe bwo kurangura ako kazi ;
- n'urwandiko rwemeza ko afise amagara meza rutangwa n'umuganga wa Leta ;
- kuba yamenye ikibazo bamuhaye kugira aronke ako kazi.

Ingingo ya 91

Kiretse ivyo bategerezwa bitegekanijwe mu ngingo ya 34 y'igitabu c'amabwirizwa y'akazi mu Burundi, abakozi bo mu

biro vy'igihugu bijejwe iperereza binjiye biciye mu masezerano y'akazi baragengwa n'ibitegekanijwe mu ngingo ya 68 y'iri bwirizwa.

Ingingo ya 92

Kiretse ivyo arekuriwe n'amategako bitegekanijwe mu ngingo ya 35 y'igitabo c'Amabwirizwa y'akazi, umukozi wo mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza afise uburenganzira bwo kuronka :

- ishumbusho ijanye n'ukwiyunguruza ;
- ishumbusho ijanye n'uburaro ;
- kuvurwa na Leta nk'uko abandi bari mu nzego z'umutekano bavurwa ;
- ishumbusho ijanye n'akazi ashinzwe ;
- kuronka udushirikabute tujanye n'ugushimira uwakoze neza, n'utujanye n'umwimbu umukozi yinjije ;
- kuja mu karuhuko gatanga uko umwaka utashe kungana n'iminsi 25 y'akazi.

IKIGABANE CA VI

INGINGO MFATAKIBANZA N'IZISOZERA

Ingingo ya 93

Mu giha ipete umukozi wese, baraba imyaka amaze mu kazi n'ipete yari ageze ko.

Ingingo ya 94

Umukozi wese wo mu bakozi wo mu biro bikuru vy'iperereza afise n'imiburiburi urupapuro rw'umutsindo rw'amashure yisumbuye asanzwe canke y'ubuhinga, bamufata nk'uko ari intwazangabo mu vyo iperereza. Uwufise n'imiburiburi urupapuro rw'igice ca mbere c'amashure yisumbuye afatwa nk'umugenduzi wo iperereza, akagumana uturusho canke udushirikabute n'ibindi yari asanganywe.

Intwazangabo mu giporisi co iperereza zikora mu biro vy'igihugu bijejwe iperereza baba bari mu murwi w'abakozi bahinduriwe akazi bavuye mu giporisi c'Uburundi.

Abakozi bafashwe nk'abakozi b'igiporisi baragenwa burundu bakaronka amapete y'umurwi w'umwe umwe, bafatiye ku myaka bamaze mu kazi mu kiringo c'amezi atatu.

Ingingo ya 95

Ishirwa mu ngiro ry'iribwirizwa rizokwisunga amategako ntunganyabikorwa y'ibiro vy'igihugu bijejwe iperereza n'ayandi mategeko bijanye.

Ingingo ya 96

Ingingo zose zari zihasanze ziteye kubiri n'iri bwirizwa zirafuswe.

Ingingo ya 97

Iri bwirizwa rija mu ngiro umunsi ryemejwe n'umukuru w'igihugu.

VII. Umutekano w'igihugu

Ivyaha (uguhungabanya umutekano mu gihugu hagati no hanze yaco) : raba igitabu c'amabwirizwa mpanavyaha.

Ingingo zijanye n'umutekano	627
Ingingo z'ugucungera	632

Ingingo zijanye n'umutekano

Ukwaka ibirwanisho abanyagihugu.	627
Ukugabisha mu kirere	628
Uturere twiharijwe n'intwaramiheto.	629
Uturere tw'amaradiyo.	630
Uturere indege zidaca hejuru	631

Ukwaka ibirwanisho abanyagihugu

4 Rusama 2005. – ITEGEKO RY'UMUKURU W'IGIHUGU n° 100/061 – Ukwaka ibirwanisho abanyagihugu.

(I.I.B., 2005, n° 5, p. 9)

Ingingo ya 1

Haratunganijwe umugambi wo kwaka ibirwanisho abanyagihugu nk'uko bitegekanijwe mu masezerano yo guhagarika intambara yateweko igikumu kw'igenekerezo rya 7 Gitugutu 2002, irya 2 Kigarama 2002 n'irya 6 Munyonyo 2003.

Ingingo ya 2

Ukwaka ibirwanisho abanyagihugu vyerekeye umuntu wese aba mu Burundi atari mu nzego zijewe umutekano, akaba atunze ikirwanisho kimwe canke vyinshi bicira umuriro, canke amasasu n'ibindi vyereke ye ingwano. Abo nabo ni aba :

- urwaruka rujewe gucungera umutekano n'uwundi muntu wese yoba atunze ibirwanisho bicira umuriro kugira yirwanire ;
- abanyagihugu basanzwe bafise ibirwanisho bicira umuriro kandi bafise n'impapuro zibaha uburenganzira bwo kubitunga ;
- abanyagihugu batunze ibirwanisho bitemewe n'amategako.

Ingingo ya 3

Kubera ivyo, hashinzwe umurwi w'igihugu wo kwaka ibirwanisho abanyagihugu ushinze gutegura no gushira mungiro imigambi yo kwaka ibirwanisho abenegihugu.

Ingingo ya 4

Uwo murwi w'igihugu ujejwe kwaka ibirwanisho abanyagihugu ugizwe n'aba :

Umushikiranganji ajejwe umutekano mu gihugu : umukuru w'uwo murwi ;

Umushikiranganji wo kwivuna abansi : icegera c'umukuru w'umurwi ;

Umushikiranganji w'ubutungane ;

Umushikiranganji w'intwaro yo hagati mu gihugu ;

Umukuru w'ibiro bikuru vy'intwaramiheto ;

Umushikirizamanza kizigenza wa Republika ;

Umukuru w'ibiro vy'igihugu bijewe iperereza ;

Umuyobozi mukuru w'igiporisi c'igihugu ;

Umuyobozi mukuru w'intwaro yo hagati mu gihugu.

Ingingo ya 5

Uyo murwi urashobora gushinga imirwi mitomito ikenewe ishobora kujamwo n'abasanzwe batari muri wo.

Urashobora kwikora ku nzego z'abikorera ivyabo, abajewe intwaro, abakuru b'igisirikare n'abigiporisi.

Ingingo ya 6

Umurundi wese canke umunyamahanga aba mu Burundi, atunze ikirwanisho canke amasasu atabirekuriwe n'amategako, asabwe kubimenyesha n'ukugisubiza abajewe intwaro canke abajewe umutekano bamwegereye.

Ingingo ya 7

Umurundi wese canke umunyamahanga aba mu Burundi ategerezwa kumenyesha abajewe intwaro n'abajewe umutekano bamwegereye, abantu azi batunze ibirwanisho.

Ingingo ya 8

Ugusubiza ikirwanisho kimwe canke vyinshi canke amasase, gutegerezwa gutangirwa urwandiko rushizweko umukono n'uwugisubije hamwe n'umutegetsi yagenywe kubera ico.

Ingingo ya 9

Umurwi w'igihugu ushinze kwaka ibirwanisho abanyagihugu urashinga ibibanza vyo kwegeranirizwamwo ibirwanisho vyasubijwe n'aho bizojanwa burundu.

Ingingo ya 10

Umuntu wese yanse gusubiza ikirwanisho canke abujije igikorwa co kwaka ibirwanisho ahanwa hisunzwe ingingo z'itegeko-bwirizwa n° 1/091 ryo ku wa 2 Myandagaro 1971 ritunganya ivyerekeye gutunga ibirwanisho bicira umuriro n'amasase hamwe n'iz'igitabu c'amategako mpanavyaha.

Ingingo ya 11

Ingingo zose zari zihasanze ziteye kubiri n'iri tegeko zirafuswe.

Ingingo ya 12

Umushikiranganji w'umutekano w'igihugu niwe ashinzwe ikwirikizwa ry'iri tegeko rigiye mu ngiro umunsi riteweke igikumu.

Ukugabisha mu kirere

22 Nzero 1942. – ITEGEKO NSHINGAMATEKA n° 14/F.P – Ukugabisha mu kirere.

(I.I., 1942, p. 113)

1. Mu gihe hari ubwoba ko igihugu gishobora guterwa n'indege, ukubonesha ku mabarabara bica bihagarara.
2. Aho abantu baba, mu mazu ahuriramwo abanyagihugu benshi, mu nyubakwa z'amahinguriro canke z'ubudandaji n'izindi nyubakwa izo arizo zose :
 1. ukubonesha kwose canke gucana hanze bica bifutwa ;
 2. kubonesha mu nzu bitegerezwa guhishwa ku buryo umuco udashobora kubonwa n'uwuri hanze.
3. Izo ngingo nyene zikoreshwa ku mashirahamwe y'ivyo kwiyunguruza (indarayi, amato, gupakira abantu n'ibintu ...) kiretse ivyerekeye amatara yo kw'ibarabara yerekana ingene babisanya azoshirwa amaja hejuru.
4. Umwanya wose, abaserukira ubutegets, berekanye urupapuro rubaranga rwemeza umwuga wabo, bazoshobora kwinjira mu nyubakwa izo arizo zose, mu mato no mu bipakirwa kugira bakurikize ibitegerejwe vyerekeye kuzimya canke guhisha imiriro n'imico.

5. Igihe kugabisha bitanguye, imiduga iyo ariyo yose, ukuyemwo iyijewe gutabara n'iyi kwunguruza abakomeretse n'abarwaye, itegerezwa gutondekwa iburyo bw'ibarabara kandi ikagumizwaho ihagaze, umuco wose n'amatara yose yazimijwe gushika hatanzwe ikimenyetso c'uko igabishwa riheze.

6. Ibisabwa mu kubonesha inyubakwa zijewe ibikorwa vyo gutabara n'imiduga ijewe ivyo nyene be n'iy'ukwunguruza abakomeretse canke barwaye bizoshingwa n'amategeko ya Buramatari Kizigenza.

7. Abazorenga ku ngingo z'iri tegeko nshingamateka bazohanishwa umunyororo w'amezi 2 ntarengwa n'ihadabu ry'amafaranga ibihumbi bibiri ritarengwa canke kimwe muri ivyo bihano gusa.

8. Abakoresha bose bazorihira hamwe ata gusigana ayo mahadabu n'amafaranga atanzwe n'abakozi ku bihano baciriwe bari mu kazi, mu gihe batubahirije ingingo za 1, 2 na 3 z'iri tegeko nshingamateka.

9. Ingingo z'iri tegeko nshingamateka zikurikizwa mu gihe harakungerwa ikirere mu gukingira, zifatwa na *Buramatari w'intara* canke igihe cose azobona ko bikenewe aravye uko ibintu bimeze.

10. Iri tegeko nshingamateka rikurikizwa muri *Kongo Mbiligi* no mu Ruanda hamwe no mu Burundi.

Rizoja mu ngiro muri *Kongo Mbiligi* umunsi rizotangarizwa mu kinyamakuru c'ivy'intwari, hanyuma mu Ruanda no mu Burundi igihe rizotangarizwa mu Kinyamakuru c'ibitegekwa mu Ruanda no mu Burundi.

Uturere twiharijwe n'intwaramiheto

Itegeko – 20 Ruheshi 1952.	629
Itegeko rya Ruanda-Urundi – n° 081/220 – 4 Gitugutu 1958	629

20 Ruheshi 1952. – ITEGEKO – Ryemeza Itegeko nshingamateka n° 81/381 ryo ku wa 24 Kigarama 1951 – Ishingwa ry'uturere twiharijwe n'igisirikare.

(I.I., 1952, p. 38)

Menya neza

Ijambo ryakosowe n'Itegeko ryo ku wa 7 Ruhuhuma 1956 rikoreshwa mu Burundi (I.I.K.M., p. 250).

1° *Buramatari mukuru* n'abandi bategetsi agenywe ku bw'ivyo barashobora gushinga uturere twiharijwe n'intwaramiheto.

2° Ugucumbika no kugendagenda muri utwo turere birabujijwe ku bantu badafise uruhusha rwo kuhacumbika canke kuhatembera.

3° Uruhusha rwo gutembera ni urw'imfatakibanza canke bwite.

Uruhusha rwo gucumbika rutuma hemerwa n'urwo gutembera (bijanye n'ijambo ryakosowe 3. A, 1952, p. 1343).

Uruhusha rwo kugerera n'uruhusha rwo gutembera zirashobora kwakwa ubwo nyene ata gabishwa ribaye n'umutegetsi yazitanze.

4° Itegeko ry'umushikirangoma canke ry'umwami (Umukuru w'igihugu) rishiraho (rishinga) akarere kiharijwe n'intwaramiheto rigena :

– abantu barekuriwe kutagira uruhusha rwo gutembera canke rwo kuba ahantu ;

– abategetsi batanga impusha ;

– abategetsi batanga izo mpusha zitegekanijwe n'ingingo za 5 na 6 ;

– kiretse Itegeko ridasanzwe ritegekanijwe n'Itegeko ry'Umushikiranganji canke ry'Umukuru w'igihugu rishirako akarere kiharijwe n'intwaramiheto, kiretse hasabwe uruhusha, birabujijwe hagati muri ako karere, kwimba mu kuzimu, no kurunda ivu hagati muri ako karere harimwo n'ibindi vy'umwuzurira gushirako inyubakwa nshasha no guhindura izihasanzwe.

5° (*Yarahinduwe n'Itegeko ry'Umukuru w'igihugu ryo ku wa 7 Ruhuhuma 1956*). – « Haba hanze canke muri ako karere, kiretse hatanzwe uruhusha, birabujijwe, gufata amafoto canke amasinema y'ako karere kose canke agace ka ko ».

6° Abatarekuriwe kutitwaza uruhusha, bazoba baba canke batembera muri ako karere badafise urwo ruhusha, bazotegekwa kuhava. Bazohanishwa kandi umunyororo w'amezi atandatu (6)

ntarengwa batange n'ihadabu ry'amafaranga ibihumbi bibiri bitarenga canke bahanishwe ihahano kimwe gusa muri ivyo bibiri.

7° Uwo ariwe wese azoba yakoze ibikorwa hahonyanzwe ingingo ya 5 azohanishwa ihadabu ritazorenza amafaranga ibihumbi bibiri kandi akazotegekwa gusubiza ibibanza uko gishinzwe yabisanze mu kiringo gishinzwe n'umucamanza.

8° Mugihe vyihuta, umutegetsi w'igisirikare azoshobora guca, ubwo nyene ata kibanje gusabwa kandi ku mahera y'uwakosheje, gusubiza ibibanza uko vyari bimeze imbere y'igihe hatabaye intambamyi kw'ikurikiranwa ku vyaha mu nyuma.

9° Uwo ari we wese azoba yarenze ibitegekanijwe n'ingingo ya 6 ahanishwa umunyororo w'amezi abiri ntarengwa, atange n'ihadabu ry'amafaranga ibihumbi bibiri ntarengwa canke igihano kimwe gusa muri ivyo bibiri. Ivyuma vyo gufata amafoto n'amasinema be n'amasanamu yafashwe atarasohorwa bica binyagwa.

10° Amategoko nshingamateka n° 529/F.P. yo ku wa 24 Kigarama 1941, n° 267/F.P. ryo ku wa 5 Nyakanga 1942 na 106/F.P. ryo ku wa 16 Ndamukiza 1943 arafuswe.

11° Iri tegeko nshingamateka rizoja mu ngiro muri [Kongo Mbili] umunsi rizotangarizwako mu kinyamakuru c'ivy'intwari, no mu Ruanda-Urundi umunsi rizotangazwa mu kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi no mu Ruanda.

4 Gitugutu 1958. – ITEGEKO RYA RUANDA-URUNDI n° 081/220 – Uruja n'uruza mu makambi y'igisirikare.

(I.I.R.U., p. 913)

1° Uruja n'uruza mu makambi y'igisirikare c'Uruanda n'Uburundi rurabujijwe ku muntu wese adahamagariwe akazi.

2° Abarenze ku bitegekanijwe n'ingingo ya mbere y'iri tegeko bahanishwa umunyororo w'amezi abiri ntarengwa n'ihadabu ritarenza amafaranga ibihumbi bibiri (2.000 BIF) canke kimwe gusa muri ivyo bihano.

3° Iri tegeko rija mu ngiro umunsi ritangarijweko.

Uturere tw'amaradiyo

9 Nzero 1970. – ITEGEKO NSHIKIRANGANJI n° 064/1 – Amategako agenga uruja n'uruza mu kibanza vya Leta hashinzwemwo ivyuma vyo guhanahana amajwi, amakuru, biciye mw'iradiyo.

(I.L.B., p. 24)

1. Harashinzwe uturere tubujijwemwo uruja n'uruza mu kibanza cose ca Leta kirimwo ivyuma vyo guhanahana amakuru biciye mw'iradiyo.
2. Uruja n'uruza canke kugerera muri utwo turere birabujijwe.
3. Muri utwo turere, birabujijwe kuhakorera ibikorwa, ivyo arivyo vyose n'uko bimeze kwose.

4. Utwo turere tubujijwe tuzokwerekanwa n'ibimenyetso bitandukanye be n'ibiti bishinze biherekana vy'uburebure bw'imetero zibiri.

5. Ivyabujijwe mu ngingo za 2 na 3 ntibiraba abakozi bo muvuyo gutumatumanako no mu vyo gutanga amakuru biciye mu ma radiyo bakiri mu kazi.

6. Umushikiranganji wo kumenyesha amakuru canke icariho ciwe arashobora gutanga impusha zidasanzwe ku bantu bafise inyungu bisangije bashira imbere. Izo mpusha zitangwa biciye mu nzandiko. Zirashobora gufutwa igihe icarico cose.

7. Abarenze ku ngingo z'iri tegeko, bacirwa igihano c'umunyororo utarenze ukwezi n'ihadabu ry'amafaranga igihumbi canke kimwe muri ivyo bihano gusa. Bibaye ngombwa, sentare izotegeka kandi ko ibiterwa bivaho, inyubakwa canke ibindi bikorwa, bikoze canke birihwe n'uwakosheje.

8. Iri tegeko rija mu ngiro kw'igenekerezo rishiriweko umukono.

Uturere indege zidaca hejuru

Itegeko ry'Umukuru w'igihugu – 15 Kigarama 1953.....	631
Itegeko rya Ruanda-Urundi – n° 68/248 – 29 Mukakaro 1961	631
Itegeko – n° 62/71 – 18 Ntwarante 1957	631

15 Kigarama 1953. – ITEGEKO RY'UMUKURU W'IGIHUGU – Uturere indege zidaca hejuru.

(I.I.K.M., 1954, p. 180)

Menya neza

Bitegetswe gukurikizwa mu Burundi n'I.R.U. n° 62/109 ryo ku wa 2 Ruheshi 1954 (I.I.R.U., p. 397).

Bihinduwe n'Itegeko ryo ku wa 18 Gitugutu 1956 (I.I.K.M., 1929), ryemejwe mu Burundi n'Itegeko n° 62/25 ryo ku wa 14 Ruhuhuma 1957 (I.I.R.U., p. 97).

1. *Buramatari mukuru* be n'abakuru agenywe kuri ico gikorwa, barashobora gushyira uturere tubujijwe guca hejuru.

Raba kandi Itegeko n° 064/132 ryo ku wa 27 Ruheshi 1966 gushyira ku IX, V° « Ivyuma biguruka ».

2. Ukuguruka hejuru y'ibirere bibujijwe, birekuye ku biguruka bibifise uruhusha, canke bidategerezwa kurondera urwo ruhusha.

3. Itegeko rishinga akarere kabujijwe guca hejuru rirerekana :

– ibiguruka bidategerezwa kurondera uruhusha ;

– abategesi bazotanga impapuro z'uruhusha.

4. Umudereva w'icuma kiguruka, abigize n'ibigirankana canke yihenze, agaca hejuru y'akarere kabujijwe arenze iri tegeko acirwa igihano kitarenza imyaka ibiri y'umunyororo be n'ihadabu ry'amafaranga ibihumbi cumi canke igihano kimwe muri ivyo.

Mu gihe ahunze canke akanka kwururuka, aca acirwa igihano kitarenza imyaka itatu y'umunyororo be n'amafaranga ibihumbi cumi na bitanu canke igihano kimwe muri ivyo bibiri.

Mu gihe yagiriwe n'icaha, ico cuma kiguruka, ivyuma bifata amafoto canke amasanamu, co kimwe n'amafoto atarozwa n'ibindi bigendana n'ibindi vyose biri muri ico cuma kiguruka, birashobora gufatwa hatarabwwe nyene ivyo.

5. Iyo bibujijwe guca hejuru y'akarere kari mu gice ciharijwe n'igisirikare, icuma kiguruka kirashobora kwirukanwa n'igisirikare kandi kigategerezwa kwururuka.

6. Ingingo zo mw'Itegeko nshingamateka n° 390/S ryo ku wa 19 Kigarama 1942 zirakoreshwa ku muntu uwo ari we wese ari mu cuma kiguruka yoca hejuru y'akarere kabujijwe mu guca kubiri y'ingingo ishira mu ngiro iri tegeko.

Raba Itegeko nshingamateka hepfo, V° « Ugusaka ».

(Yarahinduwe n'Itegeko ryo ku wa 18 Gitugutu 1956). – « Ariko, igikorwa gitegekanyijwe n'iri tegeko kijanywe no gusaka, gufata, no gushyira ahantu kijejwe abakozi bahawe ayo mabanga na Buramatari aserukira ingoma y'Ububirigi bakora bisunga amabwirizwa bahawe n'abakuru bagenywe na we, mu gihe hari intambara na ho biba ubwo nyene abasoda bamaze kurarikirwa iyo ntambara ».

29 Mukakaro 1961. – ITEGEKO RYA RUANDA-URUNDI n° 68/248 – Uturere tubujijwe guca hejuru.

(I.I.R.U., p. 1217)

Menya neza

Rihinduwe n'Itegeko rya Ruanda-Urundi n° 27 ryo ku wa 16 Ruhuhuma 1962 (I.I.R.U., p. 1217).

Rihinduwe n'Itegeko rya Ruanda-Urundi n° 68/27 ryo ku wa 16 Ruhuhuma 1962.

Birabujijwe kuguruka ku metero ziri muni ya 3500 ku rugero rw'ibiyaga :

a) (...)

– Ntibiraba Uburundi.

b) Akarere kagabuwe n' :

– imirongo ikikije umubumbe w'isi igenda ibangabanganwa ku rupimo rwa 03° 05' mu bumanuko ;

– umurongo ushinze ukikije umubumbe w'isi uva mu buraruko ugashyira mu bumanuko ku rupimo rwa 29° 20' mu buseruko ;

– ibarabara rishyira riva i Shangugu rigashyira Usumbura.

c) Akarere kagabuwe na :

– imirongo ikitse ikikije umubumbe w'isi igenda ibangabanganwa ku rupimo rwa 03° 18' mu bumanuko be na 03° 23' mu bumanuko nyene ;

– imirongo ishinze ikikije umubumbe w'isi ku rupimo rwa 30° mu gice c'ubuseruko na 30° 05' mu buseruko nyene.

2. Ibujijwe mu ingingo ya mbere vyerekeye ikiguruka cose kidafise uruhusha rwo kuguruka [...].

3. Uruhusha rwo kuguruka rutangwa n'umukuru araba ibijanywe n'ivyuma biguruka vyo mu Ruanda no mu Burundi, bishigikiwe n'abakuru b'igisirikare biraba.

4. Uruhusha rwandika :

a) ubwoko bw'ikiguruka cemerewe kuguruka be n'ibiranga akabira k'igihugu caco be n'urutonde rwaco ;

b) ikirongo urwo ruhusha rumara ;

c) igitigiri c'ukuguruka kirekuye ;

d) uburyo be n'ibujijwe mu gihe c'ukuguruka mu turere tubujijwe ;

e) (...)

18 Ntwarante 1957. – ITEGEKO n° 62/71 – Akarere kabujijwe gucibwa hejuru – Gusaka, ifata be n'ingenzura – Abakozi bavyigiywe.

(I.I., p. 751)

Menya neza

Ryashizwe mu ngiro mu Burundi n'Itegeko nshikiranganji n° 62/59 ryo ku wa 10 Rusama 1957 (I.I.R.U., p. 273).

Ingingo imwe rudende

Baratumwa kugira basake canke bafate ibintu, impapuro canke inzandiko bifise n'umuntu uwo ari we wese ashobora kuba ari mu cuma kiguruka coca hejuru y'akarere kabujijwe kirenze Itegeko ryo ku wa 15 Kigarama 1953 nabo ni aba :

– abari mu rwego rw'abarongoye ikibuga c'indege ;

– abajijwe iperereza.

Kiretse iyo hari intambara canke iyo abanyagihugu basabwwe kuyitegurira, abo batumwe bakora bisunze ivyo bategetswe na Buramatari w'intara abajijwe be n'umutegetsi mu vyo iperereza.

Ingingo z'ugucungera

Gupfungirwa ahantu	632
Ugusaka, Ugufata, Ukunyaga.....	633

Gupfungirwa ahantu

14 Rusama 1940. – ITEGEKO NSHINGAMATEKA n° 62/APA.J – Abantu bikekwa – Uburenganzira bwo gusaka, bwo kwugaranira ahantu no kupfunga ic'amaso.

(I.I., p. 427)

1° Ibintu, impapuro, inzandiko vy'abantu b'akabira ako ari ko kose, biketswe ko bariko barakora igikorwa gitosekaza umutekano w'igihugu canke w'abanyagihugu, impapuro be n'inzandiko zerekeye abantu nk'abo canke ibintu vyabo be n'inyugu zabo, zirashobora, mu mwanya uwo ari wo wose, gusakwa.

2° Iryo saka, rishobora kuba bisabwe na Buramatari mukuru, [Buramatari w'Uruanda n'Uburundi canke abakuru b'intara] bakaba ari bo bagena abakora ico gikorwa co gusaka.

Uwo nawe abwirizwa kuba afise icemeza ko arekuriwe gusaka kandi akacerekana iyo uwariwe wese abimusavye canke umukuru wese biraba kugira atohoze ububasha afise.

Mu gihe c'isaka umukozi ajejwe ico gikorwa arekuriwe, gufata ikintu ico arico cose, urupapuro, urwandiko rushobora kwemeza

icaha canke co gukurako icaha, canke giteye amakenga ku mutekano w'igihugu canke w'abanyagihugu.

Aragira icegeranyo c'ingene ibikorwa vyagenze.

Abantu bavuzwe mu ngingo ya mbere aho hejuru barashobora gufungirwa ahantu canke bagacungererwa ahantu bisabwe n'umuyobozi mukuru, na [Buramatari wa Ruanda-Urundi canke n'abakuru b'intara] abo nabo, canke abo batumye baca bashinga kuri kimwe kimwe cose ingingo z'ingene icungera rigenda.

Umukuru yashinze ko umuntu apfungirwa ahantu, ku neza y'ibintu vy'uwupfunzwe aca afata ingingo zishoboka abona ko zikwiye, zo kubigumya no kubibika.

Ibikorwa vyose vyobuza isakwa rigizwe hisunzwe ingingo zavuzwe hejuru canke kudapfungira ahantu canke gucungerera ahantu abantu barabwa n'iryo sakwa, bihanwa n'igihano c'umunyororo utari muni y'amezi atandatu kandi utarenza umwaka.

Iri tegeko nshingamateka rija mu ngiro kuva ku wa 14 Rusama 1940.

Itegeko n° 114 A.J.M.O ryo ku wa 19 Ndamukiza 1941, ririmwo ingingo zishira mu ngiro iyindi ngingo ya 101 ryo ku wa 14 Rusama 1940 kandi ryari ryashizwe mu ngiro mu Ruanda no mu Burundi n'Itegeko nshingamateka ry'Uruanda n'Uburundi n° 31/A.I.M.O ryo ku wa 12 Ruheshi 1943 (I.I.R.U., p. 61) ririmwo ingingo zikumira none ntirigikurizwa.

Ugusaka, Ugufata, Ukunyaga

19 Kigarama 1942. – ITEGEKO NSHINGAMATEKA n° 390/S – Umutekano w'igihugu be n'umutekano wa bose – Uburenganzira bwo gusaka, gufata hamwe n'imvo y'ukunyaga.

(I.L., p. 2263)

Menya neza

Iri tegeko nshingamateka, ririmwo ingingo zimwe zimwe zikumira, ryari ryasubiriwe ubwa nyuma n'irindi rifise n° 05/289 ryo ku wa 2 Nyakanga 1961 (I.L.R.U., p. 1436) ryataye igihe itariki ya 1 Ntwarante 1962. Birashoboka rero ko umuntu yisunga Itegeko rya mbere.

1) Ibintu, impapuro, inzandiko z'umuntu uwari we wese yinjije mu gihugu birashobora gusakwa no gufatwa.

Isakwa rishobora gukorwa gusa n'abakozi bo mu biro vyo iperereza batumwe n'icegera ca *Buramatari mukuru* ajejwe ubuyobozi bwo iperereza canke umuyobozi atwara igendereza.

Abo bakozi babwirizwa kuba bafise urupapuro rwerekana ivyo batumwe gukora kandi bakarwerekana babisabwe n'uwariwe wese canke n'umukuru wese akeneye kuraba n'ugutohoza ubushobozi bafise.

Mu gusaka canke mu gufata ryavuzwe mu ngingo ya mbere, abakozi barungitswe muri ico gikorwa bararekuriwe gusuzuma ubwoko bwose buba bunini canke buto, imiduga be n'ubundi buryo bwakoreshejwe mu kwunguruza ibintu, impapuro be n'inzandiko zishobora gusakwa canke zigafatwa.

Abo bakozi bararekuriwe gusuzuma abantu bavuzwe mu ngingo ya mbere.

Isuzuma ry'abantu ririmwo ibi :

1° gusuzuma bisanzwe impuzu zambawe ;

2° mu gihe bikwiye, gusuzuma umubiri.

a) Ugusuzuma bisanzwe impuzu zambawe, canke isuzumwa ry'umubiri ntirishobora kugirwa ku bantu b'abakenyezi, barenza imyaka itandatu, bitagizwe n'umuntu basangiye igitsina.

b) (....)

c) Isuzuma ry'umubiri ry'abantu barwaye rishobora kugirwa n'umuganga gusa canke atahari rikagirwa n'umukozi wo kwa muganga.

d) Isuzuma ry'umubiri rigirwa gusa mu nyubakwa yugaye ifie ivyankenerwa vyose bijanye n'isuku, be n'ugusonera abantu.

e) Abasuzuma bagenwa n'umukozi wa Leta canke uwundi muntu wese ajejwe ivyo gusaka.

Agahembo kabo gashingwa n'icegera ca *Buramatari kizigenza w'Uburundi n'Uruanda* ajejwe kurongora ibiro vyo iperereza.

f) Uwanse gukora ico gikorwa acirwa ihadabu ry'amafaranga ari hagati ya 500 na 1.000.

g) Isaka, ifata, n'isuzuma vyakozwe hakurikijwe ingingo z'iri tegeko nshingamateka, vyandikwa mu cegeranyo gihereza ku ndahiro yanditse ivuga ngo : « ndarahiye ko iki cegeranyo ari nyakuri ».

Ibintu, impapuro n'inzandiko vyafashwe birerekwa nyenevyo, iyo ariho ari mu ntumbero y'uko avyemeza akabishirako n'umukono iyo bikenewe.

Icegeranyo c'ibintu vyafashwe kiradondora neza ivyafashwe kikongera kigashirwako umukono na nyenevyo. Atariho ari canke yanse gushira umukono ku bintu yabonye, canke akanka gushira umukono ku cegeranyo c'ido n'ido, bica vyandikwa kuri ico cegeranyo nyene.

h) Ivyafashwe bishobora kunyaga bivuye ku ngingo ifashwe n'icegera ca *Buramatari mukuru w'Uruanda n'Uburundi* arongoye ibiro vyo iperereza vya Leta, canke n'umuyobozi ajejwe iperereza igihe bishobora kuba intambamyi ku mahoro n'umutekano w'igihugu canke w'abanyagihugu.

Iyo ngingo iramenyeshwa uwo yega biciye mw'ikete ricishwa mw'iposita kandi ritorwa na nyeneryo.

Ibintu vyafashwe bitazoba biranyagwa mu mezi atatu, bizoca bisubizwa, hakoreshejwe uburyo butanzwe n'abatwara igihugu.

i) Ico cose cikorwa mu ntumbero yo kubuza canke kuburubuza abasaka n'abasuzuma nk'uko bitegekanijwe aha hejuru kuzohanishwa umunyorozi uri hagati y'amezi atandatu n'umwaka be n'ihadabu y'amafaranga ava kw'ijana gushika ku gihumbi canke igihano kimwe gusa muri vyo.

j) Iri tegeko-nshingamateka rigiye mu ngiro muri [Kongo Mbili no mu Ruanda]-Uburundi ku wa 19 Kigarama 1942.

VIII. Ukurarika ku neza ya bose

Itegeko nshingamateka n° 112/F.P. ryo ku wa 11 Ruheshi 1940 ryerekeye gutoza (I.L., 1940, p. 570) riteye kubiri n'ingingo yo kudakumirana kandi igashiraho ibikorwa vyo ku nguvu. Ritegerezwa gufatwa nk'uko ryafuswe n'aho vyoba ataho vyanditse.

20 Rusama 1943. – ITEGEKO-BWIRIZWA – Itunganya ry'ingingo zo gutoza ibintu ku neza ya bose.

(I.L., 1943, p. 1019)

Vyahinduwe n'Itegeko-bwirizwa ryo ku wa 6 Mukakaro 1944 (I.L.K.M., p. 284).

1. Igihe c'intambara canke igihe hari ibigoranye mu gihugu hagati bibangamiye umutekano canke inyungu vy'igihugu, *Buramatari mukuru* arashobora gutegeka ko bararika abantu ku gice c'igihugu canke mu gihugu cose.

2. Iyo iryo rikwira ribaye, *Buramatari* kizigenza arashobora guca arondera abantu n'ibintu kugira ibikorwa vya Leta bikorwe ku neza ya bose, hashirwe imbere gukingira imbibe z'igihugu, ariko agatanga indishi ijanye n'ibikorwa vyaranguwe.

Bikenewe, kubera ineza ya bose, arashobora kurarika ishira hamwe, iyo ivyikora vyerekeye ineza ya bose canke abantu bose bakenewe kugira rikore.

Arashobora kandi, mu gihe c'ingwano honyene, kurarika abanyagihugu bo muri *Kongo Mbili* no mu bindi bihugu yiganziye bihana imbibe kugira abashinge ibikorwa vy'iterambere igihe bibaye nkenerwa ko batanga intererano yo gutsinda ingwano.

3. Ariko rero, ukurarika abantu ku nguvu bigirwa gusa igihe abasaba akazi bavyishakiye badakwiye.

(Yarahinduwe n'Itegeko-bwirizwa ry'umwami ryo ku wa 6 Mukakaro 1944). – « Arashobora kandi, igihe c'intambara kandi habanje gutangwa indishi ikwiye, gufata ibintu ukabikoresha ibikorwa vy'iterambere mu gihe iryo koresha rya vyo ribaye nkenerwa mu gutera kugira intambara ihere ».

4. *Buramatari mukuru* arashinga ingene bafata n'ingene bagabanganya ibikorwa ku bantu bazanye n'ingene bahembwa.

Ako gahembo gashingwa baravye ivyo bahombye koko, atakuraba izindi ngaruka mbi n'inyungu bataronse.

5. Imigenderanire hagati y'intwari kavamahanga n'abayagihugu igengwa n'ingingo [Itegeko ryo ku wa 16 Ntwarante 1922] zerekeye amasezerano y'akazi, kiretse izoba zitabangikanywa n'ibiri muri iri tegeko-bwirizwa.

Iyo abavuka gihugu bararitswe gukora mw'ishirahamwe ryigenga, uwurongoye iryo shirahamwe aca asubirira intwari kavamahanga mu bijanye n'ibisabwa umukoresha vyose hisunzwe ivyo *Buramatari mukuru* ashinze.

6. Amasezerano yo kwinjira mu kazi uvyishakiye canke biciye mw'Itegeko ryo kwinjira ku nguvu, arerekana cane cane :

a) igikorwa c'umuntu ahawe akazi canke yategetswe ku kajamwo, be n'ico ajejwe ;

b) ukugena umukuru azomuha amategeko ;

c) uko impembo yiwe ingana.

Buramatari mukuru arashinga amajambo aja mu rwandiko rwo kwinjizwa mu kazi ku gushaka, ayajya mu rwandiko rwo

kwinjizwa mu kazi ku nguvu hamwe n'ayajya mu masezerano y'akazi.

Arashinga indishi izohabwa uwategetswe kuja mu kazi canke uwisabiye gukora akazi igihe akomerekeye ku kazi yahawe hamwe n'indishi zizohabwa umupfakazi, impfuyi n'abavyeyi b'uwisabiye akazi canke uwategetswe kwinjira mu kazi iyo yaguye ku kivi.

7. Iyo uwisabiye akazi canke uwategetswe kuja mu kazi bigaragaye ko atagashoboye, umukoresha arashobora gufata amasezerano y'akazi canke agahaba ivyo kumutegeka kuza ku nguvu ku kazi ata ndishi n'imwe itanzwe kandi batarinze kubanza kubimumenyesha.

Ivyarivyo vyose, iyo ikiringo c'amasezerano y'akazi canke c'uwategetswe kuja mu kazi kitashinzwe, umukoresha arashobora guheba gukorana n'uwisabiye akazi canke n'uwategetswe akazi abanje kubimumenyesha canke amutekereye indishi y'umushahara w'ukwezi.

8. Amafaranga yakoreshejwe mu vyo gutegeka gukora akazi arihwa n'intwari kavamahanga hanyuma agasubizwa n'amashirahamwe yigenga yakoresheje abo bakozi nkuko bitegekanywa n'amategeko ashingwa na *Buramatari mukuru*.

9. Umuntu wese yisabiye akazi, canke uwategetswe akazi akagahaba canke akanka gukora ivyo umukoresha wiwe amubwiye vyerekeye ivyo yasezeranye mu kazi canke ivy'uwategetse akazi yashinze, aca yakwaba buno nyene agahembo kose.

10. Abazorenga amategeko ashira mu ngiro iri tegeko bazocirwa umunyoro utarenga imyaka itanu n'ihadabu ritarenga amafaranga ibihumbi bitanu canke igihano kimwe gusa muri ivyo bibiri.

11. Igikorwa cose gifise intumbero yo kujuragiza umugambi wo gutegeka abantu gukora akazi batasavye, kizohamishwa umunyoro utarenga imyaka itanu n'ihadabu ritarenga amafaranga ibihumbi bibiri canke kimwe gusa muri ivyo bihano.

12. *Buramatari mukuru* ashobora mu mwanya uwo ari wo wose :

1° (Yarahinduwe n'Itegeko nshingamateka ryo ku wa 6 Ruheshi 1944). – « kugirisha urusansuma rw'abantu, ibikoko n'ibintu vyose vyoshobora kwegeranywa kugira bifashe ubuzi bwa Leta gukora mu gihe c'irarika canke, mu gihe c'intambara, amashirahamwe akora umwimbu ukenewe mu kigoro ko mu ngwano » ;

2° kugena amahunguriro azorarikwa kugira arangure ubuzi bwa Leta.

Arashinga ingingo zerekana ingene ivyo bivuzwe bizoshobora gushirwa mu ngiro.

13. Itegeko ryo ku wa 7 Kigarama 1939 n'amategeko nshingamateka yo ku wa 11 Ruheshi 1940, ku wa 20 Munyonyo 1942 no ku wa 1 Ruhuhuma 1943 zirafuswe.

Ariko rero, ingingo zerekeye ishira mu ngiro ry'ayo mategeko ziremerwa hihweje uko zoba zikenewe.

14. Iri tegeko-bwirizwa rishirwa mu ngiro muri [Kongo Mbili no mu Ruanda-Urundi kw'igenekerezo ritangarijweko [mu kinyamakuru ca Leta ya Kongo Mbili no] mu kinyamakuru ca Leta y'Uruanda n'Uburundi.